



# Kudzidzisa maKirasi eVana Gwaro 1

Ruhi Institute



Bhuku 3



# Kudzidzisa maKirasi eVana

## Gwaro 1

Ruhi Institute

Mabhuku ari Mumutevedzanwa:

Pazasi pane misoro iripo pari zvino mumudungwe wemabhuku akagadzirwa ne Ruhi Institute. Mabhuku aya akagadzirwa kuti ashandiswe sehwaro hwemudungwe wezvidzidzo muhurongwa hwakarongeka pakusimudzirwa kwekwanisiro yevechidiki uye vechikuru kuti vape shandiro munharaunda dzavanogara. Ruhi Institute iri kugadzira zvekare amwe magwaro onobukira kubva pagwaro rechitatu mumutevedzanwa wekudzidziswa kwavarairidzi vevana, uyezve pane chikwata chemamwe ari kubukira kubva paBhuku 5 iro rinonangana nekuumba vabatsiri vezvikwata zvevechidiki vasati vabve zera. Zvekare, chitsama chemabhuku aya chakadomwa pazasi. Zvinofanira kuzivikwanwa kuti chitsama chemabhuku aya chinogona kushanduka kuburikidza nekuwedzera kunoita ruzivo rwunobva mukuita, uye imwe misoro mitsva yemabhuku aya inopamhidzwawo apo madonzvo emagwaro paanenge achiumbika kusvika pamanzvo apo paanenge avakukwanisa kupakurwa kuruzhinji.

- Bhuku 1 *Fungisiso pamusoro peHupenyu hweHweya*
- Bhuku 2 *Kusimuka kupa Shandiro*
- Bhuku 3 *Kudzidzisa Zvidzidzo zveVana, Gwaro 1*  
*Kudzidzisa Zvidzidzo zveVana, Gwaro 2 (branch course)*  
*Kudzidzisa Zvidzidzo zveVana, Gwaro 3 (branch course)*  
*Kudzidzisa Zvidzidzo zveVana, Gwaro 4 (branch course)*
- Bhuku 4 *Vatumwa Vaviri Mapatya*
- Bhuku 5 *Kuburitsa Pachena Masimba eVechidiki vasati vabva zera*  
*Chido Chekutanga-tanga: Bazi rekutanga kubva pa Bhuku 5*  
*Kutambanuka kwedenderedzwa: Bazi rechipiri kubva pa Bhuku 5*
- Bhuku 6 *Kudzidzisa Rudaviro*
- Bhuku 7 *Kufamba Pamwechete mu Nzira ye Shandiro*
- Bhuku 8 *Chibwumirano cha Bahá'u'lláh*
- Bhuku 9 *Kuwana Nzwisiso kubva muNhorondo*
- Bhuku 10 *Kuumba Misha ine Mutsindo*
- Bhuku 11 *Zvikwanisiro zvapaNyama*
- Bhuku 12 *Magariro eMhuri neNharaunda*
- Bhuku 13 *Kushanda Mumabasa eShanduko yeBudiriro yeMagariro eVanhu*
- Bhuku 14 *Kutora Chinzvimbo muHurukuro dzaTekeshera muNharaunda*

Copyright © 2024 by the Ruhi Foundation, Colombia  
All rights reserved. Edition 2.2.1.PE published in July 2024  
Printed in Zimbabwe

Originally published in Spanish as *Enseñar clases para niños, primer grado*  
Copyright © 1987, 1996, 2021 by the Ruhi Foundation, Colombia  
ISBN 978-958-52941-7-2

Permission for a limited printing of this book in Shona has been granted by the Ruhi Institute.

Ruhi Institute  
Cali, Colombia  
Email: [instituto@ruhi.org](mailto:instituto@ruhi.org)  
Website: [www.ruhi.org](http://www.ruhi.org)



## Zviri Mukati

Ruzivo Rwushoma kuna <i>Tutor</i> .....	v
Muono wechiBahá'í maringe nezvedzidzo .....	1
Zvidzidzo zvevana, Gwaro 1 .....	41



## Ruzivo Rwushoma kuna *Tutor*

Bhuku rino rine zvitsauko zviviri zvinonangana nekuumba kwanisiro yechikwata chiri kukura mukuzadzika zvine unyanzvi chiito chekudzidzisa makirasi zvine mutsindo nechinangwa chekupa dzidzo yevana yepamweya munharaunda uye mumaruwa. Bhuku rino rinova rechitatu mumutevedzanwa wemagwaro *eRuhi Institute*, uye rinova rekutanga mukuparura nzira yeshandiro ine chayakananga kune avo vanoshuvira kuifamba. Vanhu vanoita sarudzo yekutora jana rekudzidza bhuku iri vanoenderera mberi nekunzvera mutevedzanwa wemapazi ebhuku iri mukudzidzisa vana, uyezve vachifambira mberi nekunzvera mutevedzanwa wemabhuku *einstitute*, umwe naumwe wavo anozviita nemwero unoenderana nemamiriro ezvinhu anomubata.

Achiperekedza chikwata kunzvera bhuku rino, *tutor* anofanira kuchengetedza mundangariro dzake muono wataurwa pamusoro, achitondera kuti chikamu chechikwata chevadzidzi vebhuku chinokwanisa kusarudza kuzvipira kuita jana iri. Kupamhidza pamusoro pechinangwa ichi, bhuku iri rinobatsira kuvandudza ruzivo maringe nepfungwa uye mazano anoumba hurongwa hwedzidzo yevana iyo iri kutambanuka munharaunda kumunhu wese panguva ino yaanenge asimba pakupinda munzira yeshandiro. Naizvozvo, bhuku rino rinopa tarisiro pakubatsira kuvandudzwa kwenzwisiso munharaunda, maringe nejana rekuyarutsa vana pamweya uye tsika, maitiro nehunhu uye zviito zvevehikuru zvinofanira kutaridzika munhaurirano dzavanoita navo.

Kubva pakudzidza kwavo chitsauko chechipiri cheBhuku 2, vatori vechikamu vanotoziva nezvemashoko a'Abdu'l-Bahá ekuti dzidzo ndeyemhando nhatu: zvepanyama, zvepagariro, uye zvepamweya. Pano vachapiwa mukana wekuenderera mberi nekunzwisisa kwavo mhando yedzidzo yepamweya, kuburikidza nehunhu hwemweya, hunhu hwedanho repamusoro-soro, hwemunhu hunoumbiridzwa. Chinofanira kujeka kubvira pakutanga ndechekuti dzidzo yepamweya yevana sematsanangurirwo ainoitwa muRudaviro rweBahá'í inosiyana zvikuru neiyo yechikare inokurudzirwa muzita remirayiridzo yezvitendero. Inovavarira kukurudzira, panzvimbo pezvo, kuda zivo, maitiro epamusoro-soro ekudzidza, uye chishuvo chenguva dzose chokuongorora chokwadi.

Zvakakosha zvikuru kubvuma kuti, mudzidzo yevana, mirairo yezvitendero haigoni kutsvetwa parutivi, nokuti maitiro akadaro anokonzera kuvashaisa kuwana zvokwadi dzedenga uye pfungwa dzepamweya, mazano anofanira kuuya kuzotungamira mifungo yavo nezviito. Avo vanotsigira pfungwa yekuti vana vanofanira kuwana tsika nemafungiro uye ruzivo rwezvenyika kubva mukudyidzana kwavo nemagariro, zvikuru-sei vachiita sarudzo yavo pamadiro, havaratidzi kuva vanonzwisisa kuti masimba ane hukasha ezvematongerwe enyika, ehupfumi uye tsika nemagariro anokurudzira sei maitiro anogobatsira chete zvido zvavo. Asi kunyange dai izvi zvisina kudaro, hapana chikonzero chekufungidzira kuti zvizvarwa zvinotevera zvaizokwanisa kuumba nyika iri nani pasina dzidzo inosimudzira hunhu hwemweya hwemunhu. Vanhu vasina nhungamiro kubva kuMurairidzi weDenga vanogona kuunza nyonganyonga, kusatonga zvakaenzana, uye kutambudzika.

Dzidziso dzeBahá'í, naizvozvo, ndidzo musimbotei wehurongwa hwemakore matanhatu edzidzo yevana inobatwa mubhuku rino uye mune mapazi emagwaro anobva pariri. Nokudaro, mamiriro echirongwa, kunyanya kutevedzana kwezviri mukati memagwaro (*grades*), chinovhura nzira yekuti vechidiki vemarudzi ese vatore chikamu. Zvidzidzo zveGwaro 1 zvine chekuita nekuvandudzwa kwehunhu hwemweya muvane vane makore 5 kana 6—izvi zvinoitwa, mukuyedza kubatsira mukunatswa kwehunhu. Gwaro 2 rinoumbwa kupamhidza pamusoro pezvidzidzo izvi nekusimudzira tsika nemaitiro ehunhu uye rinobata nezve hunhu hwemukati hwakaongororwa mugwaro rapfuura—semuenzaniso, tsika yekunamata, kuburikidza nayo mamiriro emukati anosiyaniwa nechishuvo chekuswadera pedyo naMwari anoratidzwa. Magiredhi anotevera anotendeukira kumubvunzo wezivo. Zvikuru-sei, kuti vashande nokungwarira kuitira kubudirira kwavo kwepamweya, vanhu vamwe navamwe vanofanira kubatanidzwa neChitubu icho zivo

yaMwari inoyerera kubva machiri. Madingindira ari pakati pehupenyu hwe “Vatumwa Vaviri vaMwari” veZuva rino, pamwe neVatumwa vakaonekwa mushure Mavo, hunokurukurwa, zvino, muzvidzidzo zvemagiredhi aya. Giredhi rekupedzisira rinopa vana mukana wekukura muruzivo rwavo rwe Zvakazarurwa zvaBahá’u’lláh, vachitungamirirwa, uye vachibatsirwa kubva, mutsananguro nemuyenzaniso wa‘Abdu’l-Bahá. Zvinotarisirwa kuti izvi zvichabatsira kusimbisa tsika muvana yekutendeukira kune Zvinyorwa Zvake uye matauriro apo pavanofambira mberi muhupenyu uye vachiedza kuenzanisa pfungwa dzavo nezviito nedzidziso dzaBahá’u’lláh’. Pavanozovika zera ramakore 11 kana kuti 12, vechidiki vanogadzirira kuvaka nzira inoenda kuchirongwa che “kusimudzira hunhu hwepamweya hwevechidiki vasati vabva zera”, umo kuziva kwavo kunochawedzerwazve kubuurikidza nekupinda munhevedzano yamagwaro, anodzidzwa pamwe-chete na “*animator*”, kusanganisira magwaro ayo anoenderera mberi nedzidzo yavakawana mumakirasi evana echi Bahá’í. Vadzidzisi vemakirasi evana vechidiki vanofanira kuva nechivimbo chakakwana chekuti vabereki vasiri maBahá’í vanogamuchira mukana wekutendera vanakomana nevanasikana vavo kupinda kumakirasi akadaro uye nguva dzose vanofara mukuona mukana wedzidzo yepamweya pamwoyo nepfungwa dzavo dzakapfava.

Sezvataurwa pamusoro apa, makirasi eGwaro 1 anotarisa pakunatsurudza hunhu. Zviri mukati mechirevo chechinyorwa chino, zvino, kuti chikamu chekutanga, “Mimwe Mirairo yeFundo yechiBahá’í”, inoongorora dzimwe pfungwa dzakakosha dzakatorwa kubva muMagwaro eRudaviro ane zvaanotsanangura maringe nezve dzidzo. Chitsama chekutanga chezvidzidzo zvinobva muchitsauko chinopihwa kunhaurirano iyi, uye chimwe chitsama chekupedzidzisa chinoongorora kuti ndedzipi nzira dzinogona kutorwa mukuitisa zvidzidzo uye pahukama hwemudzidzisi nevabereki.

Imwe yepfungwa dzekutanga dzakakurukurwa muchikamu ichi kugona kwevanhu, iyo inoongororwa kuburikidza nemufananidzo unowanikwa mumashoko aBahá’u’lláh’s apo paanofananidza munhu se “mugodhi wakapfuma nendarama dzine kukosha kusingapimike”. Vatori vechikamu vanokumbirwa kuti vatarise pfungwa mbiiri dzinobuda mumashoka aya—kuti nzira dzekudzidzisa dzinoona vadzidzi semidziyo isina chinhu yakamirira kuzadzwa neruzivo inofanira kuiswa parutivi uye kuti, pasina kurera kwakakodzera, vana havazokwanisa kuburitsa pachena ndarama dzakawanda dzakavanzika mukati mavo.

Dzimwe dzendarama idzo munhu akakomborerwa nadzo, idzo chitsauko chinoburitsa pachena, ndeidzo dzinonzi “tsika dzepamweya”, dzinotorwa sezvivakwa zvakasimba apo pamusoro pazvo hunhu hutswene uye hwakatwasuka hwunokwanisa kuvakwa. Kuti ivo vanoumba chikamu chakasiyana che “tsika dzemweya”—izwi rinoshandiswa kune ese marudzi ehunhu hunorumbidzwa, kusanganisira mabasa uye maitiro pamwe nehunyanzvi uye kugona—ipfungwa yakakosha yekuti vatori vechikamu vese vanofanirwa kubata zvakakwana. Zvikamu 6 ne7 zvinobata zvimwe zvezvinorehwa nechirevo ichi. *Tutor* achada kuve nechokwadi chekuti nhengo dzeboka dzinokwanisa kurondedzera zvavari kukurukura pakudzidza kwavo chitsauko chechitatu cheBhuku 1, uko kwavanoongorora kuti hunhu hwemweya, mwongo wemweya wemunhu, kuti hunofanira kuvandudzwa sei muhupenyu huno kuti tibatsire parwendo rwezu rusingaperi takananga kuna Mwari. Kuda Mwari uye ruzivo rwaMwari zvakakosha mukuumba hunhu hwemweya. Zvakakosha kuti vadzidzi vegwaro rino vaone kuti pfungwa dziri muzvikamu zviviri izvi kuti dzinosiyanisa sei zvidzidzo zveGwaro 1 kubva, mumagwaro mamwe maringe nehunhu hwekubata nguva uye kuva pachokwadi semhando imwe chete yetsika dzemunhu. Uye, kana vadzidzisi vakakoshesa musiyano uyu, vanodzivisa tsika yekuona kukura kwechimiro chakanaka sekunge pari kungoshandurwa maitiro emunhu.

Hunhu hwemweya, hongu, hune simba rahwo rakasiyana, umo mariri munowanikwa zvipandi zvakakosha zvezvidzidzo—munamoto, kubata zvinyorwa nemusoro, uye kurondedzera kwengan. Vatori vechikamu vatove neruzivo rwemhando yezvinhu izvi kubva mukudzidza kwavo Mabhuku 1 ne2, uye Chikamu 8 chine chinangwa chekuvabatsira kuwedzera zvavakadzidza pabasa rekudzidzisa vana. Mukuita kudaro, vanofanira kuziva kuti, kukudziridza hunhu hwemweya muvana, zvidzidzo zvinovapa mukana

wekukasika kusangana neShoko raMwari uye kuvakurudzira nenhoroono yehupenyu hwa‘Abdu’l-Bahá, anova muenzaniso wechokwadi wemifungo yepamusoro-soro yevanhu.

Imwe pfungwa yakatsanangurwa muchitsauko ndeye kutya Mwari, iyo yakataurwa muchikamu 12. Iri, maringe nezvinyorwa zvechiBahá’í, “pfungwa huru” mudzidzo yemunhu. Chakakosha kuti vadzidzi vanzwisise ndechekuti kutya uku hakupatsanurike kubva kurudo rwaMwari, nekuti kutya kwakasikwa nekuda kwechishuwo chekufadza Uyo watinoda uye kudzivisa chiito chipi zvacho chingadzivisa zvikomborero zverudo Rwake kuti zvisvike kwatiri. Mukusavapo kwerudo, kutya uko kunotikurudzira kutendeuka kubva kumaitiro asina kufanira ndekweimwe mhando—kutyana kurangwa naMwari ane hashu. Ichi hachisi icho chimiro chinofanirwa kupinda mupfungwa dzevana. Apo vanoshuvira kuva vadzidzidzisi vanofanira kunzwisisa hukama huru pakati perudo rwaMwari uye kutya Mwari muchirongwa chedzidzo, vanofanirwa kuziva kuti harisi dingindira ravangasimudza zvakajeka mukirasi. Asi vanofanirwa kudzidzira kufuridzira rimi rerudo rwaMwari mumwoyo yevadzidzi vavo uye kuvabatsira kuwana chivimbo chekuti, Achinge atisika kubva murudo rwake rwusingaperi, Mwari havazomboregi kuti mbiridza uye kutichengetedza. Rudo rwerunako Rwake urwo, paongororo yekupedzisira, hazvivakurudziri pakuita zvinhu zvinopesana neshuviro Yake.

Hurukuro maringe nepfungwa uye mazano ari pamusoro inofanirwa kutungamirira vadzidzi mukuyeuka kuti, pazvese, kuburikidza nechirongwa chedzidzo yezvepamweya, vana vanofanira kuona kutsvagwa kwetsika dzepamweya mairi uye pfuma yechimiro chisina kukodzera semurango mukuru. Zvese izvi, nekudaro, zvinofanira kutendera vadzidzi kuongorora kuvandudzwa kwehunhu mune vechidiki kubva pamaonero akanaka—kwete sechinangwa chiri panhongonya asi serubatsiro pakunatsurudzwa kwechimiro. Nokudaro, vachawana nzira dzakafanira mumafambiro avo nevana kuitira kukurudzira hunhu hunoyemurika uye kusema tsika dzisina kururama, uye dzimwe dzacho dzakadomwa muChikamu 13. Dzimwe pfungwa dzakaongororwa muchikamu ichi ndeidzo dzinoenderana nerusununguko uye kuva nehunhu hwakatsiga. Apo murango une hukasha hauna nzvimbo mudzidzo yevana, kuvatendera rusununguko rwukuru rwekuita madiro zvakanogofanana nekuvhiringidza kuvandudzika kwavo kwepamweya.

Chitsauko chinotendeukira kumubvunzo wekuchengetedza kurongeka uye kuzvidzora mukirasi pamwechete nekugadzira nzvimbo yekudzidzira ine mufaro. *Tutor* anofanira kuyeuka kuti vadzidzi vazhinji vanenge vasina ruzivo rwekumashure pakudzidzisa vana, uye nekudaro mazano mashoma ekutanga anopihwa pano kuti vatarise. Vanogona kuda kudzokera kuZvikamu zvinobatsira mushure mekunge vatora chiito ichi chekudzidzisa vana uye vofungisisa zvine hudzamu maringe nemazano nenzwisiso yeruzivo rwunobva mukuita.

Vadzidzi vanoenderera mberi nekuongorora dzimwe nzira dzavanogona kutevera mukupinza vana muzviitiko zvinoumba zvidzidzo. Mukupamhidzira kuzvikamu zvikuru zvinosanganisira munamato, kubatwa kwezvinyorwa nemusoro, uye nhoroono, izvo zvakaraidzwa pamusoro, zviito izvi zvinosanganisira nziyo, mitambo, uye kuisa ruvara. Mukuongorora nzira dziripo kwavari, vatori vechikamu vanodzokorora chidzidzo chekutanga ichochinonangana netsika yepamweya yekuchena.

Pakupedzisira, muChikamu 26, vanoongorora mhando yenhaurirano inoenderera mberi inotambanuka pakati pemudzidzisi navabereki vechidiki vari mukirasi yake. Chikamu ichi chinotangira pane zvakatodzidzwa nevadzidzi munyaya iyi muBhuku 2, pamwe chete neruzivo rwunobva mukuita rwupi zvarwo rwavangave vakawana kubvira ipapo sechikamu chekukura kweshamwari dzinoshanyira mhuri dzine vana vanopinda muzvidzidzo munharaunda mavo kana mumusha. Mudzidzisi anofanira kuva nechokwadi chekupa vadzidzi nguva yakakwana yekuita chiito chinoda kuti vaongorore zvakare pfungwa dziri muchikamu chekutanga ichi mukugadzirira nhaurirano dzavo nevabereki. Chiito chichashanda senzira yekuti nhengo dzechikwata dzisimbise mundangariro dzavo pfungwa uye mazano anokurukurwa.

Chitsauko chechipiri, “Zvidzidzo zveMakirasi eVana, Gwaro 1”, chine zvikamu zviviri: zvidzidzo makumi maviri nezvina zvinokurudzirwa kugiredhi iri uye zvikamu zvekutanga zvakagadzirirwa kuti vadzidzisi vanyatsoziva zviri muzvidzidzo, chimwe nechimwe chazvo chakarongwa maererano nekukura kwehunhu hwemweya. Kutora zvidzidzo zvina panguva imwe chete, Chikamu chekutanga chinotungamirira vadzidzi kuburikidza neongororo yezvinhu zvakakosha zvechidzidzo chimwe nechimwe, izvo zvavanoongorora nenzira imwecheteyo sezvavakaita chekutanga chinobata nzezvemukuchena muchitsauko chapfuura.

Ndima dzinobva muZvinyorwa zvechiBahá’í dzinoumba chinhu chakakosha chechidzidzo chega-chega. Dzinofambidzana netsananguro pfupi yekuti vadzidzisi vanokurudzirwa kushandisa apo pavanoparura mashoko aya kuvana. Kunyange zvazvo chiri chipfupi, chirevo chacho chinoshandisa mubatanidzwa wemashoko nemifananidzo yakatorwa kubva muMagwaro izvo zvichabatsira vana kutanga kuumba mufananidzo mupfungwa dzavo wemasimba anoratidza hunhu hwemweya hunenge hwakanangwa kuumbwa. Kugona kwevadzidzisi kupa tsanangudzo dzekuparura nenzira yakapfava uye kubatsira vadzidzi mukuwana nzwisiso mumasimba aya kunokura kuburikidza neruzivo kubva mukuita uye kuburikidza nekuenderera mberi nekufungisisa nezvehunhu hwemweya hunokurururwa muzvidzidzo. Mukuita izvi, vadzidzi vanokumbirwa muzvikamu zvekutanga kuti vaite ongororo yekutanga pamusoro pekukosha kwetsika yega-yega, muhupenyu hwemunhu uye nekuedza kwavo kudzidzisa, uye sarudzo yechitsama chezvinyorwa zvine chekuita netsika yemweya yega-yega chinopiwa pakuzadzikisa chinangwa ichi.

Vachinge vaita ongororo yakadai, vadzidzi vanotevera kunzvera nyaya dzinoratidza hunhu hwavanga vachifunga. Dzichinokorwa zvikuru-sei kubva muhupenyu hwa‘Abdu’l-Bahá, izvi zvinoitirwa kupa vana muono wezviratidzo zvisingagumi zvehunhu hwepamweya setsika dzemweya dzinotaririrwa kuumbika pamweya wemunhu. Kuti izvi zviitike, mimwe mibvunzo inopihwa panyaya yega-yega kubatsira vadzidzisi kuongorora zvine hudzamu kupfuura kungotarisa chete pamutevedzwa wezviitiko uko kunobuda pachena mukurarama. Takatarisa kunyanya munhorondo dzhupenyu hwa‘Abdu’l-Bahá, mibvunzo iyi inogadzirwa kuitira kuti ive nechokwadi chekuti, mukurondedzerwa kwahwo, vadzidzisi vanoisa simbiso yekuti Akaratidza sei hunhu hwemweya zvinogutsa uye kudzivirira kuzvifananidza nemanyepo izvo zvinogona kukanganisa vana kuona kukosha kwechokwadi kwezviito Zvake.

Mushure mekunge chikwata chevadzidzi chaongorora boka rega-rega rezvidzidzo zvina nenzira iyi, vanokumbirwa kupedza nguva vachidzidzira zvinhu zvakasiyana pakati pavo, vachishandisa nzira dzinokurururwa muchikamu chekutanga. Kukosha kwechikamu chekudzidzira hakugoni kutarisirwa pasi. Zvakawanda zvino zvichawira *tutor* kuti abatsire nhengo dzechikwata mukuedza kwavo kuti kubata jana sevadzidzisi vevana. Marongerwo ezvidzidzo ekuiswa muzvikwata zvina anopa mukana wekusununguka kuita mazano, uye imwe pfungwa inofanira kupiwa nemudzidzi inova nzira yakanaka yekuenderera mberi, munhaurirano, *nainstitute coordinator* wemakirasi evana. Panogona kuva nedzimwe nguva panokwanisa kuti chikwata chevadzidzi chipedze zvidzidzo zvechitsauko chose, kusanganisira chikamu chekudzidzira, vasati vatora danho rekuita shandiro. Panguva iyi, zvakakosha kuti avo vanoshuvira kuva nemakirasi vakwanise kuwana ruzivo ruobva mukuita mushure mekupedza kwavo kunzvera Bhuku 3, pamwe nekutanga yavo kirasi kana kuti vachishandidzana neumwe mudzidzi padivi, pamwechete nekubetsera mune zvimwe zvitiko. Mune mamwe mamiriro ezvinhu, zvisinei, zvingave zvine zvibereko kuti chikwata chevadzidzi chitange kuwana ruzivo rwakafanana mukudzidzisa mushure mokunge vapedza kudzidza nekuita, toti, chikamu chimwe kana zviviri zvezvidzidzo zvina. Panguva dzakakodzera, saka, tutor anodana chikwata chevadzidzi pamwechete kuti vadzidze uye vadzidzire zvimwe zvidzidzo zvina maererano neruzivo rwavo rwunobva mukuita. Zvinofanira kutaurwa pano kuti kurongeka kwezvikamu kwekutanga mumapoka ezvidzidzo zvina hazvireve kuti hunhu hwemweya hunotaurwa imomo hune kudyidzana chero nenzira ipi zvayo.

Pasinei negadziriro dzakadaro, zvakakosha kuti vadzidzisi vanyatsoziva zvidzidzo uye vagadzirire zvakana nguva yekirasi imwe neimwe. Makirasi evechidiki anova anonyanya kubudirira kana mudzidzisi akasaverenga kubva mubhuku asi achinge adzidza kutaura zvichibva mumwoyo minamoto uye zvidimbu

kubva muzvinyorwa, achinge agadzirira kutaurira chidumbu kubva muzvinyorwa chechidzidzo, uye adzidzira kurondedzera nhoroondo. Kunze kwekugadzirira kwerudzi urwu, zvisvikiro zvinodikanwa kumakirasi nenzira yezvigadzirwa uye zviwanikwa zvekunze, kupfuura zvimwe zvekushandisa zvevitambo uye mapepa emavara nemacrayon. Mapepa emavara, anowanikwa pakupera kwechikamu chechipiri, anogona kutorwa mafotokopi. Iwo anogona, nekuwedzera, kutorwa kubva padandemutande ye*Ruhi Institute* kuitira kuti maprints agadzirwe. Padandemutande zvakare pane ma *recordings* enziyo dzeGrade 1, idzo vadzidzisi vangashuvira kushandisa kwete chete mukugadzirira kuita kirasi asi kubatsira vana mukudzidza kudziimba. Avo vanotanga makirasi evechidiki munharaunda mavo vanokurudzirwa kuita bhuku ravanonyorera mazano, rinova richaita kuti vave neruzivo runodikana uye zvichasimbisa maitiro ekuita gadziriro uye ongororo yebudiriro.

Zvakakosha kujekesa pano kuti zvidzidzo makumi maviri neina (24) zveGwaro 1 zvakagadzirwa nechinangwa chekuona kuti chimwe nechimwe chinogona kupedzwa munguva yekirasi imwe chete, mumamiriro ezvinhu akajairika. Kupatsanura zviitiko zvechidzidzo pakati penguva mbiri kunoita kuti pave nekatsika kekurebesa mabasa zvisina kufanira. Nokudaro, zvinogona kukanganisa kushanda kwemaitiro ekudzidza umo mutinhimira pakati pezviitiko, chimwe nechimwe chichitwa nenhanho dzakasiyana, asi zvese zvichizadziswa padonzvo rimwechete rekuumba tsika yepamweya, zvakakosha.

Chekupedzisira, mashoko mashoma anofanirwa kutaurwa pamusoro pehukama huri pakati pemudzidzisi uye nevadzidzi vari muchirongwa chekudzidza, dingindira rakaitwa muchikamu 9 ne 10 zvechitsauko chekutanga asi zvakajeka mubhuku rese. Kutu mudzidzisi wese azame kuedza kuunza mabasa ake pakati pevana hunhu hwese hwemweya hwavari kudzidza muGwaro 1 hunoonekwa. Pane izvi, hapana tsika imwechete ichange akakosha kupfuura rudo, rudo runoratidza rudo rwaMwari. Rudo urwu ruchanzwika munharaunda yakagadzirwa nemudzidzisi—kuburikidzaa nechiyero chegadziriro inoitwa mushure mekirasi, muminamoto inopiwa pakutanga kwekirasi imwe neimwe, mumutauro unoshandiswa mukudyidzana nevadzidzi, uye nenzira iyo vadzidzi vanowana kurudziro uye kurumbidzwa kuburikidza nekufambira mberi kwavari kuita.







# Muono wechiBahá'í maringe nezveDzidzo

Chinangwa

Kuongorora rairo uye dzidziso dzinobva  
muZvinyorwa zvechiBahá'í maringe  
nezvedzidzo uyo kudzamisa pfungwa pamusoro  
pemazano angabatsira kupinza vana  
muzvidzidzo zvinovaumba pamweya



## CHIKAMU 1

Bhuku iri rechitatu re Ruhi Institute rinozivisa kwamuri chimwe chiitiko cheshandiro chakakosha zvikuru, kudzidzisa zvidzidzo zvevana zvepamweya zveBahá'í. Kana, mushure mekunzvera bhuku racho nekuita chiitiko charo cheshandiro, mukazosarudza kupa imwe yenguva nesimba renyu kuchiiitiko ichi cheshandiro, muchange muri padanho rekutangisa zvidzidzo zvepasvondo zvechikwata chevechidiki vari kupinda mugwaro rekutanga rechirongwa chedzidzo yemakore matanhatu munharaunda menyu. Apo pamunoitisa zvidzidzo, hongu, munokwanisa, kuenderera mberi nekunzvera mutevedzanwa wemabhuku.

Kudzidzisa zvidzidzo zvevana ndicho chimwe pane zvimwe zviitiko zveshandiro zvakati wandei zviri munzira yamuri kufamba. Kunyangwe kana mukasarudza kusapinda machiri, munozoono zvidzidzo zvegwaro rino zvichikosha. Mukubatsira kuchirongwa chekusimudzira nharaunda mumusha menyu, guta kana nharaunda, munosangana nevana vadiki mumikana yakawanda uye munozova munokwanisa kubatsirikana kubva kuruzivo rwakadzama rwamunowana kubva mukudzidza kwenyu pano. Torai chinguva chekufungisisa pamusoro pemashoko anobva kuImba yeHutongi Hwakaenzana yePasirose ayo chirevo chiri pazasi chinobuda chakanangana nevana:

**“Vana ndivo pfuma inokosha zvikuru iyo nharaunda inokwanisa kuwana, sezvo mavari murimo mune vimbiso nechengegedzo yeramangwana. Vanobereka mbesa dzechimiro chemagariro eramangwana rinoumbwa zvikuru nezvinoitwa nevakuru vari kuumba nharaunda kana zvavanokundikana maringe nezvevana. Ndivo chivimbo chisina kana nharaunda inokwanisa kufuratira nekusaranga. Rudo-rwese kuvana, nzira yekuvatungamira nayo, riritiro yakanaka inopiwa kwavari, mweya wehunhu hwechikuru wakanangana navo—zvese izvi zviri pakati pezvinhu zvakakosha zvechimiro chehunhu hunodiwa.”<sup>1</sup>**

Zvidzidzo zvegwaro rekutanga rekudzida kwevana, zvakaraidzwa muchitsauko chechipiri chebhuku rino, zviri nyore. Chimwe nechimwe chinosanganisira chikwata chezviitiko zvakanangana nekuvandudzwa kwetsika yepamweya. Vana vanokurudzirwa kubata nemusoro minamoto nezvidimbu zvinobva muZvinyorwa, kuteerera kunhorondo netsanangudzo dzezvidzidzo, kutara (draw) uye kuisa ruvara (color) pamifananidzo, kuimba uye kutamba. Kuti uitise zvidzidzo izvi, hapadiwi ruzivo rwukuru rwezvefundo. Zvisineyi nekuti wakawana here dzidziso yekuva murairidzi, bhuku rino rinokugadzirira kuti udzidzise nemazvo zvidzidzo zvevana svondo rega-rega. Paunenge uchinzvera magwaro anobukira kubva muBhuku 3 nekuwana ruzivo rwunobva mukuita, unowana mukana wekufungisisa zvizhinji zvakakosha maringe nezvedzidzo. Pakutanga, zvimwe uchatevera nemo-nemo maitisirwo echidzidzo asi uchazokwanisa kupamhidzirawo hudzamu uchishandisa zvimwewo zvaunozotsangura iwe pachako.

## CHIKAMU 2

Ngatifungisisei pamusoro pemazwi anotevera aBahá'u'lláh na‘Abdu'l-Bahá, ayo anotibatsira kunzwisisa mabasa anoitwa nemudzidzisi. Mungangoshuwira kumabata nemusoro, kuitira kuti muzogona kumarangarira pamunenge mavakudzidzisa.

**“Akakomborerwa mudzidzisi uyo anosimuka kurairidza vana, uye kutungamirira vanhu munzira dzaMwari, Mupi wemakomborerero, Anodikanwa–Zvikuru.”<sup>2</sup>**

**“Dzidzo nekudzidzisa vana ndiyo shandiro huru pakati peshandiro dzose dzinogona kupihwa nemunhu kuna Mwari weMasimba. . .”<sup>3</sup>**

**“Kubva muMagwaro matsvene ari pachena, kudzidzisa vana kwakakosha uye kunokomekedzwa. Zvinotsigira kuti varairidzi varanda vaTenzi Mwari, sezvo vakasimuka kuita basa iri, rinova rakafanana nekunamata. Munofanirwa naizvozvo kupa rumbidzo nemoyo wese, sezvo muchidzidzisa vana venyu vepamweya.”<sup>4</sup>**

1. Apo pamunofungisisa pamusoro pekukosha kwemazwi aya, zadzisa pakashama mumitsara iri pazasi.

a. \_\_\_\_\_ uyo anosimuka \_\_\_\_\_ vana, uye \_\_\_\_\_ vanhu \_\_\_\_\_ dzaMwari, Mu\_\_\_\_\_, Ano\_\_\_\_\_.

b. \_\_\_\_\_ ne\_\_\_\_\_ vana ndiyo \_\_\_\_\_ pakati pe\_\_\_\_\_ dzose dzinogona kupihwa nemunhu kuna Mwari weMasimba.

c. Kubva muMagwaro matsvene ari pachena, kudzidzisa vana \_\_\_\_\_ uye \_\_\_\_\_. Zvinotsigira kuti \_\_\_\_\_ va\_\_\_\_\_ vaTenzi Mwari, sezvo vaka\_\_\_\_\_ kuita basa iri, rinova raka\_\_\_\_\_. Munofanirwa naizvozvo kupa \_\_\_\_\_ nemoyo wese, sezvo muchidzidzisa \_\_\_\_\_.

2. Maererano nezvatadzidza parizvino, sarudza kuti ndezvipi zvirevo zvechokwadi:

\_\_\_\_\_ Vabereki, vadzidzisi nenharaunda vose vanotora chinzvimbo mujanja redzidzo yezvepamweya yevana.

\_\_\_\_\_ Nharaunda imwe neimwe ine janha rekuumba makirasi ezvidzidzo zvepamweya zvevana.

\_\_\_\_\_ Kudzidzisa vana kunokwanisa kuonekwa sechiito chekunamata.

\_\_\_\_\_ Sezvo vana vachienda kuchikoro, nharaunda haifanirwi kuumba makirasi ekudzidza kwavo kwezvepamweya.

\_\_\_\_\_ Mudzidzisi wevana ari kuriritira vanasikana nevakomana vepamweya.

### CHIKAMU 3

Pane ndima zhinji muZvinyorwa zveChitendero dzinopa tsigiro kune zvedzidzo. Tichadzidza dzimwe dzacho mugwaro rino nemamwe ari kubukira kubva pariri. Kutanga, verengai mashoko anotevera aBahá'u'lláh:

**“Torai munhu semugodhi wakapfuma nendarama dzine kukosha kusingaereki. Dzidzo chete, inokwanisa, kumugonesa kuti abuditse pachena hupfumi hwake, uye kubatsira rudzi rwemunhu kuti rwubudirire kubva imomo.”<sup>5</sup>**

Kuzadzisa mitsara iri pazasi kuchazokubatsirai kufungisisa pamusoro pedudziro yakadzama yechirevo ichi uye mochibata nemusoro, kana musati maita sekudaro.

- a. Munhu akaita se \_\_\_\_\_ une ndarama \_\_\_\_\_ kusingaereki.
- b. \_\_\_\_\_ chete, inokwanisa, kumugonesa kuti \_\_\_\_\_ hupfumi hwake, uye kubatsira rudzi rwemunhu kuti \_\_\_\_\_ kubva imomo.

Zvinorehwa nemashoko aBahá'u'lláh maringe nezvedzidzo zvikurusa, uye zvimwe zvacho zvichataurwa muzvikamu zvinotevera. Parizvino, ngatitarisei pfungwa imwechete. Zvichida mukapihwa magaba makumi maviri asina chinhu mukanzi mumazadze nemvura, chipunu nechipunu. Dai dzidzo yaipihwa nenzira iyi—kupa vana ruzivo zvishoma nezvishoma—raizova basa rinonetesa, raisazova here? Chinotevera, fungai nezve mugodhi wakazara nendarama dzakavanzika wakamirira kuonekwa uye woburutswa pachena. Hamubvumi here kuti kudzidzisa kunonekwa sekuchera ndarama dzakakosha nokudaro ibasa rinofadza?

### CHIKAMU 4

Ngatifungei zvakadzama maererano nechichinyorwa chiripamusoro. Tingasanganisira here tsika dzakaita serudo, kuva nechokwadi, ruenzaniso, kupa, kutsungirira uye kutendeseka sedzimwe dzendarama dzinorehwa naBahá'u'lláh? Ko masimba epfungwa dzemunhu, masimba adzo ekuona zvakavanzika zvechimiro chezvukasikwa, kuita mabasa akanaka ehumhizha, kuratidza ruremekedzo nemifungo inosimudzira? Vana vamuchadzidzisa vanekwanisiro yekuva netsika dzese idzi. Mungakwanisa here kudoma dzimwewo? Pane here dzinokwanisa kuvandudzwa pasina dzidzo yakakwana? Mukufungisisa nezvemibvunzo iyi, rangarirai fananidzo yakapihwa muBhuku 1, yekuti chiringiro chine kwanisiro yekupa chiedza asi, asi kuti chiite izvozvo, chinofanirwa kunge chakachena.

---

---

---

---

---

---

---

## CHIKAMU 5

Kuti tiombe kwanisiro yedu, tose tinopfuura nematanho akwanda enzira yekudzidza ayo, tinogona kuti, anobhedhenuka kusvika kumagumo ehupenyu hwedu. Takadzidziswa kumba, kuchikoro, kubasa, nemunharaunda. Mubvunzo watinofanirwa kuzvibvunza ndewekuti, ndechipi chingava chinangwa chezvidzidzo zvevana zvechi Bahá’i, kunyanya mugwaro rekutanga, sechinhu chakakosha munzira yedzidzo muhupenyu hwese? Dzimwe rairo dza ‘Abdu’l-Bahá dzichatibatsira mukuwana mhinduro:

**“Munofanirwa kutora mubvunzo wechimiromo chakanaka sewekutanga pakukosha. Zvinokurudzirwa kuna baba na mai vega–vega kuti varayire vana vavo kwenguva refu uye kuvatungamirira kuzvinhu izvo zvinovasvitsa kurukudzo rwusingaperi.”<sup>6</sup>**

**“Dzidzo yehunhu uye yetsika dzakanaka zvakanyanya kukosha kupfuura fundo yemabhuku. Mwana akarurama, anoteerera, wechimiromo chakanaka, akadzikama-zvikuru—kunyangwe akava nekusziva—anodikamwa kupfuura mwana ane misikanzwa, asina kuchena, asina-kurairwa, asi ova neruzivo rwakanyanya munezvescience nezveumhizha. Chikonzero cheizvi ndechekuti mwana anozvibata zvakana, kunyangwe zvazvo akava nekusziva, ndewebudiriro kune vamwe, apo mwana asina-rairo, asina-hunhu haana kunaka uye anokuvadza vamwe, kunyangwe zvazvo akadzidza. Zvisinei, kana, mwana akatungamirirwa kuva akafunda uye ane hunhu, mugumo wazvo chiedza pamusoro pechiedza.”**

**“Munguva ichatevera, tsika dzichaparara zvakanyanyisa. Zvakakosha kuti vana varerwe munzira yechiBahá’i, kuitira kuti vagwana mufaro munyika ino neichauya. Kana zvikasadaro, vachava vakazadzwa nekusuruwara uye matambudziko, sezvo mufaro wemunhu unouya kuburikidza netsika dzemweya.”<sup>8</sup>**

Zvinyorwa zvakaita seizvi zvakatungamirira *Ruhi Institute* kuti itarisise nezvekunatsurudzwa kwehunhu mugwaro rayo rekutanga muchirongwa chedzidzo yepamweya yevana. Tisati taenderera mberi kutsanangura chinangwa ichi, mungangoshuivira kukurukura muchikwata chenye zvamunonzwisisa maringe ne “chimiromo chakanaka” uye monyora pasi zvamunenge mawana panzvimbo iri pazasi.

---

---

---

---

---

## CHIKAMU 6

Dingindira rinouya mupfungwa nekukasira kana munhu achifungisisa nezve chimiromo chakanaka “itsika”. Kune zviitiko zvinokodzera zvizhinji pasi rino zvinodokwaira kuvandudza mumudzidzi ega-ega chimwe chikwata chetsika. Zviitiko izvi zvinoshandisa inzwi rekuti “tsika” kutsanangura mhando dzehunhu hunorumbidzwa. Dzimwe itsika dzakaita sekugona

kubata nguva. Dzimwe dzinosanganisira mutsa kune avo vari mumatambudziko. Asi zvimwe zvakanganana nehume hunyanzvi nekwanisiro, semuenzaniso, kwanisiro yekutaura zvakajeka. Asi pane rimwe bazi retsika rinomira rakasiyana nedzimwe dzese—kuva pachokwadi, kupa, kuzvinipisa, rudo, kudoma mienzaniso mishoma—yatinoti “tsika dzepamweya”. Munokumbirwa kuti muise kuedza kwenyu mugwaro rekutanga pakuumbwa kwetsika dzemweya wemunhu idzi dzakakosha. Izvi hazvirevi kuti, mukudyidzana nevana, munobva marasa dzimwe tsika. Zvidzidzo chete zvamunodzidzisa zvichanyanya kunanga patsika dzakakosha murwendo rwemweya rwekusvika kuna Mwari. Kuti munzwise mhando yemusiyano unorehwa pano, torai kubata nguva setsika. Munhu anobata nguva anogona zvakare kuva nehupi uye hutsinye. Zvisinei, hutsinye nehupi, anokwanisa kusava maitiro emunhu uyo akawana tsika dzedenga dzekuva nechokwadi nehunoro, rudo neruenzaniso, kupa nekuregerera. Nokudaro, zvinodiwa zvikuru, kuti munhu akadai ange aine tsika yekubata nguva.

Muchitsauko chechitatu cheBhuku 1 mafungisisa pamusoro petsika dzemweya idzo mweya unofanirwa kuwana muhupenyu huno. Unogona kuva mukana wekuti mudzokere kuchitsauko ichocho wonotarisisa zvikamu zvakafanana. Chibvai mafunga pamusoro nezvamakadzidza imomo maererano nekuumba tsika dzepamweya kubva pamavambo ehupwere. Pazasi pane nzvimbo yekuti munyore fungisiso yenyu.

---

---

---

---

---

---

---

## CHIKAMU 7

Mukubatsira vana kuburitsa pachena hunhu hunorumbidzwa, munopedzisira mavakubatikana nezvehunhu hwavo, nekuti tsika dzinofanirwa kuiswa mumabasa. Semudzidzisi, unosimbaradza hunhu hwakanaka nenzira zhinji. Rumbidzo, kurudziro, rutsigiro, tsananguro, mubayiro—chimwe nechimwe cheizvi chaunoshandisa nguva nenguva mukuongorora budiriro yechikwata chiduku chevana. Ukangobvira wadzika zvisungo zverudo rwakadzama uye hukama nevadzidzi muzvidzidzo zvako, dzimwe nguva, kutaura kwako kune hunyoro kwekuratidza kusafara kunoshandawo senzira yekusakurudzira hunhu hwakaipa hunoratidzwa neumwe mwana. Tichaongorora dzimwe nyaya dzinoenderana nekuti uchazodyidzana sei nevadzidzi vako muzvikamu zvinotevera. Maringe nechinangwa chehurukuro yatinayo parizvino, ngatiedzei kutora muenzaniso. Mukudzyidzana nevana, Hapana kupokana kuti muchazama kukurudzira mavari maitiro ekugoverana uye tsika inoenderana nazvo. Ndezvipi zvimwe zvinhu zvamunogona kutsanangura uye kuita? Kurukurai mubvunzo uyu nedzimwe nhengo dzechikwata chenyu.

Ikozvino fungisisai pamusoro pemubvunzo unotevera: Sechikamu chehunhu, kugoverana kunokwanisa here kuenderera mberi, semuenzaniso, munguva dzekushomeka, kana kusiri kuburitswa pachena setsika yekupa, tsika yepamweya iyo inova chiratidzo chetsika dzaMwari, Mupi, Ane Makomborero-Ese? Hongu, mhinduro, ndeiyapo apo kugadziriswa

kwehunhu kunofanira kuvapo, uye chinangwa chikuru ndechekuvandudzwa kwetsika dzepamweya idzo, semipanda yakasiyan-siyana yemweya wemunhu, kwunofanirwa kuumbiridzwa neruzivo rwaMwari uye rudo rwaMwari. ‘Abdu’l-Bahá anotiraira:

**“Makanyora izvi maringe nevana: kubva pamavambo, vana vanofanirwa kuwana dzidzo yedenga uye vanofanirwa kugara vachirangaridzwa kurangarira nezvaMwari wavo. Regai rudo rwaMwari rwuzadze hunhu hwavo hwemukati, rwakasanganiswa nemukaka waamai vavo”<sup>9</sup>**

**“Kubva muhupwere hwake, mwana anofanirwa kuyamwisa pamukaka werudo rwaMwari, uye orerwa mubutiro reruzivo Rwake, kuitira kuti agobwinya chiedza, akure mune zvepamweya, azadzwe nehuchenjeri uye fundo, uye otona chimiro cheboka rengirozi.”<sup>10</sup>**

**“Maringe nemubvunzo wenyu pamusoro pedzidzo yevana: munokurudzirwa kuvarera pazamu rerudo rwaMwari, uye kuti muvakurudzire mberi kuzvinhu zvepamweya, kuitira kuti vagotendeudzira huso hwavo kunaMwari; kuitira kuti nzira dzavo dzigone kuenderana nemitemo yemaitiro akanaka uye chimiro chavo chisatevedzere chero chaani zvake; kuitira kuti vagozvigadzirira nyasha netsika dzerumbidzo dzerudzi rwevanhu. . . .”<sup>11</sup>**

Mungangoshuvira kubata nemusoro chinyorwa chimwechete kubva pane zviri pamusoro.

## CHIKAMU 8

Zvidzidzo zvamuchange muchidzidzisa vana mugwaro rekutanga, kunyanya vane makore mashanu kana matanhatu, akaumbwa nemazano ataongorora nechekare mupfungwa. Zvinogona kubatsira panguva ino kuti mutarise kuchitsauko chechipiri monzvera zvidzidzo zviviri kana zvitatu, muchinyatsotarisisa kune chekutanga chacho. Mushure meizvozvo munenge mave nemukana wekuongorora zvakarongeka zvidzidzo zvese makumi maviri nezvina. Parizvino, munokurudzirwa kuti mufungisise kuzvinhu zvakati-kuti zvinoumba zvidzidzo, sezvakanyorwa pazasi, maringe nehurukuro iri muzvikamu zvapakapfuura.

Chidzidzo chimwe nechimwe chinotanga neminamoto inodetembwa newe nevamwe vana. Muchangopedza, vanozvipa nguva yekubata minamoto nemisoro nerubatsiro rwako. Munamoto wakakosha pakuvandudzika kwemwana arikufanirwa kuzo “yamwa pazamu rerudo rwaMwari.” ‘Abdu’l-Bahá anotitaurira kuti “vana vakaita sezvirimwa zvitete, uye kuvadzidzisa minamoto kwakafanana nekuita kuti mvura inaye pazviri, kuti zvipfave nehutano uye zvobengenuka, uye kufefetera zvinyoro-nyoro kwerudo rwaMwari kunobva kwavhuvhuta pamusoro pazvo, zvichizvikonzera kuzunguzuka nemufaro.” Torai nguva yekufunga kuti chiito chekunamata ichi chinobatsira sei kuumbiridza chinangwa chikuru chekuumba hunhu hwakanaka muvana. Edzai kutsanangura pfungwa dzenyu zvakajeka mumitsara mishoma. Zvimwe zvinyorwa zviri muBhuku 1, sezvinotevera, zvichakubatsirai:

**“Hakuna chinhano chikurusa kana kuti mamiriro ezvinhu anotapira kudarika kutaaurirana naMwari. Kwunoumba hunhu hwemweya, kwoumba kubengenuka**



**mupfungwa uye mweya wedenga, kunounza kuchidziro itsva yeHumambo hunoera uye nekuvhurika kwepfungwa dzechuchenjeri.”<sup>12</sup>**

**“Detemba, Nhai muranda Wangu, zvinyorwa zvaMwari izvo zvakatambirwa newe, sekudetembwa kwazvinoitwa neavo vakaswera pedyo Naye, kuitira kuti kutapira kwekuimba kungabatidza mweya wako, nekukwezva mwoyo yevanhu vose.”<sup>13</sup>**

**“Mweya une simba; munamato une kuchidziro yepamweya.”<sup>14</sup>**

**“Zvakafanira kuti muranda anamate kutsvaga rubatsiro kubva kuna Mwari, uye nekuteketera pamwe nekutsvaga yamuro Yake. Izvi ndizvo zvinova danho rehuranda, uye Tenzi vachatongera chero izvo zvaVanoshuvira, zvichienderana nehuchenjeri Hwavo hune hunyanzvi.”<sup>15</sup>**

---

---

---

---

---

---

Dingindira rechidzidzo chimwe nechimwe rinozembera pandima dzakanokorwa kubva muMagwaro Anoera izvo vana vanotarisirwa kubata nemusoro. Mukumbirwa kuita nepaunogona napo kuvabatsira kuwana nzwisiso yakadzama yedudziro yazvo, nzwisiso iyo inoratidza kukosha pakuvandudzwa kwetsika dzepamweya. Mubvunzo wakakosha mukuita izvi ndewekuti ungagona here kuumbiridza tsika dzinodiwa nenzira ipi zvayo ine chirevo pasina rubatsiro rweShoko raMwari. Zvakare, mukuumba mifungo yako, rangarira dzimwe dzefungisiso dzako mumabhuku ekutanga mumutevedzamwa—semuenzaniso, pasimba reShoko raMwari sematsanangurirwo azvakaitwa muchitsauko chekutanga muBhuku 2.

Ndimba iri pazasi, zvimwe unoziva mumwoyo, inokubatsira sei mukupindura mubvunzo uyu?

**“Shoko raMwari rinofananidzwa nembeu, iyo mudzi wayo wakadyarwa mumwoyo yevanhu. Zvakafanira kwauri kuti uchengetedze kukura kwayo kuburikidza nemvura inorarama yehuchenjeri, yemashoko matsvene uye akarurama, kuitira kuti midzi yayo inova yakasimba uye matavi ayo agopararira achikwirira semumatenga uye kudarika.”**

---

---

---

---

---

---

Rimwe bazi rinoumba zvidzidzo izvi rinosanganisira nhoroondo dzinorondedzerwa kuvana. Zhinji dzinotorwa kubva kuhupenyu hwa‘Abdu’l-Bahá, Uyo, seMuenzaniso wakanaka wezvidzidziso zvaBaba Vake, akaraidza tsika dzamunoshuwira kusimbaradza. Kubva

mukudzidza kwenyu kubva muchitsauko chechitatu cheBhuku 2, matove neruzivo nechekare nezvemakomboro matsva akadururwa kuvanu kuburikidza neChimiro cha ‘Abdu’l-Bahá. Nhorondo dzinodzidziwa nevana maererano nehupenyu Hwake dzinotora janha guru mukuvandudza chimiro chavo, uye vanofanirwa kurangaridzwa nguva nenguva nezverudo Rwake rwukuru kuvana. Sezvo hukama hwavo na‘Abdu’l-Bahá hwuchisimba, munokwanisa kuvasimbisa kuti, kana vakashingaira kutedzera muenzaniso Wake, vanounza mufaro kumoyo Wake. Munofunga kuti nhorondo kubva muhupenyu hwa ‘Abdu’l-Bahá, ichironedzwerwa nemufaro uye ruremekedzo, inobatsira sei mukuumbwa kwetsika dzinodiwa mune vechidiki?

---

---

---

---

---

Kuimba nziyo nderimwe rinoumba chidzidzo, iro rinozadza nemufaro mwoyo nemweya yevana. ‘Abdu’l-Bahá anoti:

**“Chiito chenziyo chine hutsvene uye simba. Ndiko kudya kwesoul nespirit. Kuburikidza nesimba uye kutapira kwenziyo mweya wemunhu unosimudzirwa. Chinopa kurudziro yakanaka uye simba mumwoyo yevana, nekuti mwoyo yavo yakachena, uye kutapira kwenziyo kune kuchidziro yakakura mavari. Zvipo zvakananzika mavari izvo mwoyo yevana ava yakakomborerwa zvinokwanisa kubuda pachena kuburikidza nenziyo.”**

Kurukurai muchikwata chenyu kuti sei zvakanakosha kuvana kuti vadzidzire kuimba nziyo dzakanaka kubva panguva yavanenge vari vadiki-diki.

---

---

---

---

---

Mitambo (games) nekuisa ruvara pamifananidzo (coloring) ndizvo zvimwe zvinhu zviviri zvinoumba chidzidzo. Mitambo inokonzera kudyidzana uye inoitirwa kuti ibatsire mukuvandudzwa kwedzimwe tsika nemaitiro anodiwa. Mapepa ekucolor ayo anopihwa pachidzidzo anoenderana netsika yepamweya iyo umwe neumwe akanangana nayo. Kucolor, zvekare, kunosimbisa hunyanzvi nekwanisiro dzakati wandei dzakanakosha dzinokodzera kuvana padanho iri rekuyaruka. Zviitiko izvi zviriviri zvinobatsira kugadzira mamiriro ane mufaro ayo anofanirwa kunge ari chiratidzo chekirasi yezvidzidzo zvepamweya zvevana. Ungangoshuwira kutaura nemazwi mashoma maringe nekuti mamiriro ane mufaro akakosha zvakadii pakuvandudzwa kwetsika dzepamweya.

---

---

---

## CHIKAMU 9

Muzvikamu zvakati wandei zvapfuura makawana imwe nzwisiso yakadzama pamusoro pechinangwa chezvidzidzo zvemugwaro rekutanga uye mukaona kuti bazi rega-rega rezviitiko rinoumba zvidzidzo rinobatsira sei pakunatsurudzwa kwehunhu. Ngatichitarisisai mamiriro ehukama hwanyu nevechidiki vamuchange muchidzidzisa.

Chekutanga rudo rwaunarwo kuvadzidzi, rudo urwo, rwunomirira chiratidzo cherudo rwaMwari, rwuchaputira vana vose vanobva kwakasiyana-siyana. Kuratidza rudo urwu nenzira iyo inobata kuti mwana wega-wega chinhu icho mudzidzisi anofanirwa kudzidza.

Rudo rwako kuvadzidzi vako, rwakachena uye rwakasununguka kubva kurusarura, zvinoita kuti zvive nyore kwauri kuona ndarama dzine kukosha kusingapimike idzo dzakaiswa mukusikwa kwemwana wega-wega neRuoko rweAne Masimba. Munoono vana vese sevanhu vakaremekedzeka vakasikwa nemufananidzo waMwari, chokwadi icho chinopurwa mumashoko aBahá'u'lláh:

**“Ndichakavanzwa muhuvapo Hwangu husina mavambo nemuudzamu Hwangu husina magumo, ndaiziva rudo Rwangu kwauri; naizvozvo ndakakusika, ndikaisa pauri mufananidzo Wangu uye ndokuburitsa pachena Runako Rwangu Kwauri”<sup>18</sup>**

**“Nemaoko esimba Ndakakuumba uye nezvigumwe zvesimba Ndakakusika; uye mauri ndakaisa udzamu hwechiedza Changu”<sup>19</sup>**

**“Rambi Rangu uye chiedza Changu chiri mamuri. Wanai imi kubva pachiri kubwinya kwenyu uye musatsvaka mumwe kunze Kwangu. Sezvo ndakakusikai muri vapfumi uye ndikaisa makomborero enyasha Dzangu pamusoro penyu”<sup>20</sup>**

Munofanirwa kuziva, nokudaro, kuti rudo irworwo rwunotoedzwa pasina kukundikana. Pamunodzidzisa, muri muchatosangana nehunhu husingadiwi muvadzidzi venyu. Panguva dzakadai zvakakosha kusiya pfungwa dzisina kururama dzekuti vamwe vana havatsiuriki. Mudzidzisi wezvidzidzo zvevana vechiBahá'í haafanirwi kuva nekusagutsikana kwekuti mwana wega-wega ane kwanisiro yekuziva Mwari kuburikidza neVatumwa Vake uye nekutevedzera dzidziso Dzavo. Mwana wega-wega ane kwanisiro yekubudirira pamweya. Umwe neumwe wevechidiki mumakirasi enyu akasikwa zvakaremekedzeka uye kuburikidza nerubatsiro rwako, anokwanisa kuburitsa pachena kuremekedzeka uku.

Mukurangarira zvirevo zvakashandiswa naMaster vanodikamwa maringe nevana zvinokubatsirai kuona zvakajeka huvapo hwemweya yavo sekusika kwaMwari. Pazasi pane zvimwe zvirevo zvakaita saizvozvo zvakasarudzwa; zvirerengei uye mofungisisa kuti zvinoumba sei maonero enyu kuvana ava vakakosha vamuchange muchidzidzisa.

-vana ava vanodikanwa.

-vana ava vakajeka, vane kufara mumoyo.

-vana ava vakanaka veHumambo hwedenga.

\_idzi mbesa diki dzakabukira pedyo nerukova rweruchengetedzo  
Rwenyu.

-zvirimwa zvidiki zveParadhisu yeAbhá

-zvirimwa zvemubindu Renyu remiti yemichero

-zvirimwa zvitete mubindu rerudo rwaMwari

-zvirimwa zvakabengenuka mubani remafuro muruzivo rwaMwari

\_zvirimwa zvinotungira kuita maruva munguva yechirimo chehutsvene  
Hwenyu

-maruva erozi emubindu Renyu

-maruva erozi embindu rerwutungamiro Rwenyu

-maruva mubani remumafuro Enyu

-matavi emuti wehupenyu

-matavi madiki arikukura mumapindu eruzivo Rwenyu

-mapazi anotungira mubindu renyasha Dzenyu

-shiri dzemumafuro eruponeso

\_makenduru akatungidzwa nemarimi emoto eRunako rweAne  
makomborero

-basa remaoko ezvigumwe zvesimba Hwenyu

-zviratidzo zvinoshamisa zveHukuru Hwenyu

-vadikanwi va‘Abdu’l-Bahá

## CHIKAMU 10

Parutivi perudo, hukama hwamunoumbiridza nevadzidzi vako hwunoratidzwa netsika dzepamweya dzakataurwa muzvidzidzo zvegwaro rekutanga (grade 1). Zviri pachena kuti muchatsungirira kuwedzera kuburitsa pachena tsika idzi kwete chete mukudyidzana kwenyu nevana muzvidzidzo asi muzvikamu zvezse zvehupenyu hwenyu. Bahá’u’lláh anotiokurudzira:

**“Ngwarirai, Nhai vanhu, musave vamwe veavo vanopa rayiro yakanaka kune vamwe asi vokangamwa kuitevedzera pachavo”<sup>21</sup>**

Zvakayanya kukosha kuvadzidzisi vezvidzidzo zvevana kuti vawane nzwisiso iri kukura yedudziro nezvinoreva tsika yega-yega inenge yakurukurwa muzvidzidzo, nzwisiso yakadzama iyo inovabatsira mukuedza kwavo kudzidzisa nekuumbiridza zvirimwa zvitete pasi peruchengetedzo rwavo. Semuenzaniso, munogona kunge mazviona kuti, chidzidzo chekutanga chakanangana nehutsvene. Zvinenge zvakakosha kuti makirasi anotarisisa

mubvunzo wehunhu anofanirwa kutanga nekutsanangura tsika yekuchena kwemoyo. Bahá'u'lláh anotirangaridza, “Zvese zviru kudenga nepasi” Mwari vakazvipa kwatiri “kusara kwemoyo wemunhu,” uyo waAkagadzira semusha werunako nembiri Yake. Kuchenesa chiringiro chemwoyo yedu zvinotigonesa kuti tiburitse pachena dzimwe tsika idzo mwoyo wemunhu unofanirwa kunge wakashongedzwa nadzo.

Kubatsira vadzidzisi kuti vafunge nezve tsika dzepamweya dzakataurwa mugwaro iri, chitsauko chechipiri mubhuku rino chine zvinyorwa zvakawanda zvinoenderana netsika imwe neimwe. Ikozvino, munokurudzirwa kuverenga zvinyorwa zviru pazasi zvakanganana nekuchena kwemoyo. Nedzimwe nhengo dzechikwata chako, kurukurukurai zvakajeka, kukosha kwetsika iyi muhupenyu hwemunhu, uye zvikurusei pakuedza kwevose vakasimuka kudzidzisa vana. Mushure mekunyora dzimwe pfungwa dzenyu panzvimbo yakapihwa, mungangoshuwira kubata chinyorwa chimwechete pane zvinotevera nemusoro.

**“Nhai mukoma Wangu! Mwoyo wakachena wakaisa sechiringiro; uchenesei nekubvira kwerudo wosiya zvimwe zvose kunze kwaMwari, kuitira kuti zuva rechokwadi rigopenya mukati mawo uye wova semambakwedza asingaperi”<sup>22</sup>**

**“Nhai mwanakomana weMunhu! Mwoyo Wako ndiwo musha Wangu; uchenese kuitira kudzika Kwangu. Mweya wako inzvimbo Yangu yezvakazarurwa; uchenese kuitira kuburitswa pachena Kwangu.”<sup>23</sup>**

**“Kuwedzera kuchena uye hutsvene kwemoyo wemunhu kunova, ndiko kuswedera pedyo kwaunoita kuna Mwari, uye chiedza cheZuva Rechokwadi chinoonekwa mukati mawo ”<sup>24</sup>**

**“Chekutanga munzira yehupenyu hwemunhu kuchena kwemwoyo, kuva nehutsva, hutsvene, uye kusununguka kwemweya. Chekutanga kucheneswa kwepasi-pasi perukova, ndookuti mvura dzinotapira dzerwizi dzigoerera nemarwuri”<sup>25</sup>**

---

---

---

---

---

---

---

---

## **CHIKAMU 11**

Ikozvino, unofanira kuzvibvunza, semurairidzi wevana vadiki, kuti ungabatsira sei kusimbaradza shuviro yavo yekuita zviito zvinokurudzirwa nedzidziso dzakabuda pachena kuburikidza neMutumwa Bahá'u'lláh uye kuumba tsika dzaAnotiudza kuti tishongedze mweya yedu nadzo. Paunotsvaga mhinduro kumubvunzo uyu, fungisisa pamusoro pemashoko anotevera aBahá'u'lláh:

**“Rurimi rwesimba Rangu, rwataura kuzvisikwa Zvangu mashoko aya kubva muhumambo hwechengetedzo yekubwinya Kwangu kwemasimba ose:**

**‘Tevedzera mitemo Yangu, kuitira rudo kurunako Rwangu.’ Ane mufaro uyo mudiwa anofema kunhuwirira kwedenga reMudiwa Wake Wepedyo kuburikidza nemashoko aya, anenge akazadzwa nekunhuwirira kwenyasha dzisingakwanisi kutsanangurwa chero nerurimi rwupi.’<sup>26</sup>**

**“Regai rimi remoto werudo rwaMwari rwubvire zvakajeka mumwoyo yenyu ine mufaro. Rukuchidzirei nemafuta enhungamiro yeDenga, uye rwudzivirei mukati mechengetedzo yekuedza kwenyu. Rwuchengetedzei mukati medenderedzwa revimbiso uye kuzviparadzanisa kubva kune zvimwe zvese kusiya kwaMwari, kuitira kuti kuzevezera kwevasina kururama kusazodzima chiedza charwo.”<sup>27</sup>**

**“Nhai Mwanakomana weKusikwa! Rudo Rwangu ichengetedzo Yangu; uyo anopinda marwuri akadzivirirwa uye akachengeteka, uye uyo anotendeukira kure anorasika uye kuparara.”<sup>28</sup>**

1. Zadzisa zvirevo zvinotevera nemazwi anobva muzinyora zviri pamusoro:

- a. Tinofanirwa kutevedzera mirairo yaMwari nechinangwa cherudo ku \_\_\_\_\_ Rwake.
- b. \_\_\_\_\_ rerudo rwaMwari rwunofanirwa kubvira \_\_\_\_\_ mumwoyo yedu ine \_\_\_\_\_.
- c. Tinofanirwa kukuchidzira moto we \_\_\_\_\_ rwaMwari ne \_\_\_\_\_ e \_\_\_\_\_ yeDenga.
- d. Tinofanirwa kurwudzivirira mukati me \_\_\_\_\_ ye \_\_\_\_\_.
- e. Tinofanirwa ku \_\_\_\_\_ rimi re \_\_\_\_\_ rwaMwari mukati medenderedzwa re \_\_\_\_\_ uye \_\_\_\_\_ kubva \_\_\_\_\_.
- f. Tinofanirwa kutevedzera mirairo yaMwari nechinangwa cherudo ku \_\_\_\_\_ Rwake. \_\_\_\_\_ rerudo rwaMwari rwunofanirwa kubvira \_\_\_\_\_ mumwoyo yedu ine \_\_\_\_\_. Tinofanirwa kukuchidzira rimi remoto uyu nemafuta enhungamiro ye \_\_\_\_\_. Tinofanirwa kurwudzivirira mukati medziviro ye \_\_\_\_\_ kwedu. Tinofanirwa kurwuchengetedza mukati medenderedzwa re \_\_\_\_\_ uye \_\_\_\_\_ kubva kune zvimwe zvese kusiya kwaMwari. Tinofanirwa kukuchidzira rimi remoto werudo rwaMwari, kurwudzivirira uye kurwuchengetedza kuitira kuti kuzevezera kwevasina kururama kusazodzima \_\_\_\_\_ charwo. Ani nani anopinda mudziviro ye \_\_\_\_\_ rwaMwari akachengetedzeka uye \_\_\_\_\_.

## CHIKAMU 12

Mukati menguva yaunotora nevana, uchange uchishingaira kukuchidzira “rimi remoto werudo rwaMwari” mumwoyo yavo ine mufaro uye kuvaita kuti vave neruzivo rwemakomborero Ake uye mufaro wekukwanisa kukura kuburikidza nemashoko Ake. Nekudaro, rudo rwedu kuna Mwari uye vavariro yedu yekugamuchira makomborera Ake zvinounza kuzengurira kuti, zvimwe nechimwe chikonzero, rudo Rwake rwungangotadza kusvika kwatiri. Kuti zvimwe matadzo edu anogona kuva mambure anotitadzisa kugamuchira makomborero Ake? Rudo rwaMwari ndirwo chete sakiso yehuvepo hwedu, uye dai tisina kurwupiwa chero kwechinguva, hupenyu hwedu hwunoparara. Kutya uku, kwekuti kana tikasatevedzera Mwari tinogona kusazogamuchira rudo Rwake, kunotinanganisa mugwara rakatwasuka uye dziviri kubva pamviro-mviro dzekuzvida uye shanje, makaro, mifungo isina maturo uye havi dzekusarurama.

Mukushingaira kwenyu kudyara mhodzi dzerudo rwaMwari mumwoyo yevana munofanira kufunga nezvekutya Mwari, sezvo zviviri izvi zvisingapatsanurike kubva pane chimwe.

**“Dzidzisi vana ava nerairo dzedenga. Kutangira pahupwere hwavo zadzai mumwoyo yavo rudo rwaMwari kutira kuti varatidze pachena kutya Mwari muhupenyu hwavo uye kuva nechivimbo mumakomborero aMwari. Vadzidzisei kuzvisunungura kubva kuzvisakarurama zvevanhu uye kuti vawane hutsvene hwedenga hwakavanzika mumwoyo wemunhu”<sup>29</sup>**

Zvakakosha kucherechedza kuti kutya Mwari haisi pfungwa inokurukurwa zviri pachena nevana. Nzwisiso chete yavanofanira kufamba nayo ndeye kuziva Mwari ane rudo, umo kuburikidza nemakomborero Ake uye zvipo vanofanira kuva nekuvimba kuzere uye kugutsikana. Pamunoedza kuumba mavari rudo rwaMwari, pfungwa yamunofanira kuparura kwavari ndeyekuti kune amwe mazwi uye zviito zvinofadza Mwari uye zvimwe hazvimufadzi. Munokwanisa kurangaridza vana nguva nenguva kuti nekuda kwekuti vanoda Mwari, vanoshuvira kumufadza. Vanokwanisa kurairwa, semuenzaniso, kuti kuva nerurimi rwune tsitsi uye kuva nerudo kuna umwe neumwe zvinova zviito zvinofadza Mwari, asi kushandisa mashoko kana kukanganisira vamwe hazviMufadzi.

Zvinyorwa zvinotevera zvakapiwa kuti muite fungisiso pazviri:

**“Zvinokurudzirwa kwamuri kuti mushevedze vanhu, panguva dzose, kune chipi zvacho chinovakonzera kuti vaburitse pachena chimiro chepamweya uye mabasa akanaka, kutira kuti vose vanzwisise izvo zvinoita kuti munhu asimukire, uye kuti, kuburikidza nekushingaira kwakadzama, vazvinanganise kuChinhano chikurusa uye Padenga-denga peKubwinya. Kutya Mwari kwakagara kuri kutanga kwemavambo ekudzidzisa zvisikwa Zvake. Zvakavanakira avo vanosvika pachinhano ichi!”<sup>30</sup>**

**“Muzakiro iyi vatendi vanokwanisa kuita kuti zvibudirire ndeavo vanoita mabasa anorumbidzwa uye vane chimiro chakarurama. Mutungamiriri nemurairidzi wevatendi ava kwakagara kuri kutya Mwari, kutya kunobata zvinhu zvese uye kune simba pamusoro pezvinhu zvose.”<sup>31</sup>**





vanokura vachinzwisisa kuti kuwana tsika dzepamweya ndiwo mubairo mukurusa pachawo, uye kuva nehunhu husina maturo murango mukurusa. ‘Abdu’l-Bahá anoti:

**“Mudzi wechikonzero chekukanganisa kushaya ruzivo, uye nokudaro tinofanira kubatirira pazvombo zvekunzwisisa uye ruzivo. Hunhu hwakanaka hwunofanira kudzidziswa. Chiedza chinofanira kujekeswa zvinosvika kure, kuitira kuti, muchikoro cherudzi rwemunhu, vose vachawana hunhu hwepamweya hwedenga, uye vozvionera pasina kukahadzika kuti hakuna gehena rinotyisa, hakusisina gomba dema kana kurwadziwa kunoshungurudza kunokunda kuratidza pachena tsika dzinofanira kuraswa.”<sup>33</sup>**

Kuti tibatsire vana kunzwisisa mufaro wekuratidza pachena tsika dzedenga, tinofanira kuvakurudzira mukuedza kwavo kuburutsa pachena hunhu kwakarurama uye kuvakurudzira kusiya hunhu husingadiwi. Mirango yakaoma uye kusungunguka kwakanyanya, kubvumidza vana kuita madiro, zvese zvinofanira kusakurudzirwa. Sekurangeridzwa kwationoitwa neImba yeUtongi Hwakaenzana yePasirose kuti, “Rudo runoda kuzvibata, kuva nehushingi hwekubatsira vana kushingaira, kwete kuvasiya vachiita chijairira chekuita zvisina maturo kana kuvasiya vakazembera pamafungiro avo pachavo.” Inoenderera mberi ichiti, vana, “vanofanira kugara vachitungamirirwa zvine rudo kuti vararame vari mudzidziso dzechi Bahá’í”. Uye ‘Abdu’l-Bahá anotsanagura:

**“Pese apo amai vakaona kuti mwana wavo aita zvakanaka, ngavamurumbidze uye vomukurudzira uye vofadza mwoyo wake; uye pakaita katsika kapi kasingadiwi, ngavamuraire nekumuranga, uye vachishandisa idzo nzira dzekushandisa njere, chero kuranga zvishoma nemashoko ngavaite pazvinokodzera. Hazvitenderwi, nokudaro, kuti varove mwana, kana kumupopotera, nekuti hunhu hwemwana hunogona kurasika zvachose kana akagara achishungurudzwa kana kutambudzwa kuburikidza nemashoko.”<sup>34</sup>**

Kuti atevedzere nhungamiro ya ‘Abdu’l-Bahá, mudzidzisi anofanira kufunga pamusoro penzira dzekurumbidza vana uye kuunza mufaro mumwoyo yavo apo pavanoita zvakanaka. Izvi zvinoreva kuti mudzidzisi avofanira kugara achinyatsoongorora uye kucherechedza budiriro inenge ichiitika pamwana ega-ega, kungwarira kusazonyanya kurumbidza chete chikwata chidiki chevamwe vana achisiya vamwe vese. Nekuti kana mwana akaita chijairira chekupiwa rumbidzo nemudzidzisi, ipapo, chiratidzo chidiki chekusatendedza tsika yekushereketa inogona kuva nzira inoshanda yekutsiura zvine chivande chine hungwaru. Dzimwe nguva zvinogona kukodzera kuenderera mberi nekutsanangura kusafadzwa netsika dzisingadiwi, kunyanya apo mwana paanenge achivhiringidza chiito chechidzidzo. Izvi zvinogona kuita nezwi rakasimba uye rine ruremekedzo, pasina chiratidza chero chidiki chehasha kana kushaya tariro. Nokudaro, vadzidzisi vanofanira kuwana nguva yekutsiura umwe kana vamwe vevana kunze kwekirasi.

Zvinogona kuitika kuti, chero mudzidzisi akatevedzera dzidziso iri pamusoro, vamwe vana vanogona kutadza kuzvibata sezvavanotaririrwa. Munguva dzakadai, mirango midiki yakakodzera inogona kupiwa. Muenzaniso wemirango iyi inogona kusanganisira kurumbidza mwana kuisa ruvara kana kumurumbidza kutora chinzvimbo mumutambo kwechinguva. Pane mazano maviri akakosha anofanirwa kurangerirwa panyaya iyi. Rekutanga nderekuti mudzidzisi anofanira kunyatsotsanagura zvakajecha kumwana chikonzero chaari kupirwa murango, semuenzaniso, anotaura kuti, “Nekuti waita ichi neichi, unofanira kumbomira mbichana usati wapinda mumutambo.” Zano repiri nderekuti murango wacho unofanira kupiwa



Zvizhinji maringe nenzira dzekudzidzisa vana zvinosanganisira ruzivo rwezvemazano ekutungamira mwana wega-wega kuitira kuti hunhu hwake hunangane nemamiriro ezvinhu ekudzidza anenge ane mufaro uye ane kuzvibata. Kunyangwe kuine ruzivo rwakati-kuti rwamunofanira kuwana kuburikidza nekuita maringe nenyaya iyi, kubva pekutanga tichakurukura pamusoro pepfungwa dzakakosha dzinokubatsirai kuita gadziriro. Chekutanga, verengai rondedzero maringe nezve nguva yechidzidzo:

Munopa vana nguva shoma yekuti varongeke uye kuti vagare pasi vakanyarara kana vasvika panzvimbo yekudzidzira. Kana vagadzikana, munotoro mukana wekudzikama uku movhura kirasi neminamoto. Chiitiko chinotevera munopinza kuimbwa kwenziyo, mushure mezvo moparura dingindira rechidzidzo uye mobatsira vana kubata chinyorwa nemusoro. Mushure mekuumba mamiriro ezvinhu amunotarisa, morondedzera ngano kuvana. Mabva ipapo mozoita mutambo. Kana vapedza, movapa mapepa ekuisa ruvara pamifananidzo uye nezvinyoreso zvacho kana mapenzura uye movakurudzira kuisa ruvara pamufananidzo zvakatsetseka. Pakuvhara chidzidzo, munovakurudzira kuti vagare pasi chinyararire vogadzirira kuita minamoto yekuvhara kirasi, iyo inodetembwa newe uye nevamwe vana vari muchikwata.

Mutevedzanwa wemarongerwo ezviito une hungwaru here? Munofunga kuti sei zviitiko izvi zvakarongwa nenzira iyi?

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

## CHIKAMU 15

Sekukurukura kwamaita mumashure, vana havauyi kuchidzidzo kuti vagare vakanyarara. Zvekare hachifaniri kuita chinangwa chenye chekuti vagare vakanyarara. Munofanira kutora mukana wesimba ravanaro uye morinanganisa kune zvedzidzo. Kutu muite izvi, munofanira kuronga nguva idzo dzavanofanira kunge vakanyarara uye neidzo dzekuita zviitiko uye kufaranuka. Munguva dzese idzi, kurongeka kunofanira kuva chinhu chakakosha. Kana kirasi yakarongeka, zvinova nyore kuti vana vanyatsoteerera uye kufunda. Zvakakosha kutarisisa pfungwa dziri pazasi maringe nenyaya iyi:

1. Kirasi yega-yega inofanira kutanga nenzira yakajeka uye yakarongeka uye yoperawo zvakarongeka

2. Panofanira kuva nemutevedzenwa wezviiitiko unotevedzwa nguva nenguva. Saka, zvishoma nezvishoma, vana vanosvika pakuziva chiiitiko chinotevera mushure mechimwe uye kuita zvinotarisirwa kwavari kuti vaite.
3. Nguva inopiwa kuchiitiko chega-chega inofanira kuva yakasununguka uye inofanira kuenderana nemanyuku-nyuku uye simba rinenge rine vana.

Sezvarehwa mutsananguro iri muchikama chapfuura, zviitiko zvinozoitwa nevana mukirasi yega-yega zvinosanganisira zvinotevera:

- a. Kudetemba uye kubata minamoto nemusoro
- b. Kuimba nziyo
- c. Kudzidzira uye kubata nemusoro ndima dzakanokorwa kubva muzvinyorwa zvechiBahá'í.
- d. Kuteerera nhoroondo/ngano
- e. Kutamba mitambo
- f. Kuisa ruvara mukati memifananidzo
- g. Kudetemba minamoto yekuvhara chidzidzo

Zviitiko izvi zvinoita sezvakasiyana tichitarisa simba rinodiwa uye hudzamu hwekushanda kwemuviri kunodiwa; zvimwe zvacho zvinoda kushadzisa simba rakawedzera uye zvimwe zvinoita zvakadzikamira.

Ndechipi pakati pezviitiko nomwe izvi chinoda kushanda kwakanyanya kwemuviri?

---



---



---



---

Ndezvipi zviitiko zvinoitwa mukudzikama? \_\_\_\_\_

---



---



---

Pane kukosha kwakanyanya pakuti mudzidzisi azame kuramba achiumba mamiriro ezvinhu akarongeka muzvidzidzo. Ndezvipi pane zvinotevera zvinobatsira pakuumbwa kwamamiriro ezvinhu anodiwa uye ndezvipi zvinodzivisa?

- \_\_\_ Kuchengetedza hutsanana nekurongeka panzvimbo inoitirwa chidzidzo
- \_\_\_ Kugara paine kudzikama uye tariro, munguva dzose
- \_\_\_ Kushaya tariro kana vana vasiri kutevedzera nhungamiro yako.
- \_\_\_ Kugara wakagadzirira chidzidzo chega chega nechekare.

- \_\_\_ Kutsvaga zvikwanisiro zvinodiwa pachiito apo vana vakamirira
- \_\_\_ Kutsanangura zvakajeka izvo zvinofanira kuitwa nevana pachiito chega-chega
- \_\_\_ Kuva nezvimwe zvekuita zvevana vanenge vakasira kupedza kuitira kuti vagare vaine zvekuita
- \_\_\_ Kubatsira vana kuyambuka zvakarongeka kubva pane chimwe chiitiko kuenda pane chimwe
- \_\_\_ Kuverenga rungano kuvana wakatarisa mubhuku
- \_\_\_ Kudzidzira rungano zvine udzamu kuitira kuti kuzokwanisa kurondedzera kuvana zvine manyukunyuku uye nyore-nyore

## CHIKAMU 16

Mukushingaira kuumba mamiriro ane hunhu uye akarongeka mukirasi, munofanirwa kuumba imwe mitemo yehunhu hwakafanira. Masvondo mashoma ekutanga-tanga anova akanyanya kukosha mukuita izvi. Zvese zvinotarisirwa zvinodzikwa nguva iyi yekutanga zvinofanirwa kuchengetedzwa mukufamba kwegore rose. Pakutanga, mudzidzisi anofanirwa kusarudza zvipimo zvakati-kuti zvetsika uye ozvitsanangura, mumutauro wakareruka kuvana, kwete kanodarika katatu kana kuti kana[4] panguva imwechete. Tsika dzakajairika dzakaita sekuti “tinofanirwa kuzvibata pachedu” hadzinyanyi kubatsira, asi dzimwe dzakaita sekuti “Tinopanana mukana pakutaura” dziri nyore kunzwisisa. Kurukurai nenhengo dzechikwata chenyu tsika dzakaiswa muzvirevo zviripazasi uye mowedzerawo dzimwe.

- a. Tinobatsirana nevamwe kana tichitamba mutambo.
- b. Tinoramba takabatana uye hatirwisani.
- c. Tinogamuchira nemufaro shamwari itsva kuzvidzidzo zvedu.
- d. Tinoteerera kune vamwe uye kumudzidzisi kana vachitaura.
- e. Tinotaura nerurimi rwakanyorovera kune vamwe.
- f. Tinomirira mukana wedu kuti titaure.
- g. Tinopanana makirayoni nevamwe.
- h. Tinoedza kupedza zviito zvezvidzidzo zvedu.
- i. \_\_\_\_\_
- j. \_\_\_\_\_
- k. \_\_\_\_\_
- l. \_\_\_\_\_

Zvinotarisirwa pahunhu, kana zvikanyorwa nenzira iri nyore semumitsara iyi, zvinogona kukurukurwa nevana, uye mashoko avanogara vachitaura nguva nenguva. Nenzira iyi, zvirevo izvi zvinokwanisa kunzwisika uye kutambirwa setsika idzo vechidiki vanoshuwira uye hazvizotorwi semitemo yakaomesesa. Pavanenge vava neruzivo nenhungamiro dzinotarisirwa dzakati-kuti dzavanopihwa, mudzidzisi anokwanisa kuwedzera dzimwe zvishoma nezvishoma, achirangarira kusapamhidzira zvakanyanya kuwanda panguva imwechete. Pakawanikwa zvakanyanya kuoma munguva yezvidzidzo, vana vanokwanisa kubatsirwa kuumba mimwe mitsara iri nyore inotaura nezvazvo. Munguva dzakadai, mudzidzisi anofanirwa kuva akasimba uye asingashanduki, asi panguva imwecheteyo achishamwaridzana navo uye akazadzwa nehunoro.

## CHIKAMU 17

Muchikamu 8 tatarisisa muchidimbu kukosha kwezviito zvakawanda zvegwaro rekutanga (Grade 1) uye tikakurukura kuti chimwe nechimwe chinoedza sei kubatsira kuumbwa kwehunhu hwunorumbidzwa. Muchikamu chino nezvimwe zvinomwe zvinotevera tichatarisisa mamwe maitiro amungatora mukupinza vana muzviitiko zvakataurwa, tichitanga nekubata zvinyorwa nemusoro.

Kubatwa kweminamoto nezvidimbu kubva muZvinyorwa zviri panhongonya yezvidzidzo zvamuchange muchidzidzisa, uye munguva yega-yega yezvidzidzo muchange muchibatsira vadzidzi mukuedza kwavo kudetamba minamoto zvichibva mumusoro uye kudzidzira nguva yega-yega chinyorwa chimwechete chitsva. Tisati takurukura kuti mungavapinza sei muchiitiko ichi, mashoko mashoma anofanirwa kutaurwa maererano nekukanganisa kwakajairika uko kunofanirwa kusiyiwa parutivi mukuedza kubatsira vechidiki kubata Shoko Rinoera nemusoro.

Munokwanisa kunge makambonzwa, kana kuti muchanzwa pamuchatanga kudzidzisa, mashoko akaita sekuti “vana havafanirwi kudzokorodza zvinhu sezvazviri”, “vanofanirwa kudzidzira kutsanangura nzwisiso yavo pachavo”, “havafanirwi kungoimba chete mazano uye mashoko”. Saizvozvo, ndiko saka pava nesimukira kwekushoropodzwa kwedzidzo yekubata chete nemusoro kuti maitiro akadaro ari kupararira zvakanyanya munzvimbo dzese dzepasi rino. Ichokwadi kuti munhu anokwanisa kubata masvomhu nemusoro, dudziro dzezve*physics*, kana kuti chidimbu chepfupiso yemumabhuku paine nzwisiso shoma yazvo kana kuishaya. Asi mubvunzo waunofanirwa kuzvibvunza pachako ndewekuti: Sei kubatwa kwechirevo nenzwisiso yedudziro yacho yakadzama zvichipesaniswa? Kubata nemusoro kune simba rakaenzana nerenzwisiso, mafungiro, uye mazano anonyuka kubva mupfungwa. Zvose zvinobatsirana uye kutsigirana. Tinokwanisa chete kufunga kuti kubatwa kweShoko raMwari nemusoro, kuburikidza nemasimba aro asingagumi ekuumba patsva moyo wemunhu nepfungwa, zvinokurudzira sei hungwaru nenzwisiso muvana. Mushure meizvozvo, sezvavanopfuura nematanho akawanda ekuyaruka, vanowana nzwisiso itsva yakadzama kubva mundima dzavanenge vakabata nemusoro, uye muhupenyu hwavo hwese vanokwanisa kunge vakuswedera pedyo nemasimba anounza shanduko, kumutsiridza nekuvandudza kunoitwa neShoko raMwari.

Kurukurai nedzimwe nhengo dzechikwata kuti sei zvakakosha kuvadzidzisi kuti vange vaine kugutsikana kwekuti kubatwa kweShoko raMwari nemusoro zvinobatsira kudyara zvakasimba mupfungwa nemumoyo yevana mhodzi dzeruzivo rwezvepamweya, mhodzi dzinozokura nekufamba kwenguva kuti dzibereke michero inotapira.

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

## CHIKAMU 18

Tiine muono wezviri pamusoro mupfungwa, ngatifungei nezve nzira dzamuchazoshandisa pakubatsira vadzidzi venyu kubata nemusoro ndima dzinobva muZvinyorwa, tichitora semuenzaniso chinyorwa chiri muChidzidzo 1. Pekutanga, muchada kuzovabatsira kuwana nzwisiso yakadzama maringe nekukosha kwetsika yepamweya inotaurwa muchidzidzo ichi. Pachinangwa ichi, pane nhanganyaya yakapihwa kuti ikubatsirei. Munokurudzirwa zvino kuti muvabatsire kutsvaga nzwisiso yakakosha yedudziro yezvinyorwa kuburikidza nekudoma mazwi akaoma arimo uye kumashandisa munguva idzo vana vanokwanisa kumasarudza zviri nyore. Tarisisa nezvemaitiro aya sekutsanangudzwa kwazvakaitwa muChidzidzo 1, chinotaura nezve tsika yehutsvene.

Mwoyo yedu yakafanana nezviringiro. Tinofanirwa kugara takaichenesa nguva dzese. Kuchengeta ruvengo kune umwe, kunzwira umwe shanje, uye kusava nemwoyo wakanaka kunaani zvake pasina chikonzero chero chipi zvacho—izvi zvakafanana nehuruva inovharidzira chiringiro chemwoyo yedu. Kana mwoyo yedu yakachena, inoratidza chiedza chaMwari netsika Dzake—tsika dzakaita sekuva nemwoyo wakanaka, rudo, nekupa—uye tinova honzeri yemufaro kune vamwe. Kutu tichengetedze kuchena kwemwoyo yedu, ngatibatei chinyorwa ichi chaBahá'u'lláh nemusoro:

**“Nhai Mwanakomana weMweya! rayiro Yangu yekutanga ndeyi: Iva nemwoyo wakachena, wakanaka, uye une mufaro. . . .”**

*Rayiro*

1. Rimwe zuva Gerard na Marry vaiisa ruvara pamifananidzo. Gerard aida kirayoni ye yellow, asi Marry akanga asingadi kumupa. Mudzidzisi akaudza Marry kugoverana naye. Mudzidzisi akapa Marry rayiro yakanaka.

2. Patricia anofanirwa kusarudza kuti oshandisa here mari yake kutenga zvihwitsi kana kuti bhuku rengano. Vabereki vake vanomukurudzira kutenga bhuku rengano. Vabereki vake Patricia vanopa rayiro yakanaka.

*Kuva ne*

1. Tinaye anofarira kuverenga minamto asati aenda kunorara. Ane bhuku rake diki reminamato raanoverenga kubva mariri. Tinaye ane bhuku diki remunamato.
2. Mubindu medu tinorima miriwo inonaka. Tine munda wakanaka unotipa miriwo yakanaka wakawanda.

*Mwoyo wakachena*

1. Cathy akatsamwa akataura mashoko asina kunaka kuna Agot. Agot akasuwa asi akakasira kuregerera Cathy. Agot ane mwoyo wakachena.
2. Gustavo anofarira kugovera *macookies* ake nevana vose, kunyangwe naJorge, uyo asingagoverani chero chii zvacho nevamwe. Gustavo ane mwoyo wakachena.

*Mwoyo wakanaka*

1. Kana vabereki vake vakakoka shamwari kumba kwavo, Ming Ling anovapa zvokudya nemufaro. Ming Ling ane mwoyo wakanaka.
2. VaRobertson vakwegura. Jimmy anovabatsira kutakura michero yavo yavakakohwa kuenda kunotengesa. Jimmy ane mwoyo wakanaka.

*Mwoyo une mufaro*

1. Kana ndikanzwa kusuwa, mai vangu vanondifadza nguva dzese uye vanondiita kuti ndifare. Mai vangu vane mwoyo une mufaro.
2. Obuya akarwara uye aifanirwa kupedza nguva yake yese akarara. Akaita minamato yakawanda, haana kusuwa, uye akaenderera mberi nekuratidza mufaro wake. Obuya ane mwoyo une mufaro.

Hongu, hamuzongoverenga zviru nyore chirevo chenhangananyaya nemitsara yetsananguro kubva mubhuku, naizvozvo munofanirwa kugara makaita gadziriro yakanaka kuitira kuzozviita nenzira inonzwisika.

Maringe neminamato inobatwa nemusoro nevana, zvinokurudzirwa kuti iwe uzvibatewo nemusoro nenzira imwecheteyo, asi zvinenge zvasarira kwauri kuti usarudze kuti ndeapi mazwi nezvirevo zvingangoda tsananguro. Ungangoda kuratidza hanya mukuita izvi.



Pane dzimwe nguva dzakafanira kuti utendere vechidiki kutsvaga dudziro yemazwi kubva muminamoto zvishoma nezvishoma pachavo. Semuenzaniso, tarisai, pamunamoto uri pazasi uyo vana vanotanga kudzidza muChidzidzo 1. Vanotanga kuona zvakajeka kuti zvese “mwoyo wakachena” uye “ndarama yepasi penyanza” zvinhu zvakakoshesesa. Asi, kuitira kunzwisisa, pakupedzisira, kuti, mwoyo wakanaka unopihwa kwatiri naMwari, vanopedzisira voda kuziva kuti izwi rekuti “dururai (bestow)” rinorevei. Ndeipi mitsara yamunganyora pasi maringe nechinangwa ichi?

**“Ivo ndiMwari! Nhai Mwari, Mwari wangu! Dururai pamusoro pangu mwoyo wakachena, sezvakaita ndarama yepasi penyanza.”<sup>37</sup>**

---

---

---

---

## CHIKAMU 19

Ikozvino ngatichitarisai amwe maitiro amungatore mukubatsira vadzidzi venyu kubata nemusoro minamoto uye muzvinyorwa. Chaunokwanisa kuita kupatsanura ndima kuzviita muzvikamu zvidiki, zvinozodzidzwa chimwechete munguva imwe neimwe. Mushure mekunge chimwe chikamu chabatwa nemusoro, chechipiri chinokwanisa kuwedzerwa pamusoro pachochingodaro, kusvikira munamoto kana chinyorwa chese chabatwa nemusoro. Munokwanisa kukumbira vana kuti vadzokorodze zvikamu izvi mushure mako, dzimwe nguva sedungamunhu uye dzimwe nguva sechikwata.

Semuenzaniso, kudzidzisa vana venyu chinyorwa chiri muChidzidzo 1, munogona kutanga nechirevo chekuti “Nhai Mwanakomana weMweya” uye moita kuti vadzokorodze. Naizvozvo munokwanisa kubatanidza “Nhai Mwanakomana weMweya” na “rayiro Yangu yekutanga ndeyi” uye movakumbira kuti vadzokorodze pamwechete. Pekupedzisira munowedzera mazwi ekuti “Iva nemwoyo wakachena, wakanaka uye une mufaro”. Chikwata chikangogara chadzidza chinyorwa nenzira iyi, vamwe vana vashoma vanogona kunge kutobatsirika kuchibata nemusoro. Hongu, mungangoda kuona kuti chiito ichi chaitwa zvakatsetseka, kuitira kuti vana varambe vakateerera uye kuti mamiriro ane mufaro arambe aripo. Zvakare, sezvo kwanisiro yavo ichiwedzera zvishoma nezvishoma, vanokwanisa kunge vakubata zvikamu zvikuru mumunamoto nezvinyorwa zvese kamwechete.

Pamunoita chikamu ichi chezvidzidzo, mamwe mamiriro ezvinhu asingafungiriki anogona kuitika, uye munofanirwa kudzidza kumagadzirisa neruzivo rwenyu rwunobva mukuita. Zvakadaro, pane mamwe mamiriro ezvinhu amunogona kushandisa senzira yenyu yekuita gadziriro dzakanaka. Kurukurai mibvunzo inotevera nedzimwe nhengo dzechikwata chenyu:

- Kana mune vana vakawanda muzvidzidzo zvako, ungaite sei kuti uvabatsire kubata chinyorwa nemusoro?
- Unoita sei kana vamwe vana vachikasika kubata zvinyorwa nemusoro kudarika vamwe vese?

- Ungaita sei kana mwana mumwechete kana chikwata vachiomera nekubata zvinyorwa nemusoro?
- Ungazvigona sei kuti, kunyangwe mwana akatadza kubata chinyorwa nemusoro zvachose munguva yezvidzidzo, arambe aine pfungwa yekuita budiriro?

---



---



---



---



---



---



---



---

## CHIKAMU 20

Vana vanofarira kuimba, uye chitiko ichi, chinoitwa mushure makunge paitwa kudzidzira kubatwa kwezvinyorwa nemusoro, ndicho chimwe chinounza mufaro mukuru. Svumbunuro yekubudirira kudzidzira. Iwe pachako unofanirwa kuimbawo nziyo neumwe anodziziva, uchinyatsoteerera kumutinhimira uye kuimba kunodakadza. Kana uchiozoteerera kumimhanzi yacho, unoidzidzira kunyangwe nokukasira. Pamwechete nevana, munofanirwa kuimba nziyo nguva nenguva kusvikira vadzigona zvakanaka. Mazwi emunziyo anokwanisa kubatwa nemusoro zvakananyanya zvimwechete neayo ari muzvinyorwa, apa chete ndipo mazwi aya anodzokorodzwa munguva imwechete nerwiyo. Zvichienderana nekwanisiro yevadzidzi vako, unoona, kuti dzimwe nziyo dzakaoma zvakananyanya kwavari kuti vadziimbe. Munguva idzi, zvinenge zvakanfanira kwauri kuti uimbe maverse uye vadzidzi vako kuti vabatane newe mukuimba rwiyo.

## CHIKAMU 21

Chimwe chitiko chinofanira kuongororwa kurondedzera kwenhorondo. Sezvaturwa mumashure, nhorondo zhinji dziri mudanho rekutanga rekirasi dzinotora kubva pahupenyu hwaAbdu'l-Bahá. Nhorondo idzi dzinotora jana rakakoshesesa. Dzinobatsira kuona kuti tsika dzepamweya dzevana idzo dzavari kuzama kuumba dzinobuda pachena muupenyu hwaAbdu'l-Bahá mumazuva Ake ose aakararama ari pano pasi. Ruremekedzo rwunoratidzwa nemudzidzisi paanorondedzera nhorondo idzi zvinosimudzira manyukunyuku ezvedenga mumwoyo yavo uye kubengenutsa kugamuchira kwavo tsika dzepamweya.

Kunyangwe hazvo nenhorondo dzamunozorondedzera vana pamusoro pehupenyu hwa'Abdu'l-Bahá dziri pfupi, nzwisiso dzezvepamweya dzinowanikwa imomo dzakadzama zvikuru. Naizvozvo muchazoshuvira kusimudzira vadzidzi venyu kuti vasvike pakuwana nzwisisiso inopfuura ngano idzi movabatsira kubatisisa muono wezvechimiro chechokwadi chezvepamweya. Nokudaro, ngationgororei rungano runobva muChidzidzo 1.

*‘Abdu’l-Bahá aigara achikwanisa kudoma chero chipi chinenge chiri muhana memunhu, uye Aiva nerudo rwukuru kune avo vaiva nemwoyo yakachena uye ine mufaro. Paiva namudzimai akava nemukana wekuva muenzi wa ‘Abdu’l-Bahá panguva yekudya kwemanheru. Apo akagara chinyatsoteerera kumashoko Ake ehuchenjeri, akatarisa girazi remvura raiva pamberi pake uye ndokufunga, “O! Dai ‘Abdu’l-Bahá aikwanisa kutora mwoyo wangu obvusa zvese zvine maringe nehavi dzezvepanyama uye ouzadza zvekare nerudo rweDenga uye kunzwisisa, sezvinogona kuitwa negirazi iri remvura.”*

*Pfungwa iyi yakapinda mundangariro dzake nekukasika, uye hapana chaakataura nezvazvo, asi nenguva pfupi pane zvakaitika zvakamuita kuti acherechedze kuti ‘Abdu’l-Bahá akanga aziva zvaiva mupfungwa dzake. Paakanga ari mubishi mekupakura dzidziso Yake, Akambomira kwechunguva kuti ashevedze mubatsiri aivepo ndokumuzevezera mashoko mashoma. Mubatsiri uyu akakazouya patafura paiva nemudzimai uyu, ndokutora girazi rake, ndookuteura mvura yaivemo, ndokuridzorera zvakare pamberi pake.*

*Munguva pfupi yaitevera, ‘Abdu’l-Bahá, apo achienderera mberi nekupakura dzidziso, akatora chirongo chemvura patafura, ndookutanga kudira mvura zvishoma nezvishoma mugirazi remudzimai uya. Hapana akanzwisisa chainge chaitika, asi mudzimai uyu akaziva kuti ‘Abdu’l-Bahá akange adavira kuchishuwo chemwoyo wake. Akava anozadzwa nomufaro. Ipapo akabva anzwisisa kuti kuna ‘Abdu’l-Bahá mwoyo nemifungo yaiva semabhuku akazaruka, Achikwanisa kuiverenga nerudo uye nemwoyo murefu.*

Zviri pachena kuti kuchena mwoyo ndiyo tsika iyo kuburikidza nerungano—uye, pachokwadi, chidzidzo chese—chinonanga ipapo. Mibvunzo inotevera ichakubatsirai kuti mufungisise nezvekuti rondedzero yenyu yerungano ichabatsira sei vana kuti vawane nzwisise pamusoro patsika iyi uye kuti zvinorevei kushingaira kuiwana.

1. Zvinokosha kuti vana vagone kucherechedza kuti muyenzi wa ‘Abdu’l-Bahá aishuvira kuwana mwoyo wakachena. Ndehupi hukama huripo pakati peshuviro iyi negirazi remvura riri pamberi pamuenzi uyu?
2. Kutu tiwane kuchena kwemwoyo, tinofanira, sekuteurwa kunoitwa girazi nekuzadzwa zvekare, tozvitsaura kubva pamifungo isina maturo uye havi dzezvepanyama, kuitira kuti Mwari vapanyese mwoyo yedu netsika dzakaita serudo, kupa, uye mwoyo munyoro. Hongu, tinoziva, kuti hapana chinogona kuvanzika mumeso aMwari. Nzwisiso iyi inotibatsira sei mukushingaira kuwana kuva nemwoyo wakachena?

Mushure mehurukuru yemibvunzo iyi nedzimwe nhengo dzechikwata chenyu, nyorai pasi dzimwe dzepfungwa dzenyu.

---

---

---

---

---

---

---

---

Pane ngano dzakati kuti dzinowanikwa mugwaro rekutanga rekirasi, chero dzisina chekuita nehupenyu hwa‘Abdu’l-Bahá, dzinoburitsa pachena kukosha kwetsika dzezvemweya. Madziri, vana vanokwanisa kunzwisisa mubairo wekuburitsa pachena tsika idzi uye kuona migumisiro yekusava nehanya nayo. Semuenzaniso, rungano rwuri muChidzidzo 4 pamusoro pamufudzi anonyepedzera kuchema kuuya kwegava, iyo inozivakana mutsika nemagariro mazhinji, kuti inoburitsa pachena migumisiro yemanyepo uye, nenzira iyi, zvinopa nzwisiso yakadzama maringe nekukosha kwetsika yekuva pachokwadi. Vana vanobatsirikana zvikuru kubva mudzidziso dzinobva mungano idzi, idzo dzinoratidza kuvakoshera pakuumbwa kwehunhu hwavo.

## CHIKAMU 22

Kurondedzera nhoroondo zvinoda unyanzvi. Kuti murondedzere nhoroondo zvakatsetseka, munofanirwa kunge muchiiziva zvakadzama. Muchikamu chino, tichadzidza zvikuru nezvenhoroondo inobva muchidzidzo chekutanga kuti tione kuti mudzidzisi angairondedzera sei kuvana.

Takanzwisisa kuti dingindira riri panhongonya penhoroondo itsika yepamweya yekuchena kwemwoyo, iyo yakatsanangurwa mumufananidzo wechiringiro. Mubvunzo wekutanga waunofanirwa kuzvibvunza pachako zvino ndewekuti, Ndezvipi zvikamu zvenyaya zvinodzana pasina kupokana nedingindira iri? Kuti mashoko ehuchenjeri a‘Abdu’l-Bahá’ akaita kuti mudzimai uya afunge kuti anoda kuchenesa mwoyo wake kubva kuhavi dzezvepanyika, sechiringiro chiri pamberi pake, ndechimwe chikamu chakakosha. Mirairo yakapihwa na‘Abdu’l-Bahá’ kumubatsiri kuti arase mvura yakanga iri mugirazi, iyo yakazodzorerwa na‘Abdu’l-Bahá’ mushure mechinguva, ndemumwe mubvunzo zvekare. Zvingava zvinoita sei kana ukasataura, semuenzaniso, kuti ‘Abdu’l-Bahá’ akaudza mubatsiri kuti ateure mvura yaiva mugirazi remudzimai?

Ikozvino, kunyangwe tadoma zvikamu zvakakosha zvenhoroondo iyi, dzimwe pfungwa dzirimo hadzikwanisi kukanganwika. Yaizova nhoroondo here kana mukangotaura kuti muenzi wa‘Abdu’l-Bahá’, apo vakagara pakudya kwemanheru, aishuva kuti mwoyo wake ungacheneswa nenzira imwechete iyo munhu anoteura mvura yaiva iri mugirazi osiya risina chinhu? Nguva dzose pane zvinhongwa-nhongwa zviri munhoroondo zvinokonzera kuwedzera kwemanyuku-nyuku uye kunakidza kwayo. Ndezvipi zvinhongwa-nhongwa zvacho?

- Pfungwa yegirazi risina chinhu inoitika kumuenzi munguva yekudya, apo vachiteerera kuna‘Abdu’l-Bahá’ achigovera huchenjeri Hwake, asi haambotauri mufungo yake zvinonzwika.
- Kunyangwe achitaura kune avo vakaungana pakudya kwemanheru, ‘Abdu’l-Bahá’ anombomira kutaura kwechinguva kuti apindure kupfungwa yemudzimai uyu yaasina kutaura.

- Hapana kana akaona kuti chii chakanga chaitika.
- Muenzi anonzwa mufaro wakakura mukuziva kuti ‘Abdu’l-Bahá’ anoona chishuwo chemwoyo wake.

Zvinofanirwa kuzivikanwa kuti mudzidzisi wega-wega anofanirwa kungwarira kwete kushandura nyaya dziri mugwaro rekutanga nedzimwe pfungwa dzekuwedzerera uye zvimwe zvinhu, zvinogona kurasisa nzwisiso yevana kubva kuchokwadi chezvepamweya icho nhoroondo dzakagadzirirwa kuti dzidzidzise.

Murondedzero yako yese, zvino, ungangoda kuzviisa mupfungwa kuti chinangwa chekutura nhoroondo ndechekupa dzidziso yakakosha kuvana. Kana ukadzokorodza kuiverenga nemufaro uye nechido, vanoinzwisisa zviri nani. Vana havasikuzofadzwa nenhoroondo inotaurwa zvinobhohwa. Unofanirwa kudzidzidzira kuburitsa pachena maitiro akaita semufaro, kusuruwara, kuora moyo, kutya, hushingi uchishandisa izwi rako, zviratidzo zvepachiso, nekutura uchishandisa kufamba kwemuviri. Matauriro enzwi rako anofanirwa kushanduka zvinoenderana nekufamba kunoita nhoroondo, uye kutaura kwako nemaoko, kunyangwe kuri nyore, kunofanirwa kuenderana nechikamu chimwe nechimwe. Unofanirwa kufunga, zvekare, maringe ne kurongeka uye mwero werondedzero yako. Kana ukatura zvishoma nezvishoma, vana vanobhohwekana, uye ukatura nekukasira havakwanise kuzonzwisisa nhoroondo. Pamusoro pazvose, unofanirwa kurangarira kuti hausi kuita zvekutamba uye kuti maitiro ako anofanirwa kunge akavimbika. Vechidiki vanokwanisa kuona kushomeka kwekuvimbika. Chinodikamwa kubatanidza mwoyo yevana uye kufambisira mberi chijairira chekutaurwa kwenhoroondo idzo kuburikidza nadzo, zvizarwa zvezuva ranhasi, dura rehuchenjeri rakaumbwa nevanhu raigamuchidzwa kubva pane chimwe chizarwa kuenda kune chinotevera.

## CHIKAMU 23

Ikozvino ngationgorore zviitiko zviviri zvinotevera mushure rondedzero dzenhoroondo—kutamba mitambo uye kuisa ruvara pamifananidzo. Muchikamu chino tichakurukura kuti tichashandisa sei nguva yakanangana nezvemitambo, uye zvekuisa ruvara pamifananidzo zvichakurukurwa muchikamu chinotevera.

Sezvataurwa mumashure, mitambo iri muGwaro 1 inodyidzana pamamiriro. Vanhu vazhinji vanotenda kuti, kuti mitambo inge yakati omei, vana vanofanirwa kukwikwidzana nevamwe. Chatinofanirwa kunzwisisa ndechekuti, kana vana vakaiswa muzviitiko umo mavanofanirwa kukwikwidzana, amwe maitiro uye tsika dzisingatarisirwi dzinoubika dzogara mavari zvachose. Zvakare, pane pfungwa isiri yechokwadi yekuti budiriro inowanikwa chete kuburikidza nemakundano.

Munofanirwa kuongorora zvakadzama kuti ndeyechokwadi here pfungwa iyi. Ichokwadi here kuti hatikwanise kuwana budiriro pasina kubatana? Mumakundano, vamwe vanokunda vamwe vachikundikana; mukuita mushandirapamwe munhu wese anova nemanyuku-nyuku ekubudirira.

Mitambo iri mugwaro rekutanga yakanangana nekukurudzira muvana hunyanzvi hwekuteerera nekutevedzera mirairo. Vanozovika pakuona kuti mutambo wega-wega

unoumba chinangwa chimwechete kukirasi yese uye kuti, mukubatanidza kuedza kwavo, umwe neumwe wavo ane jana rekuita pakubudirira pachinangwa chacho. Pamusoro pezvose, zvinotarisirwa kuti vawedzera chipimo chehanya dzavanoratidzana, kudzidzira kutsungirira, uye kusimbisa zvisungo zvehushamwari zvinovabatanidza. Naizvozvo, munofanirwa kurangarira, kuti havatarisirwi kuita mutambo zvakatsetseka kuti vanzwe pfungwa yekubudirira. Semuenzaniso, tarisai, pamutambo wakapihwa muChidzidzo 1. Chinokurudzira nenzira ipi kuzvinangwa zvinodiwa?

Pachiitiko chinotevera, isai vhiri remotokari pasi mokumbira vana kuti vaone kuti vangani vavo *vanokwanisa* kumira mariri panguva imwechete. Kana vhiri risipo, munogona kuisa *mat* kana tauro, kana kuisa pasi chimwe chinhu chakafanana nazvo. Chinhu chese chamuchasarudza, chinofanirwa kunge chiri chidiki kuitira kuti mutambo uve unoti womei pahuwandu hwevana vari mukirasi.

Nzira inoshandiswa nemudzidzisi kutanga mutambo inotungamirira matambirwo aunoitwa nevana. Chinangwa chemutambo chinofanirwa kutsanangurwa zvakajeka. Uyezve, pakupa mirairo kuvana, kazhinji mudzidzisi anofanirwa kuratidza matambirwo awo uye kuudzidzira pamwechete navo.

## CHIKAMU 24

Zviitiko zvehumhizha zvakakosha pakuumbwa kwekwanisiro yekuva nemazano uye hunyanzvi pakushandisa njere kwevana, uye pahupwere hwavo vanofanirwa kupihwa mukana wekushandisa miono inoumbika mupfungwa dzavo kuburikidza nekutara mifananidzo nemaoko nedzimwe nzira dzekuita zvehumhizha. Zvisinei, munzvimbo zhinji dzepanyika, vasati vasvika pazera remakore mashanu kana matanhatu, vana vanenge vakambowana mukana wekutara mifananidzo, vashoma kwazvo vakambokwanisa kuwana *macrayons*. Kwavari, kuisa ruvara pamifananidzo yakapiwa muzvidzidzo zviru mugwaro rekutanga ndiyo yeimwe nguva yezvidzidzo inofadza zvikuru, uye inoumba mavari hushingi hunodiwa pakufambira mberi nezviitiko zvakaoma mumagwaro anozotevera. Ndeimwe yenzira zvekare yekuvandudza hunyanzvi pakushandisa maoko uye pfungwa yekurongeka. Kwanisiro, hunyanzvi nehunhu zvinotevera zvinokurudzirwa sei muvana kuburikidza nekuisa ruvara pamifananidzo?

- Kukurudzira kurongeka nerunako
- Kunyatsokwenenzvera
- Kunangisa pfungwa pachiito chiri kuitwa panguva iyoyo
- Kugoverana zvekushandisa nevamwe
- Kuremekedza vamwe

Tichipamha pamusoro pekukurudzira humwe hunyanzvi uye maitiro, nguva yezvidzidzo yakanangana nekuisa ruvara pamufananidzo inopa mudzidzisi mumwe mukana wekukurukura nevadzidzi vake tsika dzakataurwa nezvado muGwaro 1. Kuburikidza nekubvunza vadzidzi mibvunzo maringe nezvaratidzwa mumifananidzo, vadzidzisi vanokwanisa kupa vana mukana wekuburitsa mazano zvakajeka uye kuona kudyidzana kwazvo mupfungwa dzavo pavanenge vachikurukura maringe nezviri kuitika pamufananidzo. Tarisai pabepa rekuisa ruvara muchidzidzo chekutanga uye motsanangura nechikwata chenyu kuti mungachidzidzisa sei kuvana. Nyorai mifugo yenyu pazasi.

---

---

---

---

---

Mudzidzisi anofanirwa kugadzirira chiitiko ichi zvakanakwana. Nguva dzose vana vanowedzera kuratidza chido chakanyanya chekuisa ruvara pamifananidzo; asi, chikamu ichi chechidzidzo chinokwanisa kuvhiringidzika kana chisina kurongwa zvakanaka. Nzvimbo inofanirwa kushandiswa nevana pachiiitiko chekuisa ruvara pamifananidzo inofanirwa kutsvagwa, uye mapepa ekutara mufananidzo pachidzidzo chega chega ogadzirwa asati apiwa kuvana. Kunyanya muzvidzidzo zvishoma zvekutanga, mudzidzisi anofanirwa kupa muenzaniso kuvana kuti vachashandisa sei *macrayons* uye okurukura navo pfungwa yekuzvibata nekushandidzana. Pakutanga, mwana ega-ega anogona kukumbirwa kuti asarudze *crayon* imwechete kubva mubhokisi rakabatwa nemudzidzisi. Kana vaakuda kuchinja ruvara, vanokwanisa kudzorera *crayon* vitora imwe. Mushure mezvidzidzo zvakati wandei, pavanenge vavakukwanisa kugara *necrayon* imwechete panguva imwechete, bhokisi remacrayon rinokwanisa kusiiwa pakati pavo vese.

Ikozvino, tarisai pamamiriro ezvinhu anotevera. Ndeapi mamiriro ezvinhu anobatsiridza kubudirira kwechiitiko ichi?

- Mudzidzisi anotendera mwana kuisa ruvara pamifananidzo kunze kwemitaro, kana chete achiedza kuisa ruvara zvakanaka.
- Vana vese vanoudzwa kuti vaise ruvara pamifananidzo zvakanaka mukati memitaro.
- Vana pavanenge vachiisa ruvara pamifananidzo, mudzidzisi anofamba pakati pavo, achivapa rubatsiro nekurudziro.
- Vana pavanenge vachiisa ruvara pamifananidzo, mudzidzisi anogara pasi achiita rimwe basa rakewo.
- Munguva yakagadzirirwa kuisa ruvara pamifananidzo, vana vanoisa pfungwa dzavo dzese pachiiito ichocho.
- Munguva yakagadzirirwa kuisa ruvara pamifananidzo, vana vanovhiringidzana.
- Pavanenge vachiisa ruvara pamifananidzo, vana vanoramba vakanyarara.

\_\_\_ Pavanenge vachiisa ruvara pamifananidzo, vana vanokurukura nemufaro uye vachikurudzirana.

## CHIKAMU 25

Vadzidzisi vazhinji vanoona zvichibatsira kuva nebhuku rezvinhongeredzwa (notebook) umo mavanochengetera zvimwe zvavanenge vanyora pamusoro pevechidiki vavanenge vachidzidzisa. Zvikamu zviviri zvinobatsira mukuita izvi, chimwe chine mazita nemazera evadzidzi kuitira kunyora mazuva avanenge vauya kuzvidzidzo nechimwe chekuongorora budiriro yavo pakubata zvinyorwa nemusoro. Semuenzaniso, chikamu chechipiri chinokwanisa kuva nemazita evana kudivi reruboshwe uye huwandu hwezvidzidzo zvakaitwa nemwana ega ega. Mudzidzisi anokwanisa kuzonyora pamukana unoenderana nechinyorwa icho vana vanenge vabata nemusoro.

Bhuku renhongeredzwa rinokwanisa zvekare kuva nechikamu chakanangana nezvidzidzo pachazvo, umo vadzidzisi vanokwanisa kunyora ongororo yavo yechidzidzo chega chega, pfungwa dzavo maererano nekuti vangachidzidzisa sei, uye, kumberi, fungisiso yavo maererano nekuenderera mberi kwezvidzidzo zvevana.

Mune chimwe chikamu, mudzidzisi anokwanisa kunyora pasi budiriro yemwana umwe neumwe, kusanganisira zvimwe zvakanangana nehunhu hwavo zvinogona kuzogoveranwa nevabereki yavo. Muchikamu ichi vamwe vadzidzisi vanokwanisa kuona zvichibatsira kuisa mazita evana vemubereki nevanin'ina uye pfupiso yemadingindira anenge ataurwa nezvawo munguva yekushanyira dzimba dzavo.

## CHIKAMU 26

Semudzidzisi wevana, unofanirwa kuumba hukama hwakadzama nevabereki vemwana umwe neumwe, uchisangana navo nguva nenguva kuti mukurukure maererano neshanduko uye kuvandudzika kwemwana wavo uye kutsvaga rutsigiro rwavo. Nehekare munogona kunge makamboshanyira mhuri dzevamwe vana vanouya kuzvidzidzo munharaunda menyu mushure mekunge mapedza kunzvera Bhuku 2. Kuti mubengenutse pfungwa dzenyu, mungangoshuwira kutarisa kuChikamu 15 muchitsauko chechitatu chebhuku iroro. Muchikamu ichocho tinoona kuti Maribel, mudzisi wezvidzidzo zvevana, akabatanidza sei pfungwa dzake pamwechete maererano nezvaaizotaura kuna mai vaEmma paizoshanya kechipiri kumba kwavo. Akasarudza kutanga nekuvataurira nezvemufaro unounzwa kumwoyo wake kuburikidza nehuvapo hwaEmma muchidzidzo uye kuburikidza nekudoma tsika dzakanaka dzaakaona mumwana wavo. Zvakakosha zvakadii kuvabereki kuona mufaro uye manyuku-nyuku zvinoratidzwa nemudzidzisi arikudzidzisa vana munharaunda? Ndedzipi dzimwe tsika dzinokwezva mwoyo yevabereki uye kuumba zvisungo zvechivimbo navo?

---

---

---

---

---



Sei zvakakosha kuti mudzidzisi ataure kavabereki vemwana tsika dzepamweya dzaanenge achiona dzichiumbika pamwana wavo?

---

---

---

---

---

---

Maribel anosarudza kupakura kuna amai vaEmma nezvechinyorwa chamakanzvera muChikamu 3 chechitsauko chino uye akaongorora navo nezvesimba rachinaro maringe nezvedzidzo yevana. Muhurukuro zhinji dzamunoita nevabereki, muchawana mukana wekutsanangura mazano ezvedzidzo ayo akashandiswa kuumba chirongwa chezvezvidzidzo zvevana. Pazasi pane dzimwe pfungwa dzamakambonzvera muchitsauko chino. Muchatsanangura muchiti chii papfungwa yega-yega kuvabereki maringe nezvedzidzo yezvepamweya yevana vavo? Pane here ndima dzinobva muZvinyorwa dzakanangana neimwe pfungwa iyo yamunokwanisa kuzopakura mukati menhaurirano dzenyu nevabereki?

Kuumbwa kwehunhu hunorumbidzwa: \_\_\_\_\_

---

---

---

---

Kutsvagwa kwetsika dzepamweya: \_\_\_\_\_

---

---

---

---

Simba remunamato mumwoyo yevana: \_\_\_\_\_

---

---

---

---

Kukosha kwekubata Shoko raMwari nemusoro: \_\_\_\_\_

---

---

---

---

Kurudziro inosimbaradza kuvana inobva munhorondo dzhupenyu hwa'Abdu'l-Bahá: \_\_\_\_\_

---

---

---

Rudo rwaMwari uye kutya Mwari \_\_\_\_\_

---

---

---

Kurongeka uye rusununguko: \_\_\_\_\_

---

---

---

Maribel akasarudza kumbotura mafemo patsananguro yake yemazano uye anoshevedza mai vaEmma kuti vataure pfungwa dzavo. Zvinotarisirwa kuti nhaurirano yakadzama inozombika nekufamba kwenguva pakati pevadzidzisi nevabereki vevana. Sei zvakanosha kuti, kubva pakutanga kwavo kushanyira vabereki, vadzidzisi vatore kubva kuvabereki maonero, pfungwa uye mazano pamadingindira anenge achiongororwa?

Tichipamhidzira pamusoro pekukurukura nevabereki pfungwa yakajeka yezvetsika dzepamweya, munofanirwa kukoshesa kutora mikana inozviburitsa pachayo mugore rose mukuita nhaurirano navo maringe netsika kunyanya idzo zvidzidzo zvinoshingaira kudya muvanasikana nevanakomana vavo. Muchishandisa nzwisiso yakadzama yamakawana pamusoro petsika yekuchena kwemwoyo, yakataurwa muChidzidzo 1, kurukurai nenhengo dzechikwata chenyu kuti mungatanga sei nhaurirano yakaita sei.

---

---

---

---

---

Maribel anonzwisisa kuti panofanirwa kuve nekunzwisisa nekutsigirana kune kuwirirana pakati pake naamai vaEmma, kana mwana wavo arikuzowana pundutso yakakwana kubva mumakirasi aarikuenda. Minamoto nezvinyorwa zviri kudzidzwa mukirasi, semuenzaniso, zvinokwanisa kudetembwa kumba kuburikudza nerubatsiro rwevabereki. Nenzira iyi, vana vanokwanisa kuisa mumwoyo zvakanwana Izwi raMwari, iro richapinda mumwoyo nemumweya yavo uye youmba hunhu hwavo. Kurukurai nenhengo dzechikwata chako kuti ndedzipi nzira vabereki vangakwanisa kusimbaradza nekutsigira mabasa evadzidzisi.

---

---

---

---

---

Hunhu hunodiwa hwemoyo uye mafungiro zvinokwanisa kuumbwa muvana kubudikidza nedzidzo yakakodzera inoitwa kwenguva yakareba. Zvinova zvakajeka panguva ino kuti zvinhu zvinofanirwa kusimbiswa mumisangano yenyu yamunoita nguva nenguva nevabereki ibudiriro yaitwa nevana vavo, zvisinei kuti idiki zvakadii. Mukufambira mberi kunenge kuchiita nhaurirano dzenyu, munokwanisa kuongorora pamwechete nevabereki kuti budiriro iyi ingaramba ichivandudzwa sei. Kana maitiro akadai enhaurirano inovaka achinge aumbwa, mudzidzisi anova anozokwanisa kupakurirana nevabereki, chero matambudziko api aanenge aona muvana vavo, achishandisa hungwaru kwakadzama. Chinangwa chinofanirwa kuva chiri chekutsvaka nzira dzekudyidzana idzo dzinobatsira mwana kuti akunde matambudziko ake. Kurukurai muchikwata chenyu kukosha kwekuvaka nzira inovaka yakadai yekuita nhaurirano nevabereki.

---

---

---

---

## **CHIKAMU 27**

Sekutaurwa kwazvakaitwa pakutanga kwechitsauko, haasi wese anatora jana muchidzidzo chino achakwanisa kuumba chikwata chechidzidzo chevana. Kune avo vachakwanisa, vamwe vanokwanisa kusarudza kuitisa chidzidzo chevana kwekanguva vasati vafambira mberi kuita imwe mhando yekupa shandiro. Zvakadaro vamwe vachazovipira kunzira iyi yeshandiro, vagaramo kwenguva yakareba zvinobatsira kuumbiridza vana murudo rwaMwari. Asi, zvisinei nenzira ipi inotorwa nenhengo, vese vanozowana mukana wekusangana nenhengo dzevechidiki dzemumusha mavo, kuburikidza nekukoka vavakidzani, vanin'ina uye vabereki vevana, mukutora chinzvimbo mumisangano nemakungano emumusha. Chero zvikaitwa nenzira ipi, pfungwa nemazano zvinoongororwa muchitsuko chino zvinopa nhengo nzwisiso yakadzama pakutora janha munharaunda dzavo, rekuchengetedza “upfumi hwakakoshesesa” hwayo sekurairwa kwatinoitwa neImba yeHutongi Hwakaenzana Pasi Rose. Dai tose, patinotarisa nemeso ane tarisiro kune ramangwana rakajeka rerudzi rwemunhu, tinotora kurudziro uye tsigiro kubva muzvinyorwa zvinotevera:

**“Tinoraira kuvanhu vose kune icho chichavatungamirira mukukwiridzirwa kweShoko raMwari pakati pevaranda Vake, uye zvimwechetewo, kubudiriro yenyika yehunhu nekusimudzirwa kwemweya. Kuti zvidai, nzira yakakoshesesa idzidzo yemwana.”<sup>38</sup>**

**“Dzidzo nekudzidziswa kwevana ndiyo iri pakati pezviito zvakakoshesesa zverudzi rwemunhu uye inokwezvera pasi nyasha netsigiro yeAneTsitsi Dzose, sezvo dzidzo iriyo hwaro hwakakoshesesa hwekugonesesa kwemunhu kwose uye ichiita kuti munhu ahandire nzira yake yekusvika kumusoro-soro kwembari isingaperi. Kana mwana akadzidziswa kubva achiri pwere, achava, kubudikidza**

nekurerwa kune rudo kweMurimi weBindu Anoera, onwa kubva mumvura dzakachenesesa dzemweya nedzeruzivo, kunge kamuti kadiki pakati petwurukova. Uye zvechokwadi achazviunganidzira mirazvu inopenya yeZuva reChokwadi, uye kubudikidza nechiedza nekudziya kwake achakura akabengenuka uye ane hutano mubindu rehupenyu. ...

“Kana, mubasa iri rakakurisisa, simba guru rikaiswa, nyika yerudzi rwemunhu ichapenya kudarikira zvimwe zvishongedzo, uye zvopenyesa mwenje wakachenesesa. Apo ndipo nzvimbo ino inerima ive nekupenya, uye musha uno wepasi ushanduke kuita Denga.”<sup>39</sup>

## REFERENCES

1. From a message dated 21 April 2000, published in *Messages from the Universal House of Justice, 1986–2001: The Fourth Epoch of the Formative Age* (Wilmette: Bahá'í Publishing Trust, 2010), no. 331.26, p. 727.
2. Bahá'u'lláh, in “A Compilation on Bahá'í Education”, compiled by the Research Department of the Universal House of Justice, published in *The Compilation of Compilations* (Maryborough: Bahá'í Publications Australia, 1991), vol. 1, no. 576, p. 251.
3. *Selections from the Writings of 'Abdu'l-Bahá* (Wilmette: Bahá'í Publishing, 2010, 2015 printing), no. 106.1, p. 187.
4. 'Abdu'l-Bahá, in “A Compilation on Bahá'í Education”, published in *The Compilation of Compilations*, vol. 1, no. 614, pp. 273–74.
5. *Gleanings from the Writings of Bahá'u'lláh* (Wilmette: Bahá'í Publishing Trust, 1983, 2017 printing), CXXII, par. 1, p. 294.
6. *Selections from the Writings of 'Abdu'l-Bahá*, no. 108.1, p. 188.
7. *Ibid.*, no. 110.2, p. 190.
8. *Ibid.*, no. 100.2, p. 179.
9. *Ibid.*, no. 99.1, pp. 178–79.
10. *Ibid.*, no. 103.5, p. 183.
11. *Ibid.*, no. 122.1, pp. 198–99.
12. Words of 'Abdu'l-Bahá, cited in *Star of the West*, vol. 8, no. 4 (17 May 1917), p. 41.
13. *Gleanings from the Writings of Bahá'u'lláh*, CXXXVI, par. 2, p. 334; also in *Bahá'í Prayers: A Selection of Prayers Revealed by Bahá'u'lláh, the Báb, and 'Abdu'l-Bahá* (Wilmette: Bahá'í Publishing Trust, 2002, 2017 printing), p. iii.
14. From a talk given on 5 August 1912, published in *The Promulgation of Universal Peace: Talks Delivered by 'Abdu'l-Bahá during His Visit to the United States and Canada in 1912* (Wilmette: Bahá'í Publishing, 2012), par. 6, p. 345.
15. 'Abdu'l-Bahá, in *Prayer and Devotional Life: A Compilation of Extracts from the Writings of Bahá'u'lláh, the Báb, and 'Abdu'l-Bahá and the Letters of Shoghi Effendi and the Universal House of Justice*, compiled by the Research Department of the Universal House of Justice (Wilmette: Bahá'í Publishing, 2019), no. 24, p. 7.
16. *Gleanings from the Writings of Bahá'u'lláh*, XLIII, par. 9, p. 109.

17. From a talk given by ‘Abdu’l-Bahá on 24 April 1912, published in *The Promulgation of Universal Peace*, par. 1, p. 71.
18. Bahá’u’lláh, *The Hidden Words* (Wilmette: Bahá’í Publishing Trust, 2003, 2012 printing), Arabic no. 3, p. 4.
19. Ibid., Arabic no. 12, p. 6.
20. Ibid., Arabic no. 11, p. 6.
21. *Gleanings from the Writings of Bahá’u’lláh*, CXXVIII, par. 6, p. 313.
22. *The Call of the Divine Beloved: Selected Mystical Works of Bahá’u’lláh* (Haifa: Bahá’í World Centre, 2018), no. 2.43, p. 31.
23. *The Hidden Words*, Arabic no. 59, p. 17.
24. From a talk given by ‘Abdu’l-Bahá on 26 May 1912, published in *The Promulgation of Universal Peace*, par. 1, p. 204.
25. *Selections from the Writings of ‘Abdu’l-Bahá*, no. 129.2, p. 204.
26. *Gleanings from the Writings of Bahá’u’lláh*, CLV, par. 4, pp. 376–77.
27. Ibid., CLIII, par. 5, p. 369.
28. *The Hidden Words*, Arabic no. 9, p. 5.
29. From a talk given by ‘Abdu’l-Bahá on 24 April 1912, published in *The Promulgation of Universal Peace*, par. 4, p. 73.
30. Bahá’u’lláh, *Epistle to the Son of the Wolf* (Wilmette: Bahá’í Publishing Trust, 1988, 2016 printing), p. 27.
31. *Tablets of Bahá’u’lláh Revealed after the Kitáb-i-Aqdas* (Wilmette: Bahá’í Publishing Trust, 1988, 2005 printing), no. 8.53, p. 126.
32. ‘Abdu’l-Bahá, *The Secret of Divine Civilization* (Wilmette: Bahá’í Publishing, 2007, 2016 printing), par. 74, p. 53.
33. *Selections from the Writings of ‘Abdu’l-Bahá*, no. 111.1, p. 191.
34. Ibid., no. 95.2, pp. 176–77.
35. Ibid., no. 111.4, pp. 191–92.
36. Ibid., no. 124.1, p. 200.
37. ‘Abdu’l-Bahá, in *Bahá’í Prayers*, p. 29.

38. From a Tablet revealed by Bahá'u'lláh, in *Social Action: A Compilation Prepared by the Research Department of the Universal House of Justice* (Wilmette: Bahá'í Publishing Trust, 2020), no. 178, p. 107.
39. *Selections from the Writings of 'Abdu'l-Bahá*, no. 103.1–3, p. 182.







# Zvidzidzo zvemaKirasi eVana Gwaro 1

## Chinangwa

Kuumba kwaniro yekuitisa zvidzidzo zvevana vane mazera kutanga pamakore mashanu kana kuti tanhatu ayo, akanangana nekunatsurudzwa kwehunhu, zvichisanganisira kubatwa kweminamoto uye zvinyorwa nemusoro, kuimba nziyo, uye kurondedzerwa kwenhorondo, kuitwa kwemitambo, uye kuisa ruvara pamifananidzo



## CHIKAMU 1

Muchitsauko chapfuura makafungisisa maringe nemamiriro emabasa enyu ekudzidzisa Gwaro 1 uye mukaongorora zvipandi zvakati-kuti zvinoumba chidzidzo. Chitsauko chino chechipiri chine zvidzidzo makumi maviri neina, izvo, sekuziva kwenyu, zvakarongwa zvakanangana nekuvandudzwa kwehunhu hwepamweya. Muzvikamu izvi zvekutanga, muchapihwa mukana wekuziva zviri mukati mezvidzidzo uye kudzidzira kuzviitisa. Tichatora zvidzidzo zvina panguva imwechete uye tofungisisa pamusoro pehunhu hwepamweya hwakataurwa mune chimwe nechimwe. Zvino munenge mavakukurudzirwa kunzvera neudzamu zvidzidzo nevamwe vechikwata chenyu, muchipanana majana ekuita zviitiko zvakasiyana-siyana, musati maenda kuzvikamu zvinotevera.

## CHIKAMU 2

Nguva imwe neimwe yechidzidzo muGwaro 1 inofanirwa kutanga nemunamato yekuvhura unodetembwa nemudzidzisi. Pakukubatsirai, zvinokumbirwa kwamuri kuti mudetembe umwe munamato mutsva pazvidzidzo zvina zvega-zvega, kuti zvisvike nhanhatu pamwechete. Kana mukakwanisa kubata minamato yese iyi nemusoro, zvinokurudzira vana zvakananyanya pakuedza kwavo kubata nemusoro, Pachidzidzo 1 kusvika ku 4, munamato unotevera wakapihwa:

**“Nhai Mwari! Dzidzisi vana ava. Vana ava zvirimwa zveubindu Renyu, maruva emumafuro Enyu, maruva emubindu Renyu. Itai kuti mvura Yenyu inaye pamusoro pavo; zva rechokwadi ngaripenye pamusoro pavo nerudo Rwenyu. Itai kuti kufefetera Kwenyu kuvabengenutse kuitira kuti vagodzidziswa, vakure uye kuvandudzika, uye vagoonekwa murunako rwepamusoro. Imi Ndimi Mupi. Imi Ndimi Anetsitsi.”<sup>1</sup>**

Mushure mekuita munamato uri pamusoro, muchakurudzira vana vashoma kuti vaite yavanoziva nemwoyo. Havasi vese vechidiki vanokwanisa kutora chinzvimbo muchikamu ichi chechidzidzo pakutanga. Zvisinei, zvishoma nezvishoma, vazhinji vachazokwanisa kuzviita, sezvo vachibata nemusoro minamato yavanodzidza mugwaro iri. Kubva muzvidzidzo zvenyu zve muchitsauko chapfuura, mutori neruzivo nechekare maringe nemunamato uri pazasi, umo mavanokwanisa kuisa kuedza kwavo muzvidzidzo zvishoma zvekutanga.

**“Ndiye Mwari! Nhai Mwari! Mwari wangu! Isai mandiri mwoyo wakachena, wakafanana nendarama yakakosha yepasi penyanza”<sup>2</sup>**

Nguva inopiwa kuminamato yekuvhura chidzidzo yakakosha zvikuru; inoumba mamiriro ezvinhu ekuzvipira kuna Mwari, mamiriro ayo anobatsira pakufunda. ‘Abdu’l-Bahá anotitaurira kuti kuunganidza vana pamwechete nekuvadzidzisa minamato “kunounza mufaro” kumwoyo yavo. Nhaurirano naMwari “inokurudzira gadziriro yekugamuchira hungwaru hwepamusoro-soro”.

Vana vanofanirwa kubatsirwa kuvandudza pfungwa yakadzama yeruremekedzo kuna Mwari uye kuzvibata pachavo kana vachinamata. Vanogona kuda kubatsirwa kunanganisa mwoyo nepfungwa dzavo kuShoko Rinoera, zvichida vanenge vachinamata pachavo kana kuteerera kumunamato unenge uchidetembwa neumwe mwana. Mudzidzisi anokwanisa kubvunza vana kuti vanokwanisa kuratidza sei ruremekedzo—semuenzaniso, kuti vanofanirwa kugara sei, chii chavanofanira kuita nemaoko avo kuitira kuti vasazove mhingaidzo, uye zvavanofanirwa kuita nemaziso avo kana vasina kudzikama. Mudzidzisi anokwanisa zvekare kuvapa mukana wekuratidza kuti vanozvigadzirira sei pakunamata. Mungangoda kurangarira kuti zviriri nani kuti vana vatatu kana vana(4) vaite minamato mumamiriro epamweya pane kuti mwana wega wega adetembe munamato munguva ine ruzha uye vamwe vachifambafamba. Zvinokurudzirwa, zvino, kwamuri kuti musarudze vana vachazopa minamato panguva yekutanga kwechidzidzo chega-chega. Mungazoshuvira kuona kuti mwana wega-wega apiwa mukana wekudetemba munamato kunyangwe kamwechete muzvidzidzo zvitatu kana zvina zvega-zvega.

Mugore rose, zvinova zvakakosha kutaura nevadzidzi venyu nguva nenguva maringe nemamiriro emunamato uye kuti sei tichinamata. Tsanangura panzvimbo iri pazasi kuti zvii zvamungataure kwavari mumasvondo ekutanga-tanga.

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

### CHIKAMU 3

Ikozvino verengai chimwe nechimwe chezvidzidzo ina zvekutanga nedzimwe nhengo dzechikwata chenyu. Munofanirwa kunyatsoongorora pfungwa dziri pamavambo uye zvinyorwa izvo vana vachazobata nemusoro. Hongu, munoziva kuti chidzidzo chekutanga chakanangana nedingindira rekuchena kwemoyo. Nyorai tsika dzepamweya dzakanangana nepachazonanga zvidzidzo zvitatu zvinotevera.

Chidzidzo 1: \_\_\_\_\_

Chidzidzo 2: \_\_\_\_\_

Chidzidzo 3: \_\_\_\_\_

Chidzidzo 4: \_\_\_\_\_

Mukugadzirira kudzidzisa zvidzidzo izvi, munofanirwa kushandisa imwe nguva kufungisisa nezvetsika yakataurwa muchidzidzo chega chega, sekunzvera kwamagara maita maringe nezvekuchena kwemoyo muchitsauko chekutanga. Pazasi pane zvidimbu kubva muZvinyorwa zvinoenderana nedzimwe tsika nhatu. Zvinokurudzirwa kuti muverenge nechikwata chako kakawanda mubatanidzwa umwechete wezvinyorwa uye pamwechete mofungisisa pazvidimbu zvendima, muchirangarira zvinyorwa izvo vana vachabata nemusoro. Mushure meizvozvo, nyorai pasi dzimwe dzepfungwa dzenyu maringe nekukosha kwetsika yacho muhupenyu hwedungamunhu, uye kunyanya, pakushanda kwenyu sevadzidzisi. Rangarirai kuti zvinyorwa izvi hazvina kunangana nevana vari muzvidzidzo zvenyu asi zvakananga kufungisiso yenyu pachenyu.

Maererano nekutonga kwakaenzana, tinoverenga:

**“Chiedza chemunhu Kutonga kwakaenzana. Musarudzima nemhepo dzinopesanisa dzohudzvanyiriri nehutapwa. Chinangwa chekutonga kwakaenzana ndechehuvepo hwekubatana pakati pevanhu ”<sup>3</sup>**

**“Hapana mufaro unozaniswa nekutonga kwakaenzana. Kurongeka kwenyika uye kugadzikana kwerudzi rwemunhu kunoenderana nazvo”<sup>4</sup>**

**“Icho chinodzidzisa nyika kútonga kwakaenzana, sezvo kuchitsigirwa nemapango maviri, mubayiro nemurango. Mapango maviri aya ndiwo matsime ehupenyu kunyika”<sup>5</sup>**

**“Nhai Mwanakomana weMweya! Chinonyanyodikanwa pazvinhu zvese mumaziso Angu Kutonga kwakaenzana; usabve pakwuri kana uchida Ini, uye usakwuregedza kuti ndigogara mauri. Nerubatsiro rwakwo uchaona nemaziso ako uye kwete nemaziso evamwe, uye uchaziva ruzivo rwako pachako kwete kuburikidza neruzivo rwemuvakidzani wako. Fungisisa izvi mumwoyo mako; kuti zvinokukurudzira sei kuva. Zvirokwazvo kutonga kwakaenzana ndiwo makomborero Angu kwauri uye chiratidzo chemutsa werudo Rwangu. Kuise zvino pamberi pemeso ako.”**

---

---

---

---

---

Maererano netsika yerudo, Zvinyorwa zvinotiraira:

**“Kukosha kwerudo ndekwekuti munhu atendeudzire mwoyo wake kuna Iye Anodikamwa, uye kuti azvitsaure kune zvimwe zvose kunze Kwake, uye musashuvira zvimwe kusiya kwezvo zvinodiwa naIshe wake.”**

**“Muzuva ranhasi, kupa shandiro kuRudaviro rwaMwari kukurudzira rudo uye kuwirirana pakati peshamwari Dzake”<sup>8</sup>**

**“Chinangwa chekuuya kweVatumwa vatsvene chakagara chiri chekudzikwa kwerudo uye kuyanana munyika yemunhu.”<sup>9</sup>**

**“Ziva iwe zvirokwazvo kuti rudo chinhu chakavanzika cheNguva yehutsvene hwaMwari, kuburitswa kwachena kweAne Tsitsi-Dzose, tsime rekufashukira kwezvepamweya. Rudo chiedza chitsvene chedenga, kufemera kweMweya Mutsvene kunobengenutsa mweya wemunhu.”<sup>10</sup>**

---

---

---

---

---

Uye, maringe nekuva pachokwadi, tinorairwa:

**“Itii: Regai chokwadi uye ruremekedzo zvive zvishongo zvenyu.”<sup>11</sup>**

**“Pasina chokwadi budiro uye kufambira mberi, munyika dzese dzaMwari, hazvikwanisiki kumweya upi zvawo.”<sup>12</sup>**

**“Chokwadi ndirwo runako rwehunhu hwese sezvo chiri icho hwaro hwehunhu hwese. Munhu ari pachokwadi achadzivirirwa kubva mukuparara kwehunhu hwese hwepamweya, achaderera pazviito zvose zvakaipa, uye achachengetedzwa kubva kuzviito zvese zvisina kururama, zvakare mukuipa uye kukanganisa ndizvo zvinopikisana nechokwadi, uye munhu ari pachokwadi anozvikunda zvese mukushora huipi.”<sup>13</sup>**

---

---

---

---

---

Ikozvino, tichipamhidzira pamusoro pekubata zvinyorwa nemusoro izvo vana vanozodzidzira kubata nemwoyo muzvidzidzo izvi, mungangoshuvira kubata nemusoro ndima imwechete kubva pachikwata chimwechete.

## CHIKAMU 4

Nefungisiso yezviri pamusoro mupfungwa, dzokorodzai kuverenga nhoroondo idzo dzamuchada kuzoronedzera kuvadzidzi venyu muzvidzidzo zvina zvekutanga. Sezvamuchaona, zvidzidzo zvitatu kubva pane zvina zvinotorwa kubva munhoroondo yehupenyu hwa‘Abdu’l-Bahá, uyo anova musimboti wemaitiro emunhu epamusoro-soro. Vamwe vana vamuchadzidzisa muGwaro 1 vanokwanisa kunge vasati vave neruzivo nezve chimiro cha‘Abdu’l-Bahá, saka nemuchidimbu munofanirwa kutsanangura neZvake kwavari. Zvamakadzidza muchitsauko chechitatu cheBhuku 2 zvakamutsiridza nzwisiso yenyu nezvechinhanho Chake chakakosha, uye pamuchaenderera mberi nekunzvera magwaro mumutevedzamwa uyu muchawedzera kupa kutenda kwenyu kuna Mwari nechipo chakanaka chaVakadurura pamusoro pevanhu mumufananidzo wa‘Abdu’l-Bahá. Chii chamungaudza vana maererano Naye pavanotanga chidzidzo chekutanga muGwaro 1?

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

Kubva muzvidzidzo zvenyu zvechitsauko chekutanga, munoziva kuti, maringe nezve kudzidzisa nhoroondo kuvana, mungangoda kuvaisa muzviitiko uye kuvabatsira kuwana nzwisa yechokwadi chemamiriro ezepamweya. Makapihwa mukana nechekare wekufunga kuti nhoroondo yemuenzi wa‘Abdu’l-Bahá muChidzidzo 1 inobatsira sei vadzidzi venyu kunzwisisa kukosha kwetsika yekuchena kwemwoyo uye zvazvinoreva kutsungirira kuitsvaga. Ngatichiongororai nhoroondo muzvidzidzo zvitatu zvinotevera tichishandisa nzira imwecheteyo.

Sekuona kwamakaita, muChidzidzo 2 munogona kuronedzera nhoroondo inoratidza shuviro ya‘Abdu’l-Baha yekutonga kwakaenzana, inova dingindira rechidzidzo chacho. Panotsanangurwa chitiko chakaitika apo ‘Abdu’l-Bahá aifamba achibva ku ‘Akká achienda ku Haifa. Pane pfungwa shoma idzo vana vanofanirwa kufunga kana vachiteerera nhoroondo—semuenzaniso, musiyano uri pakati pekukwira muchovha unokwira vanhu vazhinji neuyo muchovha unokwirwa nemunhu mumwechete. Izvi zvinovabatsira kuona kuti ‘Abdu’l-Bahá aida kusiya rugare Rwake kuitira kuti agokwanisa kupa raramo yepanyama neyepamweya kune avo vaiitsvaga. Ungava sei nechokwadi chekuti vadzidzi vako vanzwisisa mararamiro a‘Abdu’l-Bahá—ekusashandisa mari zvisina kukodzera Pachake uye achiipa kune avo vanoshaya—anoburitsa pachena tsika yekutonga kwakaenzana? Ndedzipi dzimwe pfungwa dzinofanirwa kujeka kwamuri musati maronedzera nhoroondo iyi?

---

---

---

---

---

Rudo ndiro dingindira riri muChidzidzo 3, uye pano mucharondedzera kuvana nhorooondo pamusoro peumwe murume wemu ‘Akká uyo, kunyangwe nguva dzose aisava neruremekedzo kuna ‘Abdu’l-Bahá, aiva mugamuchiri werudo Rwake rwune mutsa kwemakore mazhinji. Hongu, zviru nyore, kuva nerudo mumwoyo medu kune avo vane mutsa kwatiri. Asi rudo rwa ‘Abdu’l-Bahá rwaisaziva nemuganho uye rwakanga rwusina rusarura. Nenzira yamucharondedzera nayo nhorooondo, mungava sei nechokwadi chekuti hunhu uhwu hwerudo rwa ‘Abdu’l-Bahá hunova hwakajeka kuvana? Mungavabatsira sei kunzwisisa simba rerudo pakushandura mwoyo weumwe anenge achiita zvakaipa kuburikidza nekushaya ruzivo? Ndedzipi dzimwe pfungwa idzo, kana dzikakanganwika, dzinoita kuti zviomere vana kuteerera nhorooondo uye kuwana nzwisiso iyi yakadzama?

---

---

---

---

---

Chidzidzo 4, icho chakanangana netsika yekuva nechokwadi, chinosanganisira nhorooondo inonyanya kuzivikanwa yemufudzi wemakwayi uyo aichema pamusoro pegava. Nyaya iyi inoratidza mugumo wemanyepo kumufudzi uyu wechidiki, izvo vana vachanzwisisa zviru nyore. Asi mungagoda kuti vaenderere mberi uye kuti vaone mubairo wekuva nechokwadi. Mubairo uyu ndewei, uye ungava sei nechokwadi chekuti vana vanzwisisa izvi kubva munyaya?

---

---

---

---

---

## **CHIKAMU 5**

Muzvikamu izvi mafungisisa pamusoro petsika dzepamweya dzakataurwa muzvidzidzo zvina zvegwaro rekutanga, muchidzamisira nzwisiso yenyu nezvekukosha kwadzo. Makaona, zvekare, kuti nhorooondo dzinopa sei chidimbu chemamiriro etsika idzo dzamunotarisa kuti vadzidzi venyu vaumbe mugwaro iri.



Musati maenda kuzvidzidzo zvina zvinotevera, munofanirwa kutora nguva nechikwata chenyu muchigadzirira kudzidzisa zvidzidzo zvina izvi zvekutanga. Maererano nenzira dzakakurukurwa muchitsauko chekutanga, munokwanisa kupanana mukana wekuzivisa minamoto yekubata nemusoro uye kudoma tsika dzepamweya dzakakurukurwa muchidzidzo chega chega, nechinyorwa chiri kufanirwa kubatwa nemusoro. Munofanirwa kurondedzera nhoroondo kune vamwe echikwata chenyu, kutamba mitambo, uye kuimba nziyo pamwechete kusvikira mavakukwanisa kudzidzisa vana nechipimo chekuzvivimba. Fungai maererano nekuti mungapinza sei mapepa ekuisa ruvara pamifananidzo. Zvinogona kubatsira, kuti musati matanga chiito ichi, moongorora Chikamu 17 kusvika pa24 muchitsauko chekutanga. Mushure mekuita zvipandi zvakati-kuti zvakapiwa, nhengo imwe neimwe yechikwata chenyu inokwanisa kukumbirwa kuti idzidzise chidzidzo chimwe kana zvakanwanda apo vamwe vanenge vachiita sevadzidzi. Zvingangova zvakanodzera, zvichienderana nemamiriro enyu ezvinhu, kuunganidza vana vatatu kana vana [4] pamwechete uye moita zvidzidzo navo.

Mukuita chiito chiri pamusoro, mungangoda kunyora pasi nzwisiso yenyu maererano nechidzidzo chimwe nechimwe uye mochengetedza mazano yenyu maererano nekuti muchachidzidzisa sei. Zvakare, pane imwe yemitambo, munofanirwa kugadzirira midziyo yamuchashandisa pachidzidzo. Vadzidzisi vazhinji vanoshandisa chikamu chese mubhuku rezvinhongeredzwa (notebook) iro rakatsanangurwa muchitsauko chekutanga maringe negadziriro dzakaita seidzidzo.

Rangarirai kuti, pamunotakura bhuku rino uye bhuku renhongeredzwa muchienda kukirasi, hamufanirwi kungoverenga chete zviri kubva maari. Danho rehunyanzvi iro ramunogona kutsanangura nyore-nyore zviri mukati memabhuku uye nemufaro ndiro danho iro vadzidzi venyu vachakwanisa kunyatsoteerera nekubata zviitiko. Nekudaro kuita gadziriro, zvinova zvakanosha.

## CHIKAMU 6

Kubva muzvidzidzo 5 kusvika ku8, zvinokurudzirwa kuti mudetembe munamoto unotevera apo pamunovhurwa chidzidzo chega-chega:

**“Nhai Ishe vane tsitsi! Vana vakanaka ava ibasa remimwe Yenyu ine simba uye zviratidzo zvinoshamisa zvehukuru Hwenyu. Nhai Mwari! Chengetedzai vana ava, nenyasha dzenyu vabatsirei kuti vadzidze uye vagonesei kupa shandiro munyika yerudzi rwemunhu. Nhai Mwari! Vana ava indarama yakakosha yepasi penyanza, vaitei kuti varerwe mubvumbatiro yetsitsi-dzerudo Rwenyu.**

**“Ndimi Mupi, ane Rudo-Rwese”<sup>14</sup>**

Munogona kuda kutora chinguva muchifungisisa pamusoro pemashoko aya maringe nebasa ramuri kuita rekudzidzisa. Mashoko aya anoshandura sei nzira yamunoita nayo chidzidzo nguva yega-yega? Anobatsira sei kusimbaradza rudo rwaMwari mumwoyo yakapfava yevana?

---

---

---

Muzvidzidzo izvi muchazobatsira vadzidzi venyu kubata munamato unotevera nemusoro, sekuziva kwenyu, zvichavaitira nyore mushure mekunge vawana nzwisiso yekukosha kwawo. Munokwanisa kunyora pfungwa dzakati-kuti pamukana wakapiwa pazasi maringe nenyaya iyi. Ndeapi mazwi amunofunga kuti vamajaira kana kuti matsva, uye mungaatsanagura sei nenzira inoita kuti kuburikidza nezviitiko zvinooterana vana vanokwanisa kunzwisisa? Pamusoro pemazwi aya, munofanira kuzobatsira vana kunzwisisa kuti zvese rambi nenyenyedzi zvinopa chiyedza uye kuti, pasina chiyedza, pane rima, saka hatizokwanisi kuona uye tinobva tarasika. Naizvovo, mumunamato, tinokumbira Mwari kuti tipenye nechiyedza chezvepamweya, uye tinopupura kuti hukuru uye simba Rake zvinoshanda sekuda kwake.

**Nhai Mwari, nditungamirirei, ndidzivirirei, ndiitei rambi rinojeka uye senyenyedzi inobwiya. Ndimi Mukuru naSamasimba”<sup>15</sup>**

---

---

---

---

---

## CHIKAMU 7

Ikozvino nzverai Zvidzidzo 5 kusvika ku8, chimwe nechimwe, monyatsoongorora pfungwa dziri pamavambo dzamunozopakura nevadzidzi uye zvinyorwa zvavanzobata nemusoro. Domai pazasi tsika yemweya inobuda muchidzidzo chega-chega

Chidzidzo 5: \_\_\_\_\_

Chidzidzo 6: \_\_\_\_\_

Chidzidzo 7: \_\_\_\_\_

Chidzidzo 8: \_\_\_\_\_

Pazasi apa pane ndima dzakanokorwa kubva Zvinyorwa dzinopa nzwisiso pamusoro patsika ina(4) idzi. Fungisisai nezveboka rega-rega reZvinyorwa izvi pamusoro patsika idzi sezvamakamboita uye monyora pasi dzimwe dzepfungwa dzenyu panzvimbo dzakapiwa pazasi

Maringe netsika yekupa, tinoverenga:

**“Iva unopa pamazuva aunenge uchiwana, uye iva nemwoyo murefu munguva yekurasikirwa”<sup>16</sup>**

**“Mavambo ekupa ndeayo apo munhu anoshandisa hupfumi hwake pachake, pamhuri yake uye kuvarombo vari pakati pehama dzake muChitendero chake.”<sup>17</sup>**

**“Kunyanya kutambudzika kwavanosangana nakwo, ndiko kunyanya kwavanofanirwa kuratidza kutendeka kwavo kwakanaka; kushungurudzwa uye kutambudzwa kwavanosangana nakwo, ndiko kuwedzera kwetsika yavo yekupa kubva mukomichi yakapfuma. Mweya wakadai uyo uchaita sehupenyu munyika, ndiko kuparadzirwa kwechiedza panhongonya yenyika. . .”<sup>18</sup>**

**“Ivai zvitubu zvetsika yekupa, mavambo ezvakavanzika zvehuvepo, nzvimbo dzekunanganiswa kwekurudziro, nzvimbo dzekusimukira kwekubwinya, mweya dzinoraramiswa neMweya Mutsvene, kuva nerudo muna Ishe, kuzviparadzanisa kubva kune zvimwe zvose kusiya Iye, kuva nehutsvene pamusoro petsika dzese dzerudzi rwemunhu, kubvumbatirwa mutsika dzese dzengirozi dzedenga, kuitira kuti mukunde pakuwana chipo chukuru kune zvimwe zvose, munguva ino itsva, munguva ino yakakosha.”<sup>19</sup>**

---

---

---

---

---

Maringe nekuzvikanganwa, tinokurudzirwa:

**“. . . ivai nerudo rwusina magumo kune vamwe, umwe naumwe achishuvira kutungamidza umwe pamberi kudarika iye pachake**

**“Ishe! Ndipei ndimwe kubva mukomichi yekuzvikanganwa; nenguwo yazvo ndishongedzei, uye negingwa razvo ndinyudzei. Ndiitei sehuruva munzira yevadikanwi Venyu, uye ndikomborei kuti ndizvipire mweya wangu kune izvo zvinoremekedzwa pano panyika kuburikidza nematsimba eavo vakasarudzwa Venyu munaIshe munzira Venyu, Nhai imi mune Mbiri Hurusa. ”<sup>21</sup>**

**“Munhu anofanira kusiya izvo zvakanakira iye chete kuti aitire vamwe. Kugarika kwaka pachake anosiya kuitira zvakanakira ruzhinji. Pachinzimbo chazvo, hupenyu hwake pachake anofanira kushivira kuhusiya achiitira hupenyu hwerudzi rwemunhu. Munhu akadai anoremekedzwa munyika yerudzi rwemunhu. Munhu akadai ndiye mbiri yerudzi rwemunhu. Munhu akadai ndiye anowana rugare rwusina magumo. Munu akadai ari pedyo nechikumbaridzo chaMwari. Munhu akadai ndiye chapupu chemufaro unorarana nekusingaperi.”<sup>22</sup>**

---

---

---

---

Muzvinyora zvinotevera, tinowana nzwisa yechimiro chekuva nemufaro:

**“Bhururukai pamapapiro emufaro, mumatenga erudo rwaMwari .”<sup>23</sup>**

**“Mufaro kuna avo vese vasvika muhvepo Hwake, votarisa parunako Rwake, voteerera kudetemba Kwake kunotapira, uye vomutsiridzwa neShoko rinoparurwa kubva muhutsvene uye hukuru Hwake, pamuromo Wake une mbiri uye kubwinya!”<sup>24</sup>**

**“Mufaro unotipa mapapiro! Munguva dzekufara simba redu rinova rinokosheswa, huchenjeri hwopamhidzwa, uye nzwisiso yedu yoderera pakuvharidzirwa.”<sup>25</sup>**

**“Muchiri kukwanisa, tungidzai rambi rerudo mumisangano yese, uye nehunyoro ivai nemufaro uye monyevenutsa mwoyo yesevanhu vose.”<sup>26</sup>**

---

---

---

---

---

Zvinyorwa zviri pazasi zvinotidzidzisa nezve kururama kwemwoyo:

**“Itii: Vane mweya wakarurama vanoshuvira kuva pedyo naMwari sekunge mwana mucheche anoyamwa anoshuvira zamu ramai vake, anowedzera manyukunyuku mushuviro yake, dai aizviziva! Zvekare, kuti shuviro yake inova sekudzama kwekunzwa nyota iri kutsvaga mvura inorarama yenyasha, kana kushuvira kwemutadzi kuwana ruregerero uye tsitsi.”<sup>27</sup>**

**“Mumazuva ano chokwadi uye kururama kwemwoyo zvinokanganiswa nemambure emanyepo, uye kutonga zvakaenzana kunokushungurudzwa kuburikidza nekutambanuka kwekusatonga zvakaenzana.”<sup>28</sup>**

**“Zvinofanira kuti munhu wese afambe kwenguva pfupi yehupenyu huno muhuchokwadi uye ruenzaniso”<sup>29</sup>**

**“Mwoyo yenyu ngaive yakachena uye vavairo dzenyu ngadzive nemwoyo wose kuitira kuti mugova vagamuchiri vezvipa zvaMwari.”<sup>30</sup>**

---

---

---

---

---

Edzai kubata nemusoro ndima imwe kubva pane zvitsama zviri pamusoro.

## CHIKAMU 8

Ikozvino ngatichitendeukirai kunhoroondo dziri Muzvidzidzo 5 kusvika pa8 uye mofunga kuti zvinobatsira sei vana mukuwana nzwisiso yakadzama yetsika dzezvepamweya dzavari kutsvaga. Mushure mekudzokorodza kuverenga nhoroondo imwe neimwe, tarisisai mibvunzo iri pazasi.

Kupa ndiro dingindira guru munhoroondo iri muChidzidzo 5, icho chinotsanangura chiitiko chakaitika muhupwere hwa‘Abdu’l-Bahá’ inosanganisira boka remakwai aBaba Vake. Ndezvipi zvikamu zvenhoroondo zvinoenderana nedingindira racho? Ndedzipi dzimwe pfungwa, kana dzikakanganwika, zvinoita kuti zviomere vana kunzwisisa nhoroondo? Hongu chakanyanya kukosha, mufaro wakaraidzwa naBahá’u’lláh mushure mekuziva mweya wekupa wakaraidzwa neMwanakomana Wake kuvafudzi vemakwai. Mashoko ake akafanotaura kuti ‘Abdu’l-Bahá’ aizokura achipa zvese zvaAive nazvo kune zvakanakira vanhu, kwete hupfumi hwepanyama chete asi Hupenyu Hwake huzere. Mungava munozvigona sei kuti vana vanzwise udzamu hwetsika yekupa ya‘Abdu’l-Bahá’, iyo yakanga isina miganhu?

---

---

---

---

---

Nhoroondo iri muchidzidzo 6 inopa vana chidimbu chenzira yekuzvikangamwa. ‘Abdu’l-Bahá’, mukuramba kutambira jazi raidhura, akaratidza kuti Anoda sei vamwe kuZvidarika. Mungabatsira sei vana kusvika padanho iri renzwisiso kubva mukurondedzera kwenyu? Ndeapi mamwe mazano anofanirwa kunge akajeka mupfungwa menyu musati marondedzera nhoroondo yacho?

---

---

---

---

---

Dingindira rechidzidzo 7 kúva nemufaro, uye mucharangerira rungano rwuri pamusoro paLeroy Ioas, uyo, muhupwere hwake, akasangana na‘Abdu’l-Bahá uye akaenderera mberi kupira hupenyu hwake mukutsigirwa kweRudaviro rwaMwari. Munhoroondo yacho, Leroy anosarudza kusapa ‘Abdu’l-Bahá’ chitsumbu chemaruva aakanga aMutengera; pachinzvimbo chazvo, anoda kuMupa mwoyo wake. Kuti van vanzwisise kuti sei Leroy akaita izvi, zvinova zvakakosha kuti muvape nzwisiso yekuti mwoyo wemunhu wakakosha zvikuru kupfuura zvinhu zvese zvepanyama. Zvingava zvakakwanira here kwamuri kuti mukomekedze neinzwi renyu pamunenge muchirondedzera chikamu chenhorondo iyi? Ndedzipi pfungwa dzinoda kukomekedzwa mukurondedzera kwenyu, kana vana vachizobata mutevedzanwa wemazano uye kunzwisisa kuti sei kutaura kwa‘Abdu’l-Bahá’ achishandisa maoko mukupa Leroy ruva dzvuku raibva panguwo Yake kwakapa mukomana mufaro wakadaro?

Muhupenyu Hwake hwese, ‘Abdu’l-Bahá’ akaunza mufaro kumunhu wese aiuya pedyo Naye. Munhoroondo iyi, tinoona kuti Leroy akanga asingadi chimwe chinhu kunze kwekufadza mwoyo wa ‘Abdu’l-Bahá’. Sei zvakakosha kuvana kuti vanzwisise kuti tsime guru remufaro ndere kuunza mufaro kune vamwe?

---

---

---

---

---

Kuvimbika ndicho chinangwa cheChidzidzo 8, uye mukupa nhoroondo kuvana, mungangoshuvira kutsanangura kuti, dzimwe nguva, tinowedzera kunzwisisa zvazvinoreva kuva netsika kuburikidza nekuteerera nhoroondo inoburitsa pachena tsika dzinenge dzisipo. Nyaya yemurume akafurira muvakidzani wake kutema muti ndeumwe muenzaniso. Mungabatsira sei vana kunzwisisa zvazvinoreva kuti dzimwe nguva zvimiro zvinokwanisa kunge zvichinyengera? Mukurondedzera nyaya, munofanirwa kuva nechokwadi chekuti vana havagumisiri vofunga kuti muvakidzani uyo aiva mukusavimbika akazowana mubayiro. Chii chamungaudza vana kuti muvabatsire kunzwisisa migumo yakaipa yekusavimbika?

---

---

---

---

---

## CHIKAMU 9

Sezvo mawana imwe nzwisiso yakadzama pamusoro petsika dzepamweya dzakakurukurwa muzvidzidzo 5 kusvika 8, munofanirwa kumbomira pano kuti mudzidzire kuita zvidzidzo nezvipandi zvazvo nevadzidzi venyu, sezvamakaita pane zvina zvekutanga. Rangarirai kuti, mubhuku renyu renhongeredzwa, munokwanisa kunyora pasi amwe mazano

amungada kuchengetedza maererano nechidzidzo chega chega uye mochengeta pfungwa dzenyu maringe nekuti muchachidzidzisa sei.

## CHIKAMU 10

Zvinokurudzirwa kuti, pazvidzidzo 9 kusvika ku12, munovhura chidzidzo nekudetemba munamato unotevera, uyo wamunokurudzirwa kubatwa nemusoro:

**“Nhai Mwari wangu! Itai kuti runako Rwenyu rwuve chikafu changu, uye huvepo Hwenyu hwuve chimwiwa changu, uye Mufaro wenyu ive tariro yangu, uye kukurumbidzai rive basa rangu, uye kukurangarirai ive shamwari yangu, uye simba rekutonga Kwenyu ive budiriro yangu, uye huvepo Henyu uve musha wangu, uye musha wangu-wendinogara uve chigaro Chmakachenesa kubva kumiganhu yakapiwa kune avo vakavaridzirwa kunze semambure kubva kwaMuri.**

**“Imi, zvirokwazvo, ndimi Mukuru, Ane Mbiri-Yose, Ane Masimba Makuru”<sup>31</sup>**

Muzvidzidzo izvi zvina muchabatsira vadzidzi venyu kubata munamato uri pazasi nemusoro. Ndeapi mazwi nezvirevo zva ungada kutsanangura kuvana kuitira kuti vanzwisise kukosha kwemunamato uyu?

**“Yakakomborerwa iyo nzvimbo, neimba, neirwo ruwa, neguta, nemwoyo, negomo, nehutiziro, nebako, nemupata, nemunda, negungwa, nechitsuwa, neuro bani apo izwi raMwari radetembwa nembiri yake ichirumbidzwa”<sup>32</sup>**

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

## CHIKAMU 11

Sezvamamboita kumashure, nzverai Zvidzidzo 9 kusvika ku12, muchinyatsoongorora kune zvakataurwa munhanganyaya uye zvinyorwa zvekubata nemusoro. Nyorai pazasi tsika yepamweya yakanangana nechidzidzo chega chega.

Chidzidzo 9: \_\_\_\_\_

Chidzidzo 10: \_\_\_\_\_

Chidzidzo 11: \_\_\_\_\_

Chidzidzo 12: \_\_\_\_\_

Kuti mudzamise nzwisiso yenyu pachenyu yekukosha kwetsika ina dziri pamusoro, fungisisai pamusoro zvinyorwa zvakasarudzwa zvinoenderana netsika imwe neimwe. Pamuchange muchiita saizvozvo, rangarirai ndima idzo vadzidzi venyu vachange vachidzidza nemwoyo. Mushure meizvozvo nyorai pasi pfungwa dzenyu maringe nekukosha kwetsika yepamweya muhupenyu hwedungamunhu uye kumudzidzisi wevana vadiki.

Takanangana netsika yekuzvininipisa, Zvinyorwa zvinotiudza:

**“Kuzvininipisa kunosimudzira munhu kuenda kudenga rembiri uye simba, apo kuzvida kunomuderedza kusvika pachinhanho chekushoreka uye kuparara.”<sup>33</sup>**

**“Mweya wega-wega unofamba wakazvininipisa naMwari wawo, muZuva ranhasi, uye wobatirira paAri, uchazviona wakazadzwa nerukudzo uye mbiri yemazita ose akanaka uye zvinhanho.”<sup>34</sup>**

**“Avo vanova vadikanwi vaMwari, munzvimbo ipi zvayo yavanosanagana uye ani nani wavanosanagana naye, vanofanirwa kupa umbowo, kuburikidza nemaitiro avo pamberi paMwari, uye munzira yekupemberera kwavo rumbidzo nembiri Yake, kuzvininipisa uye kuzvipira kwakadaro kwekuti chikamu chese chehuruva chiri pasi petsoka dzavo chinogona kupupura udzamu hwerumbidzo yavo .”<sup>35</sup>**

**“Ichokwadi kuti chinhanho chepamusoro-soro chekuzvisiyanisa kwemunhu kuzviredza pamberi uye kuterera kuna Mwari wake . . .”<sup>36</sup>**

---

---

---

---

---

---

---

Pakukosha kwekuva nekuvonga, tinoverenga:

**“Zivai imi, kuti Ndakafemera kwamuri kunhuwirira kwose kwehutsvene, ndakaburitsa zvizere kwamuri shoko Rangu, ndakachenesa kuburikidza nemi makomborero Angu uye ndakashuvira kwamuri izvo zvandakazvishuvira Ini Pachangu. Chivai zvino nekugutsikana nemufaro Wangu uye kuvonga Kwandiri.”<sup>37</sup>**



**“Regai Mwari ave zvese-zvakakwana kwamuri. Ivai nehukama hwepedyo neMweya Wake, uye ivai veavo vane kuvonga.”<sup>38</sup>**

**“Naizvozvo, ivai nekuvonga kuna Mwari, nekuda kwekukusimbisai kwaakaita kuti mushandire Rudaviro Rwake, kusika kwaakaita maruva eruzivo uye nzwisiso kuti amere mubindu remwoyo wako. Saizvozvo nyasha Dzake dzakakomberedzai, uye dzakakomberedza zvisikwa zvose.”<sup>39</sup>**

**“Chokwadi ndechekuti Mwari vakakomborera munhu netsika, masimba uye kwanisiro dzakakodzera asi zvisikwa hazvina zvachose apo kuburikidza nazvo munhu anosimudzirwa, anosiyaniswa uye kuva wepamusoro-soro. Tinofanira kutenda Mwari nekuda kwemakomborero aya, nekuda kwemasimba aya Aakatipa, nekuda kwekorona iyi Yaakagadzika pamisoro yedu.”<sup>40</sup>**

---

---

---

---

---

Zvidimbu zvezvinyorwa zviri pazasi zvinotaura kwatiri maringe netsika yekuregerera:

**“Anofanira kuregerera vatadzi, uye haafanire kuzvidza gwanza rake rakaderera, nekuti hapana anoziva kuti mugumo wake achazova wakaita sei.”<sup>41</sup>**

**“Hukoshwa hwemukati hwezvinhu zvese hunoshevedza kupupura kwezvinhu zvese: ‘Kanganwiro yose inoyerera, Muzuva ranhasi, kubva kuna Mwari, Iye kwaAri hapana anogona kufananidzwa, Naye hapana vaviri vanogona kubatanidzwa, Mudziviriri asina magumo wevanhu vose, uye Muregereri wezvivi zvavo!’”<sup>42</sup>**

**“Nekudaro, usatarise kumatadzo aani nani zvake; ona nemeso ekuregerera. Ziso risina kururama rinoona zvisakarurama. Ziso rinofukidza matadzo rinotarisa kuMusiki wemweya (*souls*).”<sup>43</sup>**

**“Musaregere mwoyo yenyu ichitsamwiswa naani zvake. Kana mumwe munhu achinge akanganisa uye oita chakaipa kwamuri, munofanira kumuregerera ipapo-ipapo.”<sup>44</sup>**

---

---

---

---

---

Uye zvidimbu izvi zvinotsanangudza chipimo chekuvimbika icho chatinodokwairira kuwana:

**“Itii: Kuvimbika, tsika, huchenjeri uye hunhu hutsvene zvinowedzera pakusimudzirwa kwemunhu, apo kusavimbika, chimiro chisina kunaka, kushaya ruzivo uye hunyengeri zvinokonzera kuderedzwa kwake.”<sup>45</sup>**

**“Nhai imi shamwari dzaMwari mumaguta Ake uye vadikanwi Vake munzvimbo Dzake! Uyu Mutadziro ashevedzera kwamuri kuti muvimbike uye muve nehuMwari. Akakomborera guta iro rinopenya nechiedza chavo. Kuburikidza navo munhu akasimudzirwa, uye muswo weruchengetedzo wakazarurwa pamberi pezviso zvezvisikwa zvole. Ane mufaro munhu uyo anobatirira nekukasira kwavari, uye akacherechedza tsika dzavo, uye nhamo dzinomuwira uyo anoramba chinhanho chavo.”<sup>46</sup>**

**“Kutendeseka, huchenjeri nekuvimbika ndizvo, zvokwadi, zvezvishongo zvaMwari zvakanakisisa zvezvisikwa Zvake. Nguwo idzi ndidzo fukidziro dzakakodzera patembere yega-yega. Vane mufaro avo vanonzwisisa, uye zvakanakira avo vanowana tsika dzakadai.”<sup>47</sup>**

---

---

---

---

---

Edzai kubata nemusoro kana ndima imwechete kubva pazvikwata zviri pamusoro.

## **CHIKAMU 12**

Zvino ngationei kuti nhorondo dziri muzvidzidzo zvina izvi dzinopa sei vadzidzi venyu nzwisiso yakadzama mutsika dzezvepamweya dziri pamusoro.

Nhorondo iri muChidzidzo 9 inotsanangura chiitiko chakaitika apo ‘Abdu’l-Bahá anosanagana nevamwe vashanyi vaiva vapfumi, inoratidza vana kuzvininipisa Kwake kukuru. Kuti ‘Abdu’l-Bahá akanga asingadi kubatwa zvine kushamisira uye zvepamusoro-soro ndiyo pfungwa iri panhongonya. Izvi zvinoratidza nenzira ipi kuzvininipisa Kwake? Hongu, kunyanya nzira iyo yekubatwa zvepamusoro-soro—chirongo, mvura, uye tauro rainhuwirira—ndiyo chete zivo yakakosha uye haifanire kurasika kubva panhongonya yedingindira mukutsanangura kwako nyaya. Asi imhedziso inofanira kurovedzerwa. Munowedzera zvine udzamu hwakadii nzwisiso yevana pakuzvininipisa kwa‘Abdu’l-Bahá’ uye chishuwo Chake chekubatsira vamwe?

---

---

---

---

---

Dingindira reChidzidzo 10 ndere kuva nekuvonga, uye vana vachateerera nhoroondo pamusoro pemudzimai akashanyira ‘Abdu’l-Bahá uye akagadzirira kugoverana Naye matambudziko nenhamo dzake dzose. Munguva yakatevera ‘Abdu’l-Bahá akamuzivisa kuna Mírzá Ḥaydar-‘Alí, uyo, kunyangwe aiva ambosangana nematambudziko makuru muhupenyu hwake, haana kuregedza kutenda nemakomborero ose aakawana kubva kuna Mwari. Mukurondedzera nyaya yacho, mungangoda kuti zvive zvinojeka kuvadzidzi venyu kuti ‘Abdu’l-Bahá haana kuzivisa mudzimai uyu kuna Mírzá Ḥaydar-‘Alí zvisina chinangwa. Chii chamunofunga kuti mudzimai uyu akadzidza kubva mukusangana kwake naye? Nyaya iyi inoedza sei kujekesa chidzidzo ichi?

---

---

---

---

---

Kuregerera ndiro dingindira reChidzidzo 11, uye muchaudza vadzidzi venyu nezve nhoroondo pamusoro pa‘Abdu’l-Bahá inoratidza simba retsika yekuregerera kune avo vatinoregerera. Pane zvizhinji zviru munhoroondo zvamuchada kutsanangura zvakajeka kana vana vachifanira kuteedzera gwara remafungiro. Inosanganisira mutungamiriri (governor) we ‘Akká uyo akaronga kukuvadza ‘Abdu’l-Bahá zvakanyanya neshamwari Dzake muguta iroro. Munyaya, haasi ‘Abdu’l-Bahá chete akaregeera governor pamaitiro ake; Akabata governor, akarasikirwa nezvese, nemutsa uye akamubatsira munguva yekushushikana. Zvamunofanira kutarisira kuti vana vanzwisise kubva munhoroondo ndezvekuti kuregerera, sezvakaratidzwa na‘Abdu’l-Bahá, kunopfura kusachengeta chigumbu kune avo vanotikanganisira. Muchaziva sei kuti vabata pfungwa iyi?

---

---

---

---

---

Munhoroondo yeChidzidzo 12, vana vanoona mapinduriro anoitwa na‘Abdu’l-Bahá kumutyairi uyo aida mubhadharo usingaenderane nekukwira muchovha. Kunyangwe zvazvo nzwisiso yekukosha kwemutsa neruremekedzo, ‘Abdu’l-Bahá haana kumbobvira abvumira vanhu kuti vaite zvisina kutendeka kana zvechitsotsi Kwaari kana kune vamwe vanhu.

Munofunga kuti mutyairi akadzidzei kubva kumhinduro ya ‘Abdu’l-Bahá’? Muchabatsira sei vana kunzwisisa kuti zvatinasikirwa nazvo nekuda kwekusatendeseka zvakakura kwazvo kupinda chipi zvacho chepanyama, seuwo mubhadharo wakapfuurikidza mutyairi akarasikirwa nawo?

---

---

---

---

---

## CHIKAMU 13

Mushure mekunge madzidzira kuita zviitiko zviru muChidzidzo 9 kusvika ku12 nevamwe vamuri kudzidza navo, munokwanisa kuenda kune zvimwe zvina zvinotera. Zvinokurudzirwa kuti, paZvidzidzo 13 kusvika ku16, munovhura chidzidzo chega-chega nekudetemba munamato unotevera kubva mumusoro:

**“Nhai Tenzi wangu Ane tsitsi! Iri iruva (hyacinth) iro rakurira mubindu rechido Chenyu chakanaka uye tsotso iyo yabuda mubindu remuchero reruzivo rwechokwadi. Nhai Tenzi wemakomborero, Riitei kuti, rive rinoramba richimutsiridzwa nguva dzose kuburikidza nekufefetera kwemhepo Yenyu inopa simba, uye moriita kuti risvibire, ribengenuke uye kupa zvibereko kubudikidza nekunaya kunobva pamakore enyasha Dzenyu, Nhai Imi Ishe vane tsitsi!**

**“Zvirokwazvo Imi Ndimi Mune Mbiri-Yose.”<sup>48</sup>**

Pazasi pane munamato uyo vadzidzi venyu vachange vachidzidzira kuudetemba nemwoyo muzvidzidzo 13 kusvika ku16. Kuti muvabatsire kuwana nzwisiso yekukosha kwawo, munofanirwa kudoma chero mazwi kana zvirevo zvinogona kuva zvitsva kana kuti zvisingazivikanwi nevadzidzi venyu uye moumba mitsara yakakodzera yekuzvitsanangura nayo. Hongu, vanonzwisisa mufananidzo uri mumunamato zviru nyore, unozoenderana neuyo waunenge uchidetemba kubva mumusoro muzvidzidzo izvi.

**“Nhai Mwari! Dyarai mbesa diki iyi mubindu remakaomborero enyu akapetwa, idiridzirei kubva pazvitubu Zvenyu zverudo rwunetsitsi uye itai kuti ikure kuita chirimwa chakanaka kubudikidza nekufashukira kwenyasha uye tsitsi Dzenyu.**

**“Imi ndimi Mukuru uye Anesimba”<sup>49</sup>**

---

---

---

---

## CHIKAMU 14

Nyora pasi tsika dzakataurwa nezvadzo muzvidzidzo 13 kusvika 16, mushure mekunge mapedza kuverenga chimwe nechimwe nenzira yamunogara muchiita nevamwe vamurikudzidza navo.

Chidzidzo13: \_\_\_\_\_

Chidzidzo14: \_\_\_\_\_

Chidzidzo15: \_\_\_\_\_

Chidzidzo16: \_\_\_\_\_

Zvinyorwa zvinotevera zvichakupai mukana wekufungisisa zvakadzama pamusoro petsika dzepamweya dzakakurukurwa muzvidzidzo izvi, sezvamakamboita kumashure.

Pakukosha kwekuratidza tsitsi, tinoverenga:

**“Paradzirai mwenje wetsitsi kuitira kuti mwoyo igocheneswa uye kunatswa kuitira kuti igotora chikamu nechidimbu kubva kumakomborero Ake.”<sup>50</sup>**

**“Ivai netsitsi, kuitira kuti zviito zvenyu zvigopenya semwenje unopenya kubva kurambi.”<sup>51</sup>**

**“Muri michero yemuti mumwechete uye mashizha ebazi rimwechete; Ivai netsitsi uye mutsa kumarudzi ese evanhu .”<sup>52</sup>**

**“Zvino vanoda Mwari vanofanirwa kusimuka kuti vazadzikise rairo Yake iyi: ngavave vabereki vane mwoyo munyoro kuvana verudzi rwemunhu, uye vanamukoma vane tsitsi kune vechidiki, uye vozvipira-hupenyu hwavo sevana kune avo vakwegura.”<sup>53</sup>**

---

---

---

---

---

Patsika yekuzviparadzanisa, tinorairwa:

**“Zviparadzanisei kubva kune zvimwe zvese kunze Kwangu, uye tendeudzirai zviso zvenyu kuchiso Changu, nekuti izvi zviru nani kwamuri kupfuura zvinhu zvese zvamunazvo.”<sup>54</sup>**

**“Musazvifadze nezvinhu zvepasi rino uye zvishongo zvapo zvisina maturo, kana kuisa zvimbo zvenyu pazviri. Itai kuti kuvimba kwenyu kuve pakurangarira Mwari, Anokudzwa Zvikuru, Mukuru Mukuru.”<sup>55</sup>**

**“Kukosha kwekuzviparadzanisa ndekwekuti munhu atendeutsire huso hwake kuhumambo hwaIshe, kupinda Muhuvepo Hwake, kutarisisa Chimiro Chake, uye kumira sezvapupu pamberi Pake.”<sup>56</sup>**

**“Kuzviparadzanisa kwakafanana nezuva; mumwoyo upi neupi zvawo marichapenya rinodzima moto weruchiva uye humbimbindoga. Uyo ane meso akavhenekerwa nechiedza chenzwisiso achazviparadzanisa pachokwadi kubva kunyika neizvo zvisina maturo zviri mairi . . . Musaregere nyika nezvinyangadzo zvayo zvichikusuwisai. Ane mufaro uyo ane hupfumi husina kuzadzwa nembiri isina maturo, kana hurombo nekusuwa.”<sup>57</sup>**

---

---

---

---

---

Ndimba dzinotevera dzinotaura kwatiri maringe netsika yekugutsikana:

**“Nhai Mwanakomana weMunhu! Unofanira kumhanya kuenda muchadenga chisina magumo uye kuyambukira kudenga guru, asi hauzowane zororo kubatsiri kunze kwekuzvipira kumutemo Wedu uye kuzviminipisa pamberi peChiso Chedu”<sup>58</sup>**

**“Nhai imi vekuzvida! Isai kure ruchiva rwese uye motsvaga kugutsikana; nekuti vane ruchiva vagara vakanyimwa, uye vekugutsikana vagara vakadiwa uye kurumbidzwa.”<sup>59</sup>**

**“Naizvozvo, fambai, nzira yekugutsikana uye kusiya zvimwe zvese. Musarega matambudziko achisuwisa mwoyo yenyu, kana kuisa tariro yenyu kune chero zvipo zvepanyika. Farai uye gutsikanai nezvese zvinodiwa naMwari, kuitira kuti mwoyo nemweya yenyu igowana rugare uye hunhu hwenyu hwemukati uye hana zwiwane mufaro wechokwadi.”<sup>60</sup>**

---

---

---

---

---

Zvidimbu kubva muzvinyorwa zviri pasi zvinojekesa nzwisiso yedu yemwoyo munyoro:

**“Tinofarira kukuonai nguva dzese muchigara murunyararo uye kubatana muparadhiso yemufaro Wangu wakanaka, uye kuti mufeme kubva pamabasa enyu kunhuwirira kwehushamwari nekubatana, kwerudo rwune mutsa nekuyanana.”<sup>61</sup>**

**“Ivai nemutsa wakatendeka, kwete pachimiro chete. Vadikanwi vese vaMwari ngavanangise nzwisiso yavo pane izvi: kuti ave tsitsi dzaIshe kuvanhu; kuti ave nyasha dzaIshe. Ngaaita chakanaka kumunhu wese waanosangana naye munzira dzake, uye ova imwe yepundutso kwaari ”<sup>62</sup>**

**“...sei munhu asingafaniri kusava nekutonga kwakaenza uye kusava netsitsi kune vamwe, sei tichitendera gakava neruvengo? Dai Mwari vasina rudo kuna vose, Vangadai vasina kusika, kudzidzisa uye kupa kuna vose. Rudo rwune mutsa ndiyo tsika yedenga.”<sup>63</sup>**

**“Musagutsikana nekuratidza hushamwari mumazwi chete, regai mwoyo yenyu ibvire nerudo rwune mutsa kune vose vamungasangana navo”<sup>64</sup>**

---

---

---

---

---

Edzai kubata ndima kana imwechetete kubva pazvikwata zviri pamusoro.

## **CHIKAMU 15**

Mushure mekudzamisa nzwisiso yenyu pamusoro petsika dzemweya dzakatsanangurwa muZvidzidzo 13 kusvika 16, verengai zvakare nhoroondo ina dzacho uye mokurukura mibvunzo iri pazasi nechikwata chenyu.

Dingindira reChidzidzo 13 kúva netsitsi, uye nhoroondo yamucharonedzera inosanganisira mukadzi akatadziwa kupinda mumba maigara ‘Abdu’l-Baha paakagogodza pagonhi, iye achitarisira kusangana Naye. Ndechipi chikamu chenyaya iyi chinoratidza tsitsi Dzake kumudzimai uyu? Ndedzipi pfungwa dzichabatsira vana kuti vateerere nyaya nekunzwisisa kuti mwoyo une tsitsi, apo uchibatikana nezvimwe zvese, unonyanya kurerekera kune avo vari mumatambudziko, kushushikana, kana kurwadziwa?

---

---

---

---

---

Chidzidzo 14 chakanangana netsika yepamweya yekuzviparadzanisa. Rungano rwacho rwunosanganisira shamwari mbiri idzo dzinosarudza kushanya kuNzvimbo Tsvene (Holy Land), umwe mupfumi uye mumwe asina kupfuma. Hongu, kuti vawane nzwisiso yakadzama pamusoro petsika yekuzviparadzanisa, vana vanofanirwa kuziva kuti rwendo rwekuenda kuNzvimbo Tsvene chiratidzo chekuswera pedyo naMwari. Chaungada kuti vana vanzwisise ndechekuti kuzviparadzanisa hakunei nekuti une zvakawanda kana zvisoma zvakadii, asi kuti tinobvumira here zvatina zvo zvitidzise kuswera pedyo naMwari. Rungano urwu rwuchakubatsira sei kusimbaradza nzwisiso iyi?

---

---

---

---

Nyaya iri muChidzidzo 15 ichapa vana nzwisiso yakadzama mutsika yekugutsikana, inova dingidira guru. ‘Abdu’l-Baha Akataurira vaiMushamwaridza kuti Aiva nemufaro po Aiva muhusungwa muguta-rerusvingo reAkka nekuti Akararama mazuva aya ari munzira yeshandiro. Chirevo ichi chichabata sei nzwisiso yevana yekugutsikana? Vachaona sei kuti, kunyangwe Akanga Arimuhungwa panyama, mweya wa‘Abdu’l-Baha haukwaneise kumbunyikidzwa?

---

---

---

---

Muchirangira nyaya iri muChidzidzo 16, inosanganisira murume aiva mu‘Akká uyo akanga achidyika mwoyo nehasha uye ruvengo, muchada kutsinhidzira dzimwe pfungwa; zvikasadarwo, vana vanogona kutadza kuona kuti ine hukama hupi nedingidira rekuva netsitsi. Ndedzipi pfungwa idzi? ‘Abdu’l-Baha akapa dzidziso ipi kumurume uyo akanga akabatirira kuhasha dzake neruvengo kwenguva yakareba?

---

---

---



---

---

## CHIKAMU 16

Zvinotarisirwa kuti wongororo yenyu yeZvidzidzo 13 kusvika 16 yakava nepundutso uye kuti iwe nevamwe vemuchikwata chenyu makafadzwa nekuisa muzviito mapazi akasiyana-siyana. PaZvidzidzo 17 kusvika 20, munokwanisa kudetamba munamato unotevera nemusoro pakutanga kwenguva yechidzidzo chega chega:

**“Nhai Mwari wangu! Nhai Mwari wangu! Uno, muranda Wenyu, aswedera kusvika kwaMuri, nemoyo une rudo rukuru ari kutetereka mugwenga rerudo Rwenyu, achifamba munzira Yenyu yeshandiro, achitarisira nyasha Dzenyu, shuviro yemakomborero Enyu, achivimba muhumambo hwenyu, uye akadhakwa newaini yechipo Chenyu. Nhai Mwari! Wedzerai masimba erudo rwake kwaMuri, kuenderera mberi kwerumbidzo yake kwaMuri, uye udzamu hwerudo rwake kwaMuri.**

**“Zvirokwazvo, Ndimi Mupi Mukuru, Ishe vemakomborero anofashukira. Hapana mumwe Mwari kunze Kwenyu, Muregeri, Ane Tsitsi.”<sup>65</sup>**

Muzvidzidzo izvi, vana vachanangana nekudzidzira kudetamba munamato uri pazasi nemusoro uye munofanirwa kunyora pasi sezvamakamboita pane mimwe, kuti muchabatsira sei kuti vana vachawana nzwisiso yemazwi avari kubata nemusoro. Munamato uyu wakati rebei pane imwe yemumashure, uye kana vana vakauona, kana mimwe, ichivaomera kubata nemusoro muzvidzidzo zvina zvakapiwa, munofanirwa kuita gaziridzo yamunofunga yakakodzera.

**“Zita Renyu kuporeswa kwangu, Nhai Mwari wangu, uye kukurangerirai Imi ndiwo mushonga wangu. Kuva pedyo Nemi itariro yangu, uye rudo rwangu kwaMuri ishamwari yangu. Tsitsi Dzenyu kwandiri mushonga wangu nerubatsiro rwangu munyika ino neichauya. Imi, Zvirokwazvo, Ndimi Mune makomborero ose, Muzivi wezvose, Ane Huchenjeri Hwose.”<sup>66</sup>**

---

---

---

---

---

## CHIKAMU 17

Kuti mutange ongororo yenyu yeZvidzidzo 17 kusvika 20, verengai chimwe nechimwe panguva imwe-neimwe nenzira imwecheteyo, uye monyora tsika dzepamweya dzamuchazoongorora nevana.

Chidzidzo 17: \_\_\_\_\_

Chidzidzo 18: \_\_\_\_\_

Chidzidzo 19: \_\_\_\_\_

Chidzidzo 20: \_\_\_\_\_

Pazasi pane zvinyorwa zvichabatsira iwe nevamwe vechikwata chako kuti muwane ruzivo pamusoro pekukosha kwetsika dziri pamusoro. Rangarirai kuita hurukuro nezvadzo kwete chete kubva pamaonero ehupenyu hwedungamunhu; munofanirawo kufunga pamusoro pezvadinoreva kumudzidzisi wevana vadiki akaita sewe.

Patsika yehushingi, tinokomekedzwa kuti:

**“Shingairai nepamunogona pese kutendeukira zvizere kuHumambo, kuitira kuti mungangwana hushingi hwemukati uye simba rechokwadi.”<sup>67</sup>**

**“Ivai zvitubu zverugare kumwoyo yeavo vakarwadziswa. Ivai hutiziro kune vanotetereka. Ivai chitubu chehushingi kune uyo anoty. Naizvozvo, kuburikidza nenyasha uye rubatsiro rwaMwari chidanho cherufaro rwerudzi rwemunhu chingangosimudzirwa pamusoro panhongonya yepasi rose uye chiratidziro chekuwirirana pasi rose chingangoburitswa pachena.”<sup>68</sup>**

---

---

---

---

---

---

---

Maringe nekukosha kwekuva netariro, tinoverenga:

**“Isai tariro yenyu yose muna Mwari, uye batirirai zvakasimbarara kutsitsi Dzake dzisingakundikane. Ndiani mumwe kunze Kwake anokwanisa kupfumisa vasina chavainacho, uye kudzikinura vakadzikira kubva mukuderedzwa.”<sup>69</sup>**

**“Nhai Chiratidzo cheHuruva Chinofamba! Ndinoshuvira kutaurea newe, asi iwe hauna kuisa chivimbo Mandiri. Bakatwa rekupanduka kwako ratema muti wetarisiro yako. Panguva dzose Ndiri peyo newe, asi iwe uri kure Neni. Mbiru isingaperi Ndakaisarudzira iwe, asi iwe wakazvisarudzira nyadzi dzisina magumo. Pachine nguva kudai dzoka, usarasikirwe nemukana wako.”<sup>70</sup>**

**“Mumamiriro api zvawo ezvinhu munhu akanyikwa mugungwa remakomborero aMwari. Nekudaro, usave nekushaya tariro pamamiriro ose ezvinhu, asi kuti iva wakasimba mutariro yako.”<sup>71</sup>**

**“Kana mwoyo ukatendeukira kure kubva kumakomborero aunopiwa naMwari ungakwanisa sei kuva netariro yekuva nemufaro? Kana ukasaisa tariro nechivimbo chawo muTsitsi dzaMwari, ndekupi kwaungawana zororo? Nhai, Vimbai muna Mwari! nekuti Zvipo Zvake hazvina magumo, uye muMakomborero Ake, nekuti akanakisisa.”<sup>72</sup>**

---

---

---

---

---

Uye maringe nekuvimbika, Zvinyorwa zvinotitaurira:

**“Nhai vanhu! Chipfeko chakanakisisa mumaziso aMwari muzuva ranhasi kuvimbika. Makomborero ose neruremekedzo zvichava chikamu chemweya unozvishongedza nechishongo ichi chepamusoro-chezvishongo.”<sup>73</sup>**

**“Kutendeseka kwakaita sechivakwa chakasimba chakakomberedza guta rerudzi rwemunhu, uye semaziso kutemberi yemunhu. Uyo acharamba asina hunhu uhu achava, pamberi peChigaro Chake, anoverengwa semumwe asina muono.”<sup>74</sup>**

**“Ivai zviratidzo zvaMwari zvekuvimbika munzvimbo dzose. Zvakanakisisa mukaratidza tsika iyi zvekuti kana dai mukava munofamba muchidarika nemumaguta azere goridhe, meso enyu haambonyengedzwi nesimba raro rekukwezva, kunyange kwekanguva kadiki-diki.”<sup>75</sup>**

---

---

---

---

---

Uye mashoko aya anoraira kwatiri pamusoro perujeko rwemwoyo

**“Nhai Shamwari! Munofanirwa mese kubvira muzuva rino nemoto werudo rwaMwari zvekuti kudziya kwawo kunga taridzika mutsinga dzenyu dzese, mitezo nenhengo dzemuviri, uye vanhu venyika pasi rose vano kwanisa kubatidzwa nekupisa uku uye vobva vatendeukira kujengachenga reAnodikanwa.”<sup>76</sup>**

**“Ita kuti mweya wako ubake nerimi reMoto uyu usinga dzime unopisa mukati-kati memwoyo wepasi rose, kuitira kuti mvura dzepasi rose dzichatadza kudzimura shungu dzawo.”<sup>77</sup>**

**“Bvira iwe zvakajeka nerimi reMoto uyu usingadzime uyo wabatidzwa neAne Tsitsi Dzose mukati-kati pemwoyo wekusikwa kuitira kuti kubudikidza newe kudziya kwerudo Rwake kungango batidzwa mukati memwoyo yevadikani Vake. Tevera munzira Yangu uye wokwezva zvikuru mwoyo yevanhu kubudikiza nekurangarira Ini, Ane masimba Ose, Wepamusoro-soro.”<sup>78</sup>**

**“Batidzai moto werudo uye pisai zvinhu zvose; mofamba munzvimbo yevanodanana.”<sup>79</sup>**

---

---

---

---

---

Edzai kubata nemusoro ndima kana imwe kubva pane zviri pamusoro apo.

## **CHIKAMU 18**

Zvino ngatichitendeukirai kunhoroondo dziri muZvidzidzo 17 kusvika ku20. Mushure mekudzokorodza kuverenga imwe neimwe, tarisai mibvunzo iri pazasi nedzimwe nhengo dzechikwata chenyu.

Muchidzidzo 17 mucharondedzera rungano rwa‘Alí-‘Askar, uyo, kunyangwe aityisidzirwa nemunhu wehurumende, haana kunyengedzwa kuti anyepe kana kuita hutsotsi. Vana vagara vachiziva zvizere kuti kunyepa hakufadzi mumaziso aMwari. Nyaya ichaita kuti vakwanise kuona kuti sei kuteerera kuzvidzidzo zvaMwari kuri tsime rehushingi, rinova dingindira rechidzidzo. Ndezvipi zvidimbu zvenhoroondo zvichavabatsira kubatanidza pfungwa idzi? Ndedzipi pfungwa dzinova dzakakosha kwamuri kuti mukomekedze pakurondedzera zviitiko kana vana vachizotevedza nhooroondo uye kunzwisisa pfungwa iyi yakakosha?

---

---

---

---

Chidzidzo 18 chakanangana netsika yekuva netariro, uye muchataurira vana nhorooondo yemurume akanga aora mwoyo uyo tariro yake inomutsiridzwa na‘Abdu’l-Baha. Akaratidza murume uyu tsitsi dzakanyanya uye akamurangaridza kuti akapfuma muHumambo hwaMwari. Kuva mupfumi muHumambo hwaMwari hazvirevi kuti tine hupfumi hwezvepanyama hwakawanda. Zvinorevei? Rangaridzo ya‘Abdu’l-Baha inowedzera sei chivimbo chemurume uyu muzvipo zvaMwari? Mungabatsira sei vana kuziva kuti, pasina chivimbo munaMwari, zvakaoma kuti urambe uine tariro?

---

---

---

---

---

Kutendeseka ndiro dingindira reChidzidzo 19, uye kuratidza kukosha kwetsika iyi muchataurira vadzidzi venyu nhorooondo yaMuhammad-Taquí, uyo aivimbwa na‘Abdu’l-Baha pakuita basa rekutambira nekutumirwa kwetsamba muNzvimbo Tsvene (Holy Land). Pane zvinhu zvakawanda zvamunofanira kurangarira pamunenge muchirondedzera nhorooondo iyi kuitira kuti vana vasarasikirwe nepfungwa yayo huru. Ndezvipi? Pakutsanangura Muhammad-Taquí, muchashandisa mazwi anoti “kuvimbisika (reliable)” uye “kutendeseka (dependable)”. Unofunga kuti zvinokwanisika here kushaya hanya nezvinhu uye kuva wakavimbika panguva imwe chete?

---

---

---

---

---

Chimiro chaThomas Breakwell ndicho chiri panhongonya perungano rwuri muChidzidzo 20, icho chakanangana nekujekeswa kwemwoyo. Muenzaniso wekuduru rakabatidzwa, rimi rinobaka, moto unobvira unowanzoshandiswa muZvinyorwa pakutibatsira kunzwisisa tsika yekujeka kwemwoyo—udzamu hwerudo rwatiinarwo mumwoyo yedu kuna Mwari. Munofanirwa kuva nechivimbo kuti, kuburikidza nemuenzaniso uyu, vadzidzi venyu vachawana nzwisiso yekuti yekujeka kwemwoyo zvinorevei. Kwanisiro yekufunga zvinhu zvisati zvamboitika iri muvana kubva vachiri vadiki, uye inoubika apo panokura hunyanzvi hwavo hwemutauro. Nemifungo iyi mupfungwa, domai zvidimbu zverungano zvinotaridza kuti

Thomas Breakwell akajekeswa mwoyo nemoto werudo rwaMwari. Ndezvipi zvimwe zvinhu zvinoita kuti nyaya iyi ibate mwoyo?

---

---

---

---

---

## CHIKAMU 19

Zvinofungidzirwa kuti iwe nedzimwe nhengo makawana kurudziro kubva mukuita zvipandi zveZvidzidzo 17 kusvika ku20 uye kuti iyezvino magadzirira kuenderera mberi kune zvina zvekupedzisira muGwaro 1, Zvidzidzo 21 kusvika ku24. Mungangoshuvira kudetemba munamato uyu nemusoro pakutanga kwenguva yechidzidzo chega chega:

**“Umbai mandiri mwoyo wakachena, Nhai Mwari wangu, uye mutsai patsva kufunga kwakadzikama mandiri, Nhai Tariro yangu! Kuburikidza nesimba remweya komborerai Imi mandiri muRudaviro Rwenyu, Nhai Mudikani wePamoyo, uye kuburikidza nechiedza chembiri Yenyu buditsai pachena kwandiri nzira Yenyu, Nhai Imi chibodzwa cheChinangwa changu! Kubudikidza nesimba Renyu rekuyambutsa ndisimudzei kuenda kudenga rehutsvene Hwenyu, Nhai Tsime rehuvepo hwangu, uye kuburikidza nekufefetera kwehuvepo Hwenyu kusingaperi ndifadzei, Nhai Mudikani wangu, uye regai hupfumi hwechimiro chenyu chekare hundiikinure kubva kune zvose kunze Kwenyu, Nhai Mambo wangu, uye regai masaisai ezvakazarurwa zveHukoshwa Hwenyu husina chipomerwa hundipe mufaro, Nhai Imi Muri pachena kudarika zvose zviri pachena uye makavanzika zvakanyanya pane zvose zvakavanzika!”<sup>80</sup>**

Pazasi pane munamato wekupedzisira uyo vana vachabata nemusoro mugwaro rino. Kunyangwe vachizokasira kunzwisisa kukosha kwawo zvizere, munofanira kusarudza kuti mungatsangura sei mazwi kana zvirovo zvanangangwana zviri zvitsva kana kusava neruzivo nazvo.

**“Nhai Imi Mwari Munetsitsi! Ndiri mwana mudiki, ndisimudzirei kuburikidza nekunditambira kuhumambo. Ndiri wepasi pano, ndiitei wedenga; Ndiri wenyika yekaderera, itai kuti ndive wenyika yepamusoro; kusuwa, itai kuti ndive nemufaro; zvepanyama, ndiitei wezvemweya, uye bvumai kuti ndingangoburitsa pachena zvipo Zvenyu zvisingaperi.**

**“Ndimi Mune Simba, Mudi-Wezvese.”<sup>81</sup>**

---

---

---

---

## CHIKAMU 20

Nzverai zvidzidzo zvina zvekupedzisira zvamuchange muchidzidzisa mu Gwaro 1, muchinyatsoongorora zvizere, senguva dzose, kupfungwa dzamuchapakurirana nevadzidzi vanyu kuparura chinyorwa chavachange vachidzidzira nemwoyo. Nyorai pasi tsika iyo chidzidzo chega-chega chinonangana nayo.

Chidzidzo 21 \_\_\_\_\_

Chidzidzo 22: \_\_\_\_\_

Chidzidzo 23: \_\_\_\_\_

Chidzidzo 24: \_\_\_\_\_

Zvinyorwa zvinotevera zvichakupai imi nedzimwe nhengo dzechikwata chenyu mukana wekuongorora pamwechete pamusoro petsika dzepamweya dzakataurwa nezvadzo muzvidzidzo izvi, sezvamakaita kune izvo zvapfuura.

Pamusoro pekukosha kwemufaro wepamwoyo, Zvinyorwa zvinotitaurira:

**“Nhai rimi rerudo rwaMwari! Murazvu unofanira kupa mwenje uye zuva rinofanira kubuda; mwedzi wakazara unofanira kujeka uye nyenyedzi inofanira kupenya. Sezvo iwe uri murazvu, iwe kumbira Ishe vakuite kuti upe rujeko nenzwisiso, kuti uvhenekere muchadenga nekuzadza nyika nemoto werudo rwaMwari.”<sup>82</sup>**

**“Garai imi pamwechete nevamwe, Nhai vanhu, murujeko nemufaro.”<sup>83</sup>**

**“Mwari Mudi-Wezvose Vakasika munhu kuti aburitse mwenje weHutsvene uye kubatidza nyika nemazwi ake, zviito uye hupenyu.”<sup>84</sup>**

**“Shandiro kurudzi rwemunhu ishandiro kuna Mwari. Itai kuti rudo nechiedza zveHumambo zvijeke kuburikidza newe kusvikira vese vanotarisa kwauri vajekeswa nekupenya kwazvo. Ivai senyenyedzi, dzakajeka uye dzinopenya muchadenga chedanho ravo redenga.”<sup>85</sup>**

\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

---

---

Kubva mundima idzi, tinowana nzwisiso yakadzama mutsika yekutendeka:

**“Mbiri yaMwari ngaigare pamuri, pamwoyo unotsungirira uye usingazungunuki uye pamweya usingashanduki uye wakatendeka”<sup>86</sup>**

**“Ndisvitsirei kuvarandakadzi veAnetsitsi shoko rekuti kana muedzo ukashanduka kuita mhirizhonga vanofanirwa kumira vasingazununguswi, uye vakavimbika parudo rwavo kuna Bahá. Muchando munouya mvura ine mabhanan’ana, mhengo dzine simba dzichivhuvhuta, asi chinozotevera inguva yepfumvudza nerunako rwayo rwese, ichishongedza gomo nebani nezvirimwa zvinomera zvinonhuwiwirira.”<sup>87</sup>**

**“Muzuva ranhasi, uyo anodikanwa paChikumbaridzo chaTenzi ndiye uyo anotambidza achitenderedza komichi yekutendeka; uyo anopa, kunyange kuvavengi vake, chipo chinokosha, uye anopa, kunyangwe kumudzvanyiriri wake awira pasi, ruoko rwerubatsiro, ndiye uyo achazo, kunyangwe kumuvengi wake mukuru, ova shamwari ine rudo.”<sup>88</sup>**

---

---

---

---

---

---

Ndima dziri pazasi dzinotaurira maringe nekuva nemwoyo murefu:

**“Nhái Mwanakomana weMunhu! Zvinhu zvese zvine chiratidzo. Chiratidzo cherudo kutsungirira pamitemo Yangu uye mwoyo murefu pakukuyedza (trials) Kwangu.”<sup>89</sup>**

**“Vakakomborerwa avo vanoramba vakatsungirira, avo vane mwoyo murefu munguva yematambudziko uye mukurwadziwa, avo vasingasuwi pamusoro pezvose zvinovawira, avo vanotevera nzira dzekuzvipira.”<sup>90</sup>**

**“Gutsikana nezvawakagadzirirwa nemutemo usingashandurwi uye ugova umwe weavo vakatsungirira nemwoyo murefu.”<sup>91</sup>**

**“Zvinotarisirwa kuna ani nani akanangisa chiso chake kuJengachenga Guru Ritsvene kuti abatirire zvakasimba kuchitsigiso chemwoyo murefu, uye oisa kuvimba kwake muna Mwari, Mubatsiri mumatambudziko, Ane Rusununguko.”<sup>92</sup>**



---

---

---

---

---

Uye tinoverenga zvinotevera maringe nekutsungirira:

**“Janha rekutanga-tanga rakapihwa munhu, rinotevera kuziva Iye Anova Chokwadi Chisingaperi, ijanha rekutsungirira muRudaviro Rwake”<sup>93</sup>**

**“Kutsungirira kwenyu muRudaviro rwaMwari ngakuve, kwekuti hapana chinhu chepanyika kunyangwe chii zvacho chichaita simba rekukudzivisa kuita janha rako”<sup>94</sup>**

**“Famba wakatsungirira murudo rwaMwari, uye ramba wakarurama muChitendero Chake, uye uMubatsire kuburikidza nesimba rekutaura kwako”<sup>95</sup>**

**“Naizvozvo netsoka dzekutsungirira tinogona kufamba Nzira yegutsikano, kuitira kuti nedzimwe nguva kamhepo kanobva mumafuro ezvakanaka-zvinofadza Mwari kanofefetera pamusoro penhapi-tapi inoraramisa yekugamuchirwa kwedenga, uye kotiita kuti, chimiro chedu chinoparara, chiwane kubwinya kweHumambo husina mangumo.”<sup>96</sup>**

**“Ivai nechivimbo uye kutsungirira; mabasa enyu akakomborerwa nemasimba edenga, nekuti mafungiro enyu ndeepamusoro-soro, zvinangwa zvenyu zvakachena uye zvakakosha.”<sup>97</sup>**

---

---

---

---

---

Edzai kubata nemusoro kana ndima imwechete pandima dziri pamusoro.

## **CHIKAMU 21**

Zvino ngatichitarisai nhorondo ina dzekupedzisira dzamucharondedzera kuvadzidzi venyu, avo vamunenge magara navo kwemaawa akawanda anofadza, muchiedza kuumbiridza mavari tsika dzepamweya idzo dzavanga vachidziza nezvadzo. Mushure mekuverenga zvakare nhorondo yega-yega, kurukurai mibvunzo inotevera nechikwata chenyu.

MuChidzidzo 21, vana vachateerera kunhoroondo pamusoro paDorothy Baker semusikana wechidiki, paakasangana na'Abdu'l-Baha kekutanga. Vachaona kuti, mukufamba kwenhoroondo, akava anobatirira sei kumufaro Wake, iro rinova dingindira rakakoshesesa. Mufaro wa'Abdu'l-Baha wakashanda zvakadii pana Dorothy Baker? Munotarisira kuti nhoroondo iyi ichawedzera sei kubatirira kwevana kuna 'Abdu'l-Baha?

---

---

---

---

---

Dingindira reChidzidzo 22 ndere kuva wakatendeka, tsika yakaratidzwa nerungano rwaIsfandiyár. Ndezvipi zvidimbu zverungano zvakanyanya kunangana nedingindira iri? Ndedzipi dzimwe tsika dzepamweya idzo dzinoratidzwa na Isfandiyár dzinomubatsira kuti arambe akatendeka? Ndedzipi pfungwa dzamune chokwadi kuti mungasanganisira mukurondedzera kwenyu rungano urwu.

---

---

---

---

---

Chidzidzo 23 chakanangana netsika yekuva nemwoyo murefu. Murungano, Li Xin anotaridza mwoyo wemurefu apo anenge achichengetedza muti wake wemupichisi paunenge uchipfuura matanho akasiyana siyana ekukura—kubva ichiri mhodzi diki kusvikira wava muti unopa michero. Rungano urwu rwunokurudzira mufaro unounzwa nekuva nemwoyo murefu unoitwa kwenguva yakareba yekuedza uye kutaridza kuti kwenguva yakadii, tisati taona zvizereko zvekuedza kwedu, tinofanirwa kuisa simba rakanyanya pakuedza kwedu. Sei zvakakosha kuvana kuti vaone tsika yepamweya yekuva nemwoyo murefu nenzira iyi? Ndedzipi pfungwa dzamuchada kuti dzinge dzakajeka mupfungwa menyu pamunenge muchironedzera rungano urwu kuvadzidzi venyu?

---

---

---

---

---

MuChidzidzo 24 muchatsanangurira vana nhoroondo pamusoro pehupenyu hwaBahíyyih Khánum, hanzvadzi ya'Abdu'l-Bahá. Ichavataridza kuti Bahíyyih Khánum

akaburitsa pachena sei hunhu hwekutsungirira munguva yekusangana nematambudziko. Asi muchadawo zvekare kuti vatore nzwisiso yekuti kutsungirira murudo rwaMwari kunosanganisira zvakawanda kupfuura kukunda dambudziko rimwechete kana kuoma kwezvinhu. Nhorondo yehupenyu hwake ichapa sei vana nzwisa yemuono wesimba nekusashanduka kwekusimbarara kunodiwa muRudaviro chaMwari?

---

---

---

---

---

## **CHIKAMU 22**

Muchitsauko chino, mafunga pamusoro petsika dzepamweya dzamuchange muchidzidza nevana mugwaro rekutanga uye madzidzira kuitisa zvipandi zvakasiyana-siyana zvezvidzidzo makumi maviri neina zvamuchange muchidzidzisa kwavari netariro yekubatsiridza pakuvandudzwa kwehunhu hwavo. Ikozvino torai kanguva kekurangarira tsika dzese dzepamweya idzo muchava nemukana wakakosha wekubatsira vadzidzi venyu kuti vaumbe muGwaro 1. Zvinova sezvakakodzera kuti, pakati padzo, kutsungirira murudo rwaMwari ndiro dingindira iro ramuchange muchipedzisa zvidzidzo zvavo naro, sekukosha kwazvichange zvakaita kwavari kuti vatange, nekuongorora kwamakaita mumashure. Pamunotanga kuedza kwenyu kudzidzisa kekutanga, munofanirwa kufungisisa nguva nenguva kuti kutsungirira murudo Rwake kunobatsira sei vadzidzi vari mumaoko enyu kuti vashingaire mukuedza kwavo kubuditsa pachena tsika dzakaita sendarama yakakoshesesa yepasi penyanza dzakavanzika mukati mavo.



**Zvidzido 24 zveVana**



# CHIDZIDZO 1

## A. Kudetemba uye kubata minamoto nemusoro

Kuti makomborero eDenga akwezvwe uye kuumba mamiriro epamweya, vhurai chidzidzo nekudetemba munamoto, seuyo wakapiwa muChikamu 2. Munogona kuzobvuna vana kuti pane here umwe munamoto wavanoziva nemusoro uyo wavanogona kudetemba kirasi. Mushure mazvo, vachabata nemusoro munamoto uri pazasi. Kuti muvabatsire kunzwisisa kukosha kwawo, sarudzai chero mazwi amunofunga kuti angangoda kutsanangurwa muchishandisa mienzaniso inonzwisisika. Zvinotarirwa kuti ruzhinji rwevevana ava rwuchaudzidzira zviri nyore, asi mmunofanira kuunzvera navo pakutanga kwenguva yezvidzidzo zvitatu zvinotevera kuitira kuti, paChidzidzo 5 apo vanenge vave kutanga kudzidza munamoto mutsva, uyu unenge wabatiswa mumwoyo yavo nemupfungwa.

**“Ndiye Mwari! Nhai Mwari, Mwari Wangu! Isai mandiri mwoyo wakachena, wakafanan nendarama inopenya yepasi penyanza.”<sup>98</sup>**

Sezvo munamoto uyo vana vachabata nemusoro uri mupfupi, muchange muine mikana yakawanda yekuita nhaurirano navo dzimwe pfungwa dzataurwa muChikamu 2 pamusoro pekuzvinipisa uye mamiriro emunamoto.

## B. Nziyo

Mushure menguva yeminamoto, vana vanodzidzira kuimba rwuyo rwunotevera urwo rwunoisa mukuimba chinyorwa chavachabata nemusoro munguva inotevera icho chakanangana nedingindira rechidzidzo, kuchena kwemwoyo. Sezvo mamwe mazwi acho anogona kuva akaoma kuvadiki ava, munokwanisa kuvabatsira kudzidzira kuimba mitsira mina yekutanga, iwe semurairidzi uchizoenderera mberi neyasara.

### My First Counsel

C C/B Am C/B

O Son of Spirit!

C C/B Am C/B

O Son of Spirit!

F G

My first counsel is this

F G

My first counsel is this

F G C Am

Possess a pure, kindly and radiant heart

F G C Am

That thine may be a sovereignty

F G C C/B Am C/B

Ancient, imperishable and everlasting

F G C

Ancient, imperishable

### C. Kubata zvinyorwa nemusoro

Pachiito chinotevera, vana vachadzidzira kubata ndima dzinobva muZvinyorwa zveBahá'í. Munogona kuparura dingindira rechidzidzo nechinyorwa chekubata nemusoro nenzira inotevera:

Mwoyo yedu yakafanana nezviringiriro. Tinofanira kugara takazvichenesa. Kuchengeta chigumbu neumwe munhu, kuve neruchiva, uye kuva nemwoyo wakashata kune chero munhu zvisinei kuti chikonzero chacho chii—izvi zvakafanana neguruva rinovhara chiringiriro chemwoyo yedu. Apo mwoyo yedu painenge yakachena, inotaridza chiedza chaMwari nehunhu Hwake—hunhu wakaita semwoyo munyoro, rudo, kuva nemoyo wekupa—uye tinobva tava honzeri dzemufaro kune vamwe. Kutibatsira kuchengetedza mwoyo yedu yakachena, ngatibatei nemusoro chinyorwa ichi chaBahá'u'lláh:

**“Nhai Mwanakomana weMweya! Rairo Yangu yekutanga ndeyi: Iva nemwoyo wakachena, munyoro uye une mufaro...”<sup>99</sup>**

Vana vachaoona chinyorwa ichi chiri nyore kubata nemusoro kana vakachinzwisisa zvakakwana. Nekudaro, zvinokurudzirwa, kuti mutore nguva muchikurukura navo zvinoreva mazwi uye zvidimbu zvemitsara. Heinoi mitsara mishomanana ichakubatsirai:

#### *Rairo*

1. Rimwe zuva Gerard naMary vaiisa ruvara pamifananidzo. Gerard aida kirayoni yeruvara yeyellow, asi Mary akanga asingadi kumupa. Mudzidzisi akaudza Mary kuti anofanirwa kupawo vamwe. Mudzidzisi akapa Mary rairo yakanaka.
2. Patricia akanga achiedza kufunga kuti oshandisa mari yake kutenga mabhisikitsi here kana kuti kutenga bhuku rine nyaya dzekuverenga. Vabereki vake vakamuraira kuti atenge bhuku rekuverenga. Vabereki vaPatricia vanomupa rairo yakanaka.

#### *Kuva une chinhu*

1. Tinaye anofarira kuverenga minamoto asati arara. Ane bhuku diki reminamoto iro raanoverenga kubva mariri. Tinaye ane bhuku rake reminamoto.
2. Tinorima mhando dzemiriwo inonaka mubindu redu. Tine munda wakanaka unotipa miriwo yakanaka yakawanda.

#### *Mwoyo wakachena*

1. Cathy akazadzwa nehasha ndokutaura mashoko asina kunaka kuna Agot. Agot akava nekusuwa asi akakurumidza kuregerera Cathy. Agot ane mwoyo wakachena.
2. Gustavo anofarira kudya mabhisikitsi ake nevana vose, kunyange naJorge, uyo asingapi vamwe chero chinhu. Jorge ane mwoyo wakachena.



### *Mwoyo munyoro*

1. Apo vabereki vake pavanokoka shamwari kumba kwavo, Ming Ling anodzipakurira chikafu nemufaro. Ming Ling ane mwoyo munyoro.
2. VaRobertson vava wechikuru pamakore. Jimmy anovabatsira nekuvatakurira michero yavo yavanenge vakohwa kuendesha kumusika. Jimmy ane mwoyo munyoro.

### *Mwoyo une mufaro*

1. Kana ndichinzwira kusuwa, mai vangu vanoita zvinondifadza uye vanondiita kuti ndifare. Amai vangu vane mwoyo unemufaro.
2. Obuya akarwara uye akatora nguva yakareba asingakwanise kumuka. Akaita minamoto yakawanda, akasava nekusuwa uye akaramba achitaridza rufaro. Obuya ane mwoyo une mufaro.

## **D. Nhorondo**

Kana vana vachinge vabata chinyorwa nemusoro, munogona kurondedzera nhorondo iri pazasi yezvehupenyu hwa ‘Abdu’l-Bahá iyo inovaburitsira pachena kukosha kwekuchena kwemwoyo. Rangarirai kuti, kana umwe wechikwata chevana vekirasi vasingazivi nezva‘Abdu’l-Bahá, mmunofanira kuva makagadzirira mashoko mashoma ekutsanangura pamusoro peZvake musati matanga chidzidzo.

*‘Abdu’l-Bahá Aikwanisa kuziva zviri mumwoyo wemunhu uye Aiva nerudo rukuru kuvanhu vaive nemwoyo yakachena uye ine mufaro. Paiva nemukadzi akave nerombo rakanaka rekuve muenzi wa ‘Abdu’l-Bahá iri nguva yekudya kwemanheru. Apo ainge agere achiteerera mazwi ane huchenjeri a ‘Abdu’l-Bahá, akabva atarisa girazi remvura rakanga riri pamberi pake akabva aita chishuwo mumwoyo make chekuti “Aa! Dai zvaiita kuti ‘Abdu’l-Bahá Atora mwoyo wangu obvisa zvivo zvese zvepasi kubva mauri Obva Auzadza nerudo uye nekunzwisisa kunoera, sezvingangoitwa negirazi remvura iri.”*

*Pfungwa iyi yakapinda mupfungwa make kwenguva diki-diki uye hapana zvaakataura nezvayo, asi pasina nguva, pakaitika chimwe chinhu chakaita kuti azive kuti ‘Abdu’l-Bahá Akanga Aziva zvaakanga achifunga. Ari pakati pekutaura, ‘Abdu’l-Bahá Akamira kutaura kwekanguva kuti Adaidze mubatsiri kuti Amuudzwe mazwi mashomanana nechizevezev. Muchinyararire, mushandi uyu akaenda panzvimbo pakanga pagere mudzimai uyu, ndokutora girazi rake, achibva arasa mvura yakanga irimo, achibva aridzoserera pamberi pemudzimai uye.*

*Patipfuurei chinguva, ‘Abdu’l-Bahá, Achiri kuenderera mberi nedzidziso Yake, Akasimudza chirongo chemvura kubva patafura, sepasina chiri kumboitika, Achibva Atangakudira mvura zvishoma nezvishoma mugirazi remudzimai uyu rakanga risisina mvura. Hapana akamboona kuti chii chakanga chatora nzvimbo, asi mudzimai uyu akaziva kuti ‘Abdu’l-Bahá Akanga Achizadzisa chishuwo chake. Akazadzwa nemufaro. Kubva ipapo akabva aziva kuti mwoyo nepfungwa yedu zvakanga zvakafanana nemabhuku akavhurika kuna ‘Abdu’l-Bahá Uyo Anozviverenga nerudo rukuru nenyasha.*

### **E. Mutambo: “Kupanana”**

Kuchiitiko chinotevera, isai vhiri remotokari pasi mobvunza vana kuti vanokwanisa here kumira mariri panguva imwe chete. Kana vhiri pasina, munogona kuwaridza chisaga kana tauro, kana chimwe chinhu chakangofanana. Chero chinhu chamunenge masarudza, chinofanirwa kunge chiri chidiki zvekuti vanowana mutambo uyu uchinetsa kuita nekuda kwehuwandu kwevana vari mukirasi iyi.

### **F. Kuisa Ruvara: Mufananidzo 1**

Kana mutambo wapera, munogona kuunganidza vana pamwechete wopa umwe-neumwe wavo bepa rine Mufananidzo 1 kuti vaise ruvara, muchivatsanangurira kuti chinyorwa chavabata nemusoro chiri pasi pemufananidzo uye motaura mazwi mashomanana amunenge magara makagadzirira maringe nemufananidzo uyu unotaridza dingindira rechidzidzo.

### **G. Minamoto yekuvhara**

Pakuvhara chidzidzo, vana vaviri kana vatatu vanogona kukumbirwa kuti vaite munamoto wavanoziva kana chinyorwa chavakabata nemusoro. Semudzidzisi unokwanisa kuzoita munamoto wekupedzisira.

## **CHIDZIDZO 2**

### **A. Kudetemba uye kubata minamoto nemusoro**

Zvinokurudzirwa kuti muvhure chidzidzo chino nezviviri zvinotevera nemunamoto wamakaita pakutanga kweChidzidzo 1. Munokwanisa kuzokumbira vashomanana vevana, vanenge vakasaurdza nechekare, kuti mumwe nemumwe adetembe munamoto waanoziva. Mushure mezvo, batsirai vana kuti vaenderere mberi nekubata nemusoro munamoto wakaparuwa muchidzidzo chemumashure.

### **B. Nziyo**

Pachidzidzo chinotevera, vana vanogona kuimba nziyo mbiri—rwumwe kubva muchidzidzo chapfuura nerwumwe rwutsva rwuri pazasi maringe nezvekutonga kwakaenzana, iro rinova dingindira rechidzidzo chino.

### **A Noble Way**

D

Justice is a noble way

A

D

Justice brings a brighter day

*(continued on next page)*

G D  
 A light to those in need  
 A D  
 Shining through good deeds  
 D A D  
 Oh, justice is the way

D  
 We know ‘Abdu’l-Bahá would share  
 A D  
 Showing love and showing care  
 G D  
 He was content with less  
 A D  
 In order to bring happiness  
 D A D  
 He was content with less

D  
 To be just we have to give  
 A D  
 Share our love and joy to live  
 G D  
 Sharing blessings we receive  
 A D  
 A better world we will achieve  
 D A D  
 Oh, justice is the way

*(dzokororai stanza yekutanga, muchiimba kaviri mutsara uri pekupedzisira)*

### C. Kubata zvinyorwa nemusoro

Mushure menziyo idzi mbiri, muchange muchikurudzira vana kuti vabate nemusoro chinyorwa kubva muZvinyorwa zvaBahá’u’lláh. Haanoi mamwe mazano ekuti mushandise kuparura dingindira rechidzidzo chino nechinyorwa chapiwa:

Mwari vanoda kutonga kwakaenzana. Kana pava nekutonga kwakaenzana, mumhu wese anowana kurarama kubva muzvinhu zvose zvakanaka zveupenyu. Mwana wese anokwanisa kuenda kuchikoro, mhuri yose inenge ine musha wakanaka, uye avo vane zvakawanda vanopa nemufaro makomborero avakagashira kubva kuna Mwari kuitira kurarama kwakanaka kwevamwe. Mwari vanofara nesu kana tichibata umwe-neumwe wedu neruenzaniso nekutonga kwakaenzana. Kana tikaona mumwe achibatwa zvisina kunaka, tinofanirwa kuvadzivirira nekuvabatsira. Hatifaniri kutora kubva kushamwari

dzedu kana vavakidzani vedu zvinhu zvavo. Kana chimwe chinhu chichinzi chiri kugoveranwa, tinofanirwa kuona kuti hapana anoshaya uye kuti munhu wese anowana chidimbu chakaenzanirana nevamwe vese. Kutitibatsirwe kuti tive vanoenzanisa, ngatibatei nemusoro chinyorwa ichi chaBahá'u'lláh:

**“Fambai nzira yekutonga zvakaenza, nekuti, zvirokwazvo, ndiyo nzira yakarurama”<sup>100</sup>**

Zvakakosha kuona kuti vana vawana nzwisiso yakasimba maringe nechinyorwa chiri pamusoro apo vasati vatanga kuchidzidzira nemusoro. Mitsara mishoma inotevera yapiwa kuti ikubatsirei kutsanangura zvinoreva mazwi angava matsva kwavari.

#### *Kufamba*

1. Mashizha akawanda adonha kubva mumiti iri musango, achibva azara munzira yese. Fumiko ari kufamba musango iri. Anofamba munzira yakazara mashizha.
2. Pedro anofarira kubatsira shamwari dzake dzose kuti dzitambe pamwechete nemufaro. Pedro neshamwari dzake vakabatana chaizvo. Pedro anofamba nzira yekubatana.

#### *Nzira*

1. Luis ane dhongi. Akaritora ndokuenda naro kumafuro achibva arisiya riri roga. Dhongi rakakwanisa kuwana nzira yekumba rega
2. Pane nzira mbiri dzekuenda nadzo kuchikoro. Millie anogarofarira kufamba nenzira inopfuura nepamba pambuya vake.

#### *Kutonga zvakaenza*

1. Carlos akapiwa makireyoni kuti agoverane nevamwe panguva yekudzidza. Pakanga paine makireyoni gumi, vana vari vashanu. Carlos akaita kutonga kwakaenzana pakugova makirayoni.
2. Anna ane mvura yakawanda mutsime riri pamusha pake, asi dzimwe nguva tsime remuvakidzani wake rinopwa. Anna haambobvumiri kuti muvakidzani wake ashungurudzike nekushaya mvura. Anoedza kuti muvakidzani wake ave akasununguka kuchera mvura mutsime rake. Anna anoda kutonga zvakaenza.

#### **D. Nhorroondo**

Mushure mukunge vana vadzidzira kubata chinyorwa ichi nemusoro, munogona kuvataurira nhorroondo inotevera pamusoro pa'Abdu'l-Bahá, iyo inotaridza kutonga zvakaenza kwaAivanako.

*Mumwe musu 'Abdu'l-Bahá Aida kuenda kuHaifa achibva kuAkka. Akaenda kunokwira muchingoro chisingadhuri chino dhonzwa nemabhiza icho chaigara chakazara nevanhu. Mutyairi akashamisika uye anogona kunge akazvibunza kuti sei 'Abdu'l-Bahá Akaomera pakusvika kukwira muchingoro chisingadhuri ichi. "Muchokwadi, Mambo (Vakuru Vanoremekedzwa) Mmunofanira kufamba Muri muchingoro Chenyu*

*Mega,” akataura zvine simba. “Kwete” ‘Abdu’l-Bahá Akamupindura. Ndokubva Akwira chingoro chisingadhuri chakanga chakazara vanhu kusvika asvike kuHaifa. Achingoburuka muchingoro ichi muHaifa, mumwe mukadzi aiita basa rekuraura hove akauya kuna ‘Abdu’l-Bahá achishushikana akakumbira rubatsiro Rwake. Zuva rose hapana chaakanga ambobata, akanga zvino avakudzokera kumhuri yake ine nzara asina chaainacho. ‘Abdu’l-Bahá Achibva Amupa chitsama chemari Achibva Atendeukira kune mutyairi ndokuti “Ndingafambirei mungoro dzinodhura iko kuine vakawanda vari kufa nenzara?”*

#### **E. Mutambo: “Nyota Inopisa”**

Mushure mekupiwa kwenhorondo, vana vanenge vakamirira kutamba mutambo. Sungai zvimiti pamaoko kuitira vasakwanisa kugonyesa magokora avo, mobva wavataurira kuti vafungudzire kuti vari kufamba pamwechete mugwenga, uye kuti vese vave nenyota yakakurisisa. Apo vanosvika pane makomichi ane mvura aunenge wavaisira, vanofanirwa kutsvaga nzira yekuti vainwe. Vachazoono kuti nzira imwe yavanokwanisa kunwa kubatsirana, asi vachiona kuti havatotesana.

#### **F. Kuisa ruvara: Mufananidzo 2**

Sechiitiko chinotevera, ipai mwana wega wega bepa rine Mufananidzo 2 kuti vaise ruvara. Munofanirwa kuyeuchidza vana kuti chinyorwa chavabata nemusoro chiri pazasi pebepa uye munofanirwa kuve makagadzirira kutsanangura mazwi mashomanana pamusoro pekuti mufananidzo uyu une ukama hwei nedingindira rechidzidzo.

#### **G. Minamoto yekuvhara**

Kana vana vapedza kuisa ruvara, munogona kukoka vashoma vacho kuti vaite munamoto kana chinyorwa chavakabata nemusoro muchidzidzo chino kana chemumashure. Semurairidzi munogona kuzopa munamoto wekuvhara.

### **CHIDZIDZO 3**

#### **A. Kudetamba minamoto uye kuibata nemusoro**

Kuti chidzidzo chivhurwe, itai munamata nemusoro uye kumbirai vana vashoma vanenge vasarudzwa nguva yemunamoto isati yatanga kuti umwe neumwe wavo aitewo wake munamoto. Munogona kuchizatora nguva yakati-kuti nevana venyu muchiongorora munamoto wavakatanga kudzidzira muChidzidzo 1.

#### **B. Nziyo**

Tanga chiitiko ichi nekuita kuti vana vaimbe nziyo mbiri dzavakadzida muzvidzidzo zvapfuura. Wochizova dzidzisa nziyo iri pasi apo, iyo iri pamusoro pedingindira rechidzidzo chino, rudo.

Love, Love, Love

C                    F  
Love, love, love, love  
G                                    C  
Love your fellow man  
C                    F  
Love, love, love is  
D7                                    G  
How the world began  
C                    F  
God loved creation  
C                    G  
So He created thee to  
C                    F  
Love, love, love Him  
G                    C  
And humanity

Love, love, love the  
Everlasting good  
Love, love, love the  
Seed of brotherhood  
Love all creation  
For He created thee to  
Love, love, love Him And  
humanity

Love God's creatures  
Be they near or far  
See each human  
As a shining star  
Love all creation  
For He created thee to  
Love, love, love Him  
And humanity

### **C. Kubata zvinyorwa nemusoro**

Kuti muzivise chinyorwa chekubata nemusoro, munogona kupakurirana nevadzidzi venyu pfungwa dzinotevera dzine chekuita nedingindira rechidzidzo:

Rudo rwaMwari rwunopenya pavanhu vose sekupenya kunoita mirazvo yezuva. Mirazvo yezuva inopenya zvakafanana kwese mumagwenga kana mumapindu

anoyevedza. Kuburikidza nekudziya kwaro, mbesa dzinodyarwa muvhu rine hutano dzinokura uye dzopa zvibereko zvakanaka. Saka kana tinofanira kudyara muvhu redu dzvene remwoyo yedu mbesa dzerudo rwaMwari, dzichazokura uye kufaranuka dzichidziirwa murudo rwechengetedzo Yake. Ipapo rudo rwedu rwuchatambanuka, uye ticharatidza rudo kumunhu wese, chero neku avo vasingatibati nemwoyo munyoro. Kuti tikwanise kuda vanhu vose, ngatidzidzirei nemusoro chinyorwa chaBahá'u'lláh ichi:

**“Nhai Shamwari! Mubindu remwoyo wako, usadyara chimwe chinhu kunze kweruva reerozi rerudo . . .”<sup>101</sup>**

Muchinyorwa ichi, mazwi chate anoda kutsanangurwa ndeanoti *“chimwe chinhu kunze kwe”* zvichireva kuti *“hapana”*

1. Dineo anofarira kuimba nziyo dzinotaura nezve zuva uye maruva, uye haaimbi nziyo dzezvimwe zvinhu. Hapana icho Dineo chaanoimba nezvacho kunze kwekupenya kwezuva uye maruva.
2. Ta Jen aida kuenda kurwizi, asi akanga asati aita basa rake repamba. Baba vake vakamuudza kuti hapana kwaanoenda asati apedza basa rake, asi Ta Jen akatsamwa nazvo. Ambuya vake vakati, “Mudikani, pazvirongwa zvako zvese hapana chinhu chinobudirira kana ukasateerera baba vako”

#### **D. Nhorooondo**

Mushure menguva yakapiwa kukubata nemusoro, munogona kutaurira vana venyu nhorooondo inotevera:

*Mumazuva ayo ‘Abdu’l-Bahá Aigara muguta rehusungwa reAkka, paiva nemumwe murume aiita tsika dzakaipa kwaari. Aifunga kuti ‘Abdu’l-Bahá Aive Asiri munhu akanaka uye kuti Mwari Vakanga Vasina hanya nazvo kana maBahá’í akabatwa zvisina kunaka zvakadii. Pachokwadi, aitofunga kuti ainge achitaridza rudo rwake kuna Mwari kana achitaridza ruvengo rwake kumaBahá’í. Ainge akavenga ‘Abdu’l-Bahá nemwoyo wake wese. Ruvengo urwu rwakazowedzera kusvika pakuzadza mwoyo wake, zvekuti dzimwe nguva rwaipfachukira kubva maari sekufafukira kunoita poto ine buri. Mumosque, apo vanhu vaiuya kuzonamata, murume uyu aidaidzira kupikisa kwake kuna ‘Abdu’l-Bahá achitaura mashoko akaipa pamusoro pa ‘Abdu’l-Bahá. Kana achifamba munzira, akasangana na ‘Abdu’l-Bahá, aivhara kumeso kwake nezvipfeko zvake kuitira kuti asaMuona.*

*Zvino, murume uyu akanga ari murombo zvekuti akanga asingawane zvekudya zvakakwana kana mbatya dzinodziya dzekupfeka. Unofunga kuti ‘Abdu’l-Bahá Akaita sei naye? Akamutaridza rudo, akamutumira zvokudya nembatya dzekupfeka, uye ndookuita kuti agare achengeteka zvakanaka. Semuenzaniso, neimwe nguva apo murume uyu akarwara zvakananyanya, ‘Abdu’l-Bahá akatumira chiremba kwaari, Akamubhadharira mushonga nekumutengera zvokudya, akamupa mari zvakare. Murume uyu akatambira zvese izvi kubva kuna ‘Abdu’l-Bahá asi haana kumboMutenda. Asi kutoti akangoburitsa ruoko rwake rwumwechete kuti chiremba vanzwe kuvhita kweropa mutsinga dzake, nerumwe ruoko, akatora mbatya yake*

*ndokuvhara kumeso kwake kuitira kuti asatarise 'Abdu'l-Bahá. Izvi zvakaramba zvakadaro kwemakore akawanda. Zvakadaro, nerimwe zuva, mwoyo wemurume uyu wakazoshanduka. Akaenda kumba kwa'Abdu'l-Bahá, akazviputsira patsoka dza'Abdu'l-Bahá nemwoyo wakarema misodzi ichiyerera senzizi akachema akati "Ndiregerereiwo, Vakuru! Kwemakore makumi maviri nemana ndanga ndichikuitirai hutsinye. Kwemakore makumi maviri nemana Imi maingondiratidza zvakana. Ikozvino ndave kuziva kuti ndakanga ndichikanganisa. Ndapota ndiregerereiwo!" Nokudaro rudo rwa'Abdu'l-Bahá rwakakunda ruvengo.*

#### **E. Mutambo: "Zambuko"**

Pachiitiko chinotevera, munogona kushandisa mabhenji, matanda, zvitinha, kana zvimapuranga kugadzira mutsetse pasi. Iri ndiro "zambuko" racho. Ganhurai vana venyu muzvikwata zviviri, movaudza kuti zvikwata zviviri izvi zvinofanira kuyambuka zambuko iri panguva imwe chete, zvichipesana, pasina anodonha kubva pazambuko. Vana vachaona kuti, kuti vabudirire, vanofanira kubatsirana vachipanana mukana vachidarikana mumwe nemumwe.

Kuti muvabatsire, munokwanisa kutaridza vana nzvimbo dzavo dzavanotangira uye movabatsira pamatanho ese. Pane kuisa vana vese pazambuko nguva imwe chete, munogona kumboedza nevashoma vacho, vaviri panguva. Mumashure meratidziro dzakati-kuti, huwandu hwevana vanenge vari pazambuko hunogona kuwedzerwa, kusvikira munhu wese atamba.

#### **F. Kuisa Ruvara: Mufananidzo 3**

Mumashure memutambo, munogona kupa mwana wega wega bepa rine Mufananidzo 3 kuti vaise ruvara sechiitiko chekupedzisira. Rangarirai kutaura mazwi mashomanana pamusoro pehukama huripo pakati pemufananidzo nedingindira rechidzidzo.

#### **G. Minamoto yekuvhara**

Kuti muvhare chidzidzo, kurudzirai vadzidzi kuti vagare pasi, vanyarare apo vaviri kana vatatu vavo vanodetamba munamoto kana chinyorwa chavakabata nemusoro. Zvino iwe semuraisidzi kana mumwe mwana anogona kuita munamoto wekuvhara.

### **CHIDZIDZO 4**

#### **A. Kudetamba minamoto uye kuibata nemusoro**

Mushure meminamoto yekuvhara, ongororai nevana venyu munamoto wavanga vachidzira nemusoro muzvidzidzo zvisvishoma zvapfuura.

#### **B. Nziyo**

chinotevera, itai kuti vana vaimbe nziyo dzavadzidza muzvidzidzo zvapfuura, musati wavadzidzisa chitsva ichi chiri maererano nedingindira rechokwadi:



## Truthful Words

G D  
A mirror that's covered up in dust  
A D  
Cannot reflect the sun's bright light  
G D  
A bird with wings all full of mud  
A D D7  
Is unable to take flight

Chorus:

G D  
When all of our words are truthful  
A D D7  
Our souls are able to progress  
G D  
The foundation of all human virtues  
A D  
We know is truthfulness

Chorus

A ship cannot catch the wind  
If it is using a torn sail  
Eyes can't see the path ahead If  
they are covered up in veils

Chorus *(with last line repeated)*

### C. Kubata zvinyorwa nemusoro

Zvinokurudzirwa kuti mutsanangure dingindira rechidzidzo chino nechinyorwa chekubata nemusoro nenzira iyi:

Chokwadi humwe hwehunhu hwemweya hwakakoshesesa kuti munhu wese ange ainahwo. Hatifanirwi kumbotaura kunyangwe nhema diki yakadii zvayo kunyangwe dai pasina anozoziva chokwadi. Dzimwe nguva vanhu vanotaura nhema nekuti vanotya kutaura chokwadi. Asi tinoziva zvedu kuti Mwari Vanoziva mabasa edu ese uye hatikwanisi kuviga chero chipi zvacho kubva kwaVari. Tinofanirwa kuda chokwadi. Kana tisiri pachokwadi, zvichave zvakaoma kuti tiumbe humwe hunhu hwakaita sekutonga kwakaenzana, rudo, netsiye nyoro, uye kuti tiswedere pedyo naMwari. Kana tisiri muchokwadi, zvinonetsa kuti tidzidzire hunhu hwakanaka zvichireva izvo kuti

hatizokwanisi kusvika pedyo naMwari. Ngatibatei nemusoro chinyorwa chinotevera chaBahá'u'lláh:

**“Chokwadi ndihwo hwaro hwedzimwe tsika dzese dzemunhu”<sup>102</sup>**

Pasi apo pane mitsara yekukubatsirai kutsangura zvinoreva mazwi ari muchinyorwa chiri pamusoro awo vana vanogona kuona akaoma.

*Chokwadi*

1. Sanjay akadonhedza girazi ndokubva raputsika. Apo amai vake vakamubvunza zvakanga zvaitika, akavaudza chokwadi pasina kunyepa. Sanjay akataridza hunhu hwechokwadi.
2. Gita akatora nguva yakawanda achitamba manheru iwayo zvekuti akatadza kupedza basa rake rekuchikoro raifanirwa kuitirwa kumba (homework). Zuva rakatevera, apo nguva yekupa basa iri kumudzidzisi yakanga yasvika, akasarudza kuti achataurira mudzidzisi wake chokwadi, kunyange zvazvo aiziva kuti vaisazo fara nazvo. Gita akataridza hunhu hwechokwadi.

*Hwaro*

1. Baba vaAlok vaivaka imba. Vasati vaisa madziro, vakaisa matombo nesamende pasi pavaizomisa madziro. Matombo nesamende zvakaumba hwaro hweimba. Hunobatsira kubata imba pamwe chete.
2. Usati watanga kudzidzira kuverenga kana kunyora, unofanirwa kuziva mavara nemadaidzirwe aanoitwa. Kudzidza madaidzirwo anitwa mavara ndihwo hwaro hwekudzidzira kuverenga nekunyora.

*Virtues Hunhu*

1. Aurora akafaranuka, ane rukudzo, uye tsiye nyoro. Kufaranuka, rukudzo netsiye nyoro hwumwe hwehunhu hwake.
2. Mai Patel vanodzidzisa vana nezvekutonga zvakaenza, tsika yekupa, kuzvinipisa uye kuve kuvimbika. Uhu ndihwo humwe hwehunhu hwakakosha munhu wese anofanirwa kuva nahwo.

**D. Ngano**

Sechiitiko chinotevera, munogona kutaurira vana venyu ngano inotevera iyo ichavabatsira kuti vafunge pamusoro pehunhu hwechokwadi:

*Kare, mune imwe nyika iri kure-kure, kwaigara umwe mufudzi wehwai, uyo, apo baba vake vainge vachishanda muminda, amai vake vachichengeta kumba, iye aiva nebase rekufudza nekuchengeta hwai dzavo. Nerimwe zuva, mukomana uyo akanzwa kusurukirwa ndokubva afunga kutamba nevavakidzani vake achivanyepera. Akabva atanga kudaidzira “Gava! Gava! Gava ravakudya hwai!” Shamwari dzake dzose dzakauya dzichimhanya kuzobatsira kudzinga gava iri. Pavakasvika, vakawana*

*mukomana uyu achifa nekuseka nekuti vanga vavhunduka kuburikidza nemanyepo ekuti pakanga paine gava izvo ipo pakanga pasina gava! Shamwari dzake dzakadzokera kumabasa avo vachiti mukomana uyo akanga aita zvinhu zvisina kunaka.*

*Mangwana acho, akapamhazve musikanzwa wake. “Gava! Gava! Ndibatsireiwo Ndibatsireiwo!” Vamwe vevavakidzani vake vakauya zvakare kuzomubatsira asi vakasvika ndokumuona achifa nekuseka kuti akanga avanyepera zvakare. Zuva rechitatu, apo pavakanzwa mukomana uye achidaidzira “Gava! Gava! Gava riri kudya hwai! Huyai muzondibatsira wo! hapana akamuteerera nekuti vaingofunga kuti manyepo ake amazuva ose. Asi musi uyu gava rakanga rauya zvechokwadi rikadya hwai! Mufudzi uyu akava nekusuwa kukuru, asi akanga adzidza chidzidzo chakakosha. Tikataura manyepo, pachazosvika rimwe zuva apo vabereki vedu, hanzvadzi dzedu kana shamwari dzedu dzicharega kutiteerera kunyangwe zvedu tinenge tichitaura chokwadi!*

#### **E. Mutambo: “Runhare rweKutinya”**

Kana muchinge wapedza kutaura ngano iri pamusoro apo, munogona kuti vana vatambe mutambo unonzi “Runhare Rwekutinya” (Touch Telephone) sechiitiko chinotevera chechidzidzo chanhasi. Taurirai vana kuti vamire mumutsetse. Vose vanofanirwa kutarisa divi rimwe chete, mwana wekupedzisira mumutsetse anofanirwa kunge akatarisa bepa rakaturikwa pamadziro, pamuti kana *pablackboard* kana riripo. Munogona kuita mitsetse yakawanda kana vana vakawanda.

Zvino, muchishandisa chigunwe chenyu dhirowai chero chinhu kumusana kwemwana wekutanga mumutsetse. Iye ozodhirowawo chinhu ichocho kumusana kwemwana anomutevera. Mwana wechipiri odhirowawo chinhu chiya pamusana wemwana wechitatu, zvichienda zvakadaro kusvikira pamwana wekupedzisira mumutsetse uyo anozodhirowa chinhu ichi pabepa riya rakaturikwa kana *pablackboard*. Kana mwana wekupedzisira apedza kunyora pabepa riya kana *pablackboard*, iwe chidhirowa chinhu chiya chawanga wanyora pamusana wemwana wekutanga. Mifananidzo wako wauchadhirowa unofanirwa kunge wakareruka kuitira kuti vana vakwanise kuzodhirowawo.

#### **F. Kuisa ruvara: Mufananidzo 4**

Munogona kupa vana semazuva ese mapepa ane Mufananidzo 4 kuti vana vaise ruvara sechiito chekupedzisira.

#### **G. Minamoto yekuvhara**

Senguva dzose, vharai chidzidzo nekukumbira vana kuti vagare pasi vonyarara apo zvinyorwa uye minamoto ichiitwa.

## CHIDZIDZO 5

### A. Kudetemba uye kubata minamoto nemusoro

Pachidzidzo chino nezvitanu zvinotevera, munofanirwa kutanga chidzidzo nekudetemba mumwe weminamoto waunoziva nemusoro, neuyo wakapiwa muchikamu 6 wakanangana neizvi. Mushure mekunge vana vateverawo gwara rekudetemba minamoto yekuvhura, munochikwanisa kuparura munamoto uri pasi apo kuti vaubate nemusoro. Zvinotarisirwa kuti vachave vanodzidza kana chidimbu zvacho muchidzidzo chino uye vozova vanokwanisa kuubata wese nemusoro pavanenge vasvika paChidzidzo 8.

**“Nhai Mwari, nditungamirirei, ndidzivirirei, ndiitei rambi rinobwinya, uye nyenyedzi inopenya. Ndimi Samasimba uye Ane Simba Rose.”<sup>103</sup>**

### B. Nziyo

Pachidzidzo chino, muchipamha pamusoro pekudzidzisa vana nziyo inotevera, munogona kuimba navo dzimwe nziyo dzishoma dzavave kuziva nakare.

#### Fountain of Generosity

C  
Be a fountain, be a spring

C G  
Be an ever-flowing thing

F C  
It is true that if you do

Dm7 G7 C  
Happiness will come to you

F C  
Search your heart every day

D7 G7  
Is there something you can give away

Happiness should be your goal  
Give your heart, and give your soul  
It is true that if you do  
God will always be with you  
Search your heart every day  
Is there something you can give away

Happiness should be your goal  
Give your heart, and give your soul  
It is true that if you do  
God will always be with you

### C. Kubata zvinyorwa nemusoro

Pfungwa dzinotevera dzinokubatsirai kutanga kuparura dingindira rechidzidzo nechinyorwa icho vana vachabata nemusoro:

Mwari Vane mwoyo wekupa wakakurisa kuzvisikwa Zvavo. Vanodiridzira zvirimwa nemvura yekunaya, uye vanopa chikafu nezvinovaka muviri kumhuka nevanhu. Vanotichengeta tose. Vakatipa zvipo zvakawanda: maziso atinoona nawo makomo, nzizi, nyeredzi uye runako rwese rwakatikomberedza; nzeve dzatinonzwa nadzo kurira kweshiri, rairo kubva kuvabereki vedu, uye Shoko raMwari. Mwari Vakatipa njere idzo dzatinokwanisa kudzidza nadzo pamusoro pezvakananzika zvenyika rose uye, pamusoro pezvose izvi Vakatipa masimba epamweya ayo anoita kuti tiVazive nekuVada. Sekuva nemwoyo wekupa unaMwari kwatiri, isu tinofanira kuvewo nemwoyo wekupa kune vamwe. Tinofanirwa kupa kubva mune zvatinazvo, pachikafu chedu, paupfumi hwedu, nguva yedu, neruzivo rwedu—kubatsiridza pariritiro yevamwe. Tinofanira kugoverana rudo rwedu, mufaro wedu, uye zvinhu zvakana zvatinodzidza kumba nemuchikoro. Kuti tibatsirikane mukuedza kwedu kuva nemwoyo wekupa, ngatibatei nemusoro chinyorwa ichi chaBahá'u'lláh icho chinotirangaridza nezvemwoyo waMwari wekupa:

**“Kupa nekuva nemwoyo wekupa hunhu Hwangu; zvakanakira uyo achazvishongedza nehunhu Hwangu.”<sup>104</sup>**

#### *Mwoyo wekupa*

1. Ram naRajish vakanga vakwanisa kuchengeta kamari kadikidiki. Vakafunga kutengera hanzvadzi nevanin'ina vavo mabhuku. Ram naRajish vane mwoyo wekupa.
2. Mai Murphy vakatora mangwanani ose vachibika makeke. Vasati vaenda nawo kudhorobha kunotengesa, vakapa makeke maviri makuru kuvavakidzani vavo. Mai Murphy vane mwoyo wekupa.

#### *Hunhu*

1. Dombo rakaomarara. Kuomarara hunhu hwematombo.
2. “Humwe hunhu hwako ndehwe kuti unoshanda nesimba,” mudzidzisi akadaro kuna Charlene.

#### *Kushongedza*

1. Manheru anhasi kune musangano weminamoto uri kuitirwa pamuzinda wemusha. Vana vatemha maruva ekuisa muimba yekusanganira. Imba yashongedzwa nemaruva.
2. Li Feng anonyemwerera zvakana. Kunyemwerera kunoshongedza huso hwake nguva dzose.

#### **D. Nhorroondo**

Muchidzidzo chino, muchataurira vana nhorroondo inotevera iyo ichavabetsera kufungisisa pamusoro pepfungwa yekuva nemwoyo wekupa

*Nerimwe zuva, ‘Abdu’l-Bahá akakumbirwa nemurume aitungamirira vafudzi vemakwai aBaba vake, Bahá’u’lláh, kuti amboswera navo zuva rese. Panguva iyi ‘Abdu’l-Bahá Akanga Achiri mudiki uye kushungurudzwa kwaBaha’ullah neMhuri Yake kwakanga kusati kwatanga. Nguva iyoyi, Bahá’u’lláh Akanga Aine nzvimbo yakakura mumakomo uye Aine hwai dzakawanda. Mushure mekupiwa mvumo naamai Vake ‘Abdu’l-Bahá, akaenda kumafuro nevafudzi ava uye vakaswera vese vachifara vachiimba, vachitamba uye vakaita mabiko akanaka. Apo ‘Abdu’l-Bahá Akanga Apedza kutarisa mabasa evafudzi Avakugadzirira kudzokera kumba, mumwe wevarume vakanga vaMuperekedza akati kwaAri, “Itsika yaBaba Vako kusiira mufudzi wega-wega chipo”. ‘Abdu’l-Bahá Akambonyarara kwekanguva, nekuti Akanga Asina chekuvapa. Murume uyu akaramba achimuudza kuti vafudzi vakanga vakatarisira kupiwa zvipo. ‘Abdu’l-Bahá akabva akafunga zano: Aida kupa mufudzi wega-wega hwai shoma kubva pazvikwata zvehwai zvavaifudza. Baha’u’lláh Akafara chaizvo nepfungwa yekupa yakaitwa na’Abdu’l-Bahá kuvafudzi vehwai. Akaseka Zvake Akati vanhu vese vanofanirwa kuchengetedza ‘Abdu’l-Bahá nekuti rimwe zuva Achazvipa kuvanhu. Zvehokwadi, izvi ndizvo zvakaita ‘Abdu’l-Bahá hupenyu Hwake hwose. Akapa kuvanhu vose zvese zvaAkanga Ainazvo panguva dzose dzeupenyu Hwake kuitira kuti tibatane uye kuunza rufaro rwechokwadi.*

#### **E. Mutambo: “Mapatya”**

Mushure menguva yekutaura nhorroondo, senguva dzose, vana vachatamba mutambo. Vapatsanurei muchivaita vaviri vaviri, muchiedza nepamunogona kuisa vana vane hurefu hwakaenzana pamwechete. Vaitei kuti vamire vakafuratirana vakachonjomara. Zvino chivaudzai kuti vakochekerane pama gokora voedza kusimuka. Kana vachinge vangogona, itai kuti varongane vari muzvikwata zvevatatu kana vana voedza zvimwechetezvo.

#### **F. Kuisa ruvara: Mufananidzo 5**

Sechiitiko chekupedzisira, munogona kupa vana mapepa ane Mufananidzo 5 kuti vaise ruvara.

#### **G. Minamoto yekuvhara**

Chidzidzo chinogona kupera senguva dzose, neminamoto nezvinyorwa zvinodetembwa newe nevamwe vana vashomanana.

## **CHIDZIDZO 6**

#### **A. Kudetemba uye kubata minamoto nemusoro**

Mushure mekunge iwe nevadzidzi vashoma maita minamoto yekuvhara, munogona kubatsira vana kuti vaenderere mberi vachidzidzira munamoto wakapiwa muChidzidzo 5.

## B. Nziyo

Sechiitiko chinotevera, dzidzisi vana kuti vaimbe rumbo runotevera urwo runonderana nedingindira rechidzidzo. Vano kwanisa kuimba nziyo dzinonyanya kuvanakidza.

### Prefer Your Brother

C G/B Am7 C

I am thirsty, I am thirsty

Dm G C Am7

But my brother, he comes first

F Em Dm C

So I offer him the water

Dm G C

That will quench his thirst

#### Chorus:

F G C Am

It is a blessing to prefer your brother

F G C Am

This is a way to show you care

F G C Am

It is a blessing to prefer your sister

F G C

You are richer, the more you share

I am hungry, I am hungry

And my sister, she is too

So I give her some of my food

That's what's best to do

#### Chorus

## C. Kubata zvinyorwa nemusoro

Muchidzidzo chino, vana vachadzidzira kudetemba zvinyorwa kubva muZvinyorwa zvaBahá'u'lláh izvo zvinotikurudzira kusazvifunga. Munogona kuparura dingindira iri nenzira inotevera:

Mwari vanoda mumwe nemumwe wedu uye Vakasika mwoyo wemunhu kuti uVazive nekuVada. Kana mwoyo yedu yakachena, tinokwanisa kuona zviratidzo zvaMwari kuburikidza nezvisikwa Zvavo. Tinoona mwoyo Wavo wekupa, Tsitsi dzavo, Mwoyo munyoro wavo. Murudo rvedu kunaMwari, tinoda kuunza mufaro kune avo vatinoona

uye vakatikomberedza, kuvabereki vedu, kuvakoma nehanzvadzi dzedu, kushamwari dzedu nevavakidzani. Rudo rwedu rukuru chaizvo zvokuti chinotifadza zvakanyanya kuunza mufaro kune vamwe uye kutungamidza pamberi kurarama kwevamwe kuri nyore pamusoro pekvedu. Naizvozvo tinofunga pamusoro pevamwe vedu tisati tazvifunga. Ngatibatei nemusoro chinyorwa chinotevera chaBahá'u'lláh:

**“Akakombererwa uyo anosarudza kuisa mukoma wake pamberi asati azvifunga iye.”<sup>105</sup>**

#### *Kukombererwa*

1. Amai vaAmelia vakamukumbira kuti aende kuchitoro kunotenga zvinhu zvishanu. Haana kuzvinyora pasi asi akakwanisa kuzvirangarira zvoze, asina kumbokanganwa kana chimwe chete. Amelia akakombererwa nepfungwa dzinorangarira zvakapinza.
2. Mhuri yaVictor inoita minamoto pamwechete mangwanani oga-oga mumba mavo. Musha wemhuri yaVictor wakakombererwa nekunyengereta kuna Mwari kwainoita.

#### *Kusarudza chimwe panechimwe*

1. Ambuya vaAnoushka vanoda tsvutugadzike *yemint* ne tsvutugadzike ine mandimu, asi kana vakanzi vasarudze, vanosarudza tsvutugadzike ine *mint*. Vanosarudza tsvutugadzike ine *mint*.
2. Veasna anokwanisa kuenda kunotamba kana kuti anogona kubatsira baba vake mubindu. Akasarudza kubatsira baba vake mubindu. Veasna anosarudza kubatsira baba vake.

#### **D. Nhorooondo**

Kubva munhorooondo inotevera, ‘Abdu’l-Bahá Anotiratidza, kuburikidza nemazwi nezviito Zvake, nzira dzekusave nehanya nezvedu.

*‘Abdu’l-Bahá Aisarudza kupfeka hembe dzisingadhuri. Zvakanga zvakakosha kwaAri kwaiva kushambidzika kwepamusoro-soro. Kana Aine mbatya dzakawanda, nguva dzese Aipa dzimwe kune vamwe. Nerimwe zuva, Ainge Akoka Governor vemuAkka. Mudzimai Wake akafunga kuti bhachi Rake rakanga risina kukodzera kuti Apfeke panguva yakakosha iyi. Pachine nguva, akaenda kune mumwe musoni akanomuudza kuti asonere ‘Abdu’l-Bahá bhachi rakanakisa. Apo zuva rekushanya kwaGovernor rakange rasvika, bhachi iri rakaiswa paAiriona kuti Apfeke. Asi ‘Abdu’l-Bahá Akabva Atanga kutsvaka bhachi Rake tsaru. Zvafamba sei kuti bachi rinodhura kudai, serawaridzwa iri, ringave Rake? Pamari imwechete yebhachi iri, mamwe mabhachi mashanu anogona kugadzirwa. “Nekudaro, urikuona,” Akataurira mudzimai Wake, “Handichangova nebhachi idzva rimwechete, asi Ndichakwanisa kuva nemamwe mana ekupa vamwe!”*

#### **E. Mutambo: “Hozhwa”**

Kuitira chiitiko chinotevera, taurirai vana kuti vachazvigadzira kuita hozhwa. Kuti vakwanise kuita izvi vanofanira kumira mumutsetse, vakabatana maoko, vasingaregedze.



Munhu ari kwekapedzisira anofanira kuramba akamira. Mwana ari kwekapedzisira anofanirwa kutungamira vamwe vese vari mumutsetse kutenderera mwana ari pakati. Zvishoma nezvishoma vanofanira kuzvitenderedza vachiumbika kuita hozo.

Serimwe zano pamusoro pemutambo uri pamusoro apo, taurirai vana kuti vamire mumutsetse zvakare vobatana maoko. Zvino chitaurirai mwana ari kwekapedzisira kwedivi rimwechete remutsetse kuti atange kutenderera, zvishoma nezvishoma achiita kuti vamwe kuti vamutenderedze. Onai vachenjere kuti havatsikane pavanenge chaita izvi.

Kana nguva ichibvumira, apo vana vagadzira hozo, taurira vari pakati kuti vakotame uye ari pakati kuti aende pasi pemaoko emwana ari pedyo naye oramba achifamba pasi pemaoko evana vose kusvikira abuda muhozwa. Vamwe vana, vachiramba vakangobatana maoko vanofanira kumutevera vari pasi pemaoko evamwe kusvikira vapera vose vaita mutsetse zvakare. Zviri pachena, kuti mutambo uyu ubudirire, unofanirwa kunge uine vana vakati wandei.

#### **F. Kuisa Ruvara: Mufananiso 6**

#### **G. Minamoto yekuvhara**

### **CHIDZIDZO 7**

#### **A. Kudetamba uye kubata minamoto nemusoro**

Mushure mekunge iwe nevashoma vevana maita minamoto yekuvhara, munogona kuongorora pamwechet navo munamoto wavakatanga kubata nemusoro muChidzidzo 5.

#### **B. Nziyo (Zvichisanganisira dzokororo yenziyo dzavakadzidza kare)**

#### **Joy Gives Us Wings**

D A D G D  
Joy gives us wings to fly, joy gives us wings

D A D A D  
Joy gives us wings to fly, joy gives us wings

A D  
In times of joy, our strength grows in might

A D  
In times of joy, our intellect takes flight

A D  
In times of joy, our understanding is bright

*(continued on next page)*

D A D A D  
Joy gives us wings to fly, joy gives us wings

Dm A7 Dm A7 Dm  
But when sadness visits us, when sadness visits us

A Dm A Dm  
We become weak, our strength goes away

A Dm A Dm  
Our insights are dim, our thoughts become gray

A7  
How-ev-er

Joy gives us wings to fly, joy gives us wings Joy  
gives us wings to fly, joy gives us wings

In times of joy, our strength grows in might  
In times of joy, our intellect takes flight  
In times of joy, our understanding is bright  
Joy gives us wings to fly, joy gives us wings

### C. Kubata zvinyorwa nemusoro

Zvinotevera zvichakubatsirai pakuzivisa kuvana chinyorwa chavachadzidza muchidzidzo ichi, icho chakanangana nedingindira rekuva nemufaro:

Abdu'l-Bahá Anotitaurira kuti mufaro unotipa mapapiro, kuti kana tichinge tiine mufaro simba redu rinowedzera. Uye kana tichifara tinokurumidza kunzwisisa. Kuva nemufaro hunhu hwemwoyo we munhu. Nemwoyo uzere nemufaro, tinoona makomborero aMwari kwese-kwese kwakatikomberedza—makomborero ekuva nevabereki vane rudo, makomborero ehushamwari, uye, pamusoro pezvose makomborero ekuMuziva nekuMuda. Tinofanirwa kunge tichifara uye tiine mufaro panguva dzose uye toedza nepose patinogona kuunza mufaro kune vamwe. ‘Abdu'l-Bahá anoda kuti mwana wese apenye semarambi anopenya achiburitsa chiedza chemufaro kwese-kwese. Kutibatsirikane kurangarira kuti tinofanirwa panguva dzose kunge tiine mufaro, ngatibatei nemusoro chinyorwa chinotevera:

**“Nhai Mwanakomana weMunhu! Pembera murufaro rwemwoyo wako, kuitira kuti uve nekodzero yekusangana Neni uye nekuratidzira runako Rwangu.”<sup>106</sup>**

#### *Pembera*

1. Ronald anogara kure nambuya nasekuru vake. Paakanzwa kuti achange achizovashanyira kana zvikoro zvavharwa, akava nemufaro mukuru kwazvo. Akava nekupembera mumwoyo make.

2. Mouzhgan akabatsira amai nababa vake kudyara mhodzi dzemagaka mubindu ravo. Mwoyo wake wakafara apo magaka maduku okutanga akatanga kuoneka achimera.

#### *Kodzero*

1. Sjona akaverenga zvakasimba akawana zvibodzwa zvakanakisa kwazvo kuchikoro. Mudzidzisi akamurumbidza pakushanda kwake kune udzamu uye kwakasimba. Kushanda kwaSjona kwakave nekodzero yerumbidzo yemudzidzisi wake.
2. David anogara achichengeta zvakanaka hanzvadzi nevanin'ina vake. Vabereki vake vaiziva kuti vanogona kuvimba naye pakuchengeta vana. David akave nekodzero yeruvimbo rwevabereki vake.

#### *Kutaridzira*

1. Amari akakwiza dombo raakanga anhonga kusvikira ravakupenya zvekuti raitairidzira chiedza.
2. Mwoyo yakachena inotaridzira hunhu hwaMwari.

#### *Runako*

1. Amai va Ilana vanofarira kuona shiri zichibururuka mudenga, maruva achivhurika kutaridza runako rwawo, uye masaisai egungwa achikunguruka kuuya kumahombekombe. Vanoona runako muzvisikwa.
2. Dzimwe nguva runako rwenziyo runobata mwoyo yedu zvekuti zvinounza misodzi mumaziso edu.
3. Chero nguva apo Munir anoita minamoto, anorangarira runako rwaMwari, Rudo Rwawo, kuva nemwoyo wekupa Kwavo uye huchenjeri Hwavo.

#### **D. Nhorooondo**

Nhorooondo inotevera inotaridza vana kuti 'Abdu'l-Bahá Aiunza sei rufaro kune avo vainge vari padyo Naye.

*Leroy Ioas akanga ari mutendi ane mukurumbira wechiBaha'i uyo wamunokwanisa kuzodzidza nezvake pamuri kukura. Akanga ari mukomana wechidiki mugore ra1912 apo 'Abdu'l-Bahá Akashanyira guta reChicago. Ungafungidzira here mufaro wakave nemwana wepamweya mudiki uyu kuti aizove nemukana wekuve aina 'Abdu'l-Bahá? Nerimwe zuva apo iye nababa vake vainge vachienda kuhotera uko 'Abdu'l-Bahá Aigara, Leroy akava neimwe pfungwa: Akafunga kuti aida kuenda nemaruva ekunopa 'Abdu'l-Bahá. Nekamari kashoma kaakanga ainako akakwanisa kutenga chitsama chemaruva eruvara rwuchena anozvi macarnitions. Asi pavakazenge vasvika kuhotera, akanga ahandura pfungwa yake. Akafunga kuti haachadi kupa chinhu chepasi rino kunaMaster, kunyange maruva akanga akanaka. Aizopa 'Abdu'l-Bahá mwoyo wake. Ichi ndicho chinhu chinokoshesesa chaaida kupa. Naizvozvo Baba vaLeroy vakapa maruva aya kuna 'Abdu'l-Bahá vasina kumboMuudza kuti ndiani akanga auya nawo.*

*'Abdu'l-Bahá akabva apa hurukuro kushamwari dzose dzakanga dzaungana pahotera kuti dzisangane Naye. Panguva yenhauro iyi, Leroy akagara akanyarara ari pedyo netsoka dza 'Abdu'l-Bahá achiteerera mazwi Ake ehuchenjeri nerudo. Pakupedzisira, Master Vakasimuka ndokutanga kukwazisa vashanyi, Achipa mumwe nemumwe ruva recarnation sechiratidzo cherudo Rwake. Leroy akanga zvino amira mumashure maMaster. Leroy akafunga akati "Oh ndinoshuvira kuti dai Master Vakatendeuka Vakandipawo rimwe remaruva aya." Kuda mukati memwoyo wake Leroy aida kuti Master vazive kuti ndiyani chaiye akanga Ava unzira maruva akanaka aya. Asi rimwe nerimwe remaruva aya rakanga richingopiwa kune vamwe zvekutoti zvakanga zvisingataridze kuti Leroy aizokwanisa kuwana ruva. Pasina chinguva Master Vakabva Vatendeuka ndokutarisa Leroy Ioas mumaziso. Kumeso kwa 'Abdu'l-Bahá kwaipenya nerudo, maziso Ake akazadzwa nenyasha. 'Abdu'l-Bahá Akamupa ruva jena recarnation here? Kwete. 'Abdu'l-Bahá Akapa Leroy chinhu chakakoshesesa. 'Abdu'l-Bahá Akanga Akaisa pabhachi Rake raAkanga Akapfeka ruva dzvuku reerozi. Akabva Aribvisa pabhachi Rake ndokuripa kune mukomana uyu. Mwoyo waLeroy wakasvetuka nemufaro. Master Vaitoziva kuti ndiani akanga Avaunzira maruva machena emacarnation.*

#### **E. Mutambo: "Kubata Muswe weDragon"**

Kuti chiito chinotevera chitange, tangai nekuudza vana kuti vamire mumutsetse, mumwe nemumwe akabata mapfudze kana chiuno chemwana ari pamberi pake. Mwana wekutanga mumutsetse ndiwo musoro wedragon. Mwana wekupedzisira mumutsetse ndiwo muswe wedragon uyu wakamirira kuenda kurudyi kana kuruboshwe uchitiza musoro wedragon. Kusvikira kwadaidzirwa kuti "Tangai" (Go) dragon rinofanirwa kuramba riri mumutsetse wakatwasuka. Mumwe wevana anofanirwa kudaidzira "motsi, piri, tatu, tanga! (one, two three, go!) Panongodaidzirwa kuti "tanga!" (Go) musoro unobva watendeuka kutarisa kumuswe uchiedza kubata muswe. Muviri wese unofanirwa kufamba nemusoro usina kudambuka. Kana musoro ukakwanisa kubata muswe, kana kuti muviri ukadambuka musoro usati wabata muswe, musoro unobva waita muswe, mwana anotevera mumutsetse obva aita musoro. Mutambo uyu unoenderera mberi saizvozvi kusvikira mwana wese awana mukana wekuita musoro nemuswe kunyange kari kamwechete zvako.

#### **F. Kuisa Ruvara: Mufananidzo 7**

#### **G. Minamoto yekuvhara**

### **CHIDZIDZO 8**

#### **A. Kudetemba uye kubata minamoto nemusoro**

Vhurai chidzidzo semazuva ese nekudetemba minamoto yakabatwa nemusoro, mozokumbira vamwe vevana vanenge vakasarudzwa kare kuti vaitewo minamoto. Munogona kuchiongorora nevana munamoto wavakatanga kudzizira muChidzidzo 5.

**B. Nziyo (zvichisanganisira dzokororo yenziyo dzakadzidzirwa mumashure)**

At All Times

Chorus:

E A

We should at all times manifest

B E A B

Our truthfulness and sincerity

E A

We should at all times manifest

B E A B

Our truthfulness and sincerity (*repeat*)

E A B

When I speak, I share from the bottom of my heart

E A B

I let kind and true words be my art

E A B

Oh what a treasure is sincerity

A E B E

A beautiful mix of honesty and purity

A E B E A E

Oh what a treasure is sincerity

When I serve, I give from the bottom of my heart

I purify my thoughts and pray before I start

This way my actions can build true unity

Oh what a treasure is sincerity Oh

what a treasure is sincerity

When I pray, I pray from the bottom of my heart

I close my eyes and think of God

I don't think of my desire, I don't think of what I need

I think of how sincerity can shine through my deeds

Oh what a treasure is sincerity

Chorus (*repeat twice*)

**C. Kubata zvinyorwa nemusoro**

Kuti mupakure chinyorwa chekubata nemusoro, munogona kushandisa pfungwa dzinotevera dzinoenderana nedingindira rechidzidzo.

Kana mazwi nezviito zvedu zvichitaridza zviri mumwoyo medu, tinenge tichitaridza hunhu hwemwoyo wechokwadi. Mwoyo wechokwadi unotikurudzira kuti tive muchokwai uye kuvimbika mumaitiro edu kune vamwe. Semuenzaniso, kana tichiti tine hurombo nezvatinenge taita uye tichizivawo mumwoyo medu kuti tichaita nemwoyo yedu yose kuedza nepatinogona kuti tisadzokorora zvatinenge tatadza, tinenge tichiratidza hunhu hwechokwadi. Chokwadi chinoita kuti tive muchokwadi uye tive vakavimbika mukubata kwatinoita vamwe. Kubudikiza nemwoyo wechokwadi ndiko kunoita kuti vanhu vakwanise kuona kuchena kwemwoyo yedu uye vobva vaisa chivimbo chavo matiri. Kuti tibatsirikane kurangarira kukosha kwehunhu uhu, tichabata nemusoro chinyorwa chinotevera cha'Abdu'l-Baha:

**“Tinofanirwa panguvadzose kutaridza chokwadi chedu nemwoyo wechokwadi...”<sup>107</sup>**

#### *Kubuditsa Pachena*

1. Csaba akapukuta mavhu kubva pademhe regakanje remunyanza iro raakanga awana kumahombekombe kwenyanza achibva ari kwenenzvera kusvikira ravakutsvedzerera uye ravakupenya. Paakanga apedza, runako chairwo rwedemhe iri rwakabva rwabuda pachena.
2. Apo zuva paraibuda, mhute yemangwanani ichisimuka, kuyevedza kwemakomo kwakabva kwabuda pachena.

#### *Mwoyo wechokwadi*

1. Leo ari kutyira kuti vachashaya punditso muzvidzidzo zvavo, nokudaro anovapa zano rekuti vadzidze nekuverenga pamwechete uye vaedze kufunga nzira dzavangabatsirana nadzo pakudzidza kwavo. Kushushikana kwaLeo nezvekubudirira kwevamwe vaanodzidza navo ndekwemwoyo wechokwadi.
2. Rosa akavimbisa amai vake kuti aizoita basa rake rekuchikoro rinoitirwa kumba mazuva ese. Apo vabereki vake vanenge vasipo, Rosa anoita basa rake rekuchikoro nemwoyo wake wose. Rosa akava nemwoyo wechokwadi pakuvimbisa kwake.

#### **D. Nhorroondo**

Nhorroondo yamuchataurira vana muchidzidzo chino ichavabatsira kuti vafunga pamusoro pekuti zvinorevei kuva nehunhu hwemwoyo une chokwadi uye kuona kusavapo kwehunhu uhu.

*Kwemakore akawanda paive nemuti wakanga uri kuseri kweimba yemumwe murume nemukadzi wake nevana vakati wandei. Paikura muti uyu, mapazi awo aikwira mudenga nekupararira, achipa mumvuri kuseri kwemba yemhuri iyi. Nenumwe musi munguva yechando, baba vepamba apa vakapfuura nepasi pemuti uyu apo pavakasangana nemuvakidzani. Vakakurukura zvishomanana pamusoro pezvaitika mazuva ose munharaunda. Kwaperera kanguva, muvakidzani achitarisa muti mukuru uyu, akabva ati kumurume uyu, “Unoziva, yave nguva yekuti uteme zimuti iri. Riri kuramba richikura zvisina mwero. Ko rimwe remapazi rikatyoka rikadonhera*

*padenga reimba yako, kana kuti rikadonha rikarova mumwe wevana vako vachitambira pasi paro?” Pavakaparadzana, baba vepamba apa vakafungisisa nezveyambiro yavakanga vapiwa nemuvakidzani uyu. Muti uyu wakanga wagara kubvira kare haachatombozivi kuti kubva riini, asi hapana chakaipa chakanga chamboitika. Waipa mumvuri wakanaka munguva yekupisa uye waivharidzira imba kubva kumhepo yechando. Waitaridzika kuve wakasimba. “Zvakadaro, pamwe muvakidzani wangu ari kureva chokwadi,” akadaro achitaura oga. “Zimwe muti uyu haunakumira zvakasimba sekuratidzika kwawakaita. Ko kana muti uyu usina kusimba sezvaunotaridza kuve?” Akabva afunga kuutema.*

*Rakanga riri basa guru kwazvo, nekuti muti uyu wakanga wakakura uine zvidimbu zvemapazi, mamwe mapazi acho akanga ari mudenga denga. Achangopedza kuutema muvakidzani wake akabva asvika aine vana vake vakomana vaviri vaine ngoro. Ndaona wazofunga kutema muti uyu, akadaro muvakidzani, akatarisa mirwi yehunhi yakanga iripo. Ndinofunga kuti unotoda mumwe munhu kuti abvise mirwi yese iyi. Pamwe tingangogona kukubatsira. Ndauya nengoro yangu nevanakomana vangu vaviri. Tinokwanisa kukubatsira kubvisa matanda ese aya kubva mumusha mako.” Vasina kumbomirira mhinduro, vakomana vava vakabva vatanga kuisa huni dziya mungoro. Pavakanga vave kuenda, baba vepamba apa vakabva vagara pachitsiga chemuti uya wakanga wachengetedza imba yavo kwemakore. Ipapo ndipo pavakabva vaziva kuti muvakidzani wavo akanga asinei nekuchengetedzeka kwehupenyu hwemhuri yavo asi kuti aida huni dzekuti iye adziirwe mumwedzi yechando. “Zviratidzo zvekunze, zvirokwazvo zvinogona kusave zvechokwadi.” Akadaro achishushikana. Zvinosuwisa sei kuti mhuri iyi yakarasikirwa nemuti wayo wakanaka kudai zuva iroro. Asi chinusuwisisa zvakare—kuti muvakidzani akararasikirwa nechivimbo cheshamwari yake uye mukana wekuwana mufaro wakanaka waMwari.*

#### **E. Mutambo: “Kutonhora kana kupisa”**

Tangai nekuvhara maziso eumwe wevana momuudza kuti asuduruke kubva kune vamwe. Itai kuti vamwe vana vose vavige chinhu chidiki, semuenzaniso penzura, kana kireyoni, mwana wekutanga uya akasungwa kumeso anosunungurwa otaurirwa kuti atsvake chinhu chiya chavigwa. Vamwe vose vanomubatsira nekuombera zvine ruzha rwunoramba rwuchiwedzera apo mwana uyu avakusvika panzvimbo yakavigwa chinhu ichi. Kana mwana ava kuenda kure nenzvimbo yakavingwa chinhu kuombera kunodzikira kuita zvisvishoma zvisvishoma. Pachinzvimbo chekuombera, vana vanogona kudaidzira kuti “kudziya”, “kuziyisa”, uye “kupisa” apo mwana ari kutsvaga ava kuswadera pachinhu chakavigwa uye “kutonhora”, “kutonhoresa” ne “kuoma chando” kana mwana avakuenda kure nacho. Vana vanofanirwa kuchenjera kuti vasa nyepera shamwari yavo iri kutsvaga chinhu chakavigwa; nekuti anozoshaya chivimbo mune vamwe vake, uye mutambo unobva washaya basa.

#### **F. Kuisa Ruvara: Mufananidzo 8**

#### **G. Minamoto yekuvhara**

## CHIDZIDZO 9

### A. Kudetamba uye kubata minamoto nemusoro

Kuti mutange chiitiko uye muzvimwe zvidzidzo zvitatu zvinotevera. Sarudzai munamoto wekudetamba nemwoyo, seuyo unowanikwa muChikamu 10. Vamwe vana vashoma vanogona kubatana nemi pakuita minamoto yekuvhura, mushure mukuita izvi munogona kuvazivisa nezvemunamoto uri pazasi wekuti vabate nemusoro. Munamoto uyu wakareba kudarika iyo miviri yavakabata nemusoro muzvidzidzo zvakapfuura, asi hauvanetsi kuunzwisisa, uya vose vanofanirwa kuubata nemusoro vasati vasvika kuChidzidzo 12.

**“Yakakomborerwa iyo nzvimbo, neimba, neirwo ruwa, neguta, nemwoyo, negomo, nehutizi, nebako, nemupata, nemunda, negungwa, nechitsuwa, neuro bani apo izwi raMwari radetembwa nembiri yake ichirumbidzwa.”<sup>108</sup>**

### B. Nziyo (kusanganisira dzokororo yenziyo dzakadzidzwa mumashure)

#### Be Like the Earth

C G  
See the earth  
F G C  
It's so humble  
C G  
Has all God's wealth to give  
F G C  
Everything we need to live  
C G  
Lets us walk on it every day  
F G C  
But have you ever heard it say  
C G  
“I am richer  
F G C  
Greater than you”

See the tree  
It's so humble  
The more its fruits abound  
It bows closer to the ground And  
shares the fruit that way  
But have you ever heard it say  
“I am richer Greater  
than you”

*(continued on next page)*





2. Giovanni akaona muvakidzani wake wechikuru achinetseka kufamba achienda kumba nemabhegi ake egirosari, saka akazvipira kumutakurira nyenyasha.

#### **D. Nhorroondo**

*Kuzvininipisa yaive imwe yetsika dza ‘Abdu’l-Bahá’s yainyanya kuzivikanwa. Vanhu vazhinji vaida kumupa mazita makuru, asi Aingoda kunzi “‘Abdu’l-Bahá”, zvinoreva kuti “Muranda weKumbinya”. Chishuvo chake chikuru chaiva chokupa shandiro. Imwe nguva, vamwe vashanyi vakapfuma vakaita hurongwa hwekuti Ageze maoko Ake asati adya. Vakaronga kuti mukomana akanga akapfeka zvakanyanyisa kunaka atakure mbiya yemhando yepamusoro-soro ine “mvura yakauchikwa”, uye vaivawo netauro rinonhuhwirira rakaMumirira. Master pavakaona boka reshawari richiuya richibva mhiri kwelawn—nemukomana wechidiki, mbiya, netauro—Aiziva chinangwa chavo. Akakurumidza kuwana mvura pedyo, akageza maoko ake, ndokuaomesa nejira raiva nomurimi webindu. Nemufaro mukuru, Akacheuka kuti amhorese boka iri. Uye ipapo, achipa vaenzi vake rukudzo chairwo rwakanga rwagadzirirwa Iye, Akavapa norudo mvura netauro rinonhuhwirira!*

#### **E. Mutambo: Dzimwe nguva tiri varefu**

Vharai meso eumwe wevana uye kuita kuti vamwe vose vaite denderedzwa rakamupoteredza. Pamwe chete, ngavataure kuti:

“Takareba kwazvo.” (Vanofanira kumira nezvigunwe zvavo uye kutambanudza kureba kwavo kusvika pavanokwanisa.)

“Tiri vapfupi kwazvo.” (Vanofanira kuchonjomara pasi vozviita vapfupi kusvika pavanokwanisa.)

“Dzimwe nguva takareba.” (Vanotambanudza makumbo zvakare.)

“Dzimwe nguva isu tiri mapfupi.” (Vanochojomara pasi zvakare.)

Zvino ratidzai kuvana, zvichiratidza kuti vanofanira kumira vakareba here kana kuti vakachonjomara pasi, moita kuti vataure panguva imwechete:

“Fembera zvatiri ikozvino!”

Mwana anenge akavharwa kumeso anofanira kuzama kufembera achishandisa mazwi evamwe vana kuti azive kuti vakamira here kana kuchonjomara. Mwana wega-wega anofanira kuwana mukana wekumnovharwa kumeso.

#### **F. Kuisa ruvara: Mufananidzo 9**

#### **G. Minamoto yekuvhara**

## CHIDZIDZO 10

### A. Kudetemba uye kubata minamoto nemusoro

Mushure meminamoto yekuvhura, vana vanoenderera mberi nekubata nemusoro munamoto wakaparurwa muChidzidzo chapfuura.

### B. Nziyo (Kusanganisira dzokororo yenziyo dzakadzidzirwa kumashure)

I Thank and Praise Thee Lord

C Am Em  
I thank and praise Thee Lord  
F G  
For the crown of mercy  
C Am  
Set upon my head

F C  
It will forever glow  
G7 Am  
The more gratitude I show  
Dm G7 C  
I thank and praise Thee Lord

I thank and praise Thee Lord For  
the love and knowledge  
Implanted in my heart  
They will grow and grow  
The more gratitude I show  
I thank and praise Thee Lord

I thank and praise Thee Lord  
For the light of truth  
That illumines my eyes  
I will see Thy bounties flow

The more gratitude I show  
I thank and praise Thee Lord  
I thank and praise Thee Lord

### C. Kubata zvinyorwa nemusoro

Chinyorwa chekubata nemusoro chinogona kuparurwa kuvadzidzi nenzira inotevera:

Kana tichinge tagamuchira chipo chingave chiri chidiki zvakaita sei, tinotenda munhu anenge atipa chipo ichi. Koo zvakakosha zvakadii, naizvozvo, kuti tinga tenda zvakadii kuna Mwari nemakomborero Avo akawanda nenyasha—maziso ane hanya anotiriritira, mwoyo inotida, nezvese zvaVakasika kuitira kuti tikure nekubudirira. ‘Abdu’l-Bahá Anotitaurira kuti tinofanirwa kupa kutenda kuna Mwari nenyasha dzakawanda dzaVakatipa uye kuzadza kwaVakaita mwoyo yedu nerudo rwaVo. Tinofanirwa kupa kutenda kuna Mwari panguva dzose, kunyangwe munguva dzekutambudzika. Kupa kutenda kuna Mwari kunotibatsira kuti tirambe tichipiwa makomborero Avo akawanda asingaperi. Ngatichibatai nemusoro chinyorwa chinotevera:

**“Ivai mune mufaro. Ivai mune kugutsikana. Simukai mupe kutenda kuna Mwari, kuitira kuti kutenda kwenyu kuve honzeri yekuwedzerwa kwezvipo.”<sup>110</sup>**

#### *Simukai*

1. Salma akafara kuona mbuya vake vachimuka kubva pavanorara vachienda kunofambafamba mushure menguva yakareba vachirwara.
2. Vana vanomuka mangwanani egaega vachiita minamoto.

#### *Honzeri*

1. Nadia anogara akashambidzika. Anoziva kuti kushambidzika kwakakosha pakukura kwemweya. Kushambidzika ihonzeri yehunhu hwemweya.
2. Nhengo dzemhuri yaSeff dzinoita mushandira pamwe zichibatsirana muzvinhu zvose zvakakosha. Nekuti vanoita mushandira pamwe, vanogara mukuwirirana. Mushandirapamwe ihonzeri yekuwirirana.

#### *Kuwedzerwa*

1. Gore rakapera, Chikoro chaMaria chakanga chine vadzidzisi vashanu chete. Gore rino chave nevadzidzisi vasere. Huwandu hwevadzidzisi vepachikoro ichi hwakawedzerwa nevatatu.
2. Shayan mukomana anofara, uye mufaro wake unokura zvakatonyanya panguva dzose dzaanokwanisa kubatsira vamwe. Mufaro wake unowedzera paanopa shandiro kune vamwe.

### D. Nhorroondo

*Rimwe zuva, mukadzi akapfuma akauya kubva kure kuzoona ‘Abdu’l-Baha muNyika Inoera. Achitaura zvole, akatanga kumuudza matambudziko ake aive madiki, rimwe nerimwe. ‘Abdu’l-Baha Akateerera kwaari nemwoyo murefu netsitsi kwenguva yakati rebei kusvikira, pakupedzisira, Akadaidza kune zimwe basa. Asati asiya muenzi Wake,*

*zvadararo, Akanongedzera kune murume aifamba panze pefafitera. “Heyo murume uyo waNdichaunza muno kuti azokuona.” Akadararo. “Zita rake rinonzi Mirza Haydar-Ali. Anofamba pasi asi anogara kudenga,” ‘Abdu’l-baha Akatsanangura. “Akawirwa nematambudziko akawanda uye achakuudzai nezvawo.”*

*Mirza Haydar-Ali akawirwa nematambudziko zvechokwadi. Aibva kuPersia, uko maBaha’i vaibatwa zvisina ruenzaniso nehutsinye hwekupedzisira. Vamwe akasungwa uye vakaiswa mujeri zvisiri pamutemo; vamwe airohwa nevanhu vakanga vazere neruvengo nehasha. Zvinga suwisa mwoyo yenyu zvakanyanya kunzwa pamusoro pematambudziko ose ayo Mirza Haydar-Ali aakarwadziwa nawo muupenyu hwake.*

*Zvino, ‘Abdu’l-Bahá Akabuda panze kunotora Mirzá Haydar-‘Alí kumuudza kuti azosangana neMuenzi Wake. Mushure mekumuzivisa kune mudzimai uyu, ‘Abdu’l-Bahá Akabva Aenda. Pasina nguva Mirzá Haydar-‘Alí akatanga kutaura naye nemufaro mukuru uye akazvinipisa nezve nguva yakanakisisa iyo tiri kugara uye makomborero ose aMwari achauya. Muenzi uyu akateerera kwekanguva kadiki, pasina mwoyo murefu achibva amudimburira panzira achiti, “Asi ‘Abdu’l-Bahá Ati uchanditaurira nezvematambudziko ako.” Mirzá Haydar-‘Alí akabva asimudza musoro achishamisika. “Matambudziko?” akapindura. Sei nhai amai, handina kumbobvira ndawona chero dambudziko. Handizivi kuti matambudziko chii.” Zvadararo, ‘Abdu’l-Bahá Aiziva kuti, kunyangwe zvake Mirzá Haydar-‘Alí akanga asangana nekuomerwa kwakakurisisa, haana kumbobata mufaro wake, uye aiona makomborero chete ayo Mwari Vakanga Vamupa muhupenyu, ayo aakava nekutenda nawo.*

#### **E. Mutambo: “Kuchidziro inokasika”**

Ask the students to form a circle holding hands. First, have them practice squeezing their left hands and then their right hands. Afterwards, explain to them that they are going to send a “pulse” signal through the group. One child will begin by quickly squeezing the hand of the child to his or her right, who will pass the signal on to the next child, and so on, until it returns to the first child. The children should be timed and challenged to go faster and faster. Once they have learned this basic Mutambo, you can ask them to send the pulse in the opposite direction or to increase the number of squeezes per pulse. Taurirai vana kuti vagadzire denderedzwa vakabatana maoko. Chekutanga, itai kuti vadzidzire kudzvinya maoko avo ekuruboshwe vozaita maoko avo ekurudyi. Mushure mazvo, vatsanangurire kuti vachatumidzira kakugwinha kachatenderera denderedzwa rese. Mwana mumwechete achatanga kudzvinya nekukurumidza ruoko rwemwana ari kurudyi rwake uyo achaendesa kugwinhwa uku kune mwana anotevera zvichiramba zvadararo, kusvikira kugwinha uku kwadzokera kumwana wekutanga. Vana vanofanirwa kupiwa nguva kuitira kuti vazviite nekukurumidzisa. Kana vana vachinge vave kuziva maitirwo emutambo wacho, vanogona kunzi vashandure divi kana kuti vodzvinya ruoko kakawanda.

#### **F. Kuisa ruvara: Mufananidzo 10**

#### **G. Minamoto yekuvhara**

## CHIDZIDZO 11

### A. Kudetemba uye kubata minamoto nemusoro

Vhurai chidzidzo senguva dzose nekudetemba munamoto nemusoro uye kukoka vadzidzi vashoma kuti vadetembe munamoto mumwechete. Unozochikwanisa kubatsira vana kuenderera mberi nekubata nemusoro munamoto wavakatanga kudzidzira muChidzidzo 9.

### B. Nziyo (kusanganisira ongororo yenziyo dzakadzidzwa mumashure)

#### Looking for Good

C

I've got excellence as my goal

F7

But I've got a long, long way to go

C

And I know it helps me on my way

G7

C

When I see the good in every day

F7

So if I see something you do wrong

C

I won't sing about it in this song

G7

I won't talk about it with my friends

F7

C

I won't even think about it again

Chorus:

F7

I'll look at the good in you

C

I'll look at the good in you

G7

I know that you'd want me to

F7

C

'Cause that's what I'd want you to do

F7

And God looks for the good in me

*(continued on next page)*

C                      Am

He looks for the good in me

C                      G

And when I put a cover

F7

On those little faults of others

C                      G7                      C

I hope God will put a cover on my faults too

‘Abdu’l-Bahá was very wise  
 He saw your heart inside your eyes  
 And when He noticed something wrong  
 He’d find some way to make you strong  
 So if I find some fault in you  
 I know just what I have to do I  
 won’t go tell anybody else No,  
 I won’t even tell myself

Chorus

### C. Kubata zvinyorwa nemusoro

Zviri kukurudzirwa kuti uparure dingindira rechidzizo uye chinyorwa chekubata nemusoro uchipakurirana nevadzidzi vako pfungwa dzinotevera:

Kuregerera ndehumwe hwehunhu hwaMwari. ‘Abdu’l-Bahá Anotitaurira kuti tinofanirwa kugara tichiregererana. Tinofanirwa kuona nemeso ane ruregerero tisingatarise matadzo emumwe neumwe. Kana tikatevedzera muenzaniso wa’Abdu’l-Bahá, tichava tinotaridza ruregerero kwete kushamwari dzedu chete kana dzichinge dzakanganisa asi kunewo avo vanotiitira hutsinye. Kuti tibatsirikane pakuedza kwedu kuva tinoregerera, ngatibatei nemusoro chinyorwa chinotevera:

**“... itai kuti chishongo chenyu chive ruregerero netsitsi uye icho chinofadza mwoyo yevadikani vaMwari.”<sup>111</sup>**

*Tsitsi*

1. Mvura yakanaya kwemazuva nemazuva. Kunyangwe nharaunda yakanga yazara nemvura, mvura haina kumira kunaya. Mvura haina kumbotaridza tsitsi.
2. Kana tichinamata kuna Mwari, Vanoregerera matadzo edu. Vanotiratidza tsitsi.

*Fadza*

1. Ursula akanga asiri kunzwa zvakanaka. Shamwari yake Elsie akamuunzira maruva ndokubva agara naye kwenguva yakareba achimutaurira nyaya uye nekungotaurawo

naye. Kushanya kwaElsie kwakaita kuti Ursula anzwe zviri nani. Kushanya kwake kwakafadza moyo waUrsula.

2. Mai Sanchez vakatambira tsamba yakareba kubva kumurume wavo uyo akanga aenda kune dhorobha raive pedyo kunoshanda. Tsamba yakanga iine nhau dzaifadza dzekuti murume wavo akanga achidzoka kumba munguva shoma inotevera. Nhau idzi dzakafadza Mai Sanchez.

#### *Vadikani*

1. Mudzidzisi aida vana vake vose uye aipa nguva nehanya kune umwe neumwe wavo. Aivadisisa vose.
2. James aida zvidzidzo zvose zvekuchikoro asi aigonesesa kuscience. Science chaiva chidzidzo chaadisisa.

#### **D. Nhorondo**

*Mumazuva ayo 'Abdu'l-Bahá aigara muAkka, paiva nemutungamiriri wedunhu uyo aizama, nguva nenguva, kuitira maBahá'í zvinhu zvakaipa. Pane imwe nguva akafunga zano rekuparadza nzira dzeraramo dzemaBahá'í: akabva atuma mauto ake kuti vavhare zvitoro zvemaBahá'í ose uye kuti vaunze makiyi (svumbunuro) acho kwaari. Asi 'Abdu'l-Bahá Akabva Aziviswa nezvehurongwa hwemutungamiri uyu Achibva Audza maBahá'í kuti vasavhure zvitoro zvavo mangwana acho. Akavaudza kuti vamire vazoona kuti Mwari Achapa mutongo upi.*

*Chifungai kuti mutungamiriri uyu akashamisika sei apo akanzwa kuti vachengeti vake vakanga vasina kukwanisa kumuunzira makiyi nekuti zvitoro zvose zvakanga zvisina kuvhurwa. Asi asati ambowana nguva yekufunga kuti angaite sei, chimwe chinhu chakanga chisingafungidzirwe chakabva chaitika. Telegram kubva kuvakuru vemutungamiriri uyu yakabva yasvika ichitaura kuti mutungamiriri uyu abviswa pahutungamiriri hweguta. Nekudaro zvitoro zvema Bahá'í zvakabva zvaponeswa.*

*Mutungamiri wekubviswa uya akabva audzwa kuti abude muAkka aende kune rimwe guta rinonzi Damascus. Akatadza kuziva kuti zvino odii. Aitofanirwa kubuda muAkka nekukurumidza ari oga. Chii chaizoitika kumhuri yake? Ndiyani angada kubatsira munhu akanga asisadiwe nehurumende? Master vakanzwa nyaya iyi Vakabva Vaenda kunomunona. Master vakaratidza rudo rukuru kmurume uyu ainge asisina mufaro sekunge ainge asiri muvengi kuRudaviro. Hapana kana nguva imwechete iyo Master vakambotaura nezvekutadza kwake. Asi kuti Vakatozvhipira kuti Vamubatsire neipi zvayo nzira Yavaikwanisa. Mutungamiriri uyu akanga achishushikana pamusoro pekusiya mukadzi nevana vake. 'Abdu'l-Bahá Akamuvimbisa kuti Aizoona zvokuita nedambudziko rake iri. Pashure penguva, Akaronga kuti mhuri iyi ive nekufamba kuri nyore, uye Akaronga kuti pave nemunhu akavimbika aizoperekedza mudzimai nevana, Achibva Abhadhara mari yese yaidiwa ndokutumira mhuri iya kuDamascus.*

*Apo uya aimbova mutungamiri weguta akabatanidzwa nemhuri yake, akafara chaizvo. Nemwoyo uzere nekutenda, akatendeukira kune murume akanga aperekedza mhuri yake achibva amubvunza kuti rwendo rwese rwakanga rwaita marii. Murume uye*



*akabva amutsanangurira kuti zvese 'Abdu'l-Bahá Akanga Abhadhara. Aimbova mutungamiriri uyu akabva aedza kupa murume akanga aperekedza mhuri yake chipo chekumutenda nekuva nehanya uye mwoyo murefu pakufamba kwaakanga aita. Naizvozvo, murume uye akapindura achiti aishuvira chose kutevedzera chido cha 'Abdu'l-Bahá chekuti adzoke ku 'Akká pasina kunonoka. Aimbova mutungamiri uyu akakumbira murume uyu kuti amboiti mirirei kwenguva inokwana kuti anyore tsamba kuna 'Abdu'l-Bahá. Murume uyu akabvuma kumirira tsamba iyi iyo yaakanosvikopa kuna 'Abdu'l-Bahá paakasvika kuAkka. Tsamba iyi yaiti "Nhái 'Abdu'l-Bahá, ndinonamatira kuti Mundiregererewo. Handina kunge ndakanzwisisa. Ndakanga ndisingakuzivei. Ndakakuunzirai zvitema zvakanakura. Asi Imi Mandipa mubairo wezvinhu zvakanaka."*

**E. Mutambo: “Vanhu kuVanhu”**

Udzai vana kuti vafambe zvisina tsarukano vachiombera maoko vachiti, “people to people”. Pamunoshevedza kuti “back to back”, vanofanirwa kumira, uye mumwe nemumwe adzokere kune mumwe wake. Kubva pashevedzo yako, ivo vanofanirwa kutanga kufambafamba zvakare, vachiombera uye vachiti, “people to people”. Pamunoshevedza kuti “face to face”, vanofanirwa kumira uye mumwe nemumwe akatarisana nemumwe, vakakotamisa misoro. Pamutambo uyu vanogona kuenderera mberi nenzira iyi, mirairo miviri iyi ichidzokororwa kakawanda. Mimwe mirairo inogona kuwedzerwa, semuenzaniso, “knee to knee” uye “elbow to elbow”.

**F. Kuisa ruvara: Mufananidzo 11**

**G. Minamoto yeKuvhara**

**CHIDZIDZO 12**

**A. Kudetemba uye kubata minamoto nemusoro**

Senguva dzose, kirasi inofanira kutanga nekuvhura minamoto. Munogona kuzoongorora nevana munamoto wavakange vachidzidza pamusoro pawo muZvidzidzo zvitatu zvapakafuura. Munofanira kuona kuti vose vanokwanisa kuidetemba zvakanaka, sezvo muchange muchizoparura umwe munamoto mutsva wekuti vabate nemusoro muChidzidzo 13.

**B. Nziyo (kusanganisira nedzokororo yenziyo dzemumashure)**

Brighter Than the Sun

C	G	D	G
Truthfulness is brighter than the light of the sun			
C	G	D	G
Truthfulness is brighter than the light of the sun			

*(continued on next page)*

C G D G  
With truthfulness, O people, beautify your tongues

C G D G  
With truthfulness, O people, beautify your tongues

Honesty adorns the soul of everyone  
Honesty adorns the soul of everyone  
Honesty is brighter than the light of the sun  
Honesty is brighter than the light of the sun

### C. Kubata zvinyorwa nemusoro

Pazasi pane pfungwa shoma dzamunogona kugovana nevadzidzi venyu kuti vatsanagure dingindira reChidzidzo, rinova kutendeseka, uye chinyorwa chavachabata nemusoro

Mapindu akashongedzwa nemaruva emhando dzakasiyana-siyana uye mavara. Muchirimo, miti yemichero inoshongedzwa nemaruva anonhuhwirira. Tinozvishongedza nenguwo dzakachena uye dzakachena. Zvese izvi zvishongo zvinogadzira runako. Asi, kupfuura zvinhu zvepanyama, kupenya kwehunhu hwepamweya kunoita kuti vanhu vave vakanaka, kunounza mufaro kumwoyo yedu. Humwe hunhu hwakanaka kwazvo hunogona kushongedza hupenyu hwedu hunova kutendeseka. Patinozvishongedza nekuvimbika, hatitore zvinhu zvevamwe pasina mvumo yavo, hatimbobiridzira kana kunyengedza chero munhu kuti aite chimwe chinhu. Kutibatsira kuyeuka kunaka kwekuvimbika, ngatibate nemusoro mashoko anotevera aBahá'u'lláh:

**“Shongedzai ndimi dzenyu, imi vanhu, nechokwadi, uye mushongedze mweya yenyu nechishongo chokuvimbika”<sup>112</sup>**

*Shongedzai*

1. Malit akadyara marozi akanaka mubindu. Maruva anoshongedza bindu.
2. Sunil anotaura chokwadi chete. Mashoko ake anogara akashongedzwa nechokwadi.

### D. Nhorroondo

*Muchikamu chekupedzisira chehupenyu hwake, ‘Abdu’l-Bahá akakwanisa kuenda kunzvimbo dzakawanda pasi rose. Kwose Kwaaienda, Aisangana nevanhu vanobva kumativi ose ehupenyu—vashandi uye vatungamiri, vadzidzisi uye mascientist—uye Akaita chero zvaigona kuita kuti munhu wose anzwe kusununguka. Rimwe zuva, muEgypt, Akanga akoka mukuru-mukuru wehurumende kuti ave muenzi wake pakudya kwemasikati. ‘Abdu’l-Bahá akaita zano rekushandisa ngoro kuti vatyaire kwavaienda, sezvo mukuru wacho akanga ajaira mutambarakede wakadai.*

*Kufamba ngoro iyi hakuna kutora nguva refu, uye pasina nguva vakasvika pakudya kwavo kwemasikati. Asi mutyairi wengoro paakasvika kuna ‘Abdu’l-Bahá kuti*

*abhadharwe, akakumbira mari inopfuura mutengo wakanaka parwendo rwacho. 'Abdu'l-Bahá aiziva kuti mutyairi akanga asiri kutaura chokwadi. Akabhadhara murume wacho chete mutengo unokodzera, akabva atendeuka kuti aende.*

*Mutyairi paakaedza kuita nharo, 'Abdu'l-Bahá akamira akasimba. Akaudza murume wacho kuti, kudai akanga akatendeseka pamusoro pemari yacho, angadai akapiwa mubayiro wakanaka. Master vakabva vaenda vachisiya mutyairi achifunga pamusoro pemaitiro ake.*

#### **E. Mutambo: “Square, Circle, Triangle”**

Zvinotarisirwa kuti vana vanoziwa mazita emashapes akati-kuti, sekuti “square”, “circle”, uye “triangle”. Tangai nekuongorora mazita emashapes aya nevana, kuve nechokwadi chekuti vanogona kuziva imwe neimwe. Mushure mazvo, batai kadhi ramakadhirowa mutevedzanwa wemashapes aya matatu—semuenzaniso, circle, circle, square—uye muvauzve kuti vatarisise zvakanaka. Mobva maisa kadhi nechekure mokumbira mumwe wevana kuti ataure nhevedzano yacho zvinonzwika. Dzokororai izvi kakawanda, muchishandisa makadhi akasiyana-siyana akateedzana amagara makakadhirowa. Iwe semurairidzi unofanirwa kuva nemamwe makadhi ane mashapes maviri chete, zvimwe mutevedzanwa wemashapes matatu ungangovaomera zvikuru vayeuke, uye makadhi mashomanana ane mutevedzenwa wemashapes mana kana mashanu, kana vachinge vawana mutevedzanwa wezvitatu uri nyore kwavari.

Zvino edzai kushevedzera mutevedzanwa wemashapes—angave maviri, matatu, kana mana, zvichienderana nekugona kwevadzidzi venyu—uye bvunza mwana mumwechete muboka kuti adzokorore. Mushure mekunge maita izvi kakawanda nemwana wega wega, munogona kuita kuti Mutambo uwedzere kuoma nekuita kuti vana vadhirowe nhevedzano yaunenge wadaidzira.

#### **F. Kuisa ruvara: Mufananidzo 12**

#### **G. Minamoto yekuvhara**

### **CHIDZIDZO 13**

#### **A. Kudetemba uye kubata minamoto nemusoro**

Mune ino uye mumakirasi matatu anotevera, vana vachaisa simba ravo pakudzidza kudetemba munamoto uri pazasi nemusoro. Munogona kuzvitsangara kwavari mushure mekunge mapa munamoto wekuvhura kubva mundangariro, sewakataurwa muChikamu 13, uye mushure mekunge vashoma vevadzidzi venyu vaitawo saizvozvo.

**“Nhai Ishe! Dyarai mbesa iyi nyoro mubindu rezvipo Zvenyu zvakanaka, idiridzirei kubva muzvitubu zvetsitsi Dzenyu uye ipai kuti ikure kuva chirimwa chakanaka kuburikidza nekudururwa kwechengetedzo yenyu uye nyasha**

**“Ndimi Mukuru naSamasimba ”<sup>113</sup>**

## B. Nziyo (kusanganisira nedzokororo yenziyo dzemumashure)

### Be Fair

Chorus:

A

Be fair, be fair

E7

A

And strive to provide for the comfort of all

A

Be fair, be fair

E7

A

And strive to provide for the comfort of all

A

E

When we are fair in our dealings with others

E7

A

We gain the trust of our sisters and brothers

A7

D

When things are divided equitably

E

A

Justice will shine for the world to see

Chorus

When you give true comfort and aid

You'll follow the path that the Master laid

When wise and just in what you say and do You'll

bring joy to hearts around you

Chorus

## C. Kubata zvinyorwa nemusoro

Muchidzidzo chino, vana vachadzidza nezvechinyorwa chine chekuita nehunhu hwekunzwira tsitsi, sematsanangurirwo azvakaitwa pazasi:

Mwari ndiye Ane Tsitsi, Ane Tsitsi-Dzese. Munguva dzekuoma, tinotendeudzira mwoyo yedu kwaari uye tinomukumbira kuti atinyaradze uye atisimbise. Saka, zvakare, tinofanira kuratidza tsitsi kune vamwe. Kana mumwe munhu watinoziva ane dambudziko kana kuti akasuruvara, tinofanira kuita zvatinoziva kuti tinzwisise uye kuti timubatsire. Tinofanira kuva netsitsi uye mutsa kumunhu wose, mumamiriro

ezvinhu ose, semuti unopa zvibereko kune mumwe uye vose, kunyange kune avo vanokanda matombo pairi. ‘Abdu’l-Bahá akaratidza tsitsi nguva dzose, kuvanhu vose, kunyange zvazvo upenyu hwake hwakanga huzere nenhomo. Kutibatsira mukuedza kwedu kuva netsitsi, ngatibate nomusoro mashoko Ake:

**“Humambo hwaMwari hwakavakwa pakuenzana uye kutonga zvakaenzana, uye zvakare pamwoyo munyoro, tsitsi, uye mutsa kumweya wese unoranama.”<sup>114</sup>**

#### *Kuvakwa*

1. Chiremba ainetsekana nezveutano hwevana mumisha, saka akavhura kiriniki yekuvachengeta. Kiriniki iyi yakavakwa nekuda kwerudo rwake kuvana.
2. Jenna naMercedes vave vari shamwari kwenguva refu zvikuru. Vanogara vachidzidza pamwechete uye vachigovana zvinhu zvinobatsira zvavakadzidza. Ushamwari hwavo hwakavakirwa pamutsa uye rudo.

#### *Kuenzana*

1. Vanhu vose vaiva mudunhu vakashanda nesimba kuti ribudirire. Pakaunganidzwa zvirimwa zvose, mambo akazvigovera pakati pevateveri vake, maererano nekukura kwemhuri dzavo. Mambo aibata vanhu vake zvakaenzana.
2. Kanzuru yedhorobha yaifanira kugadzira mugwagwa unoenda kumusha waiva pedyo. Yakasarudza kupedza kuvakwa kwemugwagwa wakapoterredza purazi. Nenzira iyi vazhinji vakakwanisa kubatsirwa nemugwagwa mutsva asi varimi havana kutambura. Kanzuru yakaratidza pfungwa yekuenzana muchisarudzo chayo.

#### *Tsitsi*

1. Li Yong akaona kuti shamwari yake Zahra yakanga isingafari, saka akaenda kunoona kana aigona kumubatsira neimwe nzira. Zahra akamutsanangurira kuti amai vake vairwara muchipataro. Li Yong akateerera uye akanyaradza Zahra, achida kuenda naye kuchipataro zuva raitevera. Li Yong akaratidza tsitsi kuna Zahra.
2. Rimwe zuva Shiori akanga achifamba kumaruwa ndokuona gwayana duku rakanga rabatwa gumbo mufenzi. Shiori akabvisa gumbo zvinyoro-nyoro ndokuisa bhandedzi pariri. Shiori akanzwira gwayana tsitsi.

#### **D. Nhorondo**

*Apo ‘Abdu’l-Bahá akaenda kuMadokero, muguta riri rose raakashanyira, vanhu vakawanda vakauya kuzomuona ndokuteerera mashoko Ake anokurudzira. Masikati neusiku Akasangana nevanhu vemarudzi ose— vadiki nevakuru, vapfumi nevarombo, vakuru vakuru nevagariwo zvavo. Vamwe vakabuda murudo rwavo rukuru kuna Tenzi, vamwe vakauya nekuti vaida kuziva zvaAitaura.*

*Rimwe zuva mumwe mukadzi akavika pamba paigara Master ndokugogodza pamusiwo. Aive munhuwo zvake aishuvira mumoyo make kupedza nguva shoma aina*

*‘Abdu’l-Bahá. “Une mvumo here dzenguva yekuona Master?” murume akavhura gonhi akabvunza. Akati haana. Muchiitiko ichocho, akaudzwa, zvaisaita kuti aone ‘Abdu’l-Bahá sezvo Akanga achisangana nevamwe vanhu vanokosha zvikuru. Akafuratira neshungu ndokutanga kufamba achidzika nemasitepisi aive pamberi pemba. Kuora mwoyo kwakazadza mwoyo wake! Asi nenguva pfupi mutumwa kubva kuna ‘Abdu’l-Bahá akauya, achimukumbira kuti adzoke. Master vakashuvira kumuona. Inzwi rake rakanzwika richitaura nesimba nechiremera, “Pane mwoyo washushikana. Kurumidzai, kurumidzai, muunzei kwandiri!”*

#### **E. Mutambo: “Pamwechete”**

Patsanurai vana vari vaviri-vaviri, vakamira padivi nepadivi, gumbo rekuruboshwe remwana mumwe rakasungirirwa pagumbo rekurudyi remumwe. Tsanangurirai vana kuti, kana vakabudirira muMutambo uyu, vachafanira kudzidza kushanda pamwe chete. Mobva Maita kuti vaviri vese vafambe kubva pane imwe nzvimbo yakatarwa kuenda kune imwe. Munogona kuita kuti Mutambo uwedzere kunetsa nekuisa zvipingamupinyi zvidiki munzira yavo zvakaita semapazi emuti uye matombo. Ivai nechokwadi chekuita izvi nenzira indzimirira kuitika kwenjodzi. Neimwe nzira, panzvimbo pokungofamba, vaviri vacho vaigona kukumbirwa kusvetuka semataty, kumhanya semabhiza, zvichingodaro. Zvingave zvakafanira kutsanangurirai vana kuti zvikwata zviriviri-zviriviri izvi hazvisi kumhanyisana kuita makwikwi.

#### **F. Kuisa ruvara: Mufananidzo 13**

#### **G. Minamoto yekuvhara**

### **CHIDZIDZO 14**

#### **A. Kudetamba uye kubata minamoto nemusoro**

As always, you and a few of the students should recite some prayers to open the class. The children can then continue memorizing the prayer presented in the previous CHIDZIDZO. Senguva dzose, imi nevashoma vevadzidzi munofanira kudetamba mimwe minamoto kuti muvhure kirasi. Vana vanokwanisa kuenderera mberi nekubata nemusoro munamoto wakaitwa muChidzidzo chapfuura

#### **B. Nziyo (kusanganisira nedzokororo yenziyo dzemumashure)**

#### **On the Wings of Detachment**

Chorus:

C

F G

One day a bird was flying in the sky above

C

F G

Full of joy and confidence

*(continued on next page)*

C F G C FG

Soaring in this Paradise, his home

C F G C FG

As he flew, his hunger began to grow

C F G C FG

So he turned to the water and clay below

C F

Down below

G C F

He was trapped

G C

By his desire

F G C FG

And his wings got covered in mud

C

Too heavy to fly,

F G C FG

He could not return to his home

Chorus

Like that bird I belong to the heavens So I  
will not cling to the earth below  
I will not cling to riches  
I will not cling to my wishes  
I will not cling to anything but God

C G F G

So I will walk on the feet of detachment

C G F G

I will soar on the wings of detachment

C G F

I will free myself of all attachment

G C

To anything but God (*repeat*)

### C. Kubata zvinyorwa nemusoro

Vana vachabata nemusoro mashoko chinyorwa chakanangana nezve kuzviparadanisa, rinova dingindira reChidzidzo. Munogona kuparura dingindira iri kwavari nenzira inotevera:

Mwari akasika zvinhu zvose zvakanaka munyika ino kuti isu tifare—kuva nehutano hwakanaka, zvokudya zvinonaka, rudo uye hushamwari, kunaka kwezvisikwa, uye

masimba epfungwa, izvo zvinotigonesa kuwana uye kugadzira zvigadzirwa zvekuvandudza mararamiro atinoita. Tinofanira kushandisa zvipo zvese zvaMwari uye kumutenda nokuda kwemufaro wekurarama. Asi tinofanira kuchenjera kunyura mune zvenyika ino. Mweya yedu inofanira kusununguka nguva dzose; seshiri dzakasununguka uye dzakasimba, dzinofanira kubhururuka mudenga rehutsvene. Zvinosuwisa sei kana shiri ikaramba iri pasi, isingakwanise kubhururuka nekuti yakabatana nezvinhu zvakaipoteredza. Ngatibate nemusoro chinyorwa anotevera:

**“Zivai kuti kushongedzwa kwenyu kwechokwadi kunosanganisira rudo rwaMwari uye mukuzviparadzanisa kwenyu kubva kune zvese kunze Kwake . . .”<sup>115</sup>**

#### *Kusanganisira*

1. Vladislav ane soseji, mbatatisi, uye nyemba nyoro pakudya kwemasikati. Kudya kwake kwemasikati kunosanganisira soseji, mbatatisi, uye nyemba nyoro.
2. Mutsara uyu une mazwi mashanu. Unosanganisira mazwi mashanu.

#### *Kuzviparadzanisa*

1. Helgi aida chaizvo kuenda kunotuhwina neshamwari dzake. Zvisinei, akagara pamba nemunin'ina wake kuitira kuti amai vake vaende kuchitoro. Helgi akaratidza kuzviparadzanisa kubva muzvirongwa zvake nokuti aida kubatsira mhuri yake.
2. Pakupera kwegore rechikoro, Anjali akafunga kuti zvaizova zvakanaka kuunza maruva kumudzidzisi wake. Hanzvadzi yake yakati vabike keke. Anjali anofunga kuti iyi ipfungwa yakanaka. Anozviparadzanisa pane dzake pfungwa.

#### *Zvese kusiya chete*

1. Vana vese vakaita zvakanaka pabvunzo, kusiya kweumwe asina kudzidza. Vese kusiya chete mudzidzi mumwechete vakaita zvakanaka pabvunzo
2. Amai vacho vaidya kubikira mhuri zvokudya zvinokosha. Vakabva vaona kuti havaigona kudaro nekuti vakanga vasina chinhu chimwe chete chaikosha. Vakanga vaine zvese kusiya chimwe chinhu chimwechete.

#### **D. Nhorroondo**

*Rimwe zuva varume vaviri, shamwari dzenguva refu, vakanga vachikurukura nyaya dzezvemweya vachinwa putugadzike. Zvino, mumwe wevarume ava akanga aunganidza pfuma yakawanda zvikuru muupenyu hwake uye asina chaanoshaya. Mumwe wacho aive aine zvisvishoma. “Ndinoshuvira kuita rwendo rwekuenda kuNyika Tsvene,” akadaro wechipiri kushamwari yake yakapfuma. Murume wekutanga akapindura asingazezi, “Iyi ipfungwa yakanaka! Tichaenda tese.” Vaviri ava vakagadzika komichi dzavo dzeputugadzike ndokusimuka pakarepo, vakananga kuNyika Tsvene.*



*Vakanga vangofamba kwenguva pfupi apo husiku hwakatanga kunaya. Murombo akadzikama achibva amira achiti, “Shamwari yangu, ngatidzokere kudzimba dzedu kuti tipfuure husiku. Zvichagadzikana, uye tinogona kutanga rwendo rwedu patsva mangwanani.” “Asi nei tichidzokera shure?” mumwe akapindura. “Tiri munzira kuenda kuNyika Tsvene!” Kunyange zvakadaro, shamwari yake haina kugutsikana. “Nyika Tsvene chinhambwe chakareba chekufamba netsoka,” akaedza zvakare. “Zviri nane ndidzokere ndinotora dhongi rangu, iro randinozeza kusiya.”*

*“Ipapo,” shamwari yakapfuma yakati kune mumwe, “zvichida hausi iwe unondiperekedza parwendo urwu mushure mezvose. Nemufaro, ndakasiya rombo rakanaka, minda, uye zvipfeko zvakana—asi ndinonzwa kusanzwa kurasikirwa. Nokuti chii chikuru chiripo kudarika kupedza kunyange chinguva muNyika Tsvene. Haukwanise here kusiya kana dhongi rako kumashure?” Zvinosuruvarisa, haana kukwanisa kurega chinhu chake chimwe chaikosha. Uye saka akasiya shamwari yake, iyo yakaramba ichienda kuNyika Tsvene uye haana kumbocheuka kamwe chete.*

#### **E. Mutambo: “Vhiri”**

Taurirai vana kuti vamire nerutivi vakaita denderedzwa vagoisa maoko avo eruboshwe mukati medenderedzwa vakaatwasanudzwa kana kuti kutambanudzwa vakabatana maoko pakati pedenderedzwa. Vanochifanira kutaridzika sevhiri, maoko avo akaita semasipokisi. Chinotevera, itai kuti vana vafambe vachitenderera pakati pedenderedzwa vachiita sevhiri. Vapedza kudaro vaudzei kuti vafambe-fambe panzvimbo pavari kuitira chidzidzo, vachitenderera vari denderedzwa vakachengetedza mamiriro avo. Kuwedzereredza kuoma, vanogona kusvetuka-svetuka kana kufamba vakatonona.

Munogona kuita kuti Mutambo uwedzere kuoma muchiita kuti vana vagare pasi vari denderedzwa uye votambarara makumbo avo tsoka dzavo dzakabatana pakati [pedenderedzwa] Vanochizoisa zvanza zvavo pasi padivi nerutivi rwavo. Vanenge vagadzirira kuti vhiri rifambe. Kuti vaite izvi, vanofanira kuzvisunda nemawoko avo vofamba chinhambwe chimwe kurudyi. Vanofanira kuramba vachidaro chinhambwe nechinhambwe maoko avo ari paari, vakachengetedza tsoka dzavo dziri pakati pevhiri, kusvikira ratenderera zvakazara.

#### **F. Kuisa ruvara: Mufananidzo 14**

#### **G. Minamoto yekuvhara**

### **CHIDZIDZO 15**

#### **A. Kudetamba uye kubata minamoto nemusoro**

Mushure mekunge minamoto yekuvhura yaitwa, munogona kubatsira vana kuti vaenderere mberi nekubata nemusoro munamoto wakaparurwa muChidzidzo 13.

**B. Nziyo (kusanganisira nedzokororo yenziyo dzemumashure)**

Bestow Upon Me My Portion

Chorus:

A  
Bestow upon me my portion

D A  
O Lord, O Lord

A D A  
Bestow upon me my portion

E A  
As it pleaseth Thee

A  
It's easy to be content  
D A  
When things are going well

A  
It's easy to be content  
E A  
When you're feeling swell

D A  
But what is really more challenging

E A  
Is to be content when things go wrong

D A  
To be patient in times of difficulty

E A  
Perhaps even sing a song

Chorus

From the time He was a boy  
The Master suffered indignities  
From early in His life  
He hardly had any comfort or ease  
But He remained content and calm  
Never full of anxiety  
He trusted in God and accepted His Will Continued  
on ever patiently

Chorus

### C. Kubata zvinyorwa nemusoro

Dzinotevera, ipfungwa dzimwe dzamunokwanisa kushandisa pakuparura dingindira rechidzidzo uye chinyorwa chichadzidzirwa nevana nemusoro.

‘Abdu’l-Bahá Akanga Akagutsikana neChido chaMwari munguva dzose. Aiwanzotaurira avo vainge vakaMukomberedza kuti zviru nyore kuve takagutsikana kana zvinhu zvose zvichifamba zvakanaka, kana munhu aine hutano hwakanaka uye achigara hupenyu achiwana zvose. Chinhu chakaoma kuve nemufaro uye kugutsikana munguva dzekushupika, munguva dzekurwara uye nguva yakutambudzika. Nyange zvazvo marwadzo akanga akazara muupenyu Hwake, ‘Abdu’l-Bahá Haana kumbobvira asurukirwa. Munguva yakanga yakaomesesa, Akaramba Akagutsikana uye Achitenda Mwari. Aigara Akafara uye aine pfungwa dzine tarisiro. Ngatibatei nemusoro chinyorwa chinotevera kuitira kuti tigare tichirangaridzwa kukosha kwekugutsikana neChido chaMwari.

**“Mavambo embiri yose kutambira chero chawapiwa naIshe, uye kugutsikana neicho Mwari Vanenge vadzika.”<sup>116</sup>**

#### *Mbiri*

1. Paakapedza kudzidza science kuchikoro, Poh Leng akave anoshanda nemamwe mascientists. Vakaburitsa pachena zvinhu zvakanaka. Basa rake rakaunza mbiri yakakura kuzita remhuri yake.
2. Swee aifarira kutarisa zvisikwa—makomo, miti, uye nyanza. Apo paaingoona runako rwenyika, aibva afunga humambo uye hukuru hwaMwari, Musiki wezvese. Kuona zvisikwa, zvaita kuti Swee afunge nezvembiri yaMwari.

#### *Kupa*

1. Paulo anotenda Mwari mazuva ose pamusoro pemhuri yake ine rudo, hutano hwake hwakanaka, uye pane zvinhu zvose zvakanaka zvaakapiwa naMwari. Paulo anopa kutenda pane zvipo izvo Mwari Vakamupa.
2. Pasina zuva, nyika ingadai riri rima uye ichitonhora, uye hapana chaikwanisa kugarapo. Zuva rinopa chiedza uye kudziya panyika.

#### *Kudzika*

1. Mambo vakapa mutemo kuvanhu vavo kuti hapana aifanirwa kushanda munyika make zuva rekutanga rechirimo. Zuva rekutanga rechirimo rakadzikwa sezuva rezororo.
2. Kwemwedzi yakawanda, kwakanga kusinganai mvura mudunhu, naizvozvo kanzuru yemunharaunda yadzikisa huwandu hwemvura yavaizo shandisa. Kushandisa mvura zvine mwero mutemo wakadzikwa nekanzuru kuitira kuchengetedza mvura.

#### **D. Nhorroondo**

*Mamwe manheru, 'Abdu'l-Baha Aifamba nema Bahá'í muguta rakajeka reLondon. Vakafamba zvishoma vachitevedza mugwagwa wakanga wakatevedzwa kumativi ese nemarambi akajeka ayo aisvika kwaionekwa nemaziso. Avo vakanga vachifamba naMaster Vanodikanwa vainzwa sekunge mwoyo yavo yakanga yatakurwa kuenda kune imwe nyika.*

*“Zvandiri kuona zvinoNdifadza chaizvo,” ‘Abdu’l-Baha Akadaro. “Mwenje wakanaka, wakanaka zvikuru. Makanga muine rima rakanyanyisa mujeri remu Akka.”*

*Chikwata chidiki cheshamwari, idzo dzaida ‘Abdu’l-Baha, vakasuwiswa pavakarangarira husungwa Hwake muguta rakatenderedzwa nemadziro reAkka, umo Akanga agara kwemakore akawandisa ari musungwa pamwe chete naBaba Vake, Bahá'u'lláh. Yakanga iri nzvimbo isinga gariki, uye mhuri [Yake] yakarwadziswa nematambudziko makuru. “Tinofara, chokwadi kuzadzwa nemufaro kuti Masununguka,” vakadaro.*

*Kune izvi ‘Abdu’l-Baha Akadaira: “Ndaifara mutorongo iroro, nekuti mazuva iwayo akafamba tiri munzira yeshandiro.” Torongo gurusu, Akavataurira, itorongo rehundi. Munoono, tikangofunga nezvedu chete uye kwete zvevakatikomberedza—ndipo patinenge tiri mutorongo chairo, patino tambudzika zvechokwadi! ‘Abdu’l-Baha Akanga Akagutsikana panguva dzose, nekuti Aifamba munzira yeshandiro kuna Mwari nerudzi rwemunhu. Naizvozvo, kunyangwe munguva yemazuva akaomesesa semusungwa mu’Akka, mwenje wemweya Wake usingadzoreki rwaitaridza kujeka kwarwo, rwuchiunza kudziya nekugadzikana kune vamwe.*

#### **E. Mutambo: “Muvezi”**

Nyepedzerai kuti muri muvezi uye vana vachakubatsirai kugadzira chivakwa chenye chehumhizha. Kumbirai umwe wevana kuti auye pamberi pevamwe uye obva amira sekumutaridza kwamunenge muchiita—semuenzaniso, kukotama maoko akatambanudzwa. Zvino, umwe neumwe kana vashoma panguva, daidzai vana kuti vauye kumberi kwechikwata movataridza mamirire avonofanira kuteedzera. Kana vese vachinge vave kuziva mamirire avanofanira kuita, chivaitai kuti vauye pamwe chete vochigadzira chivakwa chehumhizha chiya. Zvino mochizopindawo pachikwata ichi padanho rekupezisira.

Munokwanisa kuenderera mberi nemutambo muchipatsanura vadzidzi venyu kuvaita vaviri-vaviri. Itai kuti chikwata chevaviri chega-chega chipanane mukana, chimwe chichiita semuvezi, chimwe chichiita mamiriro anenge achidikanwa.

Munokwanisa zvakare, kufunga amwe maitirwo emutambo uyu. Semuenzaniso, munogona kudaidzira mibvunzo yakaita sekuti “Munogona here kugadzira waya [yakapoterredza imba]?” kana kuti “Munokwanisa kuita bindu here?” Vana vachazopindura nekugadzira chiumbwa chavanenge vasarudza.

#### **F. Kuisa ruvara: Mufananidzo 15**

#### **G. Minamoto yekuvhara**

## CHIDZIDZO 16

### A. Kudetamba uye kubata minamoto nemusoro

Kusvika pachidzidzo chino, vana vanofanira vose kunge vavekugona kudetamba nemusoro munamoto wakaparurwa muChidzidzo 13, uyo waunogona kuita ongoro navo mushure meminamoto yekuvhura.

### B. Nziyo (kusanganisira nedzokororo yenziyo dzemumashure)

#### We Are Drops

C

We are drops

We are drops (*echo voice*)

C

Of one ocean

Of one ocean

F

We are waves

We are waves

G

Of one sea

Of one sea

Chorus:

C

Come and join us

Come and join us (*echo voice*)

F

In our quest for unity

C

G

C

F

C

It's a way of life for you and me

We are flowers (*echo voice*)

Of one garden

We are leaves Of

one tree

(continued on next page)

Chorus

All the earth is (*echo voice*)  
But one country  
Man is one  
Can't you see

Chorus (*with last line repeated*)

### C. Kubata zvinyorwa nemusoro

Pfungwa dzinotevera dzinokubatsirai pakuparura dinginira rechidzidzo, tsitsi, uye chinyorwa icho vana vachazobata nemusoro.

Mwari Vakasika vanhu vose kuti vagare pamwechete semhuri imwechete. Kana tiri kuita izvi, hatifanirwi kurega misiyano ichiuya pakati pedu. Asikuti, tinofanirwa kufambidzana zvine rudo nevanhu vemarudaviro ose, vanhu vemarudzi ose, vanhu venyika dzese, vanhu vane mawaniro akasiyana vose zvine tsitsi mumwoyo yedu. Kuti tibatsirikane pakuyeuka izvi, ngatibatei nemusoro chinyorwa chinotevera chaBahá'u'lláh.

**“Akaropafadzwa ndiye anoyanana nevanhu vose mumweya wounyoro uye nerudo.”<sup>117</sup>**

*Kuwirirana*

1. Majesa nemafudzamombe dzimwe dzemarudzi eshiri dzinogara mumapani. Dzinowanwoonekwa dziri pamwechete. Marudzi maviri eshiri idzi anoyanana.
2. Mumusangano weminamoto, mushure mekunge minamoto yaitwa, vanhu vakaramba vakagara uye vachiyana zvavo.

### D. Nhorooondo

*Munoziva kubva munhorooondo dzatakaita mumashure kuti, apo 'Abdu'l-Bahá Akatanga kusvika muAkka, vanhu vazhinji vaiMubata zvakaipa. Vaive nehutsinye kumaBahá'í uye vakanga vasingadi kutaura navo. Pasina kupera nguva, sezvinei, vakatanga kuona kuti maBahá'í vakanga vari vanhu vane rudo uye vane tsitsi, zvisihoma nezvisihoma, vagari vemuguta iri vakatanga kuvataridzawo mwoyo munyoro. Asi painge paine vamwe vainge vakabwirira kuhukasha nehuvengi hwavo.*

*Zvino, nerimwe zuva, mumwe murume ainge achine ruvengo rukuru mumwoyo make kuna 'Abdu'l-Bahá akanzwa vamwe vachirumbidza hukuru Hwake uye hunaku Hwake. Murume uyu akashatirwa zvikuru. Aida kuratidza vamwe vose zvine hukasha, kuti Munhu Uyu wavari kurumbidza Akanga Asina kunaka sekudaro. Akabva aenda, moyo wake uchiita kutsva nehasha. Aiziva kuti 'Abdu'l-Bahá Aikwanisa kuwanikwa mumosque achinamata panguva idzodzo, ndokubva amhanyira ikoko aine shuviro yekusvikonovhiringidza Master. Asi 'Abdu'l-Bahá Akatarisa murume uyu zvine*

*runyararo uye zvine mutsigo. Nerudo, Akamuyeuchidza chidzidziso chaMwari chekuti tinofanira kuve vapi kune vashanyi vose, kunyange avo vakasiyana nesu. Pane izvi, murume uyu akabva aziva kuti 'Abdu'l-Bahá nemaBahá'í vakanga vakaita sevaenzi muAkka, mumusha wake. Saka, semugari wemumusha, anofanirwa kuvatambira nerudo uye achivabata netsiye nyoro.*

#### **E. Mutambo: “Hunhu Hwakavanzika”**

Taurira vana kuti vaite denderedzwa maoko avo akatambanudzwa pamberi pavo zvanza zvavo zvakapetwa kunge vari kuda kutambira chimwe chinhu. Iwe womira pakati pedenderedzwa iri wakabata chimwe chinhu chiiki chakaita sekatombo. Chinhu ichi chinomirira hunhu, semuenzaniso “tsiye nyoro”. Zvino, paunenge uchifamba, fambisa ruoko rwako pamaoko emwana wega-wega uchiti, semuenzaniso: “John ane tsitsi,” “Martha ane tsitsi,” “Dervi ane tsitsi”, zvichienda zvakadaro. Paunopfura, mwana ega-ega anofanirwa kuvhara zvanza zvake achiita kunge apiwa chinhu ichi. Unofanirwa kuzosiya chinhu ichi mune maoko emumwe wevana. Kana wapedza kutenderera denderedzwa iri, mumwe wevana anofanirwa kuedza kudoma zita remwana waanofungira kuti ane chinhu ichi achiti, semuenzaniso, “Kenji ane tsitsi chaizvo.” Kenji anochifanirwa kutambanudza zvanza zake kuti ataridze kuti ndiye here ane chinhu chacho. Mwana anofanirwa kupiwa mikana mitatu wokuti afungidzire kuti ndiani ane chinhu, pakupedzisira mutambo unogona kudzokororwa muchishandisa humwe hunhu. Unofanirwa kuona kuti mwana wega-wega apiwa chinhu ichi pakutamba kwedanho rekutanga.

#### **F. Kuisa ruvara: Mufananidzo 16**

#### **G. Minamoto yekuvhara**

### **CHIZIDZO 17**

#### **A. Kudetemba uye kubata minamoto nemusoro**

Muzvidzidzo zvina zvinotevera, vana vanenge vachidzidzira kudetemba munamoto uri pasi apo nemusoro, uye vachazviwana zviri mviro-mviro yekurudziro kana ukavhura chidzidzo chega-chega nemunamoto mutsva uyo wawakabata nemusoro, seuyo wakapiwa muChikamu 16. Mushure mekunge vadzidzi vashoma vabatana newe mukuita minamoto yekuvhura, unogona kuparura uyu senguva dzose.

**“Zita Renyu kurapwa kwangu, Nhai Mwari wangu, uye kurangarirai Imi mushonga wangu. Kuva pedyo neMi itarisiro yangu, uye rudo Kwamuri ishamwari yangu. Tsitsi Dzenyu kwandiri kuporeswa kwangu uye raramiso yangu munyika ino nenyika inotevera. Ndimi, zvirokwazo, Ane Makomborero-Ose, Muzivi weZvose, Muchenjeri-kune-vose.”<sup>118</sup>**

## B. Nziyo (kusanganisira nedzokororo yenziyo dzemumashure)

### Source of Courage

Chorus:

Am

The source of courage and power

Dm E Am

Is the promotion of the Word of God

Am

The source of courage and power

Dm E Am

Is steadfastness in His love

G

Forget about yourself

C

Stand up for what is right

E7

Defend those in need

Am

Rely upon His might

Teach the Word of God

Be courageous in your deeds

Follow His path

To happiness it leads

Chorus

## C. Kubata zvinyorwa nemusoro

Mutsara unotevera uchakubatsirai pakuzivisa kuvana dingindira rechidzidzo uye chinyorwa chekubata nemusoro:

Kuve nehushingi zvinoreva kumirira zvinhu zvakanaka kunyangwe tikange tirisu tega vanoita saizvozvo, kumiririra avo vanoda rubatsiro rwedu kunyangwe zvichizotiita kuti tisave pakanaka, uye kutaura chokwadi kunyangwe tichiziva kuti zvinogona kutipinza mumatambudziko. Zvinitora hushingi kusangana nematambudziko muhupenyu takadzikama uye takativa. Tinowana hushingi kubva murudo rwedu kuna Mwari uye chido chedu chekufadza Iye pamusoro pezvose. Kuti tibatsirikane pakurangerira kuti tinofanirwa kutarisana nemamiriro ose muhupenyu tiine hushingi, ngatibatei nemusoro chinyorwa chinotevera:



**“Mavambo ekushinga nesimba ndiko kukurudzira Izwi raMwari, uye kutsungirira muRudo Rwake.”<sup>119</sup>**

*Mavambo*

1. Kyongmi anogara mumusha uri mubani. Chando chinonyungudika kubva pamusoro pegomo riri pedyo chinounza mvura mumusha uyu. Mavambo emvura yemumusha uyu chando chinenge chiri pamusoro pemakomo.
2. Mai Putters vane vana vatatu vane rudo uye vanetsika. Vana vavo ndiwo mavambo erufaro rwavo.

*Kurudziro*

1. Shamwari mbiri dzaShoa dzakatanga kunetsana ndokutsamwirana. Shoa akabatsira kuti mumwe nemumwe wavo agamuchire maonero eumwe uye kuti vaite sungawirirano. Shoa anogara achikurudzira rugare nekunzwisisana pakati peshamwari dzake.
2. Mukoti anoshanyira imba yekudzidzira kuti adzidzise vana pamusoro pezvekudya zvakanakira hutano hwavo. Mukoti anokurudzira kudya kune hutano.

*Kutsungirira*

1. Promilla aiziva kuti aizoda kuita chiremba. Aigara achiverenga zvakasimba kuchikoro uye kwapera makore akawanda ekushanda kwakasimba, akakunda pachinangwa chake. Akataridza kutsungirira mukuedza kwake kuti aite chiremba.
2. Zvondai akaenda kune mumwe musha wakanga uri kure chaizvo uko kwaainobatsira kutanga chikoro. Kunyange zvake aishuva mhuri yake uye achisangana nematambudziko, akataridza kutsungirira akagara mumusha uyu kwemakore, achidzidzisa vadzidzisi uye kushanda nevana.

**D. Nhorondo**

*‘Ali-‘Askar aiva mutengesi wezvinhu munyika yePersia. Paakava muBahá’i akawira mumatambudziko akawanda nepamusana peavo vainge vakavenga Chitendero. Munguva shoma-shoma, akanga arasikirwa nezvese zvaakanga ainazvo. Kunyange zvazvo zvakanga zvakadai, Ali-Askar haana kushushikana nazvo. Nekuona kuti haaizokwanisi kuzviriritira munyika make, akafunga kuenda kuAdrianople, guta riri munyika yakavakidzana [nePersia.]*

*MuAdrianople, kunyange zvake akange aine zvisihoma, akakwanisa kuwana zvinhu zvekutengesa zvisihoma. Asati ambokwanisa kutengesa kana chimwe hacho, zvakadaro, akapondwa nematsotsi akamutorera zvese zvaakanga ainazvo vakamusiyazve asina kana chinhu zvakare.*

*Pasina kupera nguva mushure mazvo, mbavha dziya dzikasungwa, uye hupfumi hwose hwadzakanga dziinahwo kubva mukubira vanhu vakawanda hukatorwa. Mumwe*

*wevakuru vemuguta imomo, nokushamiswa nehupfumi uhu, akabva afunga pfungwa yekuhutora kuita hwake. Akadaidza 'Ali-'Askar kuhofisi yake akamutsanangurira.*

*“'Ali-'Askar, akadaro, “mbavha idzi dzakapfuma. Mutsamba yangu kuhurumunde ndatsanangura kuti zvinhu zvakabiwa kubva kwauri zvakanga zvakawanda. Saka unofanirwa kunge uri kudare panotongwa mhosva iyi wobva wapupura uchitsigira kuti zvandanyora ndezvechokwadi.” Nenzira iyi, mukuru uyu akafunga kuti mari yese iyi yaizodzoserwa kuna 'Ali-'Askar, vozogoverana nepakati vari vaviri.*

*'Ali-'Askar aiziva zvake kuti haaimbobvuma kuenderera mberi nehurongwa uhu. “Vakuru Khan, akapindura, “huwandu hwezvinhu zvakabiwa kubva kwandiri zvaisvika kumari shomanana. Ndingapa umboo hwechinhu chisiri chechokwadi sei? Kana vachinge vandibvunza ndichataura zvinhu sezvazviri. Ndinoona iri ririro janha rangu, irori chete.”*

*Mukuru uyu akaedzazve kunyengetedza 'Ali-'Askar, “Tine mukana wakakura apa” mukuru uyu akadaro, “iwe neni tinogona kupfuma kubva pazviri. Haikona kurega mukana wakadai, unowanikwa kamwe paupenyu, uchidarika kubva mumaoko ako!”*

*Asi 'Ali-'Askar akaramba zvake, achiti “Khan ndinozovipa kuna Mwari ndichiti kudii? Ndisiyei ndakadaro. Ndichataura chokwadi pasina chimwe kunze kwechokwadi.”*

*Zvino, mukuru uyu akanga ava kushatirwa. Kana 'Ali-'Askar akasawirirana nehurongwa uhu, hurongwa hwake hwose huchawira pasi uyeachabva arasikirwa nehupfumi hwakawanda uhu hwanga hwatova mumaoko make. Naizvozvo, akabva atanga kutiyidzira 'Ali-'Askar, achifunga kuti aikwanisa kumuita kuti avhunduke kuitira kuti aite zvaaida. “Ndino kuisa mutorongo,” akadaro. “Ndino kuita kuti udingwe munyika muno; “Hapana kushungurudza kwandicharega kuunza kwauri.” Achibva azoudza 'Ali-'Askar kuti kana akasabvuma zvaaida aizomudzosera kuPersia.*

*Ali-Askar akangonyemwerera. “Jináb-i-Khán,” akadaro, “itai kwandiri zvamunoda; Ini handizofuratire kune icho chechokwadi.”*

## **E. Mutambo: “Hongu kana Kwete”**

Tangai mutambo uyu nekukumbira vana kuti vagadzire denderedzwa rakakura, iwe uri pakati. Zvino chitaurirai vana kuti muchataura mashoko akati-kuti. Mimwe yacho ichange iri yechokwadi; imwe yacho ichange isiri yechokwadi. Vataurirei kuti, kana mutsara uri wechokwadi, vanofanira kudaidzira kuti “hongu” uye vosvetukira vachienda pakati pedenderedzwa. Kana usiri wechokwadi, vanofanira kudaidzira “kwete” vobva vasvetukira kumashure.

Mashoko ese aunotaura anofanirwa kunge ari pamusoro pezvinhu zvavano kwanisa kuona zviri nyore. Mienzaniso yemitsara ye “hongu” yakaita seinotevera: “Zuva rinopa mwenje.” “Miti inomera kubva mumhodzi.” “Makomo akareba kuenda mudenga.” Munokwanisawo kutaura mitsara inotsanagura zvinhu zvakapfekwa nevana, sekuti “Sera akapfeka hembe yeblue.” Kana zvavanoona munzvimbo yakavatenderedza, kunge, “Pane mabhenji maviri apo.”

Mienganiso mishomanana yemitsara ye “kwete” ndeyi: Mvura inonaya ichikwira mudenga.” “Hove dzino bhururuka.” “Matombo aofamba netsoka.” Zvakare munogona kushandisa zvakakomberedzai kuti mutaure mitsara isiri yechokwadi. Rangarirai kuti munofanirwa kuva nemitsara yechokwadi yakawanda pane isiri yechokwadi kuitira kuti pakupera kwemutambo, vana vanosvika pedyo pamuri pakati pedenderedzwa.

**F. Kuisa ruvara: Mufananidzo 17**

**G. Minamoto yekuvhara**

**CHIDZIDZO 18**

**A. Kudetemba uye kubata minamoto nemusoro**

Mushure meminamoto yekuvhura, vana vanofanirwa kutora nguva vachidzidzira kudetemba nemusoro munamoto wakatangwa muchidzidzo chapfuura.

**B. Nziyo (kusanganisira nedzokororo yenziyo dzemumashure)**

Be Hopeful

C F  
The future we can never know

G C  
What will happen the next day

C F  
Yet bounties never cease to flow

G C  
Trust in God and make your way

Chorus:

F G  
Be hopeful, be hopeful

C F  
And find God’s bounties everywhere

F  
The sun will rise

G  
And fill the skies

C F

*(continued on next page)*

Look up with expectant eyes  
F                      G              C  
Look to Him with hopeful eyes

Be ever hopeful, strive to grow  
And winter will give way to spring  
His bounties never cease to flow  
They're bringing life to everything

Chorus

Be a source of joy and peace  
Serve and let the spirit glow  
Remember bounties never cease  
Be hopeful for tomorrow

Chorus

### C. Kubata zvinyorwa nemusoro

Pasi apo pane dzimwe pfungwa dzamunokwanisa kushandisa kuparura chinyorwa icho vana vachazobata nemusoro muchidzidzo chino.

Rudo rwaMwari runogara runesu. Havambofa Vakatsiya tiri tega uye Vanovimbisa kutibatsira muhupenyu hwedu hwese. Kunyangwe zvazvo tisingazivi kuti chii chichaitika pazuva ranhasi nerinotevera, tinovimba munaMwari uye kurangarira kuti makomborero uye nyasha dzaMwari zvakatikomberedza. Uye naizvozvo tine tarisiro kana tichitarisa hupenyu hwepamberi, tiine chivimbo chekuti tichawana mugove wedu kubva kumakomborero Avo asingaperi. Nemwoyo yakazara netarisiro, tinoramba tichitarisira mapopoma emakomborero aMwari kwatiri. Kutitibatsirikane pakuyeuka kukosha kwehunhu hwetarisiro, ngatibatei nemusoro mazwi aya a'Abdu'l-Bahá:

**“Musave munoshaya chivimbo munaMwari, Ivai netarisiro nguva dzose, nekuti makomborero aMwari haambomiri kudururwa pamunhu.”<sup>120</sup>**

#### *Chivimbo*

1. Edward akanga aine dambudziko achibva aenda kuna Hung Wei kuti abatsirwe. Edward anoziva kuti Hung Wei achaedza nepose paanogona kumubatsira. Edward anovimba naHung Wei.
2. Nirmala anoda kugadzira denga reimba yake asi haakwanisi kuzviita ega. Shamwri dzaNirmala dzakati dzichauya mangwana acho kuzomubatsira. Ane chivimbo chekuti vachauya sekuvimbisa kwavaita uye achabva agadzirira zvinhu zvose.

### *Kuva neTarisiro*

1. Iosefina anodyara mhodzi panzvimbo inosvika zuva uye oidiridza mazuva ese. Anotarisisira kuiona ichikura. Iosefina ane tarisiro yekuti mumwe musu mhodzi iyi ichava chirimwa chakasimba.
2. Shamwari yaMattias, Antonio akatamira kune rimwe guta. Mattias aishuva kuva neshamwari yake, asi aiva netarisiro yekuti vachazoonanazve mushure menguva shomanana.

### *Makomborero*

1. Manheru ega-ega apo Lillian anonamata anofunga pamusoro pezvinhu zvakawanda zvaainerombo rakanaka kuve nazvo. Anofunga nezvevabereki vake, shamwari dzake, vadzidzisi vake kana nemubhedha waanorarira. Lillian anopa kutenda nguva dzose nemakomborero aakapiwa.
2. Reza ane shamwari nehama dzakawanda dzinomuda uye dzinomubatsira pakukura kwake. Reza anotenda nemakomborero erudo uye rubatsiro rwavo.

### *Kumira*

1. When Tahir turns off the tap, the water stops coming out; the water ceases to flow. Kana Tahir akavhara pombi yemvura, mvura inobva yarega kubuda; mvura inomira kubuda.
2. Kunyange kune makore, mirazvu yezuva inodziyisa pasirose. Mirazvu yezuva haimbomiri kusvika pasi.

### **D. Nhorroondo**

*Paiva nemumwe murume akanga asina musha, uyo aigara ega pamahombe-kombe erwizi rwunonzi River Thames muguta reLondon. Akanga ari munhu akasuwa uye asisina tarisiro yeku nerufaro muupenyu. Nerimwe zuva, akapfuura nepachitoro apo akaona mufananidzo wakakwezva maziso ake. Mufananidzo uyu wakanga uri wehuso hwa 'Abdu'l-Bahá. Murume uyu akabatwa nekutya ndokuramba akatarisa huso uhu. Akanga asati amboona 'Abdu'l-Bahá uye akanga asingambozivi kuti ndiani Iyeyu, asi chaaiziva ndechekuti aifanirwa kuMuona. Kero yeimba yakanga yakapiwa mubepa nhau, naizvozvo murume uyu akatanga kufamba, aine tarisiro yekuMuwana Ari pamba apa. Rwakanga rwuri rwendo rwakareba—makiromita anosvika makumi mashanu—asi akaramba achifamba kusvikira asvika paimba iyi.*

*Murume uyu akanga aneta uye aine nzara paakasvika, mudzimai wepamba apa akamugamuchira nerudo ndokumupa zvokudya, achibva amuti ambozorora kwekanguva. Achizorora kudaro, akataurira mudzimai uyu nyaya yake achibva abvunza kuti 'Abdu'l-Bahá Aivepo here. Mudzimai uyu akamusimbisa kuti Akanga Aripo.*

*“Kuti Anga ndiona?” akabvunza. “Chero iniwo zvangu?”*

*Mukadzi uyu achangopindura kuti aiva nechokwadi chekuti 'Abdu'l-Bahá Anomuona, Master Pachavo Vakabva Vasvika pamusiwo. Murume uyu akabva asimuka, 'Abdu'l-Bahá Achibva Atambanudza maoko Ake Achimumhoresa. Zvakaita sekunge murume uyu akanga ari shamwari iyo 'Abdu'l-Bahá Akanga Akamirira kwenguva yakareba. Akamutambira nerudo netsiye nyoro Akamuti agare pasi pedyo Naye.*

*Zvino 'Abdu'l-Bahá Uyo Aiziva nguva dzose kuunza rufaro runenge rwarasika mumwoyo yevanhu, Akatanga kutaura nemurume uyu. Akamukurudzira kuti abvise kusuwa kwake, Achimuyeuchidza kuti akanga ari mupfumi muhuMambo hwaMwari! Apo 'Abdu'l-Bahá Aitaridza murume uyu tsiye nyoro, Mazwi Ake ekunyaradza akatanga kurapa mwoyo wake uye kumupa simba. Zvishoma nezvishoma, kusuwa kwake kwakaenda kuchipera. Asati asimuka kuti aende, murume uyu akataurira 'Abdu'l-Bahá kuti haachazoregi hurombo hwake huchiunza kusuwa zvakare; asi kuti achanotsvaka basa rekushanda muminda ochengeta mari yake kuti agozotenga kamunda kaaizorima maruva anonzi maviolets aaizotengesa kumusika. Murume uyu akadzidza kubva kuna 'Abdu'l-Baha kuisa chivimbo chake munaMwari uye kuva nechivimbo chekuti Mwari Vachatsigira uye kukomborera kuedza kwake. Kushushikana kwakwe kwakashanduka kuve tariro.*

#### **E. Mutambo: “Mugadziri weMvura yekunaya”**

Chekutanga itai kuti vana vaite denderedzwa vakakukomberedza, mozovatsanangurira nezvemutambo muchivaudza kuti vafungidzire kuti vari mugwenga vachishuvira kunaya kwemvura. Chitangai kukwiza zvanza zvemaoko enyu uye motaurira vana kuti pamunenge matarisa umwe neumwe, vanofanira kuteedzera zvamuri kuita. Kana muchinge matenderera denderedzwa rese uye vana vose vave kukwiza zvanza avo, vaudzei kuti vanofanirwa kuramba vachienderera mberi nekukwiza kusvikira matarisa umwe neumwe nekushandura chekuita icho vanofanira kuteedzera. Svetai zvigunwe zvenyu sechiito chinotevera, mowombera zvanza zvenyu sechimwe chiitiko chinotevera, chichiteverwa nekurova rova zvidya zvenyu uye kuzodzana-dzana. Ruzha runoitwa nevana vose pamwechete rwumunofanira kuita sekusasa kwemvura ichangotanga kunaya uye pekupedzisira rwoita semvura ine mabhanan'ana.

#### **F. Kuisa ruvara: Mufananidzo 18**

#### **G. Minamoto yekuvhara**

### **CHIDZIDZO 19**

#### **A. Kudetemba uye kubata minamoto nemusoro**

Senguva dzese, tangai chidzidzo neminamoto. Munogona kuchizobatsira vana kuramba vachibata nemusoro uyo munamoto wakaparurwa muChidzidzo 17.

## B. Nziyo (kusanganisira nedzokororo yenziyo dzemumashure)

### Busy Hands

Chorus:

C F  
Busy hands make happy children

C G  
Happy children can be found

C F  
Making other people happy

C F G C  
Spreading peace and love around

C F  
Working hands to build a new world

C G  
Everybody has a role

C F  
All of us can be so thankful

C F G C  
For we soon shall reach our goal

Chorus

God will help us build a new world  
Where we all help someone else  
All of us will love our neighbour  
More than we love our own selves

*Chorus (with last line repeated)*

## C. Kubata zvinyorwa nemusoro

Muchidzidzo chino, vana vanodzidzira chinyorwa chinotaura nezvekuvimbika, icho chamunogona kuvaparurira sezvinotevera:

Humwe hunhu hwakakoshesesa mumaziso aMwari kuvimbika. Munhu akavimbika ari muchokwadi uye akatendeka uye anokwanisa kuvimbwa naye pakuzadzikisa zvaanenge ataura. Hatifanirwi kutaura chimwe chinhu asi toita zvakasiyana. Mabasa edu anofanirwa, nguva dzose, kutaridza mazwi edu. Kana takavimbika vamwe vachave nechivimbo chokuti tichaedza nepatinogona kuita zvatinege takatarisirwa

kuita uye tichazadzikisa majanha edu. Mukudai, vanhu vanokwanisa kushanda pamwechete vachiwirirana, vachiziva kuti munhu wese achaita chidimbu chake. Kuti tibatsirikane pakurangerira kukosha kwehunhu hwekuvimbika, ngatibatei nemusoro chinyorwa chinotevera:

**“Kuvimbika ndiro suwo rakakurisisa rinosvitsa kurunyararo uye kuchengetedzwa kwevanhu.”<sup>121</sup>**

#### *Kuvimbika*

1. Anthos akavimbisa amai vake kuti achavabatsira kugadzira kudya kwamanheru. Apo shamwari dzake dzakauya kumba kwake kusomudaidza kuti vatambe vari panze, Anthos akayeuka chivimbiso chaakanga apa amai vake achibva ataurira shamwari dzake kuti achazotamba navo imwe nguva. Anthos akataridza hunhu hwekuvimbika.
2. Sunita akaenda kuchitoro kunotengera mhuri yake zvinhu, asi akazoonza kuti akanga aine mari isingakwani kuti abhadhare zvinhu zvose zvavaida. Akakumbira murizi wechitoro kuti aikwanisa here kuti azounza mari yakanga yasara mangwana acho. Muridzi wechitoro akati zvakanga zvakanaka nekuti aiziva kuti Sunita akavimbika uye aizobhadhara zvinhu izvi sekutsidza kwaanga aita.

#### *Kugadzikana/Runyararo*

1. Pese Emilio paanenge aine zvaanoda kufunga zvakanakosha achida kuita sarudzo, anoedza kutsvaga nzvimbo yakanyarara yekufunga uye kudzamisa pfungwa dzake. Anoenda kubindu riri pedyo. Murunyararo rwaro, anokwanisa kujekesa pfungwa dzake nemwoyo wake.
2. Apo dutu remvura ine mhengo yakasimba rakadarika, zvinhu zvose zvakanabva zvanyarara pasina kuzungunuka zvisingambowanzoitika. Dutu remvura iyi rakateverwa nerunyararo nekugadzikana.

#### *Dziviro/Chengetedzo*

1. Kana kamwana kemhuka kakavhundutsirwa, kanowanomhanyira kuna amai vako kuti kadzivirirwe. Mai vanodzivirira vana vavo.
2. Mukwiri wemakomo akabuda munzira chaiyo ndookurasika mumasango. Paakatadza kudzoka vataridzi venzira “guides” vemunharaunda vakaenda kunomutsvaga. Akanzwa kuve akachengetedzwa pava kamuwana nekuti aiziva kuti vaizomudzosa kwaiva kwakachengetedzeka.

#### **D. Nhorondo**

*Kwemakore apfuura, mumazuva ekutanga-tanga eChitendero, kwaingova nemaBahá’í mashomanana akaparadzira munyika dzakati wandei. Vaisangana nezvimhingamupinyi zvakanakosha, uye kazhinji vainyorera kuna ‘Abdu’l-Bahá, kuHoly Land, vachiMupa nhau nekubvunza mibvunzo. Tsamba dzavo dzaisfamba nzendo dzakareba dzisati dzasvika kwaAri uye Aizodzipindura imwe neimwe nerudo*



*rwakakurisa uye nechido. Mazwi Ake ekurudziro aivasimbisa nekufadza mwoyo yavo. Saka zvakanga zvakakosha kuti kufamba kwekutaurirana uku kusakanganisika.*

*Zvino, munzvimbo iyoyi, panguva iyoyo paigara mumwe muBaha'i aiva nezita rekuti Muhammad-Taqi. Akanga akabva kuPersia makore akawanda mumashure achiri murume wechidiki uye akanga akakwanisa kuvhura kabhizimusi kadiki. Zvishoma nezvishoma akava anozivikanwa pamusoro pekuvimbika kwake kwakasimba. Aivimbikana naye zvekuti tsamba dzese dza'Abdu'l-Baha muHoly Land nemhinduro dzaitumirwa kunze kwenyika dzaipfuura nepamusha waMuhammad-Taqi. Munhu wese aiziva kuti aivimbika naye kuona kuti tsamba yega-yega yaisvitswa nenguva uye yakachengetedzeka.*

*Asi, zvakadaro, vavengi veChitendero vakapandukira 'Abdu'l-Bahá. Vakave neruchiva pamusoro perudo neruremekezo rwaAipiwa nevanhu. Vakava nechivimbo chekuti vaikwanisa kukonzera kudzingwa Kwake kune imwe nyika, kana kuti zvakatonyanyisa, kuuraiwa Kwake. Vasori vakadyarwa kutenderedza musha Wake, uye Akanga Achitariswa nguva dzose. Zvaizofadza sei vavengi Vake dai vaikwanisa kumisa kufamba kwematsamba nekudimbura sungano pakati pa'Abdu'l-Baha nemaBahá'is vakazvipira vari mune dzimwe nyika; vaizowedzera kufara zvakadii dai vaikwanisa kuba mamwe matsamba aizokwanisa kushandiswa kuraisa vakuru vehurumende!*

*Zvisinei, 'Abdu'l-Bahá, Haana kuora mwoyo nazvo. Aionekwa husiku nguva zhinji, Achinyora Achivenekerwa nerambi Rake; nekuti Akanga Aona kuti nzira yakachengetedzeka yekutambira nekutumidzirwa kwetsamba yakanga yavapo. Unofunga kuti Akaita sei?*

*Munoona, 'Abdu'l-Bahá Aiziva kuti vavengi Vake vaicherechedza basa rakakosha raiitwa naMuhammda Taqi. Vaizoedza pasina kupokana kutora tsamba dzaifamba dzichidarika nepaari. Naizvozvo 'Abdu'l-Bahá Akatuma Muhamma-Taqi kunzvimbo yakanga iri pedyo, iri mune imwe nyika. Uko kwaaisazova mujodzi. Nekudaro vamwe, avo vavengi Vake vaaisafungire, vaifambisa matsamba ese kubva muNyika Inoera vachiendesha kuna Muhammed Taqi. Uye, kubva munzvimbo yakachengetedzeka iyi, akaendederera mberi mukutendeka kutambira nekutumira tsamba, uye pasina kurasisa chivimbo icho 'Abdu'l-Bahá akanga aisa paari. Zvakaita saizvozvo kuti, kunyangwe munguva dzakaoma, kufambidzana kwemashoko neNyika Inoera hakuna kumbodimburwa uye nhungamiro yakaramba ichisvika kushamwari munzvimbo dziri kure.*

## **E. Mutambo: “A Guide” “Mutungamiri”**

Patsanurai vana venyu muchivaita vaviri-vaviri uye movakumbira kuti vabatane maoko. Vhara umwe mwana kumeso muchikwata chevaviri-vari uye woita kuti mwana asina kuvharwa kumeso atungamirire umwe wake vachifamba-famba, achibatsira kufamba pane zvimhingaidzo zvakaita sezvitsiga, makomba, matombo uye mavhiri emotokari. Kana chisungo chechivimbo chichinge chaumbwa pakati pevaviri ava nenzira iyi, mwana akavharwa kumeso anogona kuchitungamirirwa nemumwe wake vachishandisa izwi chete kutaurira mumwe wake zvekuita. Pakadai apa, arikutungamirira umwe anofanira kufamba mumashure meakavharwa kumeso kuitira kuti agone kumubata kana akagumburwa.

Tichipa rimwe zano maringe nemutambo uri pamusoro, vana vese vanogona kuvharwa kumeso vogadzira chitima, chinogona kutungamirwa newe kana kuti mumwe wevana.

**F. Kuisa ruvara: Mufananidzo 19**

**G. Minamoto yekuvhara**

**CHIDZIDZO 20**

**A. Kudetemba uye kubata minamoto nemusoro**

Mushure mekunge iwe nevana vashoma maita minamoto yekuvhura, ongororai nevana munamoto uyo wavanga vachidzidzira muzvidzidzo zvitatu zvapfuura.

**B. Nziyo (kusanganisira nedzokororo yenziyo dzemumashure)**

Kindling the Fire of God's Love

D

In my heart

A

There is a flame

G

That God has placed

D

A special flame

A

This is the fire

G

The fire

D

Of His love

Chorus:

D

A

I will pray

I will pray (*echo voice*)

G

To God

*(continued on next page)*

A D A  
To kindle in my heart  
To kindle in my heart (*echo voice*)

G  
That flame  
A D A  
The fire of His love

G  
And I will strive

A D  
That its light illumines all hearts

Day by day  
I will feed this flame  
As I pray

And do good unto others  
This flame will grow  
As I pray  
And serve mankind

And as this flame burns  
As it grows  
It will be felt  
By all who come  
Its way  
It will bring warmth  
To all  
Who come its way

Chorus

### C. Kubata zvinyorwa nemusoro

Dingindira reChidzidzo chino ndere kubatidzwa kwemwoyo, uye chirevo chinotevera chichakubatsirai kuti muparure dingindira iri uye chinyorwa chekubata nemusoro:

Munhu wese akasikirwa kuti azive Mwari nekuMuda, uye tese tine kamwenje kerudo Rwake mumwoyo yedu. Zvakakosha kuti tive tinopa kuchidziro kumwenje uyu werudo rwaMwari kuburikidza nekuMunamata mazuva ose uye kupa shandiro kune vamwe, kuitira kuti uwedzere kusimba. Apo mwenje paunowedzera kubvira uchijeka mumwoyo yedu, kudziya kwawo kuchanzwikwa nevole vatichasangana navo. Uye mwoyo yavowo, ichabviriswa. Kana tichinge tabatidzwa saizvozvi, tinobva taita semakenduru ari kubvira asina chaanokwanisa kuita kusiya kwekupa rujeke nekudziya kune avo vakatikomberedza. Ngatibatei nemusoro chinyorwa chinotevera:

**“Ivai munobatidzwa, Nhai vanhu, nekudziya kwerudo rwaMwari, kuitira kuti mungangobatidzawo mwoyo yevamwe.”<sup>122</sup>**

#### *Kubatidza*

1. Mumba makanga muchitonhora, nekudaro baba vaAlex vakafunga kubatidza moto. Vakaisa mazitanda muchitofu vachibva vabatidza twutsotso pasi pawo. Huni idzi, pasina nguva, dzakabva dzabatidzwa, moto uchibva wadziyisa mumba.
2. A scientist came to the school and explained to the students many interesting things about the workings of the universe. They began to ask her various questions after the talk. She had enkindled in the students a desire to know more about the world. Mazvikota wezve *science* akauya kuchikoro achibva atsanangurira vana zvinhu zvakawanda maererano nezvinoitika munyika yekusikwa. Paakapedza kutaura vakabva vatanga kumubvunza mibvunzo yakasiyana-siyana. Mazvikokota wezvescience uyu akanga abatidza muvana chido chekuda kuziva zvakawanda maringe nezvenyika.

#### **D. Nhorondo**

*Thomas Breakwell akanga ari murume wechidiki akanga aine chinzvimbo chikuru kwazvo mufekitori yaigadzira machira mudunhu rekuchamhembe remuAmerica uye aiwanzoenda kuEurope kunozorora. Parwendo rwake achienda kuEurope muchirimo cha1901, akasangana nemumwe mudzimai mungarava achibva atanga kutaura naye nepamusoro pemisoro yenyaya dzezvemweya. Pavakasvika muParis, mudzimai uyu akamutora ndokuenda naye kuti anosangana neshamwari yake yaigara mune rimwe remafurati emuguta iroro uyo waaiziva kuti akanga aine chido chimwechetecho [chekuziva nezvemweya]. Mudzimai wechidiki uyu akavagamuchira, vatatu ava vakakurukura kwenguva yakati rebei. Asati ayenda, Breakwell akakumbira muridzi wemba kuti zvaikwanisika here kuti azodzoka kuti vazoenderera mberi nehurukuro. Akaudzwa kuti aikwanisa kuzodzoka mangwanani aitevera.*

*Paakasvika pazuva raitevera, mudzimai uya akaona kuti maziso aBreakwell akanga achipenya uye izwi rake rakanga rizere nekusagadzikana. Akamuti agare pasi. Breakwell akamutarisisa kwekanguva, achibva atanga kumutaurira chiitiko chinoshamisa chakanga chamuwira. Apo akanga abva pamba pemukadzi uyu zuro racho, akafamba neumwe mugwagwa, ari ega, mukamhepo kemanheru kainge kachidziya. Hapana kana shizha zvaro raizungunuka paaifamba. Kusina kupera nguva refu, pakabva paita mhepo yakakura, iyo yaiita kunge yaiunza nyaya dzinofadza dzeshoko kubva kunaMwari!*

*Mukadzi wechidiki uyu akamukurudzira kuti agadzikane. Unoona, aiziva nezveshoko iro Breakwell akanga achitaura nezvaro. Mumazuva matatu akatevera, pamaawa akawanda mudzimai uyu akamuudza zvose zvaaziva nezveChitendero cheBahá'í—nhoroondo yacho, zvidzidziso zvacho—uye pamusoro pa'Abdu'l-Bahá, Mutaridziri weChokwadi wezvidzidziso zvacho, Uyo Akanga Achigara muguta rehusungwa re'Akká, kuNyika Inoera (Holy Land).*

*Pakupera kwemazuva matatu aya, mwoyo waBreakwell wakanga wadzwa nerufaro uye tarisiro zvekuti hapana chimwe chaakanga achada kunze kwekuenda ku'Akká*

*kunoshanyira 'Abdu'l-Bahá. Zvakaitawo kuti, pakanga painewo mumwewo murume wechidiki akanga atoronga zvekuenda kuNyika Inoera aine chinangwa chimwechetewo uyo akava nemufaro chaizvo kuti vafambe vese naBreakwell. Naizvozvo, shoko rakatumirwa kuna 'Abdu'l-Bahá nechikumbiro chekuti apiwe mvumo yekushanya, nenguva dikidiki, vakanga vatove parwendo.*

*Apo varume vaviri ava pavakasvika pamba pa'Abdu'l-Bahá, vakatorwa vakaendwa navo kune mumwe mupanda wemumba iyi umo makanga muine vamwe varume vakati wandei. Paakati cheu achitarisa kumativi akati-kuti, Breakwell akave nekushushikana kukuru. Hapana akanga ari mumba umu uyo mwoyo wake waikwezverwa, achifunga kuti 'Abdu'l-Bahá aifanirwa kunge ari pane avo vakanga varimo, akabva abatwa nekutya kuti akanga atadza kuziva Uyo Wekudenga waAkanga anzwa neZvake kuParis. Akabva agara pasi apererwa. Panguva iyoyo musiwu wakabva wavhurwa, Breakwell achibva asimudza musoro wake. Akabva aona chiedza chikuru umo makabuda 'Abdu'l-Bahá. Akabva aziva panguva iyoyo kuti chido chake chikuru chakanga chazadziswa.*

*Breakwell akagara mazuva maviri aive nemufaro ari pedyo na'Abdu'l-Bahá, panguva iyo moto uyo wakanga wabatidzwa mumwoyo wake wakaramba uchiwedzera kukura. Apo Breakwell akataurira 'Abdu'l-Bahá nezvebasa rake mufakitori munogadzirwa shinda nemachira, umo vana vaishandiswa sevashandi, 'Abdu'l-Bahá Akamuudza kuti asiye basa rake, izvo zvaakaita pasina kumbofunga. Pakapera kushanya kwake, akadzokera kuParis mweya wake uchibvira. Pahupenyu hwake hwese hwakanga huri hupfupi, aibvira kunge kanduru riri kupenya, achipakurira munhu wese waasangana naye rujeko rwakanga rwabatidzwa mumwoyo make. Pakufa kwake, 'Abdu'l-Baha Akanyora Tsamba pamusoro pake, inosanganisira vhesi rinotevera: “Nhai Breakwell, Nhai mudikani Wangu! Wabatidza rimi mukati merambi reVatsvene vepamusoro, waisa tsoka yako muParadhisu ya Abhá, wawana dziviro mumumvuri weMuti Wakakomborerwa, wasvika pamusangano Wake muhutizi hweDenga.”*

#### **E. Mutambo: “Kubatsira Murwere”**

Sarudzai mumwe wevana kuti aite se “murwere”. Chiitai kuti vamwe vana vaviri vamire vakatarisana, vakabatana maoko avo, chanza chimwe nechimwe chakabata pakati peruoko rwemumwe kuitira kuti vagadzire “chigaro”. Zvichienderana nekukura uye nekwanisiro yevana unogona kuti vagadzire chigaro ichi neimwe nzira. Kana zvakadaro, itai kuti vana vaviri ava vabate nechanza chake-chake chedivi rekuruboshwe panosangana chanza chake neruoko rwerudyi.

Vamwe vadzidzi vochizobatsira “shamwari iri kurwara” kuti igare muchigaro chiya. Sarudzai muti kana imwe nzvimbo panoita “sechipatara” mobva mataurira vana vagadzire “chigaro” kuitira kuti vatakure kuendesha “murwere” kuchipatara.

Neboka rakati kurei, vana vanogona kukumbirwa kuumba mubhedha wekuchipatara “stretcher” panzvimbo yechigaro nekumira mumitsetse miviri yakatarisana. Vanofanira kukotamisa maoko avo pamagokora, mumwe nomumwe akabata maoko eumwe mwana wakatarisana naye. Mwana “murwere” anofanira kubva arara pamubhedha kuti atakurwe kuenda ku“chipatara”. Rangaridzai vana kuti munhu wese achafanira kushanda pamwechete kana vachizatora “murwere” zvakachengeteka kunzvimbo yehutano. “Kana tikarega munhu

anorwara achidonha,” unogona kuti, “anogona kukuvara, uye tose tichanzwa kusuruvara. Asi kana tikasvika panzvimbo yehutano pasina matambudziko, tinogona kunzwa kufara uye kugutsikana nokuti tinenge tabatsira shamwari yedu.”

#### F. Kuisa ruvara: Mufananidzo 20

#### G. Minamoto yekuvhara

### CHIDZIDZO 21

#### A. Kudetemba uye kubata minamoto nemusoro

MuChidzidzo chino uye zvitatu zvinotevera, detembai munamoto wamunoziva nemusoro kuvhura chidzidzo chega-chega, seuyo wakapiwa muChikamu 19. Mumashure mekunge iwe nevamwe vana vashoma maita minamoto yekuvhura, munogona kuvaparurira munamoto uri pasi apo, wekupedzisira kuti vabate nemusoro mudanho rino.

**“Nhai Imi Ishe Mune tsitsi! Ini ndiri mwana mudiki, Ndisimudzirei kubudikidza nekundigamuchira kupinda muhumambo. Ndiri chisikwa chepasi, ndiitei wedenga; Ini ndiri wenyika yakaderera; Itai kuti ndive wenzvimbo yepamusoro-soro; ndakasuwa, ndigonesei kuti ndive ane mufaro; ndiri wezvenyama; nditei wezvemweya, uye bvumirai kuti ndikwanise kutaridza nyasha Dzenyu dzisingaperi.**

**“Ndimi AneSimba, Mudi-weZvose.”<sup>123</sup>**

#### B. Nziyo (kusanganisira dzokororo yedzavakadzidza mumashure)

##### Radiance

E A  
As we reflect the light that shines from above

B E  
Our hearts will radiate with kindness and love

E A  
As we are joyful, illumined and bright

B E  
All those around will feel the warmth of His light

Chorus:

E A  
O Son! O Son of Being!

*(continued on next page)*

B E  
Thou art My lamp and My light is in thee!

E A  
O Son! O Son of Being!

B E  
Thou art My lamp and My light is in thee!

The love of God never ceases to flow  
As we arise to serve its brightness will grow  
Don't hesitate! Just radiate! With all of your might Till  
each and every heart is filled with His light

*Chorus (with last line repeated)*

### **C. Kubata zvinyorwa nemusoro**

Muchidzidzo chino vana vachange vachibata nemusoro chinyorwa chinoenderana nehunhu hwemufaro icho chamunogona kuparura nenzira inotevera:

Mwenje werudo rwaMwari haumboregi kujekesa mwoyo yedu. Kuwedzera kwemwenje uyu kupenya, mwoyo yedu inobva yava nemufaro werudo Rwake. Mwenje weruzivo rwaMwari—ruzivo rwehukuru Hwake, rwembiri Yake—rwunojekesa maziso edu. Uye, kubudikidza nezviito zvedu zvekupa, uye mazwi ane tsitsi, mwenje werudo neruzivo zvinopenya zvinotaridzika. Avo vanenge vakatikombereredza vanobatwa-batwa nekupenya kwemufaro wedu. Kuti tirangarire kukosha kwehunhu hwemufaro, ngatibatei nemusoro chinyorwa chinotevera:

**“Nhai Mwanakomana weMunhu! Ndiwe rambi Rangu uye mwenje Wangu uri mauri. Tora zvino kubva mauri mufaro wako uye usatsvaga mumwe kunze Kwangu.”<sup>124</sup>**

#### *Radiance Kubwinya/Chiedza/Mufaro*

1. Tyrell paakamuka, imba yose yakanga yakazadzwa nekujeka kwezuya. Akafara kutambirwa nekubwinya kwezuya.
2. Mai Santos vanoda munhu wese semhuri yavo. Vane mwoyo wekupa, mutsa uye rubatsiro kune vamwe nguva-dzose. Rudo rwuri mumwoyo wavo rwunonzwikwa nevanhu vose vavanosangana navo, zvichiunza mufaro kwavari. Munhu wese anobatwa-batwa nemufaro wavo.

#### *Kutsvaga*

1. Kana nyana yeshiri ichinge yatsotsonya, Mai vacho vanotsvaga zvokudya zvekupa nyana itsva.

2. Chikoro chakakoka vadzidzi parwendo runokosha kunzvimbo iri kunze kwechikoro. Kuti vazoenda, vaifanira kutsvaga/kukumbira mvumo yevabereki vavo. Vadzidzi vose vakakumbirwa kuti vapiwe mvumo kubva kuvabereki vavo kuti vakwanise kuenda.

#### **D. Nhorooondo**

*Dorothy Baker, uyo wamunogona kuzodzidza nezvake nerimwe zuva, akava nerombo rakanaka rekusangana na 'Abdu'l-Baha ari musikana wechidiki. Mbuya vaDorothy ndivo vakaenda naye kuti anosangana na 'Abdu'l-Bahá munguva yenzendo Dzake dzenyika dzekuChamhembe. Achisvika pamba paakanga asati ambosvika, Dorothy akapinda mumba yakanga yakazara nevanhu. Vanhu vazhinji vainge vachitaurira pasi-pasi uye zvine rukudzo vakamirira 'Abdu'l-Bahá kuti Ataure. Master Vakanyemwerera apo Dorothy nambuya vake vakapinda vachibva vanongedzera kumwanasikana mudiki uyu kuti auye agare pedyo Naye. Nemufaro, asi aine kakutya, akafamba achibva kune rimwe divi reimba iyi achienda kune rimwe. Asina kubosimudza musoro, akafamba zvakanaka achidarika vamwe vaenzi kuti asvike pachigaro chaiva pedyo netsoka Dzake.*

*Apo 'Abdu'l-Bahá akatanga kutaura, Dorothy akagara pasi maziso ake akatarisa pasi, akatarisa shangu dzake dzeruvara rwutema. Akanga asina hushingi hwekuMutarisa. Pasina nguva kutya kwake kwakabva kwapera. Akanzwa kukwezvwa nerudo rwa 'Abdu'l-Bahá. Mufaro Wake waikwezva. Asina kumbozviona, akanga asuduruka, akazviona atendeukira kuna 'Abdu'l-Baha, magokora ake ari pamabvi ake, chirebvu chake chiri mumaoko ake, akatarisa kumeso kwa 'Abdu'l-Baha kwaipenya.*

*Dorothy akatadza kurangarira zvakanga zvataurwa na 'Abdu'l-Bahá zuva iroro. Chinhu chaakanga achiri kurangarira huso Hwake hune tsitsi, Izwi Rake rainge nziyo, kudziya kwehuvapo Kwake. Maziso Ake aiita kunge aimutaurira nezvenyika dzemweya. Nechinguvana, rudo rw Mwari rwakanga rwabatidzwa mumwoyo make rwakanga rwakura zvakasimba zvekuti akafunga zano rekunyorera 'Abdu'l-Baha. AkaMukumbirisa kuti amubvumidzwe kumushandira uye Chitendero chaBaba Vake, Bahá'u'lláh. Mumhinduro Yake kuna Dorothy, 'Abdu'l-Bahá Akamurumbidza pamusoro pechishuwo chekuti ave anokunda muchido chake. Akamuvimbisa pamusoro penyasha dzaMwari, Akamuudza chishuwo chekuti achakunda muchido chake. Saizvozvo, Dorothy akazvipira hupenyu hwake hwese kushandira Mwari nerudzi rwemunhu.*

#### **E. Mutambo: “Two-Way Copy”**

Isai vana muzvikwata zvevaviri-vaviri vakatarisana. Zvino chitaurirai mumwe wevana muchikwata chega-chega kuti afambe-fambe kana kungo zungunutsa muviri wake, izvo mumwe wake anofanira kuteedzera. Kwapera nguva shoma, vana vanofanirwa kuchinjana. Unogona kuti vaite izvi vachishandisa nhengo dzekumeso pane kuti vafambise muviri vavo. Chinotevera, itai kuti mwana umwe muchikwata chega-chega amire mumashure memumwe. Apo mwana ari pamberi anofamba, mwana ari mumashure anofanira kuteedzera zviri kuitwa neari pamberi.

#### **F. Kuisa ruvara: Mufananidzo 21**

#### **G. Minamoto yekuvhara**



## CHIDZIDZO 22

### A. Kudetamba uye kubata minamoto nemusoro

Mushure meminamoto yekuvhura, vana vanokwanisa kuenderera mberi nekubata nemusoro munamoto wakaparurwa muchidzidzo chapfuura.

### B. Nziyo (kusanganisira nedzokororo yenziyo dzemumashure)

#### I Want to Be Happy

Am  
There is something you must know  
Am E7  
In this Faith we have to show  
Dm  
We are men of deeds, not of words  
Am E7 Am  
Our very life should show our Faith to friend and foe

#### Chorus:

Am  
I want to be happy  
Am  
I want to be strong  
Am  
To be His servant  
Am  
My whole life long  
Dm Am  
So, I must obey the laws of God  
E7 Am  
Yes, I must obey the laws of God

There is something you must know  
In this world of pomp and show  
People are tired of empty speech  
They want to see you practice what you teach

#### Chorus

### C. Kubata zvinyorwa nemusoro

Vana vachadzidzira chinyorwa chiri pazasi nemusoro muchizidzo chino, icho chakanangana nedingindira rekuvimbika. Hedzinoi dzimwe pfungwa dzinokubatsirai kuparura chidzidzo:

Mweya wakavimbika haumbofi wakakanganwa rudo rwawo kuna Mwari. Kuburikidza nekuvimbika kwedu kwa Ari kunoita kuti tirambe tichisimbarara mukutevedzera zvidzidzo Zvake uye kutevedzera mitemo Yake, kunyange zvikaoma sei. Izvi ndizvowo zvinoita kuti tishandire vamwe zvine simba uye kuita mabasa akanaka, tisina chimwe chinangwa kunze kwekuita zvino Mufadza. Kumweya wakavimbika hapana mufaro mukuru kunze kwekuedza kuti ufadze Mwari. Ngatidzidzirei chinyorwa ichi chaBahá'u'lláh:

**“Ane mufaro uyo akavimbika akashongedzwa nenguwo yemushando wepamusoro uye asimuka kuti ashandire Rudaviro rwuno.”<sup>125</sup>**

#### *Kushongedzwa*

1. Mae ane hembe yake yakanaka yaanongopfeka panguva dzakakosha. Anopfeka hembe yake pamisangano. Mae akanga akashongedzwa nehembe yake yakanaka.
2. Natalia ane mwoyo munyoro kune munhu wese. Mwari vakashongedza mweya wake nemwoyo munyoro.

#### *Nguwo*

1. Kune dzimwe nzvimbo, vatongi vedzimhosva vanofanirwa kupfeka nguwani chena nemajasi akareba matema muimba dzekutongwa kwemhosva. Vanofanirwa kupfeka nguwo dzevatongi vedzimhosva dzakakwana.
2. Asati abuda mumuzinda, mwana wamambo anopfeka bakatwa rake nekorona yake. anopfeka nguwo dzake dzechumambo.
3. Jakob anoita minamoto mangwanani ega-ega asati abva pamba pake. Minamoto yakafanana nenguwo dzakapfekedza mweya wake. Inomukurudzira uye kumuchengetedza zuva rose.

#### *Basa/Mushando*

1. Vadzidzi vakafunga kudyara miti yakapararira pachikoro. Vanhu vemunharaunda vakatsigira basa ravo iri kuburikidza nekuvapa miti yekudyara uye neivhu.
2. Pierre na Arlene vakafunga kuti vaizokwira pamusoro pegomo. Vaizviziva kuti iri raiva basa rakaoma asi vakanga vakazvipira kuedza.

### D. Nhorondo

*Apo ‘Abdu’l-Bahá Akanga Achiri mukomana wechidiki, Mhuri Yake iyo yakanga iri chikamu chevanhu vanopiwa ruremekedzo muPersia, yaiva nemushandi ainzi*

*Isfandiyár. Akanga ari munhu akavimbika kumhuri iyi, uye vaivimba naye chaizvo. Apo vakuru vehurumende, nekuda kweshanje uye kusaziva, vakaita kuti Bahá'u'lláh, Baba va'Abdu'l-Bahá VaAida zvikuru, vasungwe, hupfumi hwese hwemhuri iyi hukatorwa. Vakasiyiwa vasina kana chinhu uye ani naani akanga ari pedyo naBahá'u'lláh akanga ari mudambudziko. Zvisinei Isfandiyár akaramba achishandira mhuri iyi. Nokuziva kuti mapurisa akanga achitsvaga Isfandiyár, amai va'Abdu'l-Bahá vakamukurudzira kuti abve muguta iri. Asi Isfandiyár akaramba kuenda.*

*“Handikwanisi kuenda,” akadaro, achitsanangura kuti akanga aine zvikwereti zvakawanda chaizvo kune vene vezvitoro zvaakanga atora zvinhu. “Ndingaenda sei?” akabvunza. “Vanozoti mushandi waBahá'u'lláh akatora akadya zvinhu zvevaridzi vezvitoro akasazvibhadhara. Kusvikira ndaripa zvikwereti zvese izvi, handikwanisi kuenda. Asi kana vakanditora, hazvina mhosva. Kana vakandiranga, hazvina kushata pane izvi, kana vakandiuraya, musarwadiwa. Asi kuenda, hazvigoni. Ndinofanirwa kugara kusvikira ndaripa zvikwereti zvese zvandiinazvo.*

*Kwemwedzi wese, Isfandiyár aifamba munzira nemukati memisika, achitengesa twunhu tudikidiki twaakanga ainatwo. Paakanga apedza kuripa chikwereti chekupedzisira, akabva aenda kumhuri ya'Abdu'l-Bahá kunovaoneka nekuti ainge avakuziva kuti zvakanga zvisisakwanisike kuti arambe agere navo. Mumwe wevakuru vehurumende akamutora akagara naye achimudzivirira panguva yakanga yakaiipisa iyi.*

*Kwapera mwedzi yakati wandei, Bahá'u'lláh Akaburitswa mutirongo, uye Iye nemhuri Yake vakabva vadzingwa kubva muPersia nehurumende. Vakaenda kuBaghdád, guta riri munyika yakavakidzana nePersia. Isfandiyár, nechishuwo chake chekuda kuramba achishandira Bahá'u'lláh akaenda kuBaghdád akanokumbira kuti angaramba achiMushandira here. Bahá'u'lláh Akati kwaari “Pawakatisiya, paiva nemumwe wevakuru vehurumende yePersia akakupa pekugara apo pakanga pasina kana ani zvake akanga achikwanisa kukudzivirira. Nekuti akakupa pekugara nekukudzivirira, unofanirwa kuva wakavimbika kwaarii. Kana akava nekugutsikana kuti unogona kubva pamba pake, unogona kuzouya kuzogara nesu, asi kana asingadi kuti ubve, usamusiya.”*

*Zvisina mubvuzo, Isfandiyár akanga ari munhu akatwasuka, akavimbika uye achiteerera, zvekuti mukuru wehurumende uyu haana kuda kuti Isfandiyár aende. “Nhai Isfandiyár!” “Handidi kuti uende, asi kana mwoyo wako uchida kuenda, ngazvive sekuda kwako” Asi Isfandiyár akarangerira mashoko aBahá'u'lláh. Akabva agara achishandira mukuru uyu kusvikira kwapera nguva, mukuru wehurumene uyu akazofa zvakazoita kuti Isfandiyár akazokwanisa kudzokera kumhuri yaaidisa zvikuru, achishandira 'Abdu'l-Bahá kusvikira mukufa kwake.*

#### **E. Mutambo: “Ndiyani Ari kuGogodza paMusiwo Wangu?”**

Vhara mumwe wevana kumeso, uyo anofanirwa kunge akagara pabhenji akafuratira vamwe vana vese. Zvino chinongedzera kune mumwe mwana. Anofanira kuenda kune mwana akavharwa kumeso onogogodza pabhenji. Mwana akagara anofanirwa kuti “Ndiani ari kugogodza pamusiwo wangu?” Uyo agogodza, achiedza kuita kuti izwi rake risazivikanwa odaira achiti, “Ndini!” Mwana akagara anofanirwa kuedza kufembera kuti ndiani ari kugogodza. Mwana akagara anopiwa mikana mitatu yekuti aedze kufembera, mushure mezvo mumwe mwana anopiwa

mukana wekuvharwa kumeso. Mungangoda kutaurira vana kuti, kuti mwana akavharwa kumeso anyotsoteerera zvakanaka, vamwe vese vanofanira kuramba vakanyarara.

**F. Kuisa ruvara: Mufananidzo 22**

**G. Minamoto yekuvhara**

**CHIDZIDZO 23**

**A. Kudetemba uye kubata minamoto nemusoro**

Munogona kutanga chidzidzo neminamoto uye mozobatsira vana kuti vaenderere mberi mukuedza kwavo kubata nemusoro munamoto wakaparurwa muChizidzo 21.

**B. Nziyo (kusanganisira nedzokororo yenziyo dzemumashure)**

Patience

D A  
Your legs are getting tired  
A D  
And the road is very long, long, long  
D A  
You want to give up trying  
A D  
And the sun is beating strong  
G D  
No sense gettin' impatient  
G D  
It's useless if you cry  
G D  
If you take it step by step  
A D  
The time goes rushing by  
  
Chorus:  
G D  
Patience is the answer  
G D  
When you're sad and blue

*(continued on next page)*

G                    D  
Patience is rewarded  
                          A                    D  
It brings happiness to you

Your brother doesn't understand  
But you've explained it more than twice  
You really ought to try again  
And do your best to be nice  
No sense gettin' impatient  
It's useless to be stern  
If you show him kindness  
It's the way to help him learn

Chorus

You want to do much better  
But still you don't succeed  
You wonder why make an effort  
And where it all will lead  
No sense gettin' impatient  
It's silly to do less  
If you keep on striving  
You'll eventually progress

Chorus

### **C. Kubata zvinyorwa nemusoro**

Muchidziso ichi, vana vachabata nemusoro chinyorwa chinoenderana nekuva nemwoyo murefu, icho munogona kuparura nenzira inotevera:

Kuve nemwoyo murefu ndehumwe hwehunhu hwakakoshesesa hwatinokwanisa kuvanahwo. Pasina mwoyo murefu tinokwanisa kuwana zvisomanana muhupenyu hwedu. Muzvidzidzo zvedu zvechikoro, mumabasa edu, mumhuri dzedu, muhushamwari hwedu nevamwe, mukuedza kwedu kuve tinokura pamweya, mwoyo murefu wakakoshesesa. Hazvisi zvese muhupenyu zvinokwanisa kuitwa nekukasika. Zvinhu zvizhinji zvinokwanisa kuitwa zvishoma nezvishoma, zuva nezuva. Kana tiine mwoyo murefu, hatiedzi kuita zvinhu zvinoda nguva nekukasika. Tinofanirwa kuve nemwoyo murefu nevamwe uye nesu pachedu nekuti tose tiri kudzidza uye tirikukura. Kuti tibatsirikane pakuedza kwedu kuti tive newoyo murefu, ngatibatei nemusoro chinyorwa chinotevera:

**“Iye, zvirokwazvo, Achawedzera makomborero kune avo vanotsungirira vaine mwoyo murefu.”<sup>126</sup>**

### *Mubayiro*

1. Mai Anderson vakafadzwa zvikuru nezvigadzirwa(projects) zvescience zvakagadzirwa nevadzidzi vemukirasi yavo. Semubairo, vakavatora vakaenda navo kunoshanyira nzvimbo yemhuka dzinogara mumvura yakanga iri pedyo.
2. Alena aitora nguva zuva rega-rega achidzidzira kuridza gitare. Apo airidzira hanzvadzi yake diki rwiyo rwunotapira, mufaro waitaridzika pachiso chehanzvadzi yake ndiwo mubairo waaida pakuedza kwake.

### *Kutsungirira*

1. Aliya nemhuri yake vakatamira kunzvimbo yaiva kure. Kwemwedzi mishoma yekutanga, vakasangana nematambudziko akawanda. Asi, kubudikidza nerubatsiro rwevavakidzani vavo vakanga vaine mwoyo yakanaka, vakakwanisa kutsungirira mumatambuziko aya uye vave kufara zvakanyanya mumusha wavo mutsva.
2. Hugh akatanga kurwara. Akanga achirwadziwa chaizvo, asi haana kumbonyunyuta. Akatsungirira mumarwadzo ake nemwoyo murefu.

### **D. Ngano**

*Li Xin aida muchero wemapichisi chaizvo. Mazuva ese, aienda nepichisi kuchikoro iro raazodya panguva yekudya kwemasikati. Ainakirwa nechidimbu chese chaairuma achitsenga, asi nguva dzose airasa mhozi yemukati nechikoko chayo.*

*Nerimwe zuva, kirasi ya Li Xin yaidzidza nezvemhodzi. Izvi zvakapa Li Xin imwe pfungwa. Aizodyara mhodzi yepichisi rake iyo yaaizorera kusvikira yakura kuita muti mukuru!. Panguva yekudya kwemasikati, akachengeta mhodzi yepichisi raakanga adya achibva ariputira mubepa. Pakapera chikoro, akamhanyira kumba achibva akumbira baba vake kuti vamubatsire kutsvaga nzvimbo yekudyarira mhodzi yake. Baba vake vakamuyeuchidza kuti aifanirwa kumbomira kusvikira chikoko chemhodzi yacho chaoma asati abuditsa mhodzi yemukati. Asi, Li Xin akanga otoda kusima mhodzi yake. “Li Xin,” vanodaro baba vake, “kana usina mwoyo murefu wekumirira kuti mhodzi iwome, uchazokwanisa sei kumirira kuti mhodzi yacho ibude?” Naizvozvo Li Xin akayanika mhodzi iya kuti iome.*

*Mushure memazuva mashomanana, Li Xin akave anokwanisa kutsemura chikoko chemhozi iya uye oburitsa kamhodzi kemukati. Amai vake vakamutaridza nzvimbo iri pamusha pavo apo muti waizokura kuve muhombe uye wakareba. Li Xin akachera kakomba kadiki achibva adyara kamhodzi kake imomo ndokuvhara gomba racho nemavhu ainge ane hunyoro. Akanyemwera nemufaro. Muti wake wakanga wave kuzotanga kukura!*

*Zuva rega-rega, Li Xin aienda kugomba riya, aine tarisiro yekuona chiratidzo chekuti mhodzi iya yavakumera. Asi mhodzi iyi haina kumera kwemasvondo akati kuti zvinove*

zvakanakana mwoyo. Vaona kunetsekana kwa Li Xin, amai vake vakamubvunza kuti chii chaimunetsa. “Mhodzi yangu haisi kumera.” Lin Xin akadararo. “Handifungi kuti ndichazova nemuti ini.” “Zvakanaka”, vakadararo amai vake, “mhodzi iyi ine kukura kukuru kwainofanirwa kuita. Nenzira imwe cheteyo, yakango fananawo newe. Pawakazvarwa, wakanga uri kanhu kadiki diki uye zvawaingoita kudya nekurara. Zvino zvitarise, wava kamukomana kakuru, wava kufamba, kutaura uye kuzvifungira! Muti uyu unogona kutora makore akawanda kuti ukure, asi ukanyatsakuuchengeta zvakanaka, nerimwe zuva uchakwanisa kugara pamumvuri pawo uchinakirwa nemichero wawo.” Achifunga izvi, Li Xin akabva azadzwa netarisiro zvakare. Aiziva kubva muzvidzidzo zvake zvekuchikoro kuti mhodzi inotora zvinhanho zvakanakana isati yamera.

Zvino, rimwe zuva nguva yepfumvudza, Li Xin akaenda kunotarisa mugomba rake, sezvaagaroita, akashamisika nerufaro achiona kamuti kachisimudza ivhu kubuda pagomba rake riya! Muti wake wakanga wabuda! Akabva amhanyira kumuvakidzani wake uyo akanga ari murimi achibva amuudza nezve nyaya iyi inofadza. Akamupa mazano maererano nekuti angarera sei muti wake panguva iyo unenge uchiri mudiki uye usati wasimba, iye akateera mazano ese, aine chidokwa-dokwa chekuurera nepose paaigona napo. “Pasina nguva ndichange ndave nemapichisi akawanda ekukupai sekukutendai neruzivo rwenyu rwakanaka,” akadararo Li Xin. Asi muvakidzani wake akangonyemwerera. “Li Xin, uchiri kuyeuka kuti wakava nemwoyo murefu wakadii uchimirira kuti chikoko chemhodzi yako chiome?” Li Xin akagutsurira musoro. “Uye uchiri kuyeuka wakatova nemoyo murefu wakareba wakamirira kuti mhonzi yako imere? Li Xin akayeuka nguva iyi zvakare. “Nekudararo”, muvakadzani wake akadararo “Zvichatorawo nguva yakatoreba kuti kamuti kako kazoita muti mukuru uye imwe nguva zvakanakana kuti muti wako uzotanga kubereka. Zvinogona kutora makore kuti muti uyu ukure kusvika panguva yekubereka mapichisi auchazodya.”

Nekudararo Li Xin akarera muti wake achiupa zvawaida pawaikura kubva pamhodzi ichangomera kusvika pakuita kamuti kadiki kuzosvikira wasvika pakuita muti mukuru. Padiki nepadiki wakatanga kureba nekufaranuka, sekukura kwaaitawo iye. Zvino nerimwe zuva, apo Li Xin aibva kuchikoro, akaona mapichisi ekutanga achibuda pakanga paine maruva chete. Zvekare, akanzwa mufaro mukuru uchizadza mwoyo wake sekuunzwa kwaakuita apo akaona muti wake uchitanga kubuda. Zvakare akaziva kuti aifanirwa kuramba aine mwoyo murefu. Sezvo zvaizotora nguva kuti mapichisi aya aibve kuti azodyiwa.

## **E. Mutambo “Tsvaga Mutangi”**

Sungai nejira, kumeso kwemwana mumwechete, mobva mamuita kuti asuduruke kubva pane vamwe. Zvino chinongezera, chinyararire, kune mumwe mwana kuti ave “mutangi”. Musati madaidza mwana wekutanga kuti adzoke, itai kuti vana vose vasara vadzidzire kuteedzera chero chinenge chaitwa ne “mutangi”. Semuenzaniso, kana akaombera, vamwe vese vanofanirwa kuteedzera. Kana akatanga kufambisa maoko ake kutaridza kuti ndavakuenda, vamwe vese vanofanirwa kuita zvimwechetezvo. Mwana wekutanga anofanirwa kuchibviswa jira kumeso obatana nevamwe. Anofanirwa kunyatso tarisisa kuti aone kuti ndiani ari kuita “mutangi”. Naizvozvo vamwe vana vose vanofanirwa kuedza nepavanogona kuti vasatarisise mwana ari kutanga kana kungoramba vachicheuka-cheuka kumutarisa, zvinozoita kuti akurumudze kuzivikanwa. Vana vanogona kupanana mukana wekuita “mutangi” kana kuti anenge agona kufembera.

**F. Kuisa ruvara: Mufananidzo 23**

**G. Minamoto yekuvhara**

**CHIDZIDZO 24**

**A. Kudetemba uye kubata minamoto nemusoro**

Senguva dzose, vhura chidzidzo neminamoto uye wowongorora nevana munamoto wavanga vachizidzira kubata nemusoro muZvizidzo zvapfuura.

**B. Nziyo (kusanganisira nedzokororo yenziyo dzemumashure)**

Firm in the Love of God

G C  
We walk, we walk  
D G  
We walk the path of God  
G C  
We're firm, we're firm  
D G  
Firm in our love of God  
G C  
We walk the path of God  
D G  
When troubles come our way  
G C  
We're firm in our love of God  
D G  
And on His path we stay

We serve, we serve  
We serve the Cause of God  
We're firm, we're firm  
Firm in our love of God  
We serve the Cause of God  
Always doing our part  
We're firm in our love of God And  
serve with a joyful heart

*(continued on next page)*



We stand, we stand  
We stand, hearts turned towards God  
We're firm, we're firm  
Firm in our love of God

We stand, hearts turned towards God  
Never doubting His aid  
We're firm in our love of God  
And all our sorrows fade

### C. Kubata zvinyorwa nemusoro

Pfungwa dzinotevera dziri kupihwa kuti mubatsirikane pakuparura chinyorwa chinotevera kuvana icho chavachabata nemusoro.

Humwe hwehunhu hwakakoshesesa hwemunhu anoda Mwari chaizvo kutsungirira. Kunyangwe chii zvacho chinotika muhupenyu, tinorangarira Mwari uye rudo rwedu kwaAri. Nekudaro, hatifanirwe kuve tinobatikana nezvinhu zvinotaurwa kana zvatinoitirwa nevamwe kuti zvikanganise chivimbo chedu maVari. TinoVada uye tinotevera mirawo yaVo nezvidzidziso Zvavo. Kuti tirangarire kuti tinofanira kuramba takatsungirira panguva dzose, ngatibatei nemusoro chinyorwa chinotevera chaBahá'u'lláh:

**“Chinhanho chenyu chakakosha chichave chepamusoro-soro, kana mukaramba makatsungirira muRudaviro rwalshe wenyu.”<sup>127</sup>**

#### *Pamusoro-soro*

1. Mapindu emaruva akanga akanaka zvakanyanyisa izvo Xavier asati akamboona. Ari kutadza kufunga bindu rakanaka zvechinhanho chepamusoro-soro.
2. Amai vaKelesto vakabikira mhuri yavo keke remhando yepamusoro-soro. Vakaridya vachinakirwa chose, uye vose vakabvumira kuti rainaka zvakanyanyisa.

#### *Chakakosha*

1. Manheru ega-ega asati arara Martha anonamata uye anonzwa kuva pedyo naMwari. Paanorara, mweya wake unenge uri mudanho repamusoro-soro rakakosha.
2. Pamusangano, Kumar akutaura nezve runyararo pasi-rose uye hunaku hwerudzi rwevanhu. Kumar akutaura pfungwa yakakosha.

#### *Kuramba takatsungirira*

1. Shamwari yaRosemary inogara ichimutaurira kuti nyenyedzi marambi madiki-diki anongofamba mudenga. Asi Rosemary akadzidza muchikoro kuti nyenyedzi yega-yega izuva riri kure-kure. Rosemary haasi kushandura mafungire ake. Anoramba akatsungirira pane zvaanoziva kuti ndicho chokwadi.

2. Mumwe munhu akataurira Mona kuti hazvina kukosha kunamata mazuva ose, asi iye akaramba achinamata nekuti aiziva kuti mutemo waMwari kuti tinamate. Mona akaramba akatsungirira pakutevera mutemo wemunamato.

#### **D. Nhoroono**

*Zvingangodaro kuti munoziva kuti Bahíyyih Khánum akanga ari hanzvadzi idiki ya 'Abdu'l-Bahá. Akanga ane makore matanhatu chete apo Baba vavo, Bahá'u'lláh, vakasungwa Vakaendeswa kutirongo nehurumende yakanga isina kutonga kwakaenzana. Munorangarira kubva kune imwe nhoroono kuti mhuri yake yakanga iri nhengo yemhuri dzinopiwa rukudzo. Asi, pakasungwa Baba vake, zvinhu zvese zvaiva zvemhuri iyi zvakabva zvatorwa. Minda yavo, dzimba dzavo, zvinhu zvavo zvemumba—zvese zvakaenda. Mhuri yakasiwa iine twunhu tushomanana, kana chikafu chaicho chakatorwa. Apo iye neHanzvadzi yake ihombe yepamoyo, 'Abdu'l-Baha, vainge vave nenzara, uye pasina chingwa chekuvapa, amai vavo vaidururira furawu muchanza chemaoko avo kuti vawane chekudya.*

*Papera kanguva, Baba vavo vakaburitswa Vakabva vamanikidzwa nehurumene kuti Vabude munyika Yavo yekuzvarwa. Bahíyyih Khánum nemhuri yake vakabva vatanga rwendo muchando chaitonhoresesa vakananga kuguta reBaghdád iro raiva munyika yainge yakaganhurana nemunyika yavaibva. Kutu vasvike kuguta iri, vaitofanirwa kupfuura nemumakomo makuru akanga akazara nechando. Rwendo uru rwakanga rwakaoma zvikuru uye chikafu chavakanga vainacho chakanga chisingakwane. Mbatya dzavo dzakanga dzisingambo vharidziri chando chaidona nekutonhora kwakanga kwakanyanyisa. Nerubatsiro rwemadhongi mashomanana, vakakwanisa kufamba zvisvishoma nezvisvishoma mumakomo marefu aya. Kazhinji, vaimira kuti varare mumasango. Asi Mwari Vakavachengetedza, uye kubudikidza nerubatsiro Rwavo rwusingakundikane, vakasvika kuBaghdád zvakanaka kwapera mwedzi mitatu. Bahíyyih Khánum haanzve kuzombodzokera kunyika yake yekuzvarwa.*

*Kusvikira kupera kwehupenyu hwake, Bahíyyih Khánum akanga aina Baba vake mumatambuziko nekudzingwa kwaVaiitwa kubva mune imwe nyika kuenda kune imwe. Pakupedzisira, hurumende yakadzingira Bahá'u'lláh kuguta rehusungwa re'Akká, umo iye nemhuri yake vakagara nevanhu vakaipisira vakanga vasingadiwe. Apo Baba vake vaaidisisa Vakasiya nyika ino, Bahíyyih Khanum akatsigira hanzvadzi yake yaaidisisa, 'Abdu'l-Baha, Uyo Akanga Asarudzwa seMukuru weChitendero chaBaba Vake. Uye, makore akawanda apfuura, apo 'Abdu'l-Baha, zvakare, Akasiya nyika ino Achienda kune imwe nyika, Bahíyyih Khánum akava mutsigiri mukuru uye mudziviriri akasimba kumuzukuru Wake, wechidiki Shoghi Effendi, uyo akanga apuwa chinhanho cheMutariri weChitendero na 'Abdu'l-Bahá.*

*Bahíyyih Khanum akanga zvino ave munhukadzi wechikuru. Hupenyu hwake hwakanga hwakadzwa nematambudziko nemarwadzo. Hwakafamba kubva mukuoma huchipinda mune kumwe kuoma, kubva mumatambudziko huchipinda mune mamwe matambudziko. Asi mweya wake wakaramba wakagadzikana, uye mwoyo wake waigara nguva dzose wakadzwa nerudo rwaMwari. Aiva akatsungirira nekusimbarara mazuva ose ekupedzisira ehupenyu hwake.*


#### **E. Mutambo: “Ruoko Runobatsira”**

Taurirai vana kuti vaite vaviri vaviri vobatana maoko. Chekutanga, itai kuti vafambe panzvimbo iyoyo vari vaviri-vaviri, vakavhura maziso. Vanofanirwa kutanga nenhanho dzidiki, zvishoma nezvishoma voita kuti nhanho dzavo dziite dzichireba, dzichireba. Chikwata chega-chega chinofanira kuona kuti hachigumhani nechimwe. Zvino, mwana mumwechete muchikwata chega-chega anofanirwa kuvhara maziso ake, uye vanofanirwa kudzorora kufamba kwavamboita. Zvino kana vachizama kusagumhana, mwana ane maziso akavhurika anofanira kutungamirira shamwari yake. Vaudzei kuti vanofanira kushandisa maoko chete kutaridza mumwe wake kwekuenda. Munofanirwa kuvabatsira kuti vafunge kuti vanotaridza sei mumwe wavo zvekuita vasati vatanga—semuenzaniso, kudzvinya kamwechete kunogona kureva “mira”, kudzvinya kaviri “dzoka kumashure”, katatu “tendeukira kurudyi”, uye kana “tendeukira kuruboshwe”

#### **F. Kuisa ruvara: Mufananidzo 24**

#### **G. Minamoto yekuvhara Minamoto yekuvhara**





**“Nhai Mwanakomana weMweya! Rairo Yangu yekutanga ndeyi: Iva nemwoyo wakachena, munyoro uye une mufaro...”**





**“Fambai nzira yekutonga zvakaenza, nekuti, zvirokwazvo,  
ndiyo nzira yakarurama”**








**“Nhai Shamwari! Mubindu remwoyo wako, usadyara chimwe chinhu kunze kweruva rerozi rerudo . . .”**





**“Chokwadi ndihwo hwaro hwedzimwe tsika dzese dzemunhu”**





**“Kupa nekuva nemwoyo wekupa hunhu Hwangu; zvakanakira uyo achazvishongedza nehunhu Hwangu.”**





**“Akakomborerwa uyo anosarudza kuisa mukoma  
wake pamberi asati azvifunga iye.”**








**“Nhai Mwanakomana weMunhu! Pembera murufaro rwemwoyo wako, kuitira kuti uve nekodzero yekusangana Neni uye nekuratidzira runako Rwangu.”**





**“Tinofanirwa panguvadzose kutaridza chokwadi chedu nemwoyo wechokwadi...”**





**“Nhai Mwanakomana weMunhu! Zvinipise pamberi Pangu, kuitira kuti nyasha ndingakushanyira.”**





**“Ivai mune mufaro. Ivai mune kugutsikana. Simukai mupe kutenda kuna Mwari, kuitira kuti kutenda kwenyu kuve honzeri yekuwedzerwa kwezvipo.”**







**“... itai kuti chishongo chenyu chive ruregerero netsitsi uye icho chinofadza mwoyo yevadikani vaMwari.”**





**“Shongedzai ndimi dzenyu, imi vanhu, nechokwadi, uye mushongedze mweya yenyu nechishongo chokuvimbika”**





**“Humambo hwaMwari hwakavakwa pakuenzana uye kutonga zvakaenzana, uye zvakare pamwoyo munyoro, tsitsi, uye mutsa kumweya wese unoranama.”**





**“Zivai kuti kushongedzwa kwenyu kwechokwadi kunosanganisira rudo rwaMwari uye mukuzviparadzanisa kwenyu kubva kune zvese kunze Kwake . . .”**








**“Mavambo embiri yose kutambira chero chawapiwa naIshe,  
uye kugutsikana neicho Mwari Vanenge vadzika.”**






**“Akaropafadzwa ndiye anoyanana nevanhu vose  
mumweya wounyoro uye nerudo.”**





**“Mavambo ekushinga nesimba ndiko kukurudzira Izwi raMwari,  
uye kutsungirira muRudo Rwake.”**





**“Musave munoshaya chivimbo munaMwari, Ivai netarisiro nguva dzose, nekuti makomborero aMwari haambomiri kudururwa pamunhu.”**








**“Kuvimbika ndiro suwo rakakurisisa rinosvitsa kurunyararo uye kuchengetedzwa kwevanhu.”**





**“Ivai munobatidzwa, Nhai vanhu, nekudziya kwerudo rwaMwari,  
kuitira kuti mungangobatidzawo mwoyo yevamwe.”**





**“Nhai Mwanakomana weMunhu! Ndiwe rambi Rangu uye mwenje Wangu uri mauri.  
Tora zvino kubva mauri mufaro wako uye usatsvaga mumwe kunze Kwangu.”**






**“Ane mufaro uyo akavimbika akashongedzwa nenguwo yemushando  
wepamusoro uye asimuka kuti ashandire Rudaviro rwuno.”**








**“Iye, zvirokwazvo, Achawedzera makomborero kune avo vanotsungirira vaine mwoyo murefu.”**





**“Chinhanho chenyu chakakosha chichave chepamusoro-soro, kana mukaramba makatsungirira muRudaviro rwaIshe wenyu.”**

## REFERENCES

1. ‘Abdu’l-Bahá, in *Bahá’í Prayers: A Selection of Prayers Revealed by Bahá’u’lláh, the Báb, and ‘Abdu’l-Bahá* (Wilmette: Bahá’í Publishing Trust, 2002, 2017 printing), p. 28.
2. *Ibid.*, p. 29.
3. *Tablets of Bahá’u’lláh Revealed after the Kitáb-i-Aqdas* (Wilmette: Bahá’í Publishing Trust, 1988, 2005 printing), no. 6.25, pp. 66–67.
4. Bahá’u’lláh, cited by Shoghi Effendi, *The Advent of Divine Justice* (Wilmette: Bahá’í Publishing Trust, 2006, 2018 printing), par. 42, p. 41.
5. *Tablets of Bahá’u’lláh Revealed after the Kitáb-i-Aqdas*, no. 3.23, p. 27.
6. Bahá’u’lláh, *The Hidden Words* (Wilmette: Bahá’í Publishing Trust, 2003, 2012 printing), Arabic no. 2, pp. 3–4.
7. *Tablets of Bahá’u’lláh Revealed after the Kitáb-i-Aqdas*, no. 10.5, p. 155.
8. From a Tablet of ‘Abdu’l-Bahá. (authorized translation)
9. *Ibid.*
10. *Selections from the Writings of ‘Abdu’l-Bahá* (Wilmette: Bahá’í Publishing, 2010, 2015 printing), no. 12.1, p. 42.
11. *Gleanings from the Writings of Bahá’u’lláh* (Wilmette: Bahá’í Publishing Trust, 1983, 2017 printing), CXXXIX, par. 8, p. 345.
12. ‘Abdu’l-Bahá, cited by Shoghi Effendi, *The Advent of Divine Justice*, par. 40, p. 39.
13. ‘Abdu’l-Bahá, in “Trustworthiness: A Cardinal Bahá’í Virtue”, compiled by the Research Department of the Universal House of Justice, published in *The Compilation of Compilations* (Maryborough: Bahá’í Publications Australia, 1991), vol. 2, no. 2053, p. 338.
14. ‘Abdu’l-Bahá, in *Bahá’í Prayers*, p. 28.
15. *Ibid.*, p. 29.
16. *Tablets of Bahá’u’lláh Revealed after the Kitáb-i-Aqdas*, no. 9.4, p. 138.
17. *Ibid.*, no. 10.15, p. 156.
18. *Selections from the Writings of ‘Abdu’l-Bahá*, no. 206.13, p. 357.

19. Ibid., no. 199.6, pp. 334–35.
20. From a talk given on 1 July 1912, published in *The Promulgation of Universal Peace: Talks Delivered by ‘Abdu’l-Bahá during His Visit to the United States and Canada in 1912* (Wilmette: Bahá’í Publishing, 2012), par. 1, p. 304.
21. *Selections from the Writings of ‘Abdu’l-Bahá*, no. 237.5, p. 442; also in *Bahá’í Prayers*, p. 328.
22. From a talk given by ‘Abdu’l-Bahá on 3 September 1912, published in *The Promulgation of Universal Peace*, par. 29, p. 441.
23. *The Tabernacle of Unity: Bahá’u’lláh’s Responses to Mánikchí Šáhib and Other Writings* (Haifa: Bahá’í World Centre, 2006), no. 5.7, p. 74.
24. *Days of Remembrance: Selections from the Writings of Bahá’u’lláh for Bahá’í Holy Days* (Haifa: Bahá’í World Centre, 2016), no. 42.8, pp. 209–10.
25. From a talk given on 22 November 1911, published in *Paris Talks: Addresses Given by ‘Abdu’l-Bahá in 1911* (Wilmette: Bahá’í Publishing, 2006, 2016 printing), no. 35.2, p. 135.
26. *Selections from the Writings of ‘Abdu’l-Bahá*, no. 16.5, pp. 51–52.
27. *The Summons of the Lord of Hosts: Tablets of Bahá’u’lláh* (Wilmette: Bahá’í Publishing, 2006), no. 5.51, p. 301.
28. *Tablets of Bahá’u’lláh Revealed after the Kitáb-i-Aqdas*, no. 4.23, p. 39.
29. *The Summons of the Lord of Hosts*, no. 3.17, p. 249.
30. From a talk given by ‘Abdu’l-Bahá on 5 May 1912, published in *The Promulgation of Universal Peace*, par. 3, p. 127.
31. Bahá’u’lláh, in *Bahá’í Prayers*, p. 164.
32. Ibid., p. i.
33. *Tablets of Bahá’u’lláh Revealed after the Kitáb-i-Aqdas*, no. 6.19, p. 64.
34. *Gleanings from the Writings of Bahá’u’lláh*, LXXXII, par. 3, pp. 180–81.
35. Ibid., V, par. 2, pp. 6–7.
36. ‘Abdu’l-Bahá, *The Secret of Divine Civilization* (Wilmette: Bahá’í Publishing, 2007, 2016 printing), par. 130, p. 93.
37. *The Hidden Words*, Arabic no. 70, p. 21.

38. *Gleanings from the Writings of Bahá'u'lláh*, CXXIX, par. 2, p. 316.
39. *Ibid.*, CXXXIX, par. 4, p. 343.
40. From a talk given by 'Abdu'l-Bahá on 23 April 1912, published in *The Promulgation of Universal Peace*, par. 5, p. 69.
41. *Gleanings from the Writings of Bahá'u'lláh*, CXXV, par. 3, pp. 300–1.
42. *Ibid.*, XV, par. 1, p. 39.
43. From a talk given by 'Abdu'l-Bahá on 5 May 1912, published in *The Promulgation of Universal Peace*, par. 4, p. 128.
44. From a talk given by 'Abdu'l-Bahá on 2 December 1912, *ibid.*, par. 2, pp. 638–39.
45. *Tablets of Bahá'u'lláh Revealed after the Kitáb-i-Aqdas*, no. 6.3, p. 57.
46. Bahá'u'lláh, *Epistle to the Son of the Wolf* (Wilmette: Bahá'í Publishing Trust, 1988, 2016 printing), p. 23.
47. Bahá'u'lláh, in “Trustworthiness”, published in *The Compilation of Compilations*, vol. 2, no. 2037, p. 334.
48. 'Abdu'l-Bahá, in “Bahá'í Prayers and Tablets for Children: A Compilation Prepared by the Research Department of the Universal House of Justice”, no. 11.
49. *Ibid.*, no. 10.
50. From a talk given by 'Abdu'l-Bahá on 14 April 1912, published in *The Promulgation of Universal Peace*, par. 9, p. 17.
51. *Abdul Baha on Divine Philosophy* (Boston: The Tudor Press, 1918), pp. 41–42.
52. *Selections from the Writings of 'Abdu'l-Bahá*, no. 35.8, p. 104.
53. *Ibid.*, no. 7.4, p. 33.
54. *Gleanings from the Writings of Bahá'u'lláh*, CXXI, par. 6, p. 291.
55. *Ibid.*, LXVI, par. 6, p. 144.
56. *Tablets of Bahá'u'lláh Revealed after the Kitáb-i-Aqdas*, no. 10.8, p. 155.
57. Bahá'u'lláh, in *The Bahá'í World: Volume One, 1925–1926* (Wilmette: Bahá'í Publishing Trust, 1926, 1980 printing), p. 42.
58. *The Hidden Words*, Arabic no. 40, p. 13.

59. Ibid., Persian no. 50, p. 39.
60. From a Tablet of ‘Abdu’l-Bahá. (authorized translation)
61. *Gleanings from the Writings of Bahá’u’lláh*, CXLVI, par. 1, p. 357.
62. *Selections from the Writings of ‘Abdu’l-Bahá*, no. 1.7, p. 8.
63. From a talk given by ‘Abdu’l-Bahá on 12 May 1912, published in *The Promulgation of Universal Peace*, par. 8, p. 166.
64. From a talk given by ‘Abdu’l-Bahá on 16 and 17 October 1911, published in *Paris Talks*, no. 1.7, p. 6.
65. ‘Abdu’l-Bahá, in *Bahá’í Prayers*, p. 173.
66. Bahá’u’lláh, *ibid.*, p. 94.
67. *Selections from the Writings of ‘Abdu’l-Bahá*, no. 179.1, p. 285.
68. From a talk given by ‘Abdu’l-Bahá on 10 November 1912, published in *The Promulgation of Universal Peace*, par. 8, p. 599.
69. *Gleanings from the Writings of Bahá’u’lláh*, CLIII, par. 1, pp. 366–67.
70. *The Hidden Words*, Persian no. 21, p. 29.
71. *Selections from the Writings of ‘Abdu’l-Bahá*, no. 178.1, p. 284.
72. From a talk given by ‘Abdu’l-Bahá on 21 November 1911, published in *Paris Talks*, no. 34.8, p. 133.
73. Bahá’u’lláh, in “Trustworthiness”, published in *The Compilation of Compilations*, vol. 2, no. 2013, p. 327.
74. *Ibid.*, no. 2024, p. 330.
75. *Ibid.*, no. 2027, p. 330.
76. Bahá’u’lláh, in “Guidelines for Teaching”, compiled by the Research Department of the Universal House of Justice, published in *The Compilation of Compilations*, vol. 2, no. 1898, p. 293.
77. *Gleanings from the Writings of Bahá’u’lláh*, XV, par. 6, p. 41.
78. *The Summons of the Lord of Hosts*, no. 1.145, pp. 114–15.

79. *The Call of the Divine Beloved: Selected Mystical Works of Bahá'u'lláh* (Haifa: Bahá'í World Centre, 2018), no. 2.22, p. 21.
80. Bahá'u'lláh, in *Bahá'í Prayers*, p. 162.
81. 'Abdu'l-Bahá, *ibid.*, p. 29.
82. From a Tablet of 'Abdu'l-Bahá. (authorized translation)
83. Bahá'u'lláh, in *The Kitáb-i-Aqdas: The Most Holy Book* (Wilmette: Bahá'í Publishing Trust, 1993, 2013 printing), par. 70, p. 45.
84. From a talk given by 'Abdu'l-Bahá on 23 November 1911, published in *Paris Talks*, no. 36.9, p. 140.
85. From a talk given by 'Abdu'l-Bahá on 12 April 1912, published in *The Promulgation of Universal Peace*, par. 2, p. 10.
86. *The Tabernacle of Unity*, no. 3.16, p. 64.
87. *Selections from the Writings of 'Abdu'l-Bahá*, no. 141.4, p. 228.
88. *Ibid.*, no. 1.4, p. 6.
89. *The Hidden Words*, Arabic no. 48, p. 15.
90. *Gleanings from the Writings of Bahá'u'lláh*, LXVI, par. 11, p. 146.
91. *The Summons of the Lord of Hosts*, no. 2.30, p. 229.
92. *Tablets of Bahá'u'lláh Revealed after the Kitáb-i-Aqdas*, no. 14.11, p. 212.
93. *Gleanings from the Writings of Bahá'u'lláh*, CXXXIV, par. 1, p. 328.
94. *Ibid.*, CLXI, par. 1, p. 384.
95. *Ibid.*, CXLIII, par. 1, pp. 353–54.
96. Bahá'u'lláh, *The Kitáb-i-Íqán: The Book of Certitude* (Wilmette: Bahá'í Publishing Trust, 2003, 2018 printing), par. 146, pp. 123–24.
97. From a talk given by 'Abdu'l-Bahá on 23 November 1912, published in *The Promulgation of Universal Peace*, par. 4, p. 632.
98. 'Abdu'l-Bahá, in *Bahá'í Prayers*, p. 29.
99. *The Hidden Words*, Arabic no. 1, p. 3.



100. *Gleanings from the Writings of Bahá'u'lláh*, CXVIII, par. 1, p. 283.
101. *The Hidden Words*, Persian no. 3, p. 23.
102. ‘Abdu’l-Bahá, cited by Shoghi Effendi, *The Advent of Divine Justice*, par. 40, p. 39.
103. ‘Abdu’l-Bahá, in *Bahá’í Prayers*, p. 29.
104. *The Hidden Words*, Persian no. 49, p. 39.
105. *Tablets of Bahá'u'lláh Revealed after the Kitáb-i-Aqdas*, no. 6.37, p. 71.
106. *The Hidden Words*, Arabic no. 36, p. 12.
107. *Selections from the Writings of ‘Abdu’l-Bahá*, no. 225.30, p. 407.
108. Bahá'u'lláh, in *Bahá’í Prayers*, p. i.
109. *The Hidden Words*, Arabic no. 42, p. 13.
110. *Tablets of Abdul-Baha Abbas* (New York: Bahá’í Publishing Committee, 1915, 1940 printing), vol. 2, p. 483. (authorized translation)
111. *Tablets of Bahá'u'lláh Revealed after the Kitáb-i-Aqdas*, no. 9.5, p. 139.
112. *Gleanings from the Writings of Bahá'u'lláh*, CXXXVI, par. 6, p. 336.
113. ‘Abdu’l-Bahá, in “Bahá’í Prayers and Tablets for Children”, no. 10.
114. *Selections from the Writings of ‘Abdu’l-Bahá*, no. 138.1, p. 220.
115. *The Summons of the Lord of Hosts*, no. 1.119, p. 93.
116. *Tablets of Bahá'u'lláh Revealed after the Kitáb-i-Aqdas*, no. 10.4, p. 155.
117. *Gleanings from the Writings of Bahá'u'lláh*, CLVI, par. 1, p. 378.
118. Bahá'u'lláh, in *Bahá’í Prayers*, p. 94.
119. *Tablets of Bahá'u'lláh Revealed after the Kitáb-i-Aqdas*, no. 10.10, p. 156.
120. *Selections from the Writings of ‘Abdu’l-Bahá*, no. 178.1, p. 284.
121. *Tablets of Bahá'u'lláh Revealed after the Kitáb-i-Aqdas*, no. 4.16, p. 37.
122. From a Tablet of Bahá'u'lláh. (authorized translation)

123. ‘Abdu’l-Bahá, in *Bahá’í Prayers*, p. 29.
124. *The Hidden Words*, Arabic no. 11, p. 6.
125. *Tablets of Bahá’u’lláh Revealed after the Kitáb-i-Aqdas*, no. 17, p. 257.
126. *Gleanings from the Writings of Bahá’u’lláh*, LXVI, par. 10, p. 146.
127. *Ibid.*, CXV, par. 13, p. 278.